N. B. Rërësëpan moen teu bisa oelin, rek pëlësir kapëgat koe hoedjan, pek oerang teh ngagelehe, dina dipan noe ëmpoek, bantal soetrà model Kartini; niten *Asmarandana*, di loehoer noe toedioeh, tina oenggal-oenggal pada, ditjokotan sapedalisan sing djadi, sapada anoe anjar.

Ngong tëmbangkeun make lagoe *Tjeurik* .....? pek ajeuna oenggal padalisan, tina pada noe anjar teh, tjokot — omat kaliroe — oenggal ëngang anoe mimiti, tah nja eta ngarana, noe mak-sad ngadjoeroeng, wakil ka *Asmarandana*, tawis sono nëpangan anoe tas *Tjeurik* .....? ngoepingkeun rek ngalokan.

## 17. PANGATOERAN NAGARA

### a. ONDERSTAND

Pikeun maparin përteloengan ka amtënar Priboemi djeung pagawe noe dianggap saroea djeung amtënar noe eureun tina pagaweanana kalawan teu meunang pangsioen, Pamarentah geus ngadamël roepa-roepa atoeran, eta atoeran ajana dina staatsblad 1918 No. 100 djeung staatsblad 1923 No. 146 djeung 200; di di-nja ditërangkeun amtënar koemaha noe bisa meunang onderstand teh.

Loeloegoena noe dioeroes teh nja eta: amtënar noe dieureun-keun tina pagaweanana lantaran badanna atawa pikiranana tja-tjad anoe ditëtëpkeun koe hidji komisi, rengrengan doktor-doktor. Lamoen eta amtënar dinësna tatjan tjoekoep lima tahoen, ngan meunang onderstand pikeun sawatara waktöe bae. Ari gëdena saroea bae djeung pangsioen pikeun eta amtënar lamoen eureun sanggeusna ngadjalankeun dinës lima tahoen, ari lilana sataoe-neun. Tapi lamoen geus tjoekoep satahoen meunangna onderstand tea, meunang disoehoenkeun pikeun sataoe-neun deui, kitoe bae nëpi ka lima tahoen lilana. Oenggal-oenggal rek njoehoen-keun onderstand tea, koedoe bae aja katërangjan jen badanna atawa pikiranana tatjan waras, tatjan bisa deui njëkël pagawean. Lamoen geus tjoekoep lima tahoen sarta tatjan bisa keneh ngadjalankeun pagawean, eta onderstand teh bisa dirobah djadi onderstand tëtëp; onderstand beunang ditjaboet koe Nagara lamoen katimbang geus teu përlöe.

Lamoen eta amtënar dieureunkeunana sanggeusna boga dinës lima tahoen atawa leuwih sarta tatjan meunang pangsioen, bisa tëroes dipaparin onderstand tëtëp, noe beunang ditjaboet deui tea. Ari gëdena eta onderstand opat përlimana tina pangsioen anoe bisa katarima oepama eta amtënar eureunna dipangsioen, tapi sakoerang-koerangna koedoe saroea djeung pangsioen dinës lima tahoen.

Amtënar noe dieureunkeun koe lantaran sedjen, djadi lain lantaran roeksak awak atawa pikiran, sarta lain kalawan panoehoen sorangan, lamoen dinësna geus sapoelöeh tahoen atawa leuwih, tapi koerang tina tilöe poelöeh tahoen bisa meunang onderstand nëpi ka ditjaboet deui. Gëdena eta onderstand opat përlimana tina pangsioen lamoen eureunna tea kalawan pangsioen. Ari lilana teu meunang leuwih tina lilana di-

nës noe kadjalanan; djadi lamoen dinësna sapoeloeh tahoen, meunangna onderstand teh lima tahoen. Tapi lamoen geus tjoekoep waktoena noe lima tahoen tea noe lima tahoen deui beunang disoehoenkeun deui.

Amtënar noe dieureunkeun teu djeung hormat tapi dinësna geus tiloe poeloeh tahoen atawa leuwih bisa meunang onderstand nëpi ka ditjaboet deui, ari gëdena eta onderstand opat përlimana tina pangsioen, lamoen eureunna kalawan pangsioen.

Ari ngitoengna lilana dinës toeroet atoeran dina reglement pangsioen amtënar sipil di Hindia (Indisch Burgerlijk Pensioen Reglement), nja eta dina artikël 2, staatsblad 1926, noe oenina geus ditambahan koe staatsblad 1927 No. 523 djeung staatsblad 1928 No. 36. Pikeun ngadjalankeun eta reglement Pamarentah geus ngadamël atoeran anoe diasoepkeun kana Bijblad No. 11229.

Amtënar noe tjékël gawe di Goepërnëmen pikeun sawatara waktoe oge bisa meunang onderstand pikeun sawatara waktoe lamoen dieureunkeun tina pagaweanana, tapi koe pangagoeng kanggo keneh gawena djeung teu boga pakasaban naon-naon.

Gëdena eta onderstand tiloe përhoeloeh tina gadjih waktoe dieureunkeun, tapi teu meunang leuwih ti f 250 djeung panglilana ngan pikeun lima tahoeneun.

Lamoen amtënar eureun tina pagaweanana kalawan wachtgeld, sarta sanggeusna meunang wachtgeld tea, tëroes dipaparin onderstand, gëdena eta onderstand teh salapan përhoeloeh wachtgeldna tea.

Dina Bijblad No. 5896 aja atoeran pikeun maparin onderstand ka amtënar Priboemi anoe disëhorës. Lamoen eta oeroet amtënar teh teu boga pakasaban deui djeung di antara koela-wargana teu aja anoe bisa sarta sanggoep ngabajoean, oepama disoehoenkeun bisa meunang onderstand. Ari gëdena eta onderstand koerang saeutik tina sapërtiloena tina gadjih keur waktoe njékël gawe tea.

Lamoen geus dipariksa nja eta teu aja kasalahanana eta amtënar anoe disëhorës teh tëroes diangkat deui sarta meunang gadjihna noe koedoe ditarima salilana disëhorës tea sanggeus dipotong koe onderstand noe geus katarima.

Tapi lamoen sanggeus dipariksa tatjan tetela bënërah salahna, atawa kasalahanana noe kapanggih teh ngan saeutik, eta amtënar bisa dilëpas kalawan hormat atawa ditëtëpkeun djadi pagawe Nagara. Lamoen ditëtëpkeun dina gawe Nagara bisa meunang

wachtgeld, tapi lamoen dilépas kalawan hormat sarta tatjan tjoe-koep waktoena meunang pangsioen, ngan bisa meunang ondërstand bae. Ari nètépkeun gèdena eta onderstand toeroet atoeran noe geus kaséboet di loehoer.

Lamoen sanggeus dipariksa tetela kasalahanana, eta amténar teh dilépas teu kalawan hormat sarta teu boga hak meunang onderstand. Aja oge amténar noe dilépas kalawan pèrdjangdjian, nja eta dilépasna teh kakara ditètépkeun kalawan hormat atawa héntheuna sanggeus rengse papariksaanana. Dina Bijblad No. 6123 ditèrangkeun jen atoeran pikeun anoe dilépas kitoe teh ajana dina Bijblad No. 5869.

Randana amténar Priboemi tjarang pisan noe meunang onderstand, sabab anoe meunang onderstand teh ngan oeroet padmi boepati djeung sawatara randa amténar sedjen bae. Ari loe-loegoena mah nja eta sabab onderstand teh, ngan saeokoer koernia Pangagoeng, djadi ngan dipaparinkeun pikeun noeloeng randa menak atawa patali djeung kapèrloean sedjen bae (kapèrloean poelitik). Djeung noe meunang onderstand teh randa amtenar anoe geus ngadjalankeun dinès geus tiloe poeloh tahoen kalawan satia toehoena, sanadjan lain menak oge asal miskin bae. Randa prijaji anoe dikawinna sanggeusna eureun tina pagaweanana, teu bisa meunang onderstand.

Dina Bijblad No. 11230 aja atoeran pikeun maparin onderstand ka anak-pamadjukan amténar Priboemi (boh anoe digawe tètép boh noe digawe pikeun sawatara waktoe) noe maot keur waktoe ngadjalankeun kawadjibanana atawa lantaran pagaweanana, misalna: keur nangkép ditèwék koe pëndjahat atawa naon bae, djeung noe maot lantaran ngadjalankeun dinès anoe bahla. Ari ngitoengna eta onderstand sabisa-bisa noeroetkeun anggèr-anggèr dina staatsblad 1921 No. 10, nja eta noe dipèrtelakeun dina arttikèl 8. alinia 3. Berendelanana tingalian bae dina sètatna di handap.

Oepama: aja hidji prijaji maot sarta keurna aja dikieuna teh gadjihna noe panggède-gèdena f 25, noeroetkeun sètat mah onderstand randana teh f 250 satahoen djadi dina saboelan-saboelanna f 20,83. Tapi lantaran onderstand teu meunang leuwih tina saparona gadjih, djadi onderstand randa eta prijaji teh lain f 20,83 tapi f 12,50 saboelan. Ieu tjonto pikeun randa amténar noe digawena pikeun sawatara waktoe. Ari pikeun randa prijaji tètép mah eta onderstand ditambah satèngahna

pangsioen salakina, oepama ditinggalkeun maot sanggeus salakina geus eureun kalawan pangsioen.

Djeungna deui atoeran anoe kaoeni dina staatsblad 1921 No. 310, nja eta atoeran-atoeran pikeun nambahan onderstand (bangsa Walanda) 40% lobana, didjalankeun oge pikeun maparin onderstand ka anak-pamadjikan prijaji Priboemi anoe meunang kajilakaan dina waktue ngadjalankeun kawadjibanana atawa keur dina dinés.

Gadjih noe panggädena noe katarima koe prijaji keur hiroep	Gädena onderstand pikeun randana dina satahoen
f 2000 atawa leuwih . . . . .	f 1500.
f 1500 " " tapi koerang ti f 2000	f 1400.
f 1000 " " " " " f 1500	f 1200.
f 800 " " " " " f 1000	f 1000.
f 600 " " " " " f 800	f 850.
f 400 " " " " " f 700	f 750.
f 300 " " " " " f 400	f 650.
f 200 " " " " " f 300	f 550.
f 150 " " " " " f 200	f 450.
f 100 " " " " " f 150	f 350.
koerang tina f 100	f 250.

Ari njoehoenkeunana onderstand nja eta ka Kangdjäng Toean Directeur Financiën dina kértas biasa bae, éntong dina segél, asal dibaréngan koe salinan-salinan bisloeit djeung „Staat van Dienst”.

Sadjabana tina atoeran anoe geus ditérangkeun di loehoer, aja deui atoeran, pikeun maparin onderstand minangka pangsioen amténar noe njékél gawe Nagara pikeun sawatara waktue anoe geus dieureunkeun tina pagaweanana; eta atoeran ajana dina Bijblad No. 8178.

Eta atoeran moh teu aja bedana djeung atoeran pikeun amténar noe njékél pagawean tétép, tégésna kieu: amténar pikeun sawatara waktue bisa meunang onderstand lamoen amténar njékél pagawean tétép noe saroea halna bisa meunang onderstand. Ngan bedana teh dina doea pasal bae nja eta:

Kahidji, amténar tétép bisa meunang pangsioen lamoen sang-

geus ngadjalankeun dinés sapoeloeh tahoen, dilépas lantaran koerang tjakép; djeung kadoea eta amténar bisa meunang pang-sioen lamoen badanna atawa pikiranana tjatjad sanggeus boga dinés lima tahoen. Pikeun amténar anoe pikeun sawatara waktoe bae mah ieu atoeran teu dipake; eta amténar teu bisa meunang onderstand.

Tadi di loehoer geus ditérangkeun jen amténar pikeun sawatara waktoe mah bisa meunang onderstand teh sanggeus boga dinés tiloe poeloeh tahoen. Koemaha oepama aja amténar pikeun sawatara waktoe anoe dieureunkeun memeh dinés tjoe-koop tiloe poeloeh tahoen, naha bisa oge meunang onderstand?

Pangagoeng geus ngadamél patokan kieu: dimana aja amténar sawatara waktoe dieureunkeun koe lantaran géring, bisa meunang onderstand, lamoen dinésna geus tiloe parapatna tina tiloe poeloeh tahoen sarta géringna tea lain lantaran koe kakolotan. Nja kitoe deui oepama lantaran eta pagawean atawa pangkat amténar tea ditjahoé. Gédena eta onderstand opat perlimana pang-sioen, noe bisa katarima koe amténar tétép anoe kitoe halna.

Hasilna: hidji amténar tétép noe dieureunkeun tina pagaweanana sanggeus boga dinés 25 tahoen, meunang pang-sioen f 50.—saboelan. Lamoen eta amténar teh amténar pikeun sawatara waktoe, onderstandna opat perlimana tina f 50.—, djadi f 40.—

Amténar anoe sanggeusna digawe pikeun sawatara waktoe, toeloej diangkat djadi amténar tétép bisa meunang pang-sioen. lamoen dinésna dina pagawean noe tétép geus lima tahoen, atawa meunang onderstand meen koerang tina lima tahoen djadi amténar tétép.

Ari pikeun pang-sioen mah noe diitoeng teh ngan dinés noe tétép bae. dinés dina pagawean pikeun sawatara waktoe mah teu diitoeng. Djadi lamoen aja hidji amténar noe, dinésna dina pagawean pikeun sawatara waktoe sapoeloeh tahoen sarta dina pagawean tétép lima tahoen misalna, téroes njoehoenkeun eureun, anoe diasoepkeun pikeun ngitoeng pang-sioen teh ngan dinés dina pagawean tétép bae, nja eta lima tahoen tea. Tapi lamoen njoehoenkeun onderstand diitoeng kabéh; ari ngitoengna nja tjara tadi di loehoer bae: sapoeloeh tahoen dina pagawean pikeun sawatara waktoe djeung lima tahoen dina pagawean tétép, djadi djoemlah dinés 15 tahoen. Oepama bae eta amténar teh pimeunangeunana pang-sioen dina dinés 15 tahoen teh f 50.—, lamoen



ti mimitina dinés djadi amtënar tëtëp, ajeuna meunang onderstand opat përlimana tina f 50.—, djadi f 40.— saboelan.

## b. BURGERLIJKE STAND PRIBOEMI

Anoe disëboet Rëgistër Burgerlijke Stand teh nja eta rëgistër anoe nërangkeun kaajaanana rajat, sapërti tina hal: ngadjoeroe, paeh, laki-rabi djst. Di dieu, di oerang, di Hindia, ajana rëgistër Burgerlijke Stand teh mimiti ti taoen 1828 sarta noeroetkeun atoeran Burgerlijke Stand anoe dilampahkeun di Eropä. Ari di Eropä didjalankeunana Burgerlijke Stand teh ti waktöe Kesër Napoleon Bonaparte dikendangkeun ka Poelo St. Helena; djadi mimitina dina taoen Masehi sarewoe dalapan ratoes leuwih saeutik. Ari tadina mah — nja kitoe deui di oerang satatjana taoen 1828 — tjatëtan kaajaan rajat teh babakoena ngan beunang më-tikan tina katëranan pastoer-pastoer, domëni atawa zendeling bae, anoe ngoeroeskeun agama Nasarani, djeung beunang më-tikan tina katëranan-katërananana pakoentjen pakoeboeran-pakoeboeran bae, tapi kitoe oge woengkoel pikeun djalma noe agama Nasarani.

Ari di oerang, di Hindia, dina taoen 1828 teh — ilikan Staatsblad 1828 No. 50—mimiti diajakeun reglement tina hal ngoeroes rëgistër Burgerlijke Stand pikeun oerang Eropä djeung noe disaroeakeun djeung eta, sarta sakoemaha anoe kaoeni dina artikël 4 djeung 5 dina Burgerlijk Wetboek kakara diajaan atoeran tina hal ngadjalankeun Burgerlijke Stand. Atoeran anoe kaoeni dina Staatsblad 1828 No. 50 sakoemaha anoe geus kasëboet di loehoer, geus dirobah koe atoeran anoe kaoeni dina Staatsblad 1849 No. 25 anoe ajeuna geus dirobah-robah deui sababaraha kali.

Noeroetkeun Staatsblad anoe kasëboet pangpandeurina, anoe kawëngkoe koe oeroesan Burgerlijke Stand teh, woengkoel bangsa Eropä djeung anoe disaroeakeun djeung eta bangsa bae.

Ti taoen 1840 Kristën bangsa Priboemi anoe araja di Depok djeung di Toegoe nja kitoe deui anoe tjaritjing di kapoeloan Maloekoe, mimiti kawëngkoe koe sabagian atoeran Burgerlijke Stand; nja eta: dimana aja noe ngadjoeroe atawa paeh teh, koedoe ditoeliskeun dina rëgistër anoe geus dibakoekeun. Mimiti ti taoen 1865 kakara didjalankeun ka sakabeh golongan *Priboemi Kristën* di sakoeliah Hindia, sapërti: Moentilan, Modjowarno djst Kapala gewest djeung kapala afdeeling diwënankeun mariksa

djalma-djalma anoe diwadjibekeun koedoe ngoeroes djeung ngeusian rëgistër-rëgistër: kalahiran, laki-rabi, pëpëgatan djeung paejna Priboemi Kristën anoe geus koemboeh djadi salëmboer atawa djadi sadesa.

Ari pikeun sawatara golongan Priboemi di Poelo Djawa djeung Madoera anoe hënteu kabawah koe Radja-radja Priboemi, dina taoen 1920 kakara diajaan përtelaan tina hal ngoeroesna rëgistër Burgerlijke Stand — ilikan Staatsblad 1920 No. 751 djeung robahan-robahanana anoe kaoeni dina Staatsblad 1926 No. 513 djeung 1927 No. 563 — Ari didjalankeunana ieu atoeran mimitina ti tanggal 1 Januari 1928.

Dëmi oerang Priboemi anoe koedoe diasoepekeun kana rëgistër Burgerlijke Stand teh, nja eta golongan:

- a. anoe boga titël Raden djeung saloehoereunana;
- b. prijaji-prijaji anoe gadjihna saboelan f 100.— djeung noe leuwih ti sakitoe, nja kitoe deui pikeun noe parangsioen;
- c. opsir-opsir balad daratan, sanadjan geus pangsioen;
- d. oerang Priboemi Kristën;
- e. oerang Priboemi anoe kawëngkoe atawa anoe menta diwëngkoe koe hoekoem bangsa Eropa tina hal oeroesan Nagara;
- f. toeroenan-toeroenanana djalma-djalma anoe kasëboet di loehoer kabeh noe pantjër ti lalaki (artikël 1 alinea 1).

Pagawe anoe diwadjibekeun njëkël rëgistër Burgerlijke Stand, disëboetna ambtenaar Burgerlijke Stand. Noeroetkeun artikël 2 dina atoeran anoe kasëboet bieu, moenggoehing pikeun di tanah-tanah Goepërnëmen mah anoe djadi ambtenaar Burgerlijke Stand teh — lamoen di eta tëmplat aja regentschapssecretaris — regentschapssecretaris, atawa mantri kaboepaten. Dëmi pikeun di tanah-tanah karadjaan Djawa, lantaran djoemlahna djalma anoe kabawah koe Goepërnëmen ngan saeutik, anoe ngadjalankeun pagawean ambtenaar Burgerlijke Stand teh biasana kapala gewest sok nimbalan adjoen hoofddjaksa atawa adjoen djaksa.

Kadjaba eta di sawatara tëmplat anoe geus tetela aja golongan-golongan rajat anoe ngarasa përloe boga ambtenaar Burgerlijke Stand anoe ngabakoe, kajaning Kristën-kristën di Depok, Toegoe djeung Modjowarno, kapala gewest nja ngangkat pagawe Nagara pikeun djadi ambtenaar Burgerlijke Stand anoe bakoe sarta ditangtoekeun wëwëngkonna. Ambtenaar Burgerlijke Stand saperti noe kasëboet bieu, diwadjibekeun koedoe ngadjalankeun pagaweanana ka sakabeh golongan oerang Priboemi

anoe pada kawěngkoe koe atoeran Burgerlijke Stand; djadi lain ngan woengkoel pikeun kapěrloean Priboemi Kristěn anoe boga kapěrloean tea bae. Ambtenaar-ambtenaar Burgerlijke Stand anoe sedjen hěnteu meunang miloe-miloe kana kawadjibanana ambtenaar Burgerlijke Stand bakoe.

Děmi pagaweanana ambtenaar Burgerlijke Stand anoe loemrah (gewoon ambtenaar van den Burgerlijke Stand), dimana eta ambtenaar teh noedjoe halangan, oepamana lantaran gěring, riweuh koe pagawean Nagara djst., pagaweanana tea koedoe dipigawe koe noe sedjen. Eta sababna, noe matak kapala gewest ngangkat pagawe Nagara noe sedjen kana ambtenaar Burgerlijke Stand loear biasa (buitengewoon ambtenaar van den Burgerlijken Stand), anoe diwadjibkeun koedoe ngadjalankeun pagawean ambtenaar Burgerlijke Stand bakoe salilana aja halangan.

Saběněrna Burgerlijke Stand pikeun oerang Priboemi sakoe-maha anoe kasěboet di loehoer teh, djaoeh keneh pisan ari kana sampoerna mah, lantaran anoe diajakeun ajeuna kakara tiloe roepa rěgistěr, nja eta: rěgistěr kalahiran, rěgistěr milih ngaran djeung rěgistěr paeh. Djadi rěgistěr laki-rabi djeung pěpėgatan mah ajeuna tatjan aja. Pamarentah masih keur nimbang-nimbang keneh koemaha ngatoerna rěgistěr noe doea roepa deui tea, lantaran ngemoetkeun kana kawěnanganana njandoeng pikeun dina agama Islam.

Rěgistěr kalahiran djeung rěgistěr paeh, njeunna koedoe rangkěp doea.

Kaajanana rěgistěr Burgerlijke Stand pikeun oerang Priboemi anoe kasěboet di loehoer, beda djeung rěgistěr Burgerlijke Stand pikeun oerang Eropa; ari rěgistěr Burgerlijke Stand Priboemi mah hidji sėtat kosong, anoe geus ditětėpkeun koe Directeur Djoestisi. Djadi dimana oerang arek njeun akte teh ngan kari ngeusian kolom-kolomna bae noeroetkeun pananja-pananja noe aja dina kolom hareup. Ngeusianana koedoe koe basa Malajoe sarta ditoelis koe aksara Laten. Sakentjaeun eta sėtat aja noe lowongan saeutik, hěnteu ditoelisan, nja eta pikeun njadiaan bisi aja kasalahan, robahan<sup>2</sup> atawa tambahan toelisan dina rěgistěr, lantaran hal eta sakabeěna koedoe ditanda koe noe lapor tea, saksi-saksina, nja kitoe deui ambtenaar Burgerlijke Stand.

Eta rěgistěr samemehna dipake, lambar kahidji djeung panoe-

toepna koedoe ditanda koe boepati, ari lambaran-lambaran sedjen mah tjoekoe koe diparap bae; pikeun di tanah-tanah karadjaan ditandana atawa diparapna teh koedoe koe kapala afdeeling — ilikan artikël 54—. Ambtenaar-ambtenaar Burgerlijke Stand ngeusianana eta kolom-kolom teh koedoe parele, poegoeh entep-seureuhna teu beunang loeloentjatan.

Dina akte koedoe disëboetkeun ngaran keur leutik djeung ngaran toeroenan noeroetkeun sakoemaha anoe geus ditangtoekeun koe atoeran Burgerlijke Stand; dimana eta djëlëma teu boga ngaran toeroenan, sawoedoena koedoe ngaran anoe geus nêlah.

Anoe beunang dipake saksi koedoe lalaki anoe oemoerna geus salikoer taoen atawa leuwih.

Samemehna eta akte ditekën, koedoe dibatja heula koe ambtenaar Burgerlijke Stand di hareupeun noe lapor tea djeung hareupeun saksi-saksina. Lamoen eta djalma hënteu ngartieun basa Malajoe, koedoe ditërangkeun koe basana; dimana ambtenaar Burgerlijke Stand hënteu bisaen kana basana eta djalma, meunang make djoeroebasa; sanggeusna kitoe kakara eta akte teh beunang ditanda koe maranehna, nja kitoe deui koe ambtenaar Burgerlijke Stand. Lamoen anoe lapor tea atawa saksi-saksina aja anoe teu bisaen miloe nanda, koedoe ditërangkeun naon sababna, oepamana: lantaran teu ngarti kana aksara tea, lantaran leungeunna teu beunang dipake noelis tea djst.

Saban toetoept taoen eta rëgistër teh koedoe ditoetoept, djeung dina samemehna toetoept taoen koedoe geus sadia rëgistër anjar.

Sanggeusna saboelan ti sanggeusna ditoetoept, rëgistër noe rangkep doa tea, rangkëpanana koedoe dikirimkeun ka kantor griffier Landraad. Hoofddjaksa atawa djaksa diwadjabkeun koedoe nitenan eta rëgistër-rëgistër tea, sarta koedoe njeun proses-verbaalna tina hal anoe kanjahoan di djëro 6 boelan dina awal taoen. Ari rangkëpan noe hidji deui tea nja kitoe deui rëgistër hal milih ngaran koedoe diampihan dina archiefna ambtenaar Burgerlijke Stand. Lamoen ambtenaar Burgerlijke Stand teh sakan kantor djeung griffier Landraad, sanggeusna eta rëgistër-tea dipariksa koe hoofddjaksa atawa djaksa, kapala gewest koedoe ngadawoehan njimpën eta rëgistër<sup>2</sup> di tëmplat sedjen anoe geus ditangtoekeun. Rëgistër Burgerlijke Stand teu meunang dibawa tina tëmplat panjimpënanana, anging lamoen dipendoet koe pangadilan atawa lamoen aja kapërloean saperti anoe geus

# SOESOE TJAP NONA



NESTLÉ & ANGLO-SWISS COND. MILK Co.  
BATAWI — SOERABAJA — SAMARANG



P. Dr. Soetomo, Penolong mendirikan „Bank National Indonésia” (tetapi potrét ini diwikin dalam taoen 1922. lihatlah kalender disampingnja).




P. t. M. Soendjoto, seorang bouwkundige di Soerabaja, lid Middenstandcommissie; beliau soedah toeroet beroesaha djoega waktoe Bank National Indonésia didirikan.

# NGAGINGSIRKEUN KOE DJALAN GAMPIL!!

ERLODJI<sup>2</sup> ANGKĚR  
WĚDALAN PABRIK  
ZWITSERLAND

Tina Nikĕi,  
Perak sarĕng  
Ĕmas



ERLODJI SAKOE  
SARĔNG  
ERLODJI TANGAN

Kanggo istri  
atanapi  
pamĕgĕt

## ROEPI<sup>2</sup> BARANG ĔMAS SARĔNG PERAK

Sagala roepi barang kening digaleuh  
koe djalan gampil, nja eta ditjitjil di  
lĕbĕt 5 sasih, tjitjilan anoe ngawitan kĕ-  
dah dina ping doea, dina sasih kadoea  
saparantos eta barang katampi.

GEURA MAROENDOET PRIJSCOU-  
RANT KA TOKO SIM KOERING

**N. V. „MAIL ORDER HUIS”**

WELTEVREDEN

POSTWEG NOORD 5 [PASAR BAROE ZUID]

TOKO AGĔNG<sup>2</sup> noe ngaloearkeun  
barang-barang ti Pabrik barang Ĕmas  
sarĕng Perak A. DE HOOG



ditěrangkeun tadi di loehoer. Lamoen anoe dipoendoet koe pangadilan teh rěgistěr noe masih dipake, tęgėsna noe tatjan ditoetoep, ambtenaar Burgerlijke Stand harita kenah koedoe nji-eun gantina eta rěgistěr sarta koedoe ditanda djeung diparap heula koe boepati atawa koe kapala afdeeling. Rěgistěr Burgerlijke Stand anoe dipoendoet koe pangadilan samemehna dikirimkeun teh koedoe ditoetoep heula. Noměr rěgistěr gantina koedoe noeloejkeun akte panoetoep dina rěgistěr anoe dipoendoet koe pangadilan tea. Tęgėsna lamoen rěgistěr anoe dipoendoet koe pangadilan teh aktena noe diasoepekeun geus nēpi ka noměr 19, rěgistěr gagantina tea koedoe dimimitian ti noměr 20.

Nja kitoe deui dimana eta rěgistěr meh pinoeh samemehna toetoep taoen, noe djadi ambtenaar Burgerlijke Stand koedoe geus njadiakeun rěgistěr samboenganana, sarta noměrna koedoe nēroeskeun noměr akte noe panganggeusan dina rěgistěr anoe ti heula.

Soerat kawasa atawa soerat sedjen salian ti eta, sapěrti: poe-toesan Landraad, tina hal robahan-robahan atawa tambahan-tambahan akte Burgelijke Stand noe koedoe ditoelis dina rěgistěr noe djalan kenah, eta dilampirkeun kana aktena atawa kana akte rangkěpanana anoe baris dikirimkeun ka kantor griffier Landraad.

Sambarang djalma meunang menta pětikan rěgistěr Burgerlijke Stand djeung salinan soerat kawasa atawa soerat<sup>2</sup> salian ti eta noe dilampirkeun kana aktena tea, sanadjan lain djalma anoe kasěboet dina eta akte atawa sanak-barajana oge. Pagawe anoe djadi djoeroesimpěn diwadjibkeun koedoe nědoenan pamentana djalma-djalma anoe marenta pětikan eta rěgistěr teu kalawan koedoe noenggoe idin pangadilan deui; tapi djalma-djalma anoe marenta pětikan atawa salinan tea diwadjibkeun koedoe malajar ongkos segěl f 0.50. Pikeun militer djeung balad laoetan sahadapeun pangkat onděr opsir, nja kitoe deui djalma djalma anoe teu baroga, dimana pěrloe boga pětikan rěgistěr pikeun kapěrloean Nagara, hěnteu koedoe majar ongkos segěl deui.

Anoe boga kawadjiban ngalaporkeun tina hal kalahiran, babakoena bapa orok; lamoen manehna noedjoe soewoeng atawa aja halangan noe lapor teh meunang oge anoe sedjen, oepama: doktor, paradji atawa doekoen bėranak djeung djělēmz lian anoe noengkoelan ngadjoerocna. Djeung dimana aja djalma anoe nga-

djoeroe di imah batoer, anoe koedoe ngalaporkeun teh djalma anoe boga imah tea.

Lamoen aja boedak didjoeroekeun, di djero sapoeloeh poë koedoe geus dilaporkeun; tempo anoe 10 poë teh meunang ditambahan deui, tapi hēnteu meunang leuwih ti 2 boelan, nja eta oepama tēmpat didjoeroekeunana eta orok ka tēmpat tjtjtjingga ambtenaar Burgerlijke Stand tea koedoe njabrang laoetan atawa djalan anoe koedoe diliwatan tea roeksak nēpi ka teu bisa liwat ka dinja, atawa lantaran hēnteu aja toetoempakan. Dimana geus liwat ti 2 boelan, ambtenaar Burgerlijke Stand hēnteu meunang njieun akte kalahiranana eta boedak; rēgistērna koedoe dilowongkeun sarta noenggoe koemaha poetoesan Landraad. Oepama aja kadjadian kitoe rēgistērna tea koedoe dibēnērkeun. Panoehoen pikeun mēnērkeun rēgistēr tea koedoe ditoedjoelkeun ka Landraad anoe ngabawah tēmpat ajana rēgistēr tea. Ēngke dimana Landraad geus ngadangoe pihatoerna djalma anoe boga kapērloean, tangtoe bakal maparin poetoesan, sarta poetoesanana teu beunang dilawan deui.

Noeroetkeun anoe kaoeni dina artikēl 49 nēpi ka sarta artikēl 52, ambtenaar Burgerlijke Stand koedoe tēroes ngadjalankeun eta poetoesan Landraad. Tah kitoe sababna anoe matak lamoen aja djalma anoe ēlat ngalaporkeunana boedak noe didjoeroekeun nēpi ka liwat ti doea boelan ti poēan didjoeroekeunana eta orok, sok disina madēp Landraad teh. Ambtenaar Burgerlijke Stand koedoe ngalaporkeun hal ieu ka hoofdjaksa atawa djaksa.

Wawangēnan pikeun njieun akte kalahiran saroea bae djeung wawangēnan njieun akte tilar doenja.

Pikeun baroedak anak anoe hēnteu kakoeroeng koe tikah dina aktena hēnteu meunang make ngaran bapana kadjaba lamoen diakoe koe bapana.

Pikeun pērtelaan kalahiran lain ngan djamna didjoeroekeunana eta boedak tea bae, tapi wantjina oge koedoe ditērangkeun, beurang-peutingna atawa isoek-sorena.

• •

Ari gawena akte milih ngaran, nja eta pikeun boedak noe didjoeroekeun, oepama bapana hēnteu bogaeun ngaran toeroenan, atawa — lamoen eta boedak anak anoe teu kakoeroeng koe tikah koe bapana teu diangkēn — oepama indoengna hēnteu be-

gæun ngaran toeroenan. Kawasna ěnggeus beunang ditangtoe-keun, dina waktœ ieu atoeran kakara didjalankeun mah, bakal loba djalma anoe ngalaporkeun kalahiran boedak teh barěng djeung lapor milih ngaran sangkan ditoelis dina rěgistěr kalahiran, lantaran waktœ ieu oerang Priboemi tatjan barogæun ngaran toeroenan Dina akte milih ngaran tea, ngaran-ngaran djalma anoe lalapor katoet saksi-saksina koedoe ditjatětkeun, sakoemaha atoeran dina akte kalahiran bae.

Milih hěnteu meunang sakarěp-karěp bae, těgěsna hěnteu meunang milih ngaran anoe noeroetkeun tjeuk rasa oerang Priboemi eta teh gělaran (titěl) atawa pangkat. Dimaksana aja djalma anoe keukeuh milih ngaran anoe boga harti kitoe, samemeh aktena tea didjieun, ambtenaar Burgerlijke Stand koedoe ngalaporkeun heula hal ieu ka boepati. Koe boepati akte ganti ngaran djeung kalahiran tea ditahan heula něpi ka datangna postoesan ti Goepěrnoer Djendral. Ari pětana boepati koedoe ngirimkeun sakabeh soerat-soerat anoe patali djeung eta oeroesan ka kapala gewest, sarta koe kapala gewest koedoe ditěroeskeun ka Goepěrnoer Djendral.

Anoe djadi boepati teu meunang milih ngaran toeroenan, lamoen tatjan meunang paidin Goepěrnoer Djendral.

Ngaran-ngaran toeroenan anoe geus ditoelis dina rěgistěr Burgerlijke Stand hěnteu meunang diganti, anging lamoen aja paidin Goepěrnoer Djendral; ngan ngaran boedak (leutik) anoe beunang diganti sakarěp oerang teh, kitoe oge dina rek ngagantina tea koedoe lapor heula ka ambtenaar Burgerlijke Stand. Eta ambtenaar diwadjibkeun koedoe njatětkeun gantina ngaran leutik tea dina sisina akte kalahiran. Baroedak anoe tatjan akil baleg, hěnteu meunang menta diganti ngaran, lamoen pamentana tea hěnteu kalawan pitoeloengna djalma anoe sah djadi walina.

\*  
\* \*

Děmi anoe diwadjibkeun koedoe ngalaporkeun anoe paeh, nja eta djalma anoe natoeh di imah těmpat paehna anoe dilaporkeun tea; lamoen di dinja euweuh djalma, anoe koedoe ngalaporkeun teh kapala kampoeng, loerah atawa wijkmeester.

Lamoen anoe paeh teh imah-imahna di loareun wěwěngkon ambtenaar Burgerlijke Stand anoe dilaporan tea, pagawe anoe kasěboet tadi koedoe ngirimkeun pětikan rěgistěr anoe dieusi akte paehna djalma anoe tadi tea ka ambtenaar Burgerlijke Stand anoe

ngabawah tempat padoemoekanana eta djalma, sangkan di dinja oge diasoepkeun kana rëgistër.

Pikeun orok noe paeh samemeh oemoer tiloe poë, hënteu përløe aja aktena, kadjaba lamoen dina samemehna paeh geus dilaporkeun kalahiranana djeung geus didjieun aktena. Oepama tatjan aja akte kalahiranana, dina rëgistër teh tjoekoep koe disëboetkeun jen eta boedak geus paeh ti barang dilahirkeun. Oepama aja boedak anoe paeh djeung oemoerna geus leuwih ti 3 poë. sarta kalahiranana tea tatjan dilaporkeun, ambtenaar Burgerlijke Stand njeunna akte teh koedoe doea roepa, nja eta akte lahir djeung akte paeh.

\*  
\* \*

Katërangan-katërangan anoe geus didadarkeun di loehoer teh beunang mëtik, ditjokot sakoer anoe përløe bae. Oepama hajang leuwih tërang mah koedoe maratja: „*Beberapa nasihat bagi ambtenaar yang diperintahkan memegang register Burgerlijke Stand oentoeik beberapa golongan ra'jat Boemipoetera dipoelau Djawa dan Madoera, yang ta' dibawah perintah Zelfbestuur*”, beunang Departement van Justitie.

### c. ATOERAN MILIH LID RAAD KABOEPATEN (STAATSBLAD 1924 No. 81). <sup>1)</sup>

Lid-lid Raad Kaboepaten dipilihna hënteu torodjogan koe rajat, tapi koe sawatara wawakilna. Eta wawakil disëboetna *teekang milih* atawa „kiesman”, anoe samemehna koedoe dipilih heula koe djalma-djalma di desa-desana.

Djadi atoeran pilihan teh aja 2 panta atawa 2 roepa nja eta:  
1e. *pilihan kiesman*, noe koedoe diajakeun di saban-saban desa,  
2e. *pilihan lid Raad Kaboepaten* di saban-saban district.

Anoe milihna nja eta sakabeh kiesman noe dipilih di desa-desa sadjëro district eta.

Anoe boga hak milih kiesman teh nja eta bangsa Priboemi sapangeusi kaboepaten, anoe oemoerna kira-kira 21 taoen ka loehoer sarta:

1e. noe boga hak milih Loerah, atawa lamoen di eta tëmplat teu aja atoeran milih loerah, anoe koe Raad Kaboepaten katimbang pantës miloe milih.

---

<sup>1)</sup> Karangan R. A. A. Wiranatakoesoema. Kangdjäng Boepati Bandoeng, anoe geus dimoeat dina Bestuursgids.

2e. noe keuna aanslag atawa noe koedoe keuna aanslag lamoen teu meunang koepasan tina salah sahidji padjég Nagara, padjég provincie atawa padjég kaboepaten di tahoen noe geus kaliwat, saperti inkomstenbelasting, persoonsle belasting, landrente djeung Inl. verponding.

Djadi gampang pisan mëtelna 1 — 1 na noe baroga hak milih teh nja eta:

1. tina kohier ink. belasting,
2. tina kohier pers. belasting, salianna ti noe kasëboet di noe kasëboet di 1,
3. tina kohier landrente salianna ti noe kasëboet di 1, 2;
4. tina kohier Inl. Verponding salianna ti noe kasëboet 1, 2, 3;

Sakabeh baroga hak milih, sanggeus diwalkeun noe oemoerna koerang ti 21 tahoen.

Dëmi noe diwalkeun teu meunang milih nja eta:

- a. noe koe pangadilan ditjaboet hakna milih;
- b. noe koe pangadilan ditjaboet hakna njékël babandaan sorangan (noe gelo).

Noe beunang dipilih kana kiesman koedoe njoekoepan sarat-sarat noe kasëboet di handap ieu:

1. lalaki;
2. manehna sorangan koedoe boga hak milih;
3. bisa noelis (aksara Walanda. Soenda, boh Arab);
4. oemoerna paling saeutik 25 tahoen;
5. matoeh di eta kring (desa).

Di desa, anoe tjatjah diwana:

500 atawa koerang 1 kiesman;

leuwih ti 500 nëni ka 1000 — 2 keisman;

leuwih ti 1000 nëni ka 1500 — 3 kiesman;

leuwih ti 1500 nëni ka 2000 — 4 kiesman;

leuwih ti 2000 nëni ka 2500 — 5 kiesman

dieuu satoeoeina ditambahan hidji kiesman dina saban-saban 500 diéléma. 1)

Ari noe djadi Koemisi tina eta nilihan nja eta Ass. Wadana djeung 2 lid noe dianekat koe Wadana.

Atoerananana ieu nilihan koe Staatsblad dipasrahkeun ka desa bae, noeroetkeun tali paranti milih loerah.

---

1) Pokpokanana art. 8 Staatsblad 1924 No 81 salah Di dina teu kasëboet reana kiesman, di desa anoe tjatjah diwana djedjég 1000, 1500, 2000 dj. st.

Ngan bedana, ari dina pilihan ieu mah, noe dipilihna lolobana leuwih ti hidji, tĕrkadang wĕlasan.

Di Kaboepaten Bandoeng atoeranana milih ditĕtĕpkeun kieu:

Dina poĕan milih, koemisi koedoe lĕngkĕp aja dina tĕmpatna, sarta njadiakeun kiezerlijst anoe geus didjieun ti awalna, nja ki-toe deui kohier-kohier padjĕg inkomsten, personeel, landrente, djeung Inl. verponding. Deui koedoe sadia sagala paparabotan anoe biasa dina milih loerah sapĕrti roeas-roeas, bandera, tjiri rokrak, djeung sadjaba ti eta.

Sanggeus nĕpi kana waktoena (djaman) anoe diambarkeun ti awalna, toeloej koemisi ngamimitian mariksa hidji-hidji noe boga hak milih, anoe daratang, bari ditjotjogkeun djeung kiezerlijst

Koemisi boga hak nolak kana pilihan, sa'oer djalma anoe katimbang hĕnteu njoekoepan kana sarat kiezer.

Saoepama noe daratang koerang ti 1/4 tina kaajaan noe boga hak milih, eta pilihan montong ditĕroeskeun. Dĕmi kiesman kiesman satjoekeopna saharita keneh diangkat koe koemisi bae, sabab dianggapna, djalma-djalma katimbang teu aja hod'ah kana ieu atoeran.

Lamoen tjoekeop roe daratang, mimitina koemisi koedoe nanja ka noe karoempoel saha noe koe maranehna rek didjagokeun, atawa moen taja panoedohan hade ditanja saha noe daek djadi djago.

Oepama *soewoeng* teu aja noe hajang djadi djago, eta pilihan toeloej diboebarkeun. Ari kiesman-kiesman satjoekeopna diangkat koe koemisi.

Ajeuna, oepama aja noe daek diadi djago, didinja koemisi koedoe mariksa heula naha eta djago-djago teh njoemponan kana sarat-sarat kiesman noe kasĕboet di loehoer?

Lamoen aia sala sa'oerang anoe koe *timbangan koemisi* hĕnteu njoekoepan kana sarat eta, koemisi koedoe *moetoes harita*, sarta nolak eta djalma djadi djago.

Oepama reana djago *koerang* ti lobana kiesman noe koedoe dipilih di eta desa, pilihan koedoe ditĕroeskeun. Dĕmi sakoerangna kiesman diangkat koe koemisi.

Lamoen lobana djago *saroea* djeung lobana kiesman noe koedoe dipilih tea, eta pilihan oge koedoe ditĕroeskeun. Lamoen mangke eta djago-djago, sanggeus *tiloe kali* pilihan hĕnteu kapilih kabeh, sakoerangna kiesman diangkat koe koemisi.

Ajeuna oerang tjarioskeun atoeranana milih. Mimiti koemisi

koedoe nētēpkeun heula *kiesquotient*, nja eta hidji angka atawa bilangan, anoe noedoehkeun jen djago dianggap kapilih, lamoen manehna meunang soeara *paling saeutik* saroea reana djeung eta bilangan.

Dēmi ngitoengna eta bilangan, njokot tina reana noe baroga hak milih *noe datang kana pilihan*, dibagi koe lobana kiesman noe koedoe dipilih ditambah hidji, sarta beubeunanganana, oepama angka pētjahan, diboeleudkeun ka loehoer.

Tjontona:

Tjatjah djiwa aja .....	2000
Djadi reana kiesman koedoe aja .....	4
Reana noe boga hak milih oepama .....	600
Reana noe daratang oepama .....	402
Djadi kiesquotientna = $402 : (4 + 1) = 402 : 5 = 80.4$ —	diboeleudkeun djadi 81.

Sanggeusna nētēpkeun *kiesquotient*, toeloelj noe boga hak milih teh hidji-hidji dibere tjiri (rokrak) *salobana kiesman noe koedoe dipilih tea*, toeloelj saoeorang-saoerang asoep kana hidji tēmpat noe disadiakeun ti awalna, sarta teu awas ti loear. Di djero eta tēmpat disadiakeun roeas-roeas beunang moelas atawa beunang njirian koe bandera anoe poelasna saroea djeung bandera anoe ditjēkēl koe djago-djago tea.

Anoe milih teh soep ngasoepkeun tjiri hidji-hidji kana roeas-roeas tea anoe sapoelas djeung djago-djago, noe koe manehna rek dipilih.

Di dieu koemisi koedoe tēngēt nalingakeun bisi aja djalma noe ngasoepkeun *tjiri leuwih ti hidji kana sala sahidji roeas*.

Sanggeusna salse, toeloelj eta roeas diboeuka di hareupeun djalma djalma, diitoeng eusina tjiri. Sakoer djago noe meunang tjiri, lobana *saroea* atawa *leuwih* tina *kiesquotient* anoe ditētēpkeun tadi, eta djago *kapilih djadi kiesman*.

Saoepama lobana noe geus kapilih djadi kiesman *atjan tjoempon* kana reana kiesman noe koedoe dipilih di eta desa, koemisi harita keneh koedoe ngajakeun pilihan *kadoea kali*. Milihna ti antara djago-djago *dina pilihan mimiti bae*, ngan di iwalkeun sakoer djago noe geus kapilih dina pilihan mimiti.

Oepama salse pilihan kadoea, tapi tatjan keneh bae tjoempon kana reana kiesman noe koedoe dipilih, koemisi saharita koedoe ngajakeun pilihan katiloe kali. Milihna ti antara djago-djago noe tatjan kapilih kana kiesman.



TINA  
PERKAWIS  
MAIRAN TEH



# ATOERAN NJITJIAN TEH

Naha TEH teh seungit-seungit teuing,  
 Na koemaha ngokolakeunana,  
 Mana wani koneng ngentjong.

Gampang  
 asal ngagoegoe.



Nomer hiji  
 gajira bersih

Kadoeana  
 naheurna



Dina seuneu  
 hoerong

Katilo  
 moenggoeh lobana.

Sarjankireun tiloe  
 gram teh enggeus  
 mahi.




Moen teu  
 sasendok  
 makan



Moen entehna sakira  
 geus mahi,

Tjoer tjitjian koe  
 tjai ngagolak.

# ATOERAN NJITJIANTEH



Lima  
men: oge  
geus mah.


Sanggeusna reep  
toetoeop bac.

Sangkan  
rijaina  
aloes.

Tjoe  
tjikeun teroes



genep men:  
lilana.




Kiré tjléh mah  
ngeunahna

Kadjaba iroen  
rek dililakeun sakali  
pindahkeun ka noe lian.



Poma-poma oelah arek lali,  
tjar anoe dianggo nitjar, sing leres pangasakna teh,  
nanging, kade kalangsoe njatana mah tong lepas teuing.

# ATOERAN NJITJIAN TEH



Lima  
menit aye  
geus mahi.


Sanggeusna reep  
toetoeep bae.

Sangkan  
rijina  
aloes.

Tjoeer  
tjitiikeun teroes



genep menit  
ilana.



Kadiaba moen  
rek dililakeun sakali  
pindahkeun ka noe lian

Kitae tjitch mah  
ngeunahna




Poma-poma oelah arek tali,  
rijai anoe dianggo njitjian, sing leres pang-sakna teh,  
nanging, kade kalangsor niatana mah tong lepas teuing.

# TEH DIADI LEUEUTAN

Sabab matak teu ngeunah.  
Nadjan enteh aloes.



Galeuh teh  
noe pangsaena.



Enteh  
saponde eta bisa mahi.

Pikeun tiloe ratoes tjangkireun mah.

Sangkan  
ageng mangpa ite  
kana deui  
Matak maghag  
wanghag



Lamoen  
dina tengah poe  
waktue panasna  
moengpoeng.  
koedoe nginoem  
menteh tiis  
Tangtos moal  
halabbah.




Malah geura roengoe.  
Piwedjang doktor noe paham:  
„Moen pakeboeg, na moesim loba  
panjakit. Tjiteh diadi panjinglar”

# ATBERAN NJITJIAN TEH

Naha TEH teh seungit-seungit teuing,  
Na koemaha ngokolakeunana,  
Mana wani koneng ngentjong.

Gampang  
asal ngagoegoe.



Nomer hiji  
tjaina bersih.



Kadoeana  
naheurna

Dina seuneu  
hoereng



Katilo  
moenggoeh lobana,  
Sarjankireun tiloe  
gram teh enggeus  
mahi.

Moen teu  
sasendok  
makan.



Moen entehna sakira  
geus mahi,


Tjoer tjitjian koe  
tjai ngagolak.

## Teh Hindia=Nederland.

1. Tjai anoe dipake koedoe tjai noe bërèsih.
2. Gog tagagkeun dina seuneu hoeroeng.
3. Ajeuna seug niomot teh 3 gram 3 gram. nja eta noeroetkeun lobana tjankir anoe baris dieusian koe eta potji
4. Tjoer tinjoeh koe tjai asak noe ngagolak
5. Roep toetoepan koe toetoepe potji. lilana ti 5 nepi ka 6 menit.
6. Eta tjai teh koedoe toeloel diinoem; lamoen teu kitoe nja koedoe ditiitji-keun kana potji sedien noe beunang manaskeun. sangkan ènteh djeung tjaina oelah tjampoer lila=lila.

N B. Tjai anoe panghadè=hadena pikeun ninjoeh ènteh teh nja eta tjai anoe keur ngagolak, asai ngagolakna oelah lila teuing bae.

Lamoen oerang hajang tjiteh anoe ngeunah, koedoe bisa mopolahkeunana. Noe pangpangna koedoe dikanjahokeun nja eta lilinggèran lilana ènteh koedoena dileob djeung lobana noe rek ditinjoeh noeroetkeun gède-leuŕikna potji. Oepama oerang noeroetkeun eta atoeran salawasna baris nginoem tjiteh ngeunah.



THEE EXPERT BUREAU BATAVIA  
AFD. THEE PROPAGANDA NED.-INDIË

Atoeranana milih dina pilihan kadoea djeung katiloe henteu beda djeung waktos milih mimiti.

Lamoen reana kiesman noe kapilih tatjan keneh bae djédjég, sanggeusna ngajakeun tiloe kali pilihan, didinja koemisi koedoe *ngangkat kiesman sakoerangna tea.*

Tjontona:

A.

Tjatjah djiwa desa .....	1700	} Pilihan teu ditěroskeun lantaran noe datang koerang ti 1/4 na tina djoemlah noe boga hak milih
Djadi reana kiesman koedoe .....	4	
Reana noe boga hak milih	900	
Noe datang .....	190	

B.

Tjatjah djiwa .....	2001	} Pilihan diboerbarkeun sabab teu aja djago. Koemisi toeloj ngaběnoem 5 kiesman.
Djadi reana kiesman .....	5	
Reana noe boga hak milih.	700	
Noe datang .....	400	
Noe djadi djago: nihil (taja noe daek) .....		

C.

		} Di dieu reana djago saroea djeung reana kiesman. Pilihan koedoe diajakeun.
Tjatjah djiwa .....	4999	
Djadi reana kiesman koedoe .....	10	} Oepama teu sakabeh djago kapilih, koedoe ngajakeun pilihan kadoea kali, tatjan keneh bae tjoempon 10 kiesman, koemisi koedoe ngajakeun pilihan katiloe kali. Oepama henteu djédjég keneh, sakoerangna kiesman diběnoem koe koemisi.
Reana noe boga hak milih	1750	
Noe datang: .....	500	
Noe djadi djago .....	10	

D.

Tjatjah djiwa .....	2000	} Di dieu reana djago koerang " ti reana kiesman.
Djadi reana kiesman koedoe .....	4	
		} Pilihan koedoe diajakeun antara eta 3 djago.



Reana noe boga hak milih 800  
 Noe datang ..... 400  
 Noe djadi djago ..... 3

Oepama eta 3 djago teu kabeh kapilih, koedoe diajakeun pilihan kadoea kali, tatjan keneh bae, nia koedoe ngajakeun pilihan *katiloe kali*. Sanggeus kitoe koemisi koedoe ngaběnoem sakoerangna kiesman něpi ka djědjěg 4 djalma.

E.

Tjatjah djiwa ..... 2000  
 Djadi reana kiesman: ... 4  
 Reana noe boga hak milih 1100  
 Noe datang ..... 1001  
 Reana djago ..... 10

Di dieu reana djago *leuwih* ti reana kiesman. Pilihan *koedoe diajakeun*.

$$\text{Djadi kiesquotientna } \frac{1001}{4+1} = \frac{1001}{5} = 200,02 = 201.$$

Oepama heubeunanganana:

Ngaran djago	Meunangna tj'ri			Katěranan
	pilihan mimiti	pilihan kadoea	pilihan katiloe	
a	200	200	150	kapilih dina pilihan ka I.
b	1000			
c	180	150	150	kapilih dina pilihan ka I.
d	1000			
e	199	600		kapilih dina pilihan ka II.
f	170	200	200	
g	190	190	250	kapilih dina pilihan ka III.
h	160	180	500	
i	150	190	200	
j	150	200	200	
	3390 (614 tjir- lipoelang keun)	1910 (koerang ti 1004. sabab reana noe arin- dit.)	1550	

Beubeunangan eta pilihan keneh koedoe diembarkeun ka noe masih araja, nja kitoe deui ngaran-ngaran kiesman noe diangkat koe koemisi.

Sanggeusna salse milih kiesman, toeloej koemisi n̄ieun proces-verbaal tina eta pilihan, anoe tjontona mangke ditētēpkeun.

Salinan tina eta proces-verbaal koe koemisi koedoe di sanggakeun ka Prijaji, anoe mangke bakal diangkat koe Boepati (nja eta Wadana).

Nja kitoe deui sakabeh kiesman anoe kapilih tea, koedoe diba-gi salinan proces-verbaal hidji sewang. Eta salinan dianggap soerat angkatan djadi kiesman.

Wadana noe kasēboet tadi di loehoer koedoe ngoempolkeun sakabeh salinan proces-verbaal noe katamna, sarta toeloej n̄ieun lijst kiesman. Parelana noeroetkeun letēr mimiti tina ngaran-ngaran, njokot tina tjatjarakan Walanda (a, b, c, d.).

\* \* \*

Aieuna rek ditērangkeun pilihan *punta kadoea* tea, nia eta milih lid Raad Kaboepaten di district-district, dipilihna koe sakabeh kiesman noe aja di eta „kiesdistrict”.

Dēmi bawahanana kiesdistrict teh saroea djeung bawahan district aieuna bae.

Dina poē Salasa katiloe boelan Juli Wadana namna opgrave candidaten (soerat ngaran djago-djago) ti kiesman-kiesman ti mimiti diam 8 nēni ka diam 1 beurang.

14 poē samemeh tanggal eta, nia kitoe deui dina poē noe kasēboet bieu. Wadana koedoe niadiakeun balangko eta opgrave di kantorna. Kiesman-kiesman meunang njarokot eta balangko teu kalawan make bajaran.

Eta opgrave dieusianana koe kiesman, ngaran djago-djago (piē-lideun noe koe manehna mangke bakal dinilih).

Reana ngaran teu meunang leuwih ti 2 kalieun reana lid noe koedoe dinilih di eta district.

Eta opgrave naling saeutik koedoe ditanda koe 3 kiesman (hartina sahan 3 kiesman nianngakeun 1 opgrave), sarta di toekongkeun tanda tangan koedoe ditoelis ngaranna eta kiesman masing tērang.

Saha noe koe manehna rek didiagokeun, eta mah koemaha kahajangna bae, tapi sangkan oelah kadjadian mangkena aja lid

ditolak koe Raad, pěrloe kiesman njaho sarat-saratna pikeun djadi lid Raad sapėrti noe kasėboet dina art. 6 djeung 7 ordonnantie Regentschap, staatsblad 1924 No. 79.

Art. 6 nangtoekeun jen sarat-saratna teh.

1. dibawah parentah Nagara Walanda
2. pangeusi Hindia Nederland
3. tjitjing (matoeh) di Kaboepaten noe diajakeun pilihan
4. oemoer 25 taheen atawa leuwih
5. bisa noelis aksara Walanda
6. noe koe Pangadilan teu ditjaboet hakna njėkėl babandaan sorangan (noe gelo) atawa ditjaboet sedjen hak atawa kawadajiban
7. noe hėnteu pailit.

Sanggeusna kabeh opgawe katampa, toeloj dikoempoelekeun koe Wadana dipariksa, sarta dipėtel hidji-hidjina ngaran djago.

Saoepama djoemblahna ngaran-ngaran noe didjagokeun tea saroea djeung lid noe koedoe dipilih di eta district, eta djago kabeh dianggap kapilih djadi lid. Lamoenna *leuwih* tangtoe koedoe aja pilihan, sarta gantjang Wadana njieun hidji lijst ngaran djago-djago tea (candidatenlijst) parelena njokot letter mimiti tina ngaran djago-djago noeroetkeun tjatjarakan Walanda (a, b, c, djeung satoeloejna).

Wadana koedoe ngirimkeun eta lijst, ka saban kiesman. nja kitoe deui ka soerat kabar noe dikaloearkeun di eta tėmpat, atawa diembarkeun noeroetkeun kabiasaan di desa (ditempelkeun di bale desa).

Paling gantiang mangkoek 4 *minggoe* ti sanggeus eta lijst di kirimkeun, kakara koedoe ngajakeun pilihan lid.

Ti awalna Wadana koedoe nėtėpkeun poėna milih noe tangtoe sarta tėroes diembarkeun sakoemaha biasa.

Ka hidji-hidji kiesman, Wadana koedoe ngirimkeun soerat panjaoer datarng dina poė noe ditangtoekeun tea.

Koemisi soera (stemkantoor) dibėnoem koe kangdjėng Boepati, nja eta 1 voorzitter (Wadana) djeung 2 lidna, nja kitoe deui 2 wakilna.

Dėmi waktoena milih ti poekoel 8 isoek-isoek nėpi ka poekoel 1 beurang.

Voorzitter Koemisi (wadana) koedoe njadiakeun tėmpat noe pėrjoga, pikeun ngajakeun eta pilihan katoet parobotna, nja eta medja, korsi, hidji atawa 2 lesnar, djeung 1 pėti soera, anoe

sělotna doea, hidji ditjėkěl koe Voorzitter noe hidji deui koe lid koemisi noe pangkolotna.

Dina poėan milih tea, Voorzitter koedoe njadiakeun kikitir pikeun milih (stembiljet) satjoekoejna anoe dikirimkeun koe Boepati.

Nja kitoe deui di dinja koedoe aja lijst kiesman-kiesman, djeung lijst djago-djago, sing rea.

Dina waktoe milih soeara koedoe salawasna rėmpėg tiloeanana aja. Saoepama voorzitter aja halangan diwakilan koe lid koemisi anoe dina besluit angkatan kasėboet pangloehoerna. Oepama aja lid halangan, diganti koe wakilna tea. Hal ieu koedoe ditjatėt dina proces-verbaal.

Tidinja Voorzitter toeloj njėboetan tina lijst kiesman nomėr djeung ngaranna hidji-hidji kiesman sing bėdas, bari dipasrahan saerangna hidji balangko kikitir, tėroes ditjatėt dina eta lijst djeung lėbah ngaranna diparap.

Dėmi roepana eta kikitir, ti loerna ditjitak ngaran Raad, didjėrona nomėr-nomėr marele kahandap, ti mimiti 1 nėpi ka 2 kalieun reana lid noe koedoe dipilih. Toekangeun eta nomėr, dilowangan pikeun noelis ngaran-ngaran djago.

Sanggeus kiesman nampa kartjis, toeloj dieusian ngaran-ngaran djago noe koe manehna kapilih *sarta koedoe njokot tina ngaran-ngaran noe kasėboet dina lijst djago*. Noe pangdipikahajang koe manehna koedoe diteundeun pangloehoerna ngadi ka No. 2 No. 3, djeung satėresna.

Oepama kiesman kaliroe noelis, manehna meunang njochoenkeun deui *sakali* balangko anjar, asal noe teu djadi tea dipoelangkeun ka Koemisi.

Oepama aja kiesman waktoe eta aja paoedoer, Voorzitter meunang ngidinan ditoeloeng koe noe sedjen ngeusina eta kartjis.

Sanggeus salse kiesman ngeusianana, toeloj eta kartjis di tilėp sarta diasoepekeun kana pėti soeara (stembus) tea.

Kiesman anoe teu daek ngasoepekeun kartjis kana pėti, koedoe moelangkeun eta kartjis ka koemisi. Kiesman anoe ngalanggar atoeran-atoeran noe ditėtėpkeun di dieu (ordonnantie) sarta teu ngagoegoe kana panjarek Voorzitter, koedoe dilarang ngasoepekeun kartjis kana pėti, dėmi kartjisna koedoe dipoelangkeun deui.

Salilana pilihan tatjan toetoep, kiesman idin tjitjing di tėmpat

pilihan, kadjaba moen manehna ngalanggar kaberesan atawa ngahalangan kana pagawean noe sedjen.

Lamoen kiesman ngarasa, jen prak-prakan milih hēnteu noe-roetkeun atoeran-atoeran noe kasēboet dina ordonnantie, manehna meunang oendjoekan kapanasaranana anoe koe koemisi ditjatēt dina proces-verbaal.

Voorzitter koemisi dibeuratkeun, soepaja njékēl kaberesan waktōe ngadjalankeun ieu pilihan.

Djam 1 Voorzitter ngabedjaan ka kiesman anoe masih araja, bisi aja keneh anoe rek milih, meunang ngasoepkeun kartjisna kana pēti, sanggeusna toeloēj pilihan ditoetoep.

Sanggeus kitōe toeloēj voorzitter njatētkeun reana kiesman noe geus milōe milih (noeroetkeun reana kartjis noe geus di-asoepkeun kana pēti) nja kitōe deui reana kartjis noe teu toeloēs kapake, djeung anoe dipoelangkeun, sarta toeloēj diembarkeun ka kiesman-kiesman anoe araja keneh. Tidinja toeloēj lijst kiesman, anoe tadi dipake njatēt sakoer kiesman noe dibere kartjis, koe koemisi di „gezien” sarta disēboetkeun di dinja reana parap anoe ditoelis dina eta lijst.

Pasosore dina poē harita keneh koemisi koempoel deui, baris nētēpkeun pilihan. Nja kitōe deui kiesman-kiesman meunang njaksikeun.

Voorzitter moeka pēti soeara.

Koemisi milang reana kartjis noe aja di djēro pēti, toeloēj ditjampoer-tjampoer (dikotjok), sanggeusna toeloēj dientēpkeun sarta dinomēran, 1, 2, 3 djeung satēroesna.

Samemeh kartjis dibatjaan, koemisi koedoe nētēpkeun heula „kiesquotient” nja eta hidji bilangan anoe nētēpkeun jen djago kapilih djadi lid, oepama manehna geus meunang soeara, reana saroea djeung eta bilangan.

Dēmi nētēpkeunana eta bilangan (kiesquotient) ngitoeng tina reana kartjis dibagi koe reana lid noe koedoe dipilih ditambah hidji, sarta beubeunanganana ditaekkeun kana angka salochoe-reunana.

#### Tjontona:

##### *District Tjimahi.*

Reana lid noe koedoe dipilih .....	3
Reana kiesman aja .....	328
Reana kiesman noe datang oepamana .....	300
Reana kartjis noe aja di djēro pēti .....	208

Djadi kiesquotientna =  $298 : (3 + 1) = 298 : 4 = 74\frac{1}{2}$   
ditaekkeun djadi 75.

Hartina salah sahidji djago dianggap *kapilih* djadi lid, moen geus meunang 75 *soeara*.

Dimisalkeun ajeuna reana kartjis noe aja dina pēti 280 djadi kiesquotientna =  $280 : (3 + 1) = 280 : 4 = 70$  ditaekkeun djadi 71.

Ticinja Voorzitter moekaan hidji-hidji kartjis mimiti ti nomēr 1, djeung satēroesna, sarta saban kartjis dibatja sing tarik pisan ngaran djago anoe ditoelis pangloehoenra (No. 1).

Koemisi sedjen mariksa kartjis noe geus dibatja koe Voorzitter.

Waktōe matjaan kartjis, koemisi koedoe tēlik bisi aja kartjis anoe *hēnteu sah*, nja eta:

- 1e. kartjis palseo (sedjen ti noe dipasrahkeun ka kiesman);
- 2e. kartjis noe kosong (teu aja ngaran salah sahidji djago);
- 3e. kartjis noe ditanda, atawa aja tjitjiren kiesman. Koemisi koedoe saharita keneh moetoēs sah hēnteu eta kartjis<sup>2</sup>.

Voorzitter ngembarkeun sabab-sababna eta kartjis dianggap hēnteu sah, atawa sabab-sababna samar. Noe aja di tēmpat eta meunang ngilikan eta kartjis. Koemisi njatēt eta kadjadian dina proces-verbaal.

Oepama dina kartjis kapariksa aja:

- a. ngaran noe lian ti ngaran djago-djago noe kasēboet dina lijst djago-djago;
- b. ngaran djago noe geus maot;
- c. toelisan noe teu tērang ncedoehkeun djago mana;
- d. ngaran-ngaran djago ditoelisna teu marele ka handap, oepama kadjadian saroea kitoē eta ngaran-ngan koe koemisi, koedoe dianggap saroea djeung hēnteu ditoelis dina eta kartjis, hartina eta ngaran hēnteu sah.


*Tjonto-tjonto.*

Ieu dioepamakeun *lijst djago-djago* (candidatenlijst):


- |                 |                   |
|-----------------|-------------------|
| 1 Abdoel, Raden | } Kandidatenlijst |
| 2 Basari, Mas   |                   |
| 3 Hanapi, Mas   |                   |
| 4 Jahja         |                   |
| 5 Karmadi       |                   |
| 6 Mangoen, Mas  |                   |

# SPEDA JOST

DJALAN  
ENTENG



PALING  
KOEWAŦ



PABRIK KARETA MĒSIN  
ROTTERDĀM

## JOST

Wakil: STOLK & DE JONG Batawi



P. Dr. M. Kisman (chirurg), jang beberapa  
tahoen Iamanja menambah pengetahoennja  
dinegeri Belanda. Sekarang beliau ditempat-  
kan boeat sementara waktoe pada C. B. Z.  
di Weltevreden.





P. t. Djamil (Ind. arts), jang mendapat prijs no. 2 dalam perloembaan karangan tentang memerangi penjakit tuberculose (ba-toek kering), sekarang ada di Eropah memperloeaskan pengetahoeannja.



**WETTIG GEDEPONEERD**

**SALAMINA KĒDAH MOENDOET  
T J A P „K O E D A”**

oepami andjeun bade ngagaleuh  
tjet ti langganan andjeun teh.

**WĒDALAN  
REGNAULT'S VERFFABRIEKEN  
SOERABAJA**

**PILIAL NOE NGAGINGSIRKEUN  
PARADEPLEIN 13 SAMARANG**

- |               |   |         |
|---------------|---|---------|
| 1 Widjaja     | } | Kikitir |
| 2 Kamradi     |   |         |
| 3 Basari      |   |         |
| 4 Mangoen, M. |   |         |

Ieu dioepamakeun *kartjis* noe geus meunang ngeusian koe kiesman.

Noe kasēboet No. 1 Widjaja hēnteu sah, lantaran lian ti noe kasēboet dina lijst djago-djago.

Oepama kadjadian kieu: Voorzitter koedoe matja No. 2 Karmadi

Tapi Karmadi geus maot, toeloej koedoe dibatja No. 3 Basari, tah ieu noe sah teh.

- |                  |   |         |
|------------------|---|---------|
| 1 Somantri       | } | Kikitir |
| 2 Abdoel, Basari |   |         |
| 3 Mangoen, M.    |   |         |

Ieu oge misalna *kartjis*.

No. 1 hēnteu sah, lantaran teu kaharti noedoehekeun djago mana. No. 2 doeanana hēnteu sah, lantaran hēnteu marele kahandap.

No. 3. Mangoen M., sah; ieu noe dibatja koe Voorzitter teh.

- |               |   |         |
|---------------|---|---------|
| 1 Abdoel, R.  | } | Kikitir |
| 2 Mangoen, M. |   |         |
| 3 Jahja       |   |         |
| 4 .....       |   |         |

Kiesman Tagogäpoe.

Poegoeh bēnēr tea mah, tapi di handapna make netelakeun koe andjeun (noe kagoengan damēl), atoeh ieu *kartjis* teh samasakali hēnteu sah.

Tadi geus ditērangkeun jen Voorzitter anoe matjaan *kartjis* teh, sarta koedoe disēboet sing tarik pisan djago noe ditoelis pangloehoerna (no. 1) sabab saban-saban *kartjis* dianggap 1 soeara pikeun djago noe kasēboet pangloehoerna tea.

(Kadjaba moen eta ngaran hēnteu sah, tingali tjonto di loehoer, eta *kartjis* tangtoe djadi soeara ka noe kasēboet handapeunana).

Eta soeara koedoe ditjatēt koe lid koemisi anoe doeaan tea.

Samangsa-mangsa aja djago anoe meunang soeara nēpi kana kiesquotient, Voorzitter eureun heula matjana, sabab eta djago geus kapilih djadi lid, toeloej koe Voorzitter diembarkeun. Dēmi eta *kartjis* anoe dibatja pangdieuna (pangpadeurina) dianggap hidji soeara pikeun djago noe kasēboet handapeun noe kapilih tea.

Ladjoe deui Voorzitter njokotan djeung matjaan kartjis.

Oepama djago noe geus kapilih bieu, pek deui bae kaséboet (dítóelis pangloehoerna), Voorzitter koedoe matja djago No. 2, moen ieu oge geus kapilih, koedoe dibatja djago No. 3.

Saban-saban kali aja noe népi kana kiesquotient, di dinja ditétépkeun koe koemisi, sarta diembarkeun koe Voorzitter.

Kitoe bae satéroesna népi ka kamistian reana lid kabeh tjoempon.

Saoepama kartjis kabeh geus beak dibatjaan, tatapi koerang keneh lid noe koedoe dipilih, Voorzitter koedoe malikan deui, matjaan kartjis noe geus dibatja tadi, (mimiti ti No. 1) téroes noeroetkeun parele tadi. Atoeranana tjara tadi deui bae, lamoen noe loehoer geus kapilih, diséboet djago noe sahandapeunana.

Soeara noe geus beunang koe djago-djago dina batjaan ka I koedoe ditambahkeun kana soeara ka II.

Oepama reana noe kapilih geus tjoempon kana kamistian reana lid di eta district, Voorzitter eureun matjana.

*Tjontona.*

Kiesdistrict Tjiparaj.

Reana kiesman .....	270
Reana kiesman noe datang oepama .....	261
Reana kartjis noe dina péti .....	259
Reana lid noe koedoe dipilih .....	3

$$\text{Djadi kiesquotient } \frac{259}{3 + 1} = \frac{259}{4} = 64.75 \text{ ditaekkeun djadi } 65.$$

Ngaran djago	Reana soeara noe beunang dina			Beubeunanganana
	Batjaan kahidji	Batjaan kadoea	Batjaan katiloe	
A	20	—	5	Kapilih dina batjaan ka II 60 + 5.
B	40	—	—	
C	—	50	5	
D	5	60	—	
E	30	20	—	
F	10	40	—	Kapilih dina batjaan ka I.
G	15	20	2	
H	65	—	—	
I	40	10	1	
J	20	30	15	Kapilih dina batjaan ka III (20 + 30 + 15).
K	5	9	—	
L	9	20	—	

Voorzitter toeloej ngembarkeun hidji-hidji djago noe geus kapilih. Noe aja di dinja meunang ngatoerkeun kabauratan, anoe koe koemisi ditjatët dina proces-verbaal.

Harita keneh toeloej diembarkeun eusina proces-verbaal.

Eta proces-verbaal disimpën koe Voorzitter.

Sanggeus ngembarkeun beubeunungan pilihan, Voorzitter harita keneh koedoe mereskeun kartjis-kartjis dipisahkeun anoe sah djeung anoe hënteu, toeloej saroepe-saroepe diboengkoes sing apik, ditoetoeup sarta ditjap lak.

Eta kartjis-kartjis, koedoe disimpën koe Voorzitter mangka hade, salilana doedoek Raad, anoe lid-lidna diajakeun koe ieu pilihan, nja eta 4 tahoen.

Samangsa geus liwat waktoe noe kasëboet bieu, eta kartjis-kartjis koe Voorzitter koedoe didoeroek, sarta didjieun proces-verbaalna.

Sakoer anoe kapilih tea, lat-latna sadjëro 4 minggoe ti sanggeus manehna nampa serat pangbedjaan jen kapilih, koedoe oendjoekan ka Boepati, daek-hënteuna manehna djadi lid Raad.

Sah-saha noe teu oendjoekan sangeus liwat waktoe noe kasëboet di loehoer, bakal dianggap jen manehna nolak kana djadi lid.

Sadjëro 14 poë ti sanggeus Voorzitter di paparin tërang koe Boepati, jen salasahidji noe kapilih tea nolak, atawa ti sanggeus liwat tempona hënteu oendjoekan ka Boepati, koemisi koedoe ngajakeun deui gantina lid.

Dëmi pëtana kieu:

Komisi nëtëpkeun poë djeung waktoe anoe koedoe diëmbarkeun ti awalna.

Dina waktoena, koemisi koedoe koempoel deui, toeloej moeka boengkoesan kartjis anoe sah tea, sarta dipilih kartjis-kartjis anoe aja kasëboet ngaran anoe nolak, sababna noe bakal digoe-nakeun ajeuna mah, ngan woengkoel kartjis eta bae.

Tidinja ieu kartjis-kartjis dientepkeun parelena noeroetkeun nomër bareto tea. Eta kartjis dibatjaan koe Voorzitter sarta ditjatët koe koemisi atoeranana tjara noe geus kadjarkeun, waktoe milih mimiti bae, ngan bedana, di dieu mah ngaran djago anoe nolak tea, teu meunang dibatja.

Sanggeus aja noe kapilih (soeara nëpi kana kiesquotien) toeloej eta kartjis-kartjis noe sah dihidjikeun deui, diboengkoes sarta ditjap lak deui.

Pilihan noe kaséboet di loehoer didjalankeun deui **saban-saban** aja anoe eureun tina lid-Regentschapsraad, nja eta soepaja bisa ngajakeun gagantina lid.

---

#### d. HAK PAKOEMPOELAN DJEUNG HAK KOEMPOELAN.

Beuki gëgëk nagara, beuki palintër pangeusina, beuki loba kapërloeanana, beuki hese ngahajeukna. Baheula mah di oerang basa nagara tatjan sabaraha gëgëkna, djalmana tatian palintër tatjan loba pamentana djeung kahajangna, ngoeroesna oge hën-teu hese. Pangagoeng teu koedoe dibantoe koe itoe koe ieu.

Tapi sanggeusna bangsa oerang madjoe, geus loba anoe sarakola, kapërloeanana nambahan nja kitoe deui karëpna; ti harita mimiti karasa kaheseanana ngoeroes nagara diadi përloe aja noe ngabantoe-bantoe teh. Koe sabab eta toeloej diajaan Gewestelijke Raad djeung Gemeente Raad. Ari Gewestelijke Raad nja eta pikeun ngoeroes kapërloean gewest, sarta Gemeente Raad pikeun ngoeroes kapërloean gemeente (kota galède).

Sanggeusna aja eta doea raad tea beuki tetela bae jen kaka-wasaan nagara teh përloe dibagi-bagi malar gampang ngadjalankeunana. Nja kitoe deui rahajat beuki gëde karëpna kana miloe tjampoer ngoeroes nagara. Koe lantaran eta loba pisan pakoempoelan<sup>2</sup> anoe diadëgkeun, maksoedna nja eta pikeun ngocroes kapërloean djalma rea djeung niieun propaganda tina oeroesan nagara noeroetkeun kahajangna. Di ditoe-di dieu aja pakoempoelan ngajakeun koempoelan di mana<sup>2</sup>, geus teu meunang ditahan di halang-halang deui.

#### Hak pakoempoelan.

Dina tahoen 1915 hak pakoempoelan diasoepeun kana anggër-anggër Nagara, nja eta dina R. R. Pakoempoelan meunang diadëgkeun teu kalawan disahkeun heula koe Pangaggoeng. Tapi

lamoen pakoempoelan hajang boga badan hak (rechtspersoon), pěrloe disahkeun koe Pangagoeng kalawan besluit. Pakoempoelan dagang sapěrti naamlooze venootschap, oepama hajang kasěngkěr koe atoeran Wetboek van Koophandel diaděgkeunana koe-doe kalawan akte ti Kangdjěng Toeān Běsar.

Pakoempoelan anoe dilarang (Stbl. 1919 No. 27) nja eta:

1. pakoempoelan anoe ngarasiahkeun kaajaanana djeung maksoedna (sapěrti sakabeh kongsi rasiah),

2. pakoempoelan anoe koe Hooggerechtshof ditěrangkeun ngaroeksak kaamanan. Misilna pakoempoelan anoe maksoedna rek teu noeroet atawa ngalanggar oendang-oendang atawa ver-ordening atawa rek ngalanggar atawa ngaroeksak kasopanan atawa rek ngahalang-halang batoer, saha bae, ngadjalankeun hakna.

Oeni eta Staatsblad kitoe teh dikoeatkeun koe artikěl 169 Wetboek van Strafrecht. Dina eta artikěl diantjam baris dihoekoem sing saha anoe tjampoer kana pakoempoelan anoe dilarang atawa kana pakoempoelan anoe maksoedna rek milampah kadjahatan atawa palanggaran. Pakoempoelan anoe geus meunang rechtspersoon tapi sanggeus kitoe koe Hooggerrechtschhof ditěrangkeun ngalanggar kaamanan, lain ngan leungit rechtspersoonna bae tapi djadi pakoempoelan anoe dilarang (art. 15 bis. Stbl. 1870 No. 64, patali djeung Stbl. 1919 No. 27). Dina artikěl eta keneh (artikěl 169 Swb) dilarang:

3. pakoempoelan anoe maksoedna milampah kadjahatan djeung palanggaran.

Djalma anoe teu kaasoep rahajat Walanda djeung baroedak anoe oemoerna koerang ti 18 taoen dilarang asoep pakoempoelan poelitik. Oerang asing noe matak teu meunang teh lantaran teu bogaeun hak ngoeroeskeun nagara oerang, ari baroedak noe oemoerna koerang tina 18 taoen doemeh dianggap tatjan meudjehna (artikěl 2 Pirman Radja, Stbl. 1929 No. 27) Djadi noeroetkeun oenina ieu artikěl pakoempoelan padvinder djeung pakoempoelan baroedak noe sedjen teu meunang tiampoer kana oeroesan poelitik. Dina Staatsblad ieu keneh, nja eta dina artikěl 7a diajaan larangan anoe njěgah baroedak noe oemoerna koerang ti 18 taoen ngadengekeun koempoelan poelitik. Maksoedna eta larangan soepaja baroedak oelah keuna koe pangaroeh anoe matak bahla, sabab baroedak mah tatjan bisa ngabedakeun noe hade djeung noe goreng teu tjara noe geus tjoekoep oemoerna.

## Hak koempoelan.

Pirman Radja, Stbl. 1929 No. 27 teh teu nêrangkeun noe koemaha noe disêboet koempoelan teh. Hak koempoelan beunang disêboet hidji hak oerang pikeun moepakat atawa ngalakoekeun hidji hal, djadi pikeun nêpikéun hidji maksoed babarêngan. Ari atoeran ngoempoelkeunana mah koemaha bae, boh koe pada-pada djangdji boh koe ditjaloekan ti awalna. Anoe ngabogaan eta hak teh lain ngan pakoempoelan bae, tapi noe sedjen oge taja bedana.

Dina artikël 3 Pirman Radja tea disêboetkeun koempoelan pikeun *moepakat* tapi dina artikël sedjen-sedjen mah ngan disêboet *koempoelan* bae, teu ditambahan omongan *pikeun moepakat*. Djadi beunang oge dihartian koempoelan pikeun ngalakoekeun hidji hal, saperti koempoelan arek salat, diadjar sport, arek toenil, arek ngamoesik djeung sadjaba ti eta.

Pasal 111 R. R. hênteu ngawêngkoe oeroesan poelitik woengkoel. Énja dirobahna patali djeung oeroesan poelitik tea man, tapi ieu robahan teh hênteu ngaleungitkeun sipatna anoe tadi.

Artikël 111 R. R. teh teu ngabeda-bedakeun pakoempoelan naon atawa koempoelan naon. djadi salat bardjama'ah oge asoep kana koempoelan, asal dilakoekeun dina tẽmpat anoe ditoetoep, sabab ngalakoekeun agama dina tẽmpat noe teu aja aling-alingna mah disêngkerna koe artikël 174 I. S.

Sadjabana ti ngalakoekeun agama di tẽmpat noe teu aja aling-alingna tea aja deui koempoelan anoe diatoer dina artikël sedjen, nja eta artikël 510 Swb. Di dinya disêboetkeun jen ngajakeun raramean djeung karasmenan di hareupeun djalma rea atawa arak-arakan, dihoekoem oepama teu menta idin heula.

Ari koempoelan teh aja roepa-roepa, nja eta:

1. koempoelan oemoem di loear;
2. koempoelan oemoem dina wawangoenan,
3. koempoelan „ditoetoep”.
4. koempoelan pikeun diadjar mêtakeun pakarang.

Koempoelan oemoem nja eta anoe beunang didatangan sagala djalma bae anoe daek, boh make bajaran boh hênteu. Djadi lamoen koempoelan noe diajakeun koe pakoempoelan, kakara diadi oemoem (openbaar), lamoen beunang didatangan koe djalma anoe teu djadi élid eta pakoempoelan, sanadjan hênteu sangadja di-ondang.





BOEKOE<sup>2</sup> ANOE DIKALOEARKEUN KOE

**J. B. WOLTERS**

Groningen — Den Haag — Weltevreden



**Boekoe-boekoe basa Soenda.**

Panglipoer galih .....	f 0.44
Elmoe alam .....	„ 3.25
Elmoe sasatoan djeung djëlëma .....	„ 2.90
Elmoe pëpëlakan .....	—
Di Padesan I — II .....	à „ 0.53
Babad Pasoendan .....	(keur ditjitak)

**Boekoe-boekoe basa Walanda pikeun di sakola-sakola Hindia.**

**Boekoe<sup>2</sup> batjaan:**

de Man Sonius en v.d. L., Voor Jong Indië djilid I n/s IV à f 0.66; djilid V .....	f 0.82
de Man Sonius en v.d. L., Voor Jong Indië djilid IA n/s IVA à f 0.66; djilid VA .....	„ 0.82
de Man Sonius en Mendel, In en buiten zonneland djilid I n/s III .....	à „ 0.99
Van Heuven, Ons Indisch Leesboek .....	„ 2.09
Mevr. Reitsma, Sprookjes en vertellingen .....	„ 0.77
Schroo, De Lotgevallen van 'n Indisch Stuivertje .....	„ 2.—
„ In en om de Dessa I — II .....	à „ 0.60
Thierbach, Oemar en Min in de Desa .....	„ 0.55
v.d. Meer, Schetsen en tafereelen uit China's verleden ..	„ 0.66
de Man Sonius, v.d. Laak, Indië in en ver verleden ...	„ 0.66
Stapel en Tomkins, Verhalen uit de Indische Geschie- denis .....	„ 0.93
v.d. Zee, De stad van Coen .....	„ 0.99

**Boekoe pangadjaran.**

Carelse, Indië vroeger en nu .....	f 0.77
Eykman en Stapel, Beknopt leerboek Indische Geschie- denis .....	„ 1.10
Eykman en Stapel, Leerboek Indische Geschiedenis ...	„ 2.75

Beekman, De O. I. Archipel .....	„	1.26
Beekman, Insulinde .....	„	2.20
Bos en N., Groote Schoolatlas der geheele aarde .....	„	8.25
Bos en N., Kleine Schoolatlas der geheele aarde .....	„	4.12
v. Gelder en L., Schoolatlas v. Indië ingenaaid .....	„	4.12
v. Gelder en L., Schoolatlas v. Indië gebonden .....	„	5.22
(Babagianana Poelo Djawa dina ieu atlas noeroetkeun ro- bahan pamarentahan anjar sarta make lampiran sĕtat itoengan tjatjah-djiwa, nja kitoe deui tina hal kaajaanana hawa djeung pangasilan djst.).		
v. Gelder, Kleine Schoolatlas van Indië .....	„	0.99
v. Gelder, InvulAtlas van Indië .....	„	0.55
Ooms en Corbey, 1e Aardrijkskunde boek v. Ned. Indië .....	„	0.66
Visser, Draaibare Sterrenkaart v. Indië met Mal. handlei- ding .....	„	2.20
Koenen, Verkl. Zakwoordenboekje .....	„	0.72
Koenen, Verkl. Handwoordenboek .....	„	6.16
v.d. Laak cs., Djalan kebarat, I—IV .....	à	1.65
v.d. Bilt, Berekeningen uit de practijk I — II .....	à	1.92
„ Algemeene Handelskennis voor Indië .....	„	3.30
„ Formulierenboek voor Indië .....	„	3.85
„ Leerboek Boekhouden voor Indië .....	„	5.39
„ Werkschrift idĕm I .....	f 0.48; II	„ 0.96
Dusseldorp, Enkelvoudig Boekhouden I f 1.65, II .....	„	3.19
Den Hollander, Plantkunde voor Nederlandsch Indië ...	„	1.37
Delman, Dierkunde voor Nederlandsch Indië .....	„	3.19
van Welsem, Plantkunde voor de lag. school I f 0.66, II ..	„	0.88
Mevr. Kruithof, Ons zanguurtje I — III .....	à	0.55
Mevr. de Man, Twaalf Speelliedjes .....	„	0.99
Mevr. de Man, Twaalf nieuwe liedjes .....	„	0.99

Pĕsĕnan anoe teu disarĕngan koe postwissel .baris dikintoen-  
keun koe rembours, hartosna diwoewoehan koe ongkos f 0.50

Koempoelan di loear, nja eta noe diajakeun di tempat noe teu aja pangaling-alingna sarta teu disaoengan sapantésna.

Lamoen rek ngajakeun koempoelan noe kaséboet dina 1 djeung 4 koedoe njoehoenkeun idin ka kapala plaatselijk bestuur. Ari pikeun koempoelan noe kaséboet dina 4 mah nadjan diajakeunana dina wawangoenan oge saperti: di djero gédong bioskop, roemah makan, restaurant dieung sadjaba ti eta anoe biasana beunang didatangan koe sing diéléma atawa didatangan djalma leuwih ti sapoeloeh oerang, koedoe meunang idin heula bae. Oepama eta panoehoen teh ditolak, meunang ditéroeskeun ka kapala gewest. Tapi sabalikna kapala gewest wénang njaboet idinna anoe geus dipaparinkeun koe kapala plaatselijk bestuur. Noeroetkeun oenina artikél 10 anoe ngajakeun pakoempoelan noe kaséboet dina 1 djeung 4 teh lamoen teu kalawan idin beunang dihoekoem.

Ari pikeun ngajakeun koempoelan anoe kaséboet dina 2 djeung 3 mah teu koedoe meunang idin heula. Tapi lamoen eta koempoelan teh patali djeung oeroesan poelitik koedoe oendjoekan heula ka bestuur jen rek ngajakeun eta koempoelan. Pikeun Tanah Djawa djeung Madoera saélat-élatna pisapoéun deui, di tanah peuntas, pidoea poéun deui kana ajana koempoelan tea. Saha-saha anoe ngalanggar ieu atoeran (artikél 5a) noeroetkeun oenina artikél 10 bisa dihoekoem.

Pikeun ngajakeun koempoelan oemoem noe hénteu di loear sarta hénteu patali djeung poelitik, nja kitoe deui koempoelan „ditoetoep” lain ngan teu koedoe njoehoenkeun idin bae, tapi oendjoekan ka bestuur oge teu pérloe.

Anoe diséboet koempoelan „ditoetoep” teh nia eta koempoelan pikeun djalma ondangan bae, djadi djalma sedjen mah teu meunang datang ka dinja.

Noeroetkeun oenina atoeran dina artikél 6, *poelisi meunang datang* kana koempoelan oemoem, sanadian djalma noe datang ka dinja teh koedoe majar, tapi poelisi mah meunang datang ka dinja teu kalawan bajaran. Lamoen poelisi ditolak teu meunang asoep, noeroetkeun oenina artikél 216. Swb tan wande meunang hoekoem pandjara panglilana opat boelan doea minggu atawa dèngda panggédèna gènép ratoes roepia.

Ari kana koempoelan ditoetoep mah poelisi oge teu meunang

asoep, kadjaba lamoen rek nangkep djalma anoe keur ngalakoe-  
keun kadjahatan, atawa arek ngagaradah.

Dina koempoelan oemoem teu meunang aja djalma mawa pakara-  
rang, kadjaba bangsa militer ti pangkat sarsan ka loehoer djeung  
kapala Priboemi anoe noeroetkeun adat kabiasaanana make kewis,  
sarta pagawe poelisi anoe pang datangna ka dinja teh kadjoe-  
reng koe kapérloean pagaweanana.

Baroedak anoe oemoerna koerang ti 18 taoen teh lain ngan  
teu meunang asoep élid pakoempoelan poelitik bae (art. 2),  
tapi datang kana koempoelan poelitik oge teu meunang (art. 4).  
Koe lantaran eta noe ngajakeun atawa ngapalaan koempoelan  
atawa bestuur pakoempoelan teh koedoe ngadjaga pisan soepaja  
oelah aja kadjadian kitoe, sabab lamoen kadjadian kitoe, noeroet-  
keun oenina artikél 10 bisa dihoekoem.

Dina koempoelan poelitik, poelisi wénang ngaloeuarkeun djalma  
kalawan paksa, lamoen eta djalma henteu bisa nérangkeun ka-  
lawan sabénér-bénérna jen oemoerna geus tjekeop 18 taoen.  
Djaba ti eta poelisi kawasa ngaboebarkeun koempoelan poelitik,  
oepama tetela jen eta koempoelan njoba-njoba rek ngalanggar  
pasal 7 tea, atawa lamoen aja kariboetan atawa kalakoean noe  
di dinja ngalanggar atoeran dina Pirman Radia anoe kaséboet  
tadi di loehoer. Dina ieu atoeran (artikél 9) diséboetkeun „oeng-  
gal-oenggal koempoelan”, djadi teu dibedakeun koempoelan oe-  
moem atawa koempoelan „ditoeop”. Djadi poelisi lain bae me-  
unang datang ka sagala koempoelan oemoem tapi koedoe diidinan  
asoep kana koempoelan anoe kaséboet dina artikél 7a djeung  
ka koempoelan pikeun diadjar métakeun pakarang. sanadian ieu  
koempoelan teh ditoetoeup pikeun diéléma loba, nia eta pikeun  
mariksa naha dina koempoelan henteu aia djalma anoe teu atjan  
tjekeop oemoer atawa naha anoe datang henteu leuwih ti 10  
djalma. Lamoen énja kitoe kaajaanana eta koempoelan teh beu-  
nang diboebarkeun.

Dina kaajaan anoe biasa hak koempoelan teh kalawan bisloet  
Kangdjeng Toean Bésar sok diwatés-wangénan pikeun sawatara  
waktos lilana, kitoe oge lamoen katimbang pérloe pikeun ka-  
manan (art. 8a djeung 8b.).

Lamoen hak koempoelan geus diwatés-wangénan, oenggal-oeng-  
gal rek ngajakeun koempoelan oemoem sanadjan henteu di loear  
koedoe bae nioehoerkeun idin heula ka bestuur. Nja kitoe deui

lamoen rek ngajakeun koempoelan „ditoetoep” di tĕmpat noe biasa didatangan djalma rea, koedoe bae meunang idin heula.

Pikeun ngajakeun koempoelan noe sedjen-sedjen noe ditoetoep, nja eta koempoelan noe diajakeun di tĕmpat anoe teu biasa didatangan djalmana, teu koedoe njoehoenkeun idin. Ngan sakoe-rang-koerangna pilima poëun deui koedoe oendjoekan ka bestuur, jen aja maksoed rek ngajakeun koempoelan. Bestuur meunang ngalarang eta koempoelan, sarta lamoen geus prak meunang diboebarkeun koe poelisi, lamoen aja kadjadian anoe kaloeur tina watĕs.

Djeungna deui lamoen hak koempoelan geus diwatĕs-wangĕnan, poelisi meunang ascep kana sagala koempoelan ditoetoep, djalma<sup>2</sup> teu meunang aja noe mawa pakarang djeung teu meunang aja baroedak noe oemoerna koerang ti 18 taohen deui, nadjan dina koempoelan naon bae oge.

Dina artikĕl 2 Pirman Radja dilarang diadjar tina kasaktian mĕtakeun pakarang di tĕmpat anoe biasa didatangan djalma rea atawa lamoen eta koempoelan teh didatangan djalma leuwih ti 10 oerang, kadjaba lamoen geus meunang idin. Dina waktoe hak koempoelan diwatĕs-wangĕnan mah sanadjan eta koempoelan teh diajakeun dina tĕmpat noe teu biasa didatangan djalma loba oge djeung teu didatangan djalma leuwih ti 10 oerang, sakoerang-koerangna pilima poëun deui kana ajana koempoelan teh koedoe bae oendjoekan heula ka bestuur jen aja maksoed kitoe, djadi teu beda djeung koempoelan „ditoetoep” noe sedjen-sedjen. Djeungna deui Pamarentah kawasa ngalarang koempoelan noe saroeapa kitoe.

Lamoen koempoelan ngalanggar anggĕr-anggĕr anoe kasĕboet dina bisloeit Goepĕrnemen anoe njangka hak koempoelan tea, poelisi kawasa pikeun ngaboebarkeun eta koempoelan.

Dina koempoelan koedoe disadiakeun tĕmpat anoe pantĕs pikeun ambtenaar anoe djadi wakil Pamarentah. Nasehatna koedoe digoegoe; lamoen hĕnteu, eta ambtenaar kawasa pikeun ngaboebarkeun eta koempoelan. Djadi anoe djadi pamimpin eta koempoelan nja kitoe deui anoe biantara, koedoe njĕgah pisan soepaja dina omonganana oelah aja kĕtjap<sup>2</sup> anoe ngalanggar tjĕtjĕgah atawa kaamanan di djĕro eta koempoelan. Noe djadi pamimpin koedoe ngadjaga pisan soepaja oelah aja noe ngahina Panga-goeng atawa ambtenaar. Koe sabab eta koedoena pisan mah samemeh koempoelan dimimitian teh, noe djadi pamimpin koedoe

mere nasehat heula. Noe biantara, noe teu noeroet nasehat poelisi, meunang dilarang koe poelisi nĕroeskeun biantarana atawa dikaloearkeun tina eta koempoelan. Lamoen anoe sedjen-sedjen miŕoe tjampoer nĕpi ka kadjadian riboet atawa garĕloet, eta koempoelan koe poelisi meunang diboebarkeun.

Dina koempoelan „ditoetoe” anoe biantara omonganana teu meunang noedjoel ka noe di loear, sabab lamoen kitoe eta koempoelan teh saroea bae djeung koempoelan di loear, anoe ngan meunang diajakeun sanggeus meunang idin.

Poelisi aja hak pikeun ngagaradah samemeh asoep kana tĕmpat koempoelan pikeun netelakeun marawa pakarang-hĕnteuna:

Noeroetkeun oenina artikĕl 5a dina eta Pirman Radja, lamoen rek diajakeun koempoelan cemoem tina pĕrkara poelitik koedoe oendjoekan heula ka bestuur. Dina soeratna koedoe ditĕrangkeun di mana tĕmpatna eta koempoelan teh djeung poekoel sabaraha ngamimitianana. Lamoen anoe djadi paimimpin hĕnteu datang dina waktoena djeung poelisi ngira jen bakal aja koempoelan, poelisi boga hak mere nasehat; lamoen nasehatna tea teu digoe-oe, poelisi meunang ngaboebarkeun djalma anoe geus karoempoel.

Djadi noeroetkeun oenina atoeran dina Stbl. 1919 No. 27 teu aja halanganana rahajat nembongkeun pikiranana, kritikna djeung angĕn-angĕnna, asal kalawan djalan noe hade sarta pantĕs bae.

---

## e. PADJĒG PANGASILAN

Dĕmi atoeranana ngitoeng padjĕg pangasilan, noeroetkeun artikĕl 18 kieu:

Lamoen djoemblahna pangasilan bĕrĕsih dina satahoen koerang tina f 120.—, eta hĕnteu dikeunaan padjĕg.

Oepama pangasilan bĕrĕsihna djĕdjĕg f 120.— atawa leuwih, diitoengna kieu:

f 120.— nĕpi ka sahadapeun f 1800, f 1.20 diwoewoehan 20 sen oenggal f 10.— tjamplĕng, saloehoereun f 120.—

f 1800 nĕpi ka sahandapeun f 3600, f 34.80 diwoewoehan f 3.— oenggal f 100.— tjamplĕng, saloehoereun f 1800.—

f 3600 nēpi ka sahandapeun f 5400, f 88.80 diwoewoehan  
 f 4.— oenggal f 100.— tjamplēng, saloehoereun f 3600.—  
 f 5400 nēpi ka sahandapeun f 8400, f 160.80 diwoewoehan  
 f 5.— oenggal f 100.— tjamplēng, saloehoereun f 5400.—  
 f 8400 nēpi ka sahandapeun f 12 000, f 310.80 diwoewoehan  
 f 6.— oenggal f 100.— tjamplēng, saloehoereun f 8400.—  
 f 12 000 nēpi ka sahadapeun f 18 000, f 526.80 diwoewoehan  
 f 7.— oenggal f 100.— tjamplēng, saloehoereun f 12 000.—  
 f 18 000 nēpi ka sahandapeun f 24 000, f 946.80 diwoewoehan  
 f 8.— oenggal f 100.— tjamplēng, saloehoereun f 18 000.—  
 f 24 000 nēpi ka sahandapeun f 30 000, f 1426.80 diwoewoehan  
 f 9.— oenggal f 100.— tjamplēng, saloehoereun f 24 000.—  
 f 30 000 nēpi ka sahandapeun f 36 000, f 1966.80 diwoewoehan  
 f 10 oenggal f 100.— tjamplēng, saloehoereun f 30 000.—  
 f 36 000 nēpi ka sahadapeun f 42 000, f 2566.80 diwoewoehan  
 f 11 oenggal f 100.— tjamplēng, saloehoereun f 36 000.—  
 f 42 000 nēpi ka sahandapeun f 48 000, f 3226.80 diwoewoehan  
 f 12 oenggal f 100.— tjamplēng, saloehoereun f 42 000.—  
 f 48 000 nēpi ka sahandapeun f 54 000, f 3946.80 diwoewoehan  
 f 13 oenggal f 100.— tjamplēng, saloehoereun f 48 000.—  
 f 54 000 nēpi ka sahadapeun f 60 000, f 4726.80 diwoewoehan  
 f 14 oenggal f 100.— tjamplēng, saloehoereun f 54 000.—  
 f 60 000 nēpi ka sahandapeun f 70 000, f 5566.80 diwoewoehan  
 f 15 oenggal f 100.— tjamplēng, saloehoereun f 60 000.—  
 f 70 000 nēpi ka sahandapeun f 80 000, f 7066.80 diwoewoehan  
 f 16 oenggal f 100.— tjamplēng, saloehoereun f 70 000.—  
 f 80 000 nēpi ka sahandapeun f 90 000, f 8666.80 diwoewoehan  
 f 17 oenggal f 100.— tjamplēng, saloehoereun f 80 000.—  
 f 90 000 nēpi ka sahandapeun f 100 000, f 10366.80 diwoe-  
 woehan f 18 oenggal f 100.— tjamplēng saloehoereun f 90 000.—  
 f 100 000 nēpi ka sahandapeun f 110 000, f 12166.80 diwoewoe-  
 han f 19 oenggal f 100.— tjamplēng, saloehoereun f 100 000.—  
 f 110.000 nēpi ka sahandapeun f 120 000, f 14066.80 diwoewoe-  
 han f 20 oenggal f 100.— tjamplēng, saloehoereun f 110 000.—  
 f 120 000 nēpi ka sahadapeun f 135 000, f 16066.80 diwoewoe-  
 han f 21 oenggal f 100.— tjamplēng, saloehoereun f 120 000.—  
 f 135 000 nēpi ka sahadapeun f 150 000, f 19216.80 diwoawoe-  
 han f 22 oenggal f 100.— tjamplēng, saloehoereun f 135 000.—  
 f 150 000 nēpi ka sahadapeun f 165 000, f 22516.80 diwoewoe-  
 han f 23 oenggal f 100.— tjamplēng, saloehoereun f 150 000.—

f 165 000 něpi ka sahadapeun f 180.000, f 25966.80 diwoewoe-  
han f 24 oenggal f 100.— tjamplěng, saloehoereun f 165 000.—

f 180 000 djeung leuwih ti sakitoe ..... f 29566.80 diwoewoe-  
han f 25 oenggal f 100.— tjamplěng, saloehoereun f 180 000.—

Eta padjěg dikoerangan 3% oenggal koelawědět atawa bara-  
ja-tikah anoe pantjěr anoe sagalana djadi tanggoengan noe keuna  
padjěg tea. Djoemblah eta panjangkolong pangsaeutikna f 0.10,  
ari panggědena 50% djeung nintjakna oenggal koelawědět atawa  
baraja-tikah teu meunang leuwih ti f 30.—

---

## KAJAKINAN NOE OETAMA \*)

### Maskoemambang

*Tětėkoning moenggoeh noe hiroep di lahir,  
papatjoean pisan,  
djail, děngki, nganjěnjėri,  
ka sasama mahloek Toehan.*

*Boh koe lampah boh koe omongan ge sami,  
sarěng sawangsoelna,  
moenggoeh sarat noe oetami,  
lědah moerah boeka tangan.*

*Kitoe deui rěšěp noeloeng noe prihatin,  
mideudeuh noe soesah,  
eta teh dharmasadjati,  
saratna kamanocsaan.*


---

\*) Beunang mětik tina Dewi Sawitri S. No. 819. Pangaosna  
f 0.25.




# Himalaya Paling Haroem

Minjak  
Ramboet



Gemoek  
ramboet




Minjak  
wangi



Ini  
merk  
sadja jang Toelen!

Subren  
baik



Medan  
Langsa  
Koeta Radja  
Sibolga  
Tandj. Balai  
Bagan si api?

N.V. Handel N.  
Deli-Atjeh, Batavia.

H.P.




P. t. J. Adiwinata, jang mendirikan  
„Himpocnan Soedara” di Bandoeng.



P. t. Masdoeki bin H. M. Achsan,  
pemoeka „Himpoean Soedara”.

# MODEL ENGGAL

## LANTERA MINJAK TANAH NGANGGO KOMPA



Hoeroengna tjekas  
bĕrĕsih, tjaang ma-  
bra lir ti beurang

..

Model alit, No. 201  
sapĕrtos gambar f 16.—

Model agĕng No. 202  
— f 19.— —

..

Prijscourant anoe  
lĕngkĕp noe ke-  
nging mapaesan  
koe gambar, oe-  
pami dipoendoet,  
baris dikintoen-  
keun pĕrtjoemah

LANTERA MINJAK TANAH  
NGANGGO KOMPA No. 201  
PANGAOS. . . . . f 16.—

— TOKO LAMPOE —  
FIRMA JOSEPH-RUTE, SOERABAJA

## MANGLE

### AMĚNGAN KA GOENOENG TALAGABODAS.

karangan

ĚMOD WIRA ATMADJA, GAROET.

#### Dangdanggoela.

1. Soemiliwir angin ngadalingding, mĕrtawiskeun halodo waktosna, tĕras ka wetan ngareret, tjahaja soerja ngĕmpoer, kawas ĕmas anjar sinangling, matak ngahoedang mamah, soemirat soemawoer, sĕmoe beureum ririakan djiga pisan koewoeng-koewoeng arek bidjil, tjiri pohatji siram.

2. Di lĕmboer mah masih rame nitir, bĕdoeg kaoem masih ngadoerdoeran, ngabedjaan mahloek kabeh, djeung sora ngadingdioet, manahoreng di kaoem nagri, bilal eukeur tarhiman, sorana halimpoe, sarta lagoena teh sikah, matak kĕlar ngahoe-dang soekingkin pikir, waas rasa naiangsa.

3. Manoek-manoek sami soeka ati, disarada retjet sĕmoe boengah, ngabageakeun srangenge, noe nĕmbe pisan moentjoel, tajoh moedji noehoen ka Goesti, Allah anoe kawasa, diparinan tĕpoeng, tĕpang deui sarĕng beurang, sarta lenglang tjaang taja aling-aling, wantoe sae dintĕnna

4. Tjai iboen herang tingkarĕtip, mararoentang dina djoedjoe-koetan, djoekoet ngemploh hedjo lembok, kasamoer ti beh kidoel, rame sora hajam kikiplik, kongkrongok patembalan, aja poetri dioek, lingkoeng lĕmboer sabangsana, matak kĕlar pikir anoe rek arindit, oelin ka pagoenengan.

5. Poekoel gĕnĕp kirang toedjoeh mĕnit, koering sarĕng batoer doea bĕlas, mios ngantoenkeun rorompok, di pajoen geus ngabagoeg, doea mobil Hudson toedjoeh zit, tjoet-tjat sadaja toempak, seot mobil njĕmpoeng, ngaboedjĕng ka Wanaradja, poekoel gĕnĕp langkoeng sawatara mĕnit, mobil parantos dongkap.

6. Teras liren pajoeneun masigit, koering saréng batoer sadajana, nja teras taroeroen dae, mobil mah kebar wangsoel, reh ujalanna nandjak toer alit, atoeh koering ngadadak, njiar eukeur batoer, poeran mawa bebékélan, reh maksad ge hajang néda ni-mat njar, ngahegar-hegar manah.

7. Kalérésan pibatoereun kenging, doea djalma toer darédég pisan, malahan geus terang oge, margi séring ka goenoeng, ngiring-ngiring anoe rek „picnic”, ka Goenoeng Tlagabodaas, koering sareng batoer, awit nilar Wanaradja, madjoe ngetan toeroet-toeroet djalan alit, sapoengkoereun sakola.

8. Hènteu pètot mëndakan karésmi, sadjadjalan waas titingalan, djalan rondaan molongpong, tiis lindoek toer ioeh, kanan ken kai ngabaris, soeren ngioenan djalan, galède djarangkoeng, ngabaris ujadjaranana, kenging ngatoer toer anoe ngatoerna rajin, rajinna noe marentah.

9. Hènteu lami parantos narépi, ka tonggoheun desa Sindangradja, neah kampoeng Tegalgeue, rég liren sareng batoer, ret ningalan ka tèben pasir, kelar patjampoer boengah, ningal goenoeng-goenoeng, matak tèbih panneungeun, pasir-lamping katingal locis boelistir, taja aling-alingna.

10. Matak waas patjampoer djeung sèdih, pasir-lamping djiga narembongan, oemambon hajang ditaros, roepina sémoe mèsoem, reh katoetoe koe mega poetih, horeng halimoen tea, ti boemi mëlédog, djiga anoe ngadoeroekan, kantoen liwoeng baloewéng laléwang pikir, mikiran lalampahan.

11. Kakaiian arosik koe angin, braj halimoen méntjar paboe-risat, kasilir angin ti koelon, poetjoek kaso ngaratjoeng, ting-aroelang katèbak angin, djiga noe ngagoepajan, cibarèngan imoet, mileuieujankeun noe angkat, angkat njatjat, njatjat mpir-mpir pasir, di tégal saliaara.

12. Kai goenoeng anoe katingali, djati, hēras, djeungdjing, rasamala, samntèn sareng kanjere, sarta djaba ti kitoe, roep-roepi namina kai, anoe koering teu terang, djarangkoeng laloe-hoer, dahanna pating rangkadak, djaranggotan ngaroembaj antèl ka boemi, geus poegoh kiara mah.

13. Di loehoerna pinoeh koe soerili, loetoeng monjet pating garoentajang, laloentjat paboro-boro, kasawoer sora manoeuk, toeloengtoempoek sorana tarik, kadantja manoeuk oentjal, djeung sora sitgoenggoeng, woewoeh nambihan kagagas, eukeur tjombrek tiis kasilir koe angin, ret ningal ka beh lëbak.

14. Lapat-lapat tēbih katingali, boetbat pagēr hoema pakēboman, kēbon hoei kebon bako, katjang djagong djeung soeok, bawang beureum hoei koemēli, bawang sop sarta lobak, ēngkol tingparentoei, rajap djaina noe keur ngala, ngali hoei bangoen noe saroe ka ati, reh oentoeng beubeungan.

15. Panon mēntjrong hemēng djēro ati, ningal sakoer ka-beungharan alam, ret ningal ka tēbeh koelon, ja Allah Goesti ampoen, raraosan asa keur ngumpi, waas ningaian sawah, pare keur tjēlētōe, sapalih keur barareukah, boetbat djalan djarēgdjēg tangkal kibeusi, djoeur sapanjang djalan.

16. Komo tēbeh kaler katingali, djalan bēsar ngēmbat djeg 'na gambar, horeng lērēsan Tjitameng, toeh itoe tēbeh ditoe, djalan sēpoer ngēndat katawis, itoe goenoeng Haroeman, kalereun Tjibatōe, bangoen deudeuh mikaheman, sasak beusi lēbah Nagreg katingali, Leles katingal njatjas.

17. Beh kidoelna tērang katingali, djiga koelit moending keur diwidang, moeng ieu mah langkoeng gēde, horeng eta teh sitoe, sitoe Garoet nēlah Bagēndit, diilingkoeng pasawahan, soekoe Goenoeng Goentoer, katingal hideung batoena, oeroet goentoer ngoeroegan dajeh bihari, Timbangantēn noe moesna.

18. Ngidoel deui katingal ngadingding, manahoreng Goenoeng Papandajan, tēmpat kawahna katembong, haseupna moemboel ngapoeng, ngabēlēgbēg nandjeur ka langit, djiga pandaj keur neupa, beh lēbak Malajoe, lēbah Hotel Panorama, njatjas bodas gēdongna etjes katawis, toeh itoe katja-katja.

19. Hēnteu tēbih beh katingal deui, aja goenoeng katēlah Tjikoeraj, neros ka loehoerna montjlot, tjitjiren dajeh Garoet, pangiroetan ka noe teu soembing, tēbeh lamping katingal, kontrak kina mashoer, anoe katēlah Waspada, tilas kēbon Toean Holle noe soewargi, pērsasat noe mabakan.

20. Kantoen hate bingoenng ningal pasir, loba goenoeng leutik sarta handap, tēngah sawah tingärēntjlo, horeng lērēsān Moendioel, madioe ngaler beh Gandasari, gandana anoe ilang, 'moeng sari noe kantoen, tembong daoen kalapana, tingäroelang oesik katēbak koe angin, dajēuh nagri Limbangan.

21. Ngan noe tembong ti goenoeng katawis, kakaian di djēro nagara, tingroenggoenoek tingraroniok, moetoeh matak kajoengjoen, njoeat hate anoe prihatin, tjatiak kirang-kirang mah, nahan hate wojoeng, komo ras ka noe ditilar, anak rabi noe kantoen di Garoet nagri, tangtos kamēmēlangan.

### Sinom

1. Koering moenggah ngadjongdjongan, batoer 'ge nja kitoe deui, ngahoelēng hēnteu njarita, nangkeup tooer sisi dēmpling, barina mikir-mikir, titingalan noe araloes, beh lēbak lapat-lapat, doea djalma katingali, sanggeus deukeut rongheap noe nanggoeng minjak.

2. Ditania toeloelj nembalan, ngakoe lēmboer ti Tjiawi, ajeuna maksad rek moelang, reh dagang ēnggeus lastari, minjak taja noe kari, tjohagna sadaja lakoe, atoe koering teh boengah, batoer 'ge nja kitoe deui, rehing tambah pibatoereun doea djalma.

3. Ti dinja bral deui mangkat, batoer taja anoe kari, boengah di sapandiang djalan, ngadongeng tēmbang djeung ngawih, sapa-lih soeka seuri, aja noe dioged noe djibroet, aja noe dadangsan, niron-niron leumpang Tjaplin, toekang minjak seuri moenggah pipingkēlan.

4. Estoe teu aja kaera, alah batan boedak leutik, teu ingēt koe kakolotan, moeng eta teh hidji tawis, tawis jen bingah ati, reh ngalamoen ti kapoengkoer, hoiong oelin ngadjadjah, ka tēmpat anoe rarēsmi, nja ajeuna roepina rek tinēkanan.

5. Djalan nandjak teu karasa, katoengkoel koe soeka seuri, wararaas titingalan, hēnteu kantos, lami deui, koering parantos doegi, ka kampoeng Panandak goenoeng, horeng lēmboer Panandak, lain lēmboer leutik-leutik, lēmboer njingkoer imah-imahna ratoesan.



6. Majakpak satoengtoeng tingal, ngan imahna lain deui, modelna bentën dieung oerang soehoenanana teh tjëntik. rek djiga tandoek moending, *gagadjahan* model boehoen, ari hateupna kiraj. atawa indjoeuk djeung eurih, sieup pantès djiga imah model Padang.

7. Ngan aia anoe anehna, tjatoer djalmi noe wawarti, 'moeng doeka lërës-hënteuna, di Papandak mah teu kenging, lamoen lain poelisi. ditjalana, ikët, hadjoe. anoe hideung roepina, sarëng noe saroepe deui, lëbët kana larangan noe bangët pisan.

8. Panganggo redjeng batikna, ageung-alit oge sami. oepami aja noe maksa, diikët atawa samping, karembong kitoe deui, tjalana oge kakoeroeng, tjënah ëngke neutingna, dongkap maoeng geus pinasti, doepi pangna hal eta dilarang këras.

9. Tjatoer galoring tjarita, keur waktos djaman bihari, keur dioemëñëng Kiansantang. di dinja aja noe moekim, ngaranna kirang sidik, moeng Embah Diaksa noe niëhoet. malah aia makamna, ti Papandak hënteu tëbih, osok radjeun diparoendjoeng pada moedja.

10. Roeni redjeng hideung tea. anggoanana pribadi. kadoea sarëng garwana. saocnami aia dialmi, noe maksa niobi-niobi, manahna Embah teh hëndoe, asa disaroeaan, koe djalma anoe laleutik, anoe hënteu samartabat djeung andjeunna.

11. Malah panganggona tea, roepi hideung rereng alit, pëdang toembak djeung wangkingan, sarëng sanes roeni deui. ajetna oge masih, aia di pakoentien matoeh. diome dieung diriksa, dina samoeloed sakali, sok diboeka dipoë dibërësihan.

12. Namoeng kalintang handjakal, wireh waktosna saeutik, sok inggis kaboedjeng panas. woewoeh maksad masih tëbih, hënteu tiasa iakin. ngaboektikeun tjatoer batoer, nëpangan ka koentienna, ningal koe panon pribadi, roepi barang anggoan djalma baheula.

13. Ladjoe lampah madioe ngetan, ngaleut diiring pangiring, riab baroedak laloempat, aja noe sieun noe wani, noe sieun ting

# HET IS EEN ODEON




„ODEON” nja eta mesin ngomong nce ditanggél  
tina kasaeanaana foer pangsosna mirah.

Importeurs: B. & F. STEINHARDT

BATAWI  
MAKASAR

— SOERABAJA —  
— PALEMBANG —

— SAMARANG  
— MEDAN



OPNAME LAGOE KORONTJONG KANGGO PIRING "ODEON"

Importeurs: **B. & F. STEINHARDT**

Batawi — Soerabaja — Samarang — Makassar — Palembang — Medan

biribit, loempat ka tĕmpat noe singkoer, sieun loba djĕlĕma, di-sĕtĕlan make poetis, disangkana werĕk toekang maok boedak.

14. Sapalih mah ngadeukeutan, radjĕg dina sisi dĕmpling, djoeldjol ti tĕmpat noe anggang, ngahadja mĕlong ka koering, mĕlong pating poeringis, loba boedak salanggoetoer, teu badjoe teu tjalana, ngan make doedoekoej leutik, tapi gagah njaroren bĕdog malagrang.

15. Horeng eta bararoedak, bakoe toekang ngangon moending, ma'loem mĕnggah di kampoeng mah, nadjan oemoerna tjan mandjing, radjeun dipĕrih-pati, kadjoeroeng koe pangaboetoe, nalang-nalang kolotna, sĕlang-sĕlang ngangon moending, ngala soeloeh eukeur djoealeun ka pasar.

16. Batoer koering noe bangor mah, ningal boedak dina dĕmpling, toeloj pada ngaheureujan, koe pĕntja rĕnjoh djeung djĕbi, atoe pating biribit, boerbĕr noe ngaler noe ngidoel, sieun maroekan ĕnja, tjoelik noe sok meuntjit djalmi, sanggeus birat gĕr kabeh saleuseurian.

17. Moeng kitoe sapandjang djalan, teu kĕndat boengah djeung seuri, geus nĕpi ka anoe nĕgrak, tĕbeh lĕbak katingali, imah bangsa noe tadi, katingalna djiga njoesoer, tĕpoeng soehoenana, horeng lĕmboer gĕde leuwih, noe katĕlah nja lĕmboer Tjitjapar tea.

18. Djarĕgdjĕg tangkal kalapa, kĕbon kawoeng tĕgal eurih, pasĕlang djeung kĕbon danas, sĕsĕla dapoeran awi, daoenna tingkiliwir, katĕbak angin ti kidoel, njĕlĕpsĕp karaosna, tiis njĕrĕp ka djasmani, karĕsmian ngoempoel sarĕng lĕlĕmboetan.

19. Boeboelak lĕga majakpak, pinoeh koe djoekoet laleutik, djoekoet rapĕt djeung dongdoman, pasĕlang djeung sadagori, handapeun nagasari, hoenjoer leutik tingdjaroemploek, pinoeh koe mĕmĕniran pasĕlang antanan leutik, djoekoet-rioet ngajang kana salia.

20. Waas mah ngadenge boedak, noe eukeur ngarargon moending, tamba keueung toeloj tĕmbang. harina taroempak moending,

toer angin ngadalingding, njeuleuweung lagoena Poetjoeng, sa-  
wareh baroedak mah, nararaek kana kai, ngawih bari ngala djamb-  
boe noe arasak.

21. Dongkap ka lëbah moemoenggang, katëlahna Pasirëndjing,  
waas titingalan ploengplang, tjaang taja aling-aling, ret ka toe-  
kang ngalingling, waas djalan mpirir goenoeng, sakoer noe geus  
kasorang, angin leutik ngadalingding, neumbag kana dapoeran  
awi tamiang.

22. Loba lëmboer noe kasorang, geus mimiti mpirir lamping,  
nJORANG tégal saliaara, boeboelak mandjah djeung eurih, leumpang  
pairing-iring, ngaleut ngeungkeuj rek ka goenoeng, ripoeh loba  
dongdoman, nararapël kana poetis, djaba tangkal harendong  
ngahalang djalan.

23. Leumpang hënteu pati djigrah, ngaraöskeun ripoeh leuwih,  
sabab djalan beuki nandjak, tambah hawatos ka istri, reh aja  
noe sarimbit, hojong tërängeun di goenoeng, sarëng hidji wargi-  
na, istri masih keneh moerid, di H. I. S. sakolana tatjan tamat.

24. Kawoewoeh disingsieunan, koe doea dialma pangiring, tjë-  
nah komo di pajoen mah, aja anoe nandjak leuwih, tandjakan  
noe ngadalingding, ngaran si Baeund kamashoer. nadjan noe geus  
biasa, leumpang toeroet-toeroet pasir, di dinja mah tinangtos  
bakal ngahegak.

25. Toeroeg-toeroeg dihaminan, koe doea oerang Tjiawi, toe-  
kang dagang minjak tea, tapina moenggoehing koering, sanadjan  
pikir risi, tapi keukeuh ngadjak batoer, lantaran sangët maksad,  
oelah kawaranan teuing, sarta oelah djaoeh-djaoeh pandjang-ga-  
gang.

### Asmarandana

1. Seueur batoer noe moeringis, sabab tjape djeung hoream,  
malah aja noe boboleh, keukeuh ngadjak deui moelang, tina hën-  
teu oentoepean, inggis têngah djalan nambroe, njoesahkeun ka sa-  
rarea.

2. Kapaksa koering pok deui, ngahatean babatoeran, anoe sami edesmeer, diboehoengah dilalédjar, soepaja manah djanglar, sangkan daraekeun ladjoe, naréroeskeun lalampahan.

3. Kapaksa téras arindit, dialan sisi pileuweungan, tégal eurih roeioek kaso, pasélang diarong dieung mandjat. di téngahna boeboelak, tingroenggoenoek tangkal pakoe, matak karareueung pisan.

4. Woewoeh séueur noe kakoeping, sora manoeek disarada, gandenoe koe tonggeret banen, reag dina fatangkalan, ditembal koe kadantja, tikoekoer pating arénggoek, tjangehgar baléger pisan.

5. Raos pikir maras-miris, sieun itoe sieun eta, hate hēnteu wēleh fēder, inggis hisi koema' onam, reh noeroet tiarita mah, mandiah téh karēsēp maeng, énggon sato noe garalak.

6. Madioe deui randég deui, teu pētot eureun-eureunan, bakoe-na bawaning tiape, leumpang moenggrah roemanggasai, hari sili poentangan, lamoen nandjak sili soeroeng, moen noedoen paké-njang-kéjjang.

7. Asa abong-abong teuing, ngoengsi témnat kawaasan, dibelaan naeh noso, soekoe mah moenggrah paranas, awak asa pasiksak, hadioe mah moenggrah tjaliproek, koe kesang saloeur awak.

8. Ras emoet djaman bihari, lampah Sri Batara Rama, anekat toeroet leuweung ganggong, saréng rai 'Den Lasmana, milari Dewi Sinta, noe dipaling boeta dioe, Rahwana Radia Aléngka.

9. Hēnteu kantos lami deui, daronokan ka Pangentjongan, rég handaneun kai ngaso, di lēbak aia pantioeran, tiaina herang pisan, sapalih batoer maroeroe, saribeungeut ngoembah sirah.

10. Di hilirna koelah alit, dinéjakan laeok émas, lanek tawes dieug goerame, saladah marontok pisan, ngémhat naéer sajoeran, wortél bit éngkol paréntoel, kēmir terong hawang katjang.

11. Beh tonggohna hoemi alit, aloes beres mapantēsna, pa-paesna korsi hoë, njanghareupan boeboendēran, pinoeh koe kēmbang kērtas, atanapi oranjēbloem, keur sēdēng seueur kēmbangna.

12. Kembang tongkeng dieung malati, sĕdĕp malĕm ros er-mawar, pasĕlang dieunĕ kĕmbang goelo, katiapiring kĕmbang gojang, di tĕngahna dalia, sisi balong kĕmbang bakoeng, kanna tjangpaka bodas.

13. Beh lĕbakna aja pisir, katingal tina pantjoeran, ngemploh dikĕbonan ĕnteh, rajap anoe marĕtikan. barina tatandakan, sapaĕh njoenjoehoen poetjoe, diwadahan koe tjarangka.

14. Bati kĕlar djĕro pikir, ningal kĕhon kĕkĕmbangan, toer di tĕngah leuweung ganggong, komo batoer noe istri mah, kagetna teh pohara, gawena teh ngan toetoendjoe, kabitaeun hajang kĕmbang.

15. Toeloej koering nanja aris, ka batoer anoe doeaan, saha noe kagoengan kĕbon, sarta eta boemi tea, sarawoeh patamanan, lantaran teuing koe loetjoe, bareres atoeranana.

16. Walonanana ka koering, nĕrangkeun ngaran noe boga, imah kĕbon sarĕng balong, tĕnah hidji bangsa menak, anoe moekti wibawa, moeng karĕsĕpna di goenoeng, boeka tanah boeboera.

17. Keur kitoe koeroenjoeng istri, ti boemi bari goegoepaj, aloes rĕngkoeh hade lĕntong, njoemanggakeun ka sadaia, mangga lalĕnggah heula, bilih hojong koeloeb soeok, barina ngeureunan palaj.

18. Koering rada maras-miris, aeh-aeĕ palangsiang, hate bati mandĕg majong, inggis bisi koema' onam, margi teu atjan kĕnal, tjohogna inggis ditipoe, atawa dikaniaja.

19. Moeng bae itoe pok deui, soemangga linggih soemangga, atoeĕ koering eleĕ deet, kitoe-kieu koema' behna, koemaha tĕk ahirna, enggalna koering boes aboes, loemĕbĕt ka wawangoenan.

20. Batoer taja anoe kari, anoe istri mah ka imah, koe pĕri-boemi dikaleng, lalaki ngoempoel di tĕpas, dina korsi ngadjadjar, moeng bae margi teu tjoekoen. hidji korsi koe doeaan.

21. Teu lami soesoegoeh bidjil, koeloeb saeok koeloeb katjang, tjaoe anbon moenggan obroj, sarèng sadjabi ti eta, roepaning katoeangan, sakoer kamodelan goenoeng, ditambah roedjak mar-koesa.

22. Eukeur hanaang ti tadi, parèng aja noe njoegoehan, atoeh nja raos nja ponja, soesoegoeh ngan oekoer datang, kana loehoe-reun medja, sabot priboemi ka poengkoer, idangan kantoen pi-tingna.

23. Semah beuki wararani, doemoegi ka norek pisan, njoehoen-keun deui tjiènteh, wangsoelan priboemi mangga, da ènteh mah mo' kirang, bari sor deui soesoegoeh, ditambah saaja-aja.

24. Mindo pilahir priboemi, kalintang pisan handjakal, reh poen iantjeuk mah di kebon, henteu tiasa majoenan, moeng sangèt nja pancda, èngke samoeilih ti ditoe, linggih deui sakèdap mah.

25. Sarèng aja pamèrdih, wireh di dieu mah langka, ngoe-pingkeun anoe mamaos, kawantos di pagoenoengan, sèpi noe tinghaieuang, djabi ti harèngoeng maoeng, moen siang tjoemèlik heulang.

26. Koering ngareret ka gigir, ngitjeupan batoer saorang, koe itoe ènggeus kahartos, tères dehem bari tanggah, mikiran goegoeritan, Dangdanggoeia Kentar Adjoen, noe kieu pokpokana-na.

„Hatoer noehoen reboe laksa kèti, mènggah kana pangasih salira, ka diri abdi sakabeh, anoe noedjoe kasaroeng, mapaj leuweung lèbak loengkawing, njaksrak ngaiangkoeng djoengkrang, maksad rek ka goenoeng, kawoewoeh djeung kalempohan, margi tjape oeroet tibeubeut-tibanting, koe nandjak-moedoen tea.

Saoepami teu aja pangasih, nja salira anoe mikawèlas, njambat toer disae-sae, ngahormat sarèng njoegoeh, tjèkap pisan malah oetami, abdi teh tangtos pisan, sarèng batoer-batoer, ngadjoprak dina boeboelak, biheung teuing mo' tiasa wangsoel deui, ningal sare'atna mah.

Margi kitoe moegi Maha Soetji, malès kana pangasih salira, anoe parantos karaos, sarèng sapa'at Rasoei, noe sinèlir pamoengkas Nabi, moega sapapaosna, moeloes toer rahajoe, ginandjar ka-



wiloedjéngan, djaoeh bahla sinaréng parék rédjéki, tinékan sapa-maksad.

Saréng sangét panoehoen sim koering, bilih hēnteu 'jasa deui tépang, woewoeh kalintang roemaos, tjologog toer tjoelangoeng, kirang adab tatakarami, tjatjak neinbean tepang, moegi tjoekoep loemoer, moeng ngambangkeun ka salira, ngahapoentén ti dohir toemékeng batin, seep rerègéd doenja.

Djabi eta rek oendjoek tingali, wireh maksad tébih keneh pisan, ajeuna néda pèrmios, bade neraskeun lakoe, néda djiad moegi lastari, wiloedjéng sapaosna, doemoegi ka wangsoel, oelah aja pantja baja, sareng moegi dienggaikéun tépang deui, sinaréng wiloedjéngna."

27. Toetoept témbang téras pamit, rek neraskeun pamaksadan, inggis *sédék* panas poé, saréng tébih keneh pisan, bilih seep waktosna, waktos keur ngaso keur wangsoel, inggis bilih kapoékan.

28. Priboemi ngawalon aris, njoemanggakeun ka sadaja, nganggo boedi-basa sae: „Mangga atoech rek djéngkar mah, moeng oelah kirang-kirang, reh ngahormat teh moeng oekoer, tébih tina oetami mah."

29. Tidinja sadaja indit, ngantoen taman Pangentjongan, anoe narik kana hate, leumpang kalintang repotna, soekoe bareurat heuras, reh kesang kaboedjéng toeoes, koering ampir kalempohan.

### Kinanti

1. Kinanti panjamboeng poepoeh, ti dinja bras kana pasir, mapaj djalan noe satapak, lidig djiga tapak moending, leumpang ngaleut roemanggasaj, moentang kana dahan kai.

2. Sili toengtoen sili soeroeng, kawatanoe djalan loengkawing, garoerawes matak lēwang, ti gigir pasir ngadingding, pinoeh koe tangkal hanggasa, hondje tépoes reudjeung pining.

3. Rame noe paboeroe-boeroé, ngaralaan boeah pining, parasi reudjeung hanggasa, pesak badjoe moenggah rémpih, didalahar bari leumpang, moetoech djiga boedak leutik.

4. Barang ningal kana waktoe, horeng teh geus lohor ahir, leumpang toeloej digantjangan, inggis henteu bisa nēpi, tapi gangtjang teh ngan maksad, woengkoel patekadan ati.

5. Da leumpang mah anggēr laoen, malah leuwih batan tadi, sabab eukeur mah geus pajah, katambah nandjakna leuwih, leuwih batan noe ka toekang, taja noe rata saeutik.

6. Lami-lami sami tjoendoek, ka tandjakan noe nangtawing, sanggēm pananggoeng noe doea, tah bilih henteu tingali, ieu teh si Baeud tea, mangga ajeuna mimiti.

7. Paingan teuing kamashoer, ngaran si Baeud teh boekti, tandjakan noe nētēk pisan, mani nandjeur kawas bilik, kitoe ge leuheung meueusan, saoeпами henteu tēbih.

8. Ieu mah koemaha atoeh, eukeur nētēk teh djeung tēbih, istoe moenasabah pisan, tina nami kana boekti, sabab sadjéroning leumpang, teu aja anoe kakoeping.


9. Djabi sora tingrarahoeh, taja noe ngomong saeutik, bolampar gogonljakan, ngobrol banjoi soeka-seuri, ngan bararaeud mah ēnja, sabab tjape liwat saking.

10. Woewoeh beuteung tingkoeroeboek, rajohna mementa eusi, karasa peurih toer lapar, horeng lain bae koering, batoer ge nja kitoe pisan, malah ampir rek salatri.

11. Pisanggēm djalma pananggoeng, ke koelan sakēdap deui, oelah toeng di noe nandjak, moal lami oge soemping, ka Patrol dina tētēlar, tēmpatna raos toer tiis.

12. Jaktos pisan henteu wadoel, pisanggēm pananggoeng boekti, dikintēn saparapat djam, tēras sadajana doegi, kana sisina tētēlar, tanahna rata toer rēsmi.

13. Horeng tētēlar teh kitoe, tanah datar loehoer pasir, boeboelak lēga majakpak, pantēs patilasan nagri, nagara djalma baheula, noe kontjara gagah sakti.



**DJAM**  
**JUNGHANS**  
TJAP  
**BINTANG**

Katjida koeatna djeung  
accoord pisan djalanna.



Marhoem p. toean Hadji Fachrodin, vice-voorzitter Hoofdbestuur Moehammadijah jang memegang djoega oeroesan sehari-hari dan oeroesan loear tanah Djawa.



P. t. S. M. Latif, jang mendirikan paberik minjak  
„Banoe 'Idah" di Kajoetanam (S. W. K.).



PIRING MĚSIN NGOMONG  
„HIS MASTER'S VOICE”  
(Tjap Andjing)

Didamělna nganggo atoeran noe pang-  
ĕnggalna nja eta koe listrik; lagoe-lagoe:

**Korontjong, Stamboel dj. s. t. Gamělan  
Djawa dj. s. t. Tĕmbaug Soenda, ga-  
mělan sarĕng bobodoran**

.....  
Daptar harga dikintoenkeun pĕrtjoemah

.....  
Milari djalma noe tiasa kanggo ngaging-  
sirkeun deui. \_\_\_\_\_

**N. V. HANDEL MIJ. v/h C. M. LUYKS**  
Weltevreden, Noordwijk 31 — Bandoeng, Bragaweg

14. Katawis tjaringin koeroeng, doea ngarendeng teu tēbih, di tēngah-tēngahna pisan, handapna ioeħ toer tiis, lingih kawas disapoean, taja djoekoet noe djaradi.
15. Aja oge noe toemoewoeh, tatapina rada tēbih, roepi djoekoet pagoenoengan, djoekoet djangkoeng sadagori, djoekoet rapēt djeung lambēta, pasēlang mandjah djeung eurih.
16. Hoenjoer leutik tingparēntoel, katingal loeis boelistir, nagasari tingrangkadak, harendong di sisi iamping, keur meudjehna loba kēmbang, matak loetjoe noe ningali.
17. Tēras sadaja maroeroe, kana handapeun tjaringin, ngarioeng babatoeran, hēnteu aja anoe tēbih, tēras moeka bēbēkēlan, rantang sababraha hidji.
18. Samemeh dahar ngalantoeng, ngoelinting ka tēbeh lamping, ngala lalab batoer ketjap, tanpa lawan djeung njalingit, peuteuj selong boros tjombrang, poetjoe poetat djeung djalantir.
19. Tēras dalahar ngarioeng, hēnteu aja anoe tēbih, malah toekang minjak tea, doeanana oge sami, diadjak ngarioeng dahar, kalērēsan hēnteu nampik.
20. Ja Goesti Allah noe agoeng, koering mah nēmbean manggih, kani'matan noe pohara, nēda sagala njarari, poepoetjoe kanaraosna, asa bistik daging sapi.
21. Ari daging mah geus poegoeh, poegoeh ngaranna ge daging, anoe geus tangtos raosna, sanes tjatoerkeuneun deui, toetoep dahar soekan-sockan, babatoeran gērah deui.
22. Ngobrol bari ararodoed, ngalamoen noe lain-lain, noe ngalamoen hibēr tea, noe sapalih nēroes boemi, anoe rastjlok sapalih mah, geus ka sisi kawah nēpi.
23. Toengtoengna rame ngagoeroeh, sareuri patarik-tarik, seuri koe omong sorangan, reh lamoen noe lain-lain, noe moal ēnja kasorang, sanadjan nēpi ka pati.

24. Kintën poekoel satoe langkoeng, tēras mararadjēng deui, djalanna teu pati nandjak, babatoeran gērah deui, bangoen sēsēg ajeuna mah, dina oelatna katawis.

25. Leumpang ngaleut tingäroengkoeg, ngabantaj pairing-iring, leumpang dibarēngan toktrak, lēngkah deui troktrak deui, horeng rantang ditogentjang, lontjer da geus teu dieusi.

26. Teu lami sëlöksēk baoe, kabawa koe angin leutik, sihareng baoe warirang, sanggēm pananggoeng tah geuning, prantos kaamboeng baena, moal lami oge soemping.

### Dangdanggoela

1. Jaktos pisan hēnteu kantos lami, tēras dongkap kana djalan tjagak, rēg sabatoer-batoer liren, ngaso bari barēmpoeg, mana heula noe rek dioengsi, naha tjipanas heula, ka kawah ti poengkoer, sabadana ti tjipanas, rame tjektjok reh kahojong hēnteu samī, mēnding ka kawah heula.

2. Tjek sapolih ka kawah pandeuri, poatoesna mah tēras dia-kalan, koe paseueur-seueur sētem, poatoesna noe kaakoe, nja ka kawah tētēp pandeuri, djadi koedoe tjipanas, noe heula didjoeg-djoeg, tēras madjoe djalan kentja, lindoek ioeh rehng seueur tangkal kai, noe minangka pajoengna.

3. Hēnteu lami sadaja narēpi, kana tēmpat anoe matak heran, kaina toetoeng paraeh, sanadjan noe djarangoeng, noe handap mah geus poegoeh deui, komo djoedjoekoetan mah, taja noe kalaroeng, toetoeng renghek djadi roehak, di sisina aja papan beunang noelis, basa Inggris-Walanda.

4. Noe maksadna di dinja teu kening, ngèdēng dioek atawa ngadapang, tjingogo atawa dongko, noe loehoerna teu langkoeng, hidji metēr anggang ti boemi, karana loba pisan, hawa-hawa ratjoen, noe matak paeh ka djalma, babakoena tjek basa omongan asing, nja „swavelzuur” tea.

5. Tjek pananggoeng bilih teu tingali, tah nja ieu ngaran Pa-djagalan, noe hawana matak maot, māliah waktos kapoengkoer,



loehoer, dina poentjak pasir tea, seueur kai tangkalna patingdjalégr, wantoe leuweung toetoepan.

19. Moeng lérésan koering dongkap tadi, tanahna leh nja kaetang handap, malah aja pintoe-aer, sora tjai ngagoeroeh, horeng tjeroeg di tébeh lamping, pamitjeunan tjikawah, soepados teu pinoeh, roepina kenging ngahadja, bok manawi matak tjilaka di ahir, oepami diantép mah.

20. Keusik-keusik anoe katingali, nadjan taneuh noe tjakét kawah mah, roepina teh sami bae, bados djeg batoe lëmboeng, nahan batoe noe tingdjoengkiring, kitoe bae roepina, bangoen aradoeh, bentèn djeung tjadas biasa, koe pangintèn margi kaueuran teuing, keuna saab warirang.

21. Kakaian noe tjakét mah sami, komo palih katoehoeëun djalan, kawas didoeroekan bae, pararaeh taroetoeng, ageung-alit taja noe kari, lëgana teh kalintang, poeloeh-poeloeh bae, sisi kawah di beh lëbak, aja hidji plat namoeng geus teu katawis, komo aksarana mah.

22. Platna oge anoe tina beusi, ampir seep moeng kantoen sisina, kitoe oge geus rarobek, kawas oeroet didoeroek, noe heureuj mah pirakoe deui, koering kalintang heran, da tihang mah moeloes, tihang kai hënteu tjatjad, ngan barëdjad tajoh kapanasan teuing, kaiboen kahoedjanan.

23. Malah sanes baë plat noe tadi, anoe seep kawas didoeroekan, hateup seng dina papajon, oge seep teu kantoen, moeng noe kantoen dangdanan kai, oesoek éreng djeung tihang, sarigsig maroeloes, kadjabi bëdjad djeung ratja, ditoelisan ditjokrahkeun kana kai, ngaran djeung titimangsa.

24. Koering hënteu pëtot hemëng pikir, ngemoet-ngemoet ka-beungharan alam, bari dioek di papajon, batoer-batoer ngarioeng, repeh kawas eukeur malikir, mikiran seng sarëng plat, koe naon pang kitoe, namoeng pangintèn koering mah, kaanginan noe ma-wa zat ratjoen matih, sarëng koe kalamian.

25. Teras koering djeung batoer badami, maksad arek ngoerilingan kawah, namoeng hoream koe tjape, woewoeh pangna teu wantoen, reh tanahna djoengkrang loengkawing, toer leuweung gëlédëgan, djadi hënteu toeloes, malah koe satadina mah, aja maksad rek naek ka loehoer pasir, poentjakna goenoeng tea.

26. Reh pisanggëm panangoeng ka koering, ti dinja mah moen ningal ka wetan, Tasikmalaja katembong, sarëng Goenoeng Galoenggoeng, kawah anjar oge katawis, matak waraas pisan, moeng koemaha atoeh, sanes pisan hënteu hajang, ngan hoream di djalanna sabab roempit, aringgis kaboeritan.

23. Sanggeus ngaso pirang-pirang lami, koering sarëng batoer sadajana, teras mararoeka peso, njokrahan tihang kajoe, titimangsa sinarëng nami, këbat sadaja mangkat, ngabroel rek warangsoel, soeka gërah sadjadjalan, rehing maksad anoe tjoeman-tel geus lami, ajeuna tinëkanan.

28. Di djalanna mo' ditjatoer deui, reh tadi ge prantos imeut pisan, toer djalanna eta keneh, boedjengkeun kang tjinatoer, malar moeloes loeloes lastari, kotjap bae geus dongkap, wantji toenggang goenoeng, ka lëbakeun Pangentjongan, pasir nënggang awas ka mana ka mëndi, waraas titingalan.

29. Goenoeng-goenoeng katingal boelistir, kakajonna hoeroeng sëmoe herang, katodjo koe lajoeng koneng, kawas makoeta agoeng, siga emas anjar sinangling, tingdaroengkoek pasirna, ngabantaj patoemboe, soemawon lëbak djoengkrangna, laloengkawing matak aringgis ningali, matak paer lëbakna.

30. Beuki boerit lës lajoeng laleungit, ladjoe lampah madjoe ka beh lëbak, bari ret ningal ka koelon, lëmboer pating roenggoe-noek, kakajonna anoe katawis, Garoet oekoer lëbahna, sëmoe-sëmoe biroe, katingal damarna raang, beh tonggohna Hotel Ngamplang katingali, Sanatoerioem tea.

31. Matak këlar njoeat ati kingkin, ningal damar listrik noe baranang, djiga koenang-koenang mondok, moetoeh matak ka-joengjoen, narik ati anoe prihatin, hegar patjampoer waas, bibit

14. Katawis tjaringin koeroeng, doea ngarendeng teu tēbih, di tēngah-tēngahna pisan, handapna ioeuh toer tiis, lingih kawas disapoean, taja djoekoet noe djaradi.
15. Aja oge noe toemoewoeh, tatapina rada tēbih, roepi djoekoet pagoenoengan, djoekoet djangkoeng sadagori, djoekoet rapēt djeung lambēta, pasélang mandjah djeung eurih.
16. Hoenjoer leutik tingparēntoel, katingal loeis boelistir, nagasari tingrangkadak, harendong di sisi lamping, keur meudjehna loba kēmbang, matak loetjoe noe ningali.
17. Tēras sadaja maroeroe, kana handapeun tjaringin, ngarioeng babatoeran, hēnteu aja anoe tēbih, tēras moeka bēbēkēlan, rantang sababraha hidji.
18. Samemeh dahar ngalantoeng, ngoelinting ka tēbeh lamping, ngala lalab batoer ketjap, tanpa lawan djeung njalingit, peuteuj selong boros tjombrang, poetjoeok poetat djeung djalanfir.
19. Tēras dalahar ngarioeng, hēnteu aja anoe tēbih, malah toekang minjak tea, doeanana oge sami, diadjak ngarioeng dahar, kalērēsan hēnteu nampik.
20. Ja Goesti Allah noe agoeng, koering mah nēmbean manggih, kani'matan noe pohara, nēda sagala njarari, poepoetjoeakan karaosna, asa bistik daging sapi.
21. Ari daging mah geus poegoeh, poegoeh ngaranna ge daging, anoe geus tangtos raosna, sanes tjatoerkeuneun deul, toetoepp dahar soekan-sockan, babatoeran gērah deui.
22. Ngobrol bari araroedoed, ngalamoen noe lain-lain, noe ngalamoen hibēr tea, noe sapaalih nēroes boemi, anoe rastjlok sapaalih mah, geus ka sisi kawah nēpi.
23. Toengtoengna rame ngagoeroeh, sareuri patarik-tarik, seuri koe omong sorangan, reh lamoen noe lain-lain, noe moal ēnja kasorang, sanadjan nēpi ka pati.

24. Kintèn poekoel satoe langkoeng, tēras mararadjēng deui, djalanna teu pati nandjak, babatoeran gērah deui, bangoen sēsēg ajeuna mah, dina oelatna katawis.

25. Leumpang ngaleut tingärvoengkoeg, ngabantaj pairing-iring, leumpang dibarēngan toktrak, lēngkah deui troktrak deui, horeng rantang ditogentjang, lontjer da geus teu dieusi.

26. Teu lami sëlēksēk baoe, kabawa koe angin leutik, sihareng baoe warirang, sanggēm panangoeng tah geuning, prantos kaamboeng baena, moal lami oge soemping.

### Dangdanggoela

1. Jaktos pisan hēnteu kantos lami, tēras dongkap kana djalan tjagak, rēg sabatoer-batoer liren, ngaso bari barēmpeog, mana heula noe rek dioengsi, naha tjipanas heula, ka kawah ti poengkoer, sabadana ti tjipanas, rame tjektjok reh kahojong hēnteu sami, mēnding ka kawah heula.

2. Tjek sapolih ka kawah pandeuri, poatoesna mah tēras diakalan, koe paseueur-seueur sētem, poatoesna noe kaakoe, nja ka kawah tētēp pandeuri, djadi koedoe tjipanas, noe heula didjoeg-djoeg, tēras madjoe djalan kentja, lindoek ioeh rehing seueur tangkal kai, noe minangka pajoengna.

3. Hēnteu lami sadaja narēpi, kana tēmpat anoe matak heran, kaina toetoeng paraeh, sanadjan noe djarangkoeng, noe handap mah geus poegoeh deui, komo djoedjoekoetan mah, taja noe kalaroeng, toetoeng renghek djadi roehak, di sisina aja papan beunang noelis, basa Inggris-Watanda.

4. Noe maksadna di dinja teu kenging, ngēdēng dioek atawa ngadapang, tjingogo atawa dongko, noe loehoerna teu langkoeng, hidji metēr anggang ti boemi, karana loba pisan, hawa-hawa rajjoen, noe matak paeh ka djalma, babakoena tjek basa omongan asing, nja „swavelzuur” tea.

5. Tjek panangoeng bilih teu tingali, tah nja ieu ngaran Padjagalan, noe hawana matak maot, māliah waktos kapoengkoer,

# G. C. T. VAN DORP & Co.

SAMARANG — SOERABAJA — BANDOENG

---

## WOORDENBOEK MALAJOE-WALANDA SARĚNG WALANDA-MALAJOE

### PRACTISCH MALEISCH-HOLLANDSCH EN HOLLANDSCH MALEISCH-HANDWOORDENBOEK

benevens een „kort begrip der Maleische woordvorming en spraakleer”  
door L. Th. MAYER. Didjilidan koe lawon

Pangaosna. . . . . f 5.—  
Sarĕng ongkos post aangeteekend . . . . . „ 5.60

---

## BOEKOE OBAT-OBAT

Nĕrangkeun kasiatna roepa-roepa tjoetjoekeolan, dangdaoenan sarĕng  
boeboeahan TANAH HINDIA sarta nganggo  
pitoedoeh hal ngoebarkeunana.

Karangan Njonja J. KLOPPENBURG-VERSTEEGH.

Pangaosna. . . . . f 3.75  
Sarĕng ongkos post aangeteekend . . . . . „ 4.25

---

## BOEKOE GAMBAR (ATLAS)

Roepa-roepa tjoetjoekeolan sarĕng boeboeahan Tanah-Hindia, ang-  
goĕun ngabandingan Boekoe Obat-obat tea; karangan Njonja

J. KLOPPENBURG-VERSTEEGH.

Pangaosna . . . . . f 6.50  
Sarĕng ongkos post aangeteekend . . . . . „ 7.—

---

Soegri anoe maroendoet bari<sup>o</sup> dikintoenan gratis: **Daptar-boekoe**  
**basa Djawa, basa Malajoe, sarĕng basa Walanda**

**G. C. T. VAN DORP & Co.**  
SAMARANG — SOERABAJA — BANDOENG

**Peulpenhodër** (gagang kalam anoe  
beunang dieusian mangsi) reklame  
kaloearan VAN DORP & Co.  
teu kintën saena. Roepina  
hideung nganggo oekiran,  
toetoejna teu kintën sae-  
na. Ieu peulpenhodër  
reklame penana koe  
emas 14 karat model  
lantjip.


Pangaosna noe  
modelna sa-  
pertos ieu  
gambar  
moeng  
f 2.50

**VAN DORP'S  
ZELFVULLER**

nja eta peulpen anoe  
nganggo pakakas pa-  
njërot mangsi dina ga-  
gangna.

Pangaosna moeng f 3 25

Ongkos ngintoenkeun sahidjina  
f 0.50, namoeng oepami sakali mē-  
senna 6 tina saroepi-roepina atanapi  
ti doea roepianana, ongkos ngintoen-  
keunana ditanggěl koe toko sim koering.



opat djalmi noe ngala kai, paeh opatanana, margina teh dioek, tēras maot ditoeloengan, koe batoerna bari dongko handap teuing, nja tēras deui misan.

6. Tērasna mah sadaja lastari, opat djalma maot pabalatak, kengingna pada njaloēr, ti tēmpat anoe djaoeh, margi taja anoe warani, lēbēt ka tēmpat eta, barina ditoendjoek, toeh tjakēt batoe noe nēnggang, geuning lenglang aja ge kai gararing, koe hawana warirang.

7. Koering leumpang, hēnteu pētōt mikir, pikir kētir patjam-poer baloeas, ari gēdena mah sēber, inggis teu bisa wangsoel, komo sanggeus katingal sidik, bangke bogong ngadjoprak, dina tjakēt hoenjoer, tajohna bagong keur njaba, loenta njasab asoep ka tēmpat noe wērit, tēras maot di dinja.

8. Batoer oge sami tingpoeringis, tjingkleung sieun katawis sēmoena, djēmprek taja kētjet<sup>2</sup> kadjabi tingarahoe, kalērēsan teu kantos lami, darongkap ka tjiapanas, saroepi tjinjoesoe, tingbērēk-bēk tingboerial, tina liang anoe tanahna loengkawing, mantjēr djiga pantjoeran.

9. Ngēboel moemboel haseupna ka langit, tēras koering njobi-njobi njabak, sanes deui panasna teh, tjtjak saboekoe tjoeroek, toer mo' aja saprapat mēnit, komo lamoen mandi mah, pendek geus teu wantoen, tina ningal sare'atna, panasna teh ampir sami sarēng tjai, anoe eukeur ngagolak.

10. Hēnteu tēbih tina liang tjai, noe ngagolak nja eta tjiapanas, aja hidji imah pondok, hateupna daoen tēpoes, bilik sasag awi toer ipis, tēmpat anoe titirah, tjek bedja mah mashoer, tjiapanas Talagabodas, matih pisan kana sagala panjakit, boedoeg djeung sabangsana.

11. Harita ge aja gēnēp djalmi, ngakoe asal oerang Radja-polah, noe doea soekoena borok, noe opat deui boedoeg, di dinjana teu atjan lami, moeng mēnggah paoedoerna, prantos ampir soeroed, hartosna geus ampir sehat, koe pangintēn 'mo kantos saminggoe deui, tiasa sehat pisan.

12. Di tjiptanas hěnteu kantos lami, sanggeus seep sadaja ditingal, tēras wangsoel deui bae, moeng batoer doea kantoen, toekang minjak oerang Tjiawi, reh bade kēbat moelang, moeng oekoer soemamboeng, moegia kawiloedjengan, saladjēngna teu aja rērēpēt, galih, laksana noe dimaksad.

13. Hěnteu kantos sakoemaha lami, dongkap deui kana djalan tjagak, njampak di dinja ngaronjok, baroedak poeloeh-poeloeh, horeng anoe keur schoolwandeling, dianteur koe goeroena, nēmba pisan moedoen, parantos laladjo kawah, sakalintang handjakalna pikir koering, teu tēpang ti anggalna.

14. Tjatjak lamoen sasarēngan indit, tada teuing pirēsēpeunana, moal keueung teuing hate, tapi koemaha atoeh, mana kitoe geus lain milik, tēras koering mah ngetan, kawah noe didjoegdjoeg, ngasroek tēgal pakoe-andam, djoekoet djangkoeng, daoen lambēta ngarait, djarēgdjēg tangkal wangkal.

15. Leumpang hěnteu patos tjape teuing, kabangbrangkeun seueur fitingalan, bakoena djalaran atoh, reh pisanggēm pananggoeng, ti dinja teh teu patos tēbih, djeung kalērēsan pisan, satēngah pal langkoeng, ngadongkapkeun kana kawah, geus katingal tina sēla-sēla kai, kawahna bodas ngēplak.

16. Ari breh teh ja Allah ja Robbi, koetan kitoe ari roepi kawah, matak poho moho nendjo, moetoeh koe matak loetjoe. djiga laoet bentēnna alit, tjēples sitoe di oerang, 'moeng di loehoer goenoeng, iplik-aplak lēga pisan, koe pangintēn lima poeloeh baee leuwih, tjaina ngēplak bodas.

17. Tingbērēbēs sakoeriling-boengking, awitna mah pikir koering njangka, seueur laeok noe galēdē, tapi sanggēm pananggoeng, sanes laeok moeng liang tjai, koering rada pērtjaja, pantēs oge kitoe, da ari laeok mah mohal, bisa hiroep nadjan jaktos sami tjai, namoeng kēsēd rasana.

18. Talaga teh kaboedeur koe pasir, toer goerawes matak lēwang pisan, lochoerna ratoesan elo, tajohna sēring oeroeg, da taneuhna beureum katawis, bolēnang teu djoekoetan, kadjabi di



hate liwoeng, liwoeng lëwang bararingbang, roesras emoet ka soegri noe lain-lain, noe lami kadjamanan.

32. Komo lamoen noe noedjoe birahi, noe keur pinoeh koe soegri panjiptan, anoe ngabotkeun pangraos, tinangtos tëras ngangloeh, reh teu kiat nandang ririwit, manah kasoeat-soeat, djadi wawoeh koesoet, tēmahna ngahoedang brangta, meulit meudjit ngait dina sanoebari, kasawang koe tjiptaan.

33. Poekoel toedjoeh kirang sablas mēnit, koering sarēng ba-toer doea bëlas, tjape hoeroehah-harehoh, ka Wanaradja tjoendoek, moeroe halteu kareta api, nja kalërësan pisan, kareta ngabagoeg, geus tjoet-tjat sadaja toempak, djam dalapan kirang doea poeloeh mēnit, koering dongkap ka imah.



*Kasehatan leuwih përloe batan kakajaan, tapi nädjan sehat, lamoen loba kakoerangan bisa ngadjadikeun gëring.*

*Noe noenggoe tjoendoekna woekoe, ngadagoan datangna mangsa, taja bedana djeung nge ngahahamboer waktöe.*

## 18. BOEKOE DOKTOR.

### TOELAK BALA.

Pangira sim koering sarerea oge moal aja noe bireuk kana Toelak bala teh, nja eta hidji roepa djampe pikeun panjinglar sagala roepa balai djeung gëgëring; tapi saënja-ënjana moenggoehing pikeun gëgëring mah toelak bala anoe panghade-hadena teh nja eta kadaharan anoe patri. Sarerea oge meureun tarërang, jen teu koerang-koerang panjakit anoe dilantarankeun koe koerang hade kadaharan.

Samemeh ngadjoedjoet panjakit anoe dilantarankeun koe kadaharan, leuwih hade oerang mariksa heula babagian kadaharan anoe gëde goenana kana kasehatan badan sangkan atra katingalna.

### Kadaharan boedak leutik (orok)

Anoe djadi kadaharan orok biasana taja lian ngan tjisoesoe, tapi sanadjan kitoe, eta boedak saban poë ngagëdean, djagdjag waringkas taja halangan-haroengan biasana mah. Dajdi moenggoehing pikeun orok mah tjisoesoe teh ënggeus tjoekoop pikeun hiroep djeung hoeripna, nja kitoe deui pikeun ngagëdeanana atawa nambahan kakoeatanana.

Lamoen ngingëtkeun kana sakitoena, estoening matak heran tjisoesoe teh lain? Naha ngandoeng rasiah naon atoeh eta teh anoe matak bisa njoemponan kana kapërloean orok? Tjik oerang titenan.

Tjisoesoe teh woedjoedna entjer sakoemaha tjai, katoeroeg-toeroeg djeung sabënërna deuih memang tjisoesoe teh dina babagianana loba tjaina; eta tjai katjampoeran deui koe barang-barang sedjen, nëpi ka roepana tea djadi bodas.

Naon sababna noe matak eta tjisoesoe roepana djadi bodas?

Anoe matak tjisoesoe roepana bodas, sababna aja roepa-roepa: kahidji doemeh ngandoeng *gad'ih*, malah nja koe lantaran eta noe matak tjisoesoe beunang didjieun mantega oge. Kadoea, lantaran sadjabana ti gadjih teh aja deui, nja eta *kidjoe*; tapi lain kidjoe saperti noe sok didjaroealan di toko-toko, dalah eta kidjoe di-

djieunna koe tjisoesoé oge, lantaran eta mah geus aja tjampoeranana deui. Ari noe diséboet kidjoe noe saénjana, nja eta noe biasana kapanggih koe oerang waktóe naheur tjisoesoé sarta eta tjisoesoé téh pětjah. Démi kidjoe anoe saénja-énjana beunang disaroeakeun djeung *bobodas éndog*. Bisa djadi aja noe hénteu pértjaja kana ieu katérangan doemeh tjisoesoé disaroeakeun djeung bobodas éndog, tapi geura titenan lamoén oerang ngétjlakkeun bobodas éndog kana tjai anoe ngagolak, tangtóe eta bobodas éndog téh djadi salin roepana djeung woedjoedna, nja sapérti noe sok katingal dina tjisoesoé noe pětjah tea.

Lamoén oerang nginoem tjisoesoé, biasana sok karasa asa sari-sari amis, eta hidji tanda jen tjisoesoé téh sadjabana ti ngandoeng *tjai, gadjih*, djeung *kidjoe* téh ngandoeng *goela* deuih. Tah nja koe barang-barang noe opat roepa tea noe matak tjisoesoé bisa njoemponan kana kapérloean baroedak oge.

Saénjana djaba ti barang noe opat roepa tea dina tjisoesoé téh aja deui barang-barang noe sedjen. Noeroetkeun katérangan anoe palintër, tjisoesoé téh ngandoeng roepa-roepa bangsa oejah noe geus antjoer djeung tiampoer baer djadi hidji djeung barang noe sedjen tea. Éngke di handap baris ditérangkeun tina hal ieu katoet djeung bagian-bagian noe sedjen.

### Dimana boedak geus rada gède.

Dimana boedak geus rada gède, tjisoesoé téh geus teu njoemponan kapérloeanana, ngan hadena biasana noe djadi indoeng sok ngartieun kana hal ieu, nja kadaharan boedakna téh sok ditambahan koe tim beunang ngoejahan saeutik atawa boeboer anoe beunang ngagoelaan; lila-lila nja sok ditambah deui koe tjaoe, oepamana.

Naon sababna noe matak kadaharan noe dipake nambahan dahareun boedak téh bét noe kitoe? Naha aja naonan dina kadaharan tambahan téh?

Pérkara goela geus térang pikeun nambahan lobana goela noe geus aja dina tjisoesoé sakoemaha noe geus ditérangkeun tadi di loehoer.

Kadaharan bangsa *sangoe, boeboer* djeung sadjaba ti eta anoe didjieunna koe tipoeng, babagianana, gèzédena mah taja lian ti bangsa goela. Djadi kadaharan noe aramis djeung noe didjieunna koe tipoeng téh, goénana pikeun badan mah teu aja pisan

bedana. Kadaharan anoe tina beas atawa tipoeng dimana geus digiling dina beuteung, kaajaanana tea djadi robah, nja eta djadi saroepaning goela, taja bedana djeung peujeum, boh peujeum kentan boh peujeum sampeu, amis sorangan lantaran koe diragian.

### Kadaharan kolot.

Kadaharan boedak anoe geus gēde taja bedana djeung kadaharan dahareun kolot. Kapërloean badanna ajeuna mah lain tina tjisoesoe, tapi tina kadaharan sapopoë.

Pikeun nganjahokeun kadaharan dahareun kolot, geura ngilikan kaajaan di dapoer bac. Di dinja bakal kanjahoan, jen di bangsa oerang, oerang Priboemi, noe dipërloekeun teh sangoe, nja eta kadaharan noe sakoemaha geus ditērangkeun tadi di loehoer, lamoen geus aja di djero beuteung sok ganti roepa djadi sabangsaning goela. Sadjabana ti sangoe noe katendjo teh aja deui, nja eta *ëndog* djeung *daging*. Dēmi kaajaanana babagianana daging, gēgēdena taja lian ti *bobodas ñndog*. Djadi ajeuna geus kanjahoan jen tina tiloe roepa eta kadaharan, noe geus aja teh nja eta goela djeung bobodas ñndog. Ari oejah lolobana diajakeunana koe sambara, nja kitoe deui gadjih lamoen teu maoedjoed gadjih (geus djadi minjak), ditjampoerkeunana djeung kadaharan teh waktoe keur diasakan, saperti dina keur digoreng koe minjak kalapa, sabab sañjana minjak noe sabangsa djeung minjak kalapa teh bangsa gadjih keneh.

Lian ti kadaharan anoe geus ditataan bieu di loehoer, aja deui kadaharan sedjen noe ngandoeng kapërloean pikeun badan teh, nja eta: katjang soeok djeung katjang kadēle. Ieu doea roepa katjang rasana sari amis, hidji tanda jen di djérona aja goelaan; sadjabana ti eta aja gadjihna deuih, boektina beunang dipērēs dibidjilkeun minjakna. Nja kitoe deui eta doea roepa katjang teh pada ngandoeng bobodas ñndog, boektina beunang diatjikeun didjieun *tahoe* malah saeutik-eutikeun ngandoeng tjai deuih.

Pendekna kadaharan anoe loba ngandoeng bobodas ñndog teh nja eta: sagala roepa daging, kaboeboeah, hate, kaiilipa, polo, sagala roepa laeok tjai, hoerang, ñndog hajam djst., kidjoe, katjang soeok, katjang kadēle, katjang hedjo, kanari, boengkil katjang, tempe, ontjom djst.

Ari kadaharan anoe loba gadjihna, nja eta: gadjih sapi djst.,

mantega kidjoe, kanari, katjang soeok, kalapa katoet minjak-na djst.

Kadaharan noe loba tipoeng djeung goelana nja eta: beas, djagong, hoei, roepa-roepa tipoeng djeung goela, djeung roepa-roepa katjang.

### Badan menta koe maneh.

Moenggoehing badan aja kaadjaibanana, nja eta dimana pèrloe meunang barang anoe pèrloe atawa lamoen kakoerangan koe salah sahidji roepa eta barang tea, sok menta koe maneh. Oepama: dina waktoe badan kakoerangan tjai, oerang sok ngarasa halabhab djeung dimana oerang lapar, hidji tanda jen badan kakoerangan bobodas endog, goela djeung gadjih. Koe sabab kitoe, hadena mah kadaharan noe baris didahar teh koedoe anoe patri, anoe ngandoeng barang-barang anoe pèrloe pikeun kapèrloe badan tea.

Lobana kadaharan djeung tjai inoemeun pikeun saorang-oerangna henteu bisa ditangtoekeun, lantaran biasana teh sok noeroetkeun kana kaajaan badanna — gède-leutikna — djeung goemantoeng kana tanagana anoe dikaloeearkeun deuih.

Boedak leutik daharna tangtoe iuwih saeutik batan anoe geus sawawa; djalma anoe digawena beurat, noe make tanaga loba: daharna tangtoe leuwih gède batan anoe pagaweanana hampang.

### Goenana kadaharan

Děmi goenana kadaharan roepa-roepa, kajaning: pikeun ka djalma anoe tas digawe kalawan mètakeun tanaga badanna, pèrloena teh pikeun ngagantian eta tanaga tea; ari ka boedak sangkan badanna ngagèdean. Djaba ti eta kadaharan teh bisa njageurkeun karoeksakan-karoeksakan noe aja di djero badan deuih.

Lobana tjai anoe diinoem koe djalma anoe geus sawawa, rata-ratana 2 á 3 litér sapoë, tapi anoe sakitoe lobana teh henteu woengkoel tjai herang, biasana osok roepa-roepa pisan, saperti: tjikopi, limoen, sirop, tjai es, tjitadjen djst.; tjiangeun tjai noe aja dina boeboer, tjai noe aja dina sangoe béje, noe dina pasak-pasakan; noe aja dina hoeboeahan saperti: dina samangka, bongteng, sawo manila, tjaoe, manggoe, ramboetan, doekoeh djst.

## Bobodas ěndog.

Di antara tiloe roepa barang anoe pěrloe pikeun badan tea, nja eta: bobodas ěndog, goela djeung gadjih, noe pangpěrloena pisan mah nja eta bobodas ěndog *loeloegoena* teh. Sapoë-poëna bobodas ěndog anoe koedoe didahar koe djëlĕma teh pangsaeutik-na 60 gram, ditambahan koe goela djeung gadjih tea; ngan bae ari lobana goela djeung gadjih mah hĕnteu gampang ditangtoe-keunana.

Lamoen halabhab teu diinoeman atawa lamoen lapar teu dida-haran, lila<sup>2</sup> matak djadi panjakit kana dirina, nja eta toehoereun djeung kalaparan, malah bisa djadi matak ngalantarankeun ka-na patina.


Djalma anoe kakoerangan kadaharan, nja eta anoe lobana bo-bodas ěndog, goela, tipoeng djeung gadjih dina badanna teu njoemponan kana kamistianana, tangtoe bĕgang djeung limpeu-na; dimana kaajaan badan geus kitoe, gampang kasorangna koe roepa-roepa panjakit. Koe lantaran kitoe katjidā pěrloena badan teh meunang tjai, bobodas ěndog, tipoeng, gadjih, goela satjoekoeopna.

## Vitamine.

Sadjabana ti barang-barang noe geus ditataan di loehoer bieu, aja deui saroeapa barang anoe katjidā pěrloena pikeun badan manoesa nja eta vitamine.

Hal ieu teh mimitina mah hĕnteu kanjahoan koe djëlĕma, ngan lila-lila nja katiten oge; ari djalanna kieu: Djaman baheula waktoe djalma-djalma balajarna masih marake parahoe lajar (ka-pal lajar), rĕmĕn pisan kadjadian aja kapal anoe moelan-malen ngantjilang di tĕngah laetan. Salilana eta kapal angkleung--ang-leungan di tĕngah laet, noe taroempak boh kalasi boh panoemp-pang, tara ngadalaha lalab-roembah atawa boeboehan, lantaran sapateun bĕkĕl, diajana oge sesana lalab roembah djeung boeboe-ahan, tangtoe geus arajoedna tina kalilaan teuing. Koe lantaran kitoe djalma<sup>2</sup> eusi eta kapal tangtoe loba anoe gavĕring. Djal-ma-djalma anoe katĕrap panjakit koe lantaran kitoe, kaajaan badanna sok saroea; mimitina maranehna sok ngarasaeun leu-leus loengse sapĕrti noe dipoepoel bajoe, lila-lila badanna djadi koeroe djeung beungeutna djadi sĕpa; teu mangkoek sakoemaha

**H.D. MAC GILLAVRY  
AMBARAWA**




**-BAKO TOELEN-**

agen  
pikeun tanah sabrang  
Geo-Wehry & Co



Doea orang gadis Lampoeng berpakaian 'adat menari.





Tiga belas orang Ambon berpakaian „permainan Sae Réka“.

---


# NAON MARGINA NOE MAWI QUAKER OATS DIWADAHAN DINA KALENG?

Quaker Oats anoe mēmbē digiling di pabrik, sok ladjēng diwadahan koe kaleng bari digēntjet koe mēsīn gēntjet anoe abotna 10.000 kilo; kalengna kenging ngahadja sangkan teu kaasoepan angin. Djadi mēnggahing Quaker Oats mah moal rēsak atanapi boeroek sapertos kadaharan sanes anoe diwadahan koe kaleng noe kirang rekep. Seungitna sarēng raosna, nja kitoe deui sarina moal soeda; sanaos disimpēna sakoemaha lamina oge tētēp lir noe satje-rewelena kaloeur ti pabrik bae.

Koe djalaran Quaker Oats dina kalengna sakitoe padētna — djalaran koe digēntjet tea — eusina langkoeng seueur batan anoe diajab.

Geura noeang Quaker Oats oenggal dintēn soepados djag-djag waringkas, djalaran eta teh katoeangan anoe teu kintēn patrina, katoeroeg<sup>2</sup> raos deuih.

Sing emoet kana namina, Quaker Oats anoe kēdah digaleuh teh; tēngētan gambarna sangkan andjeun kenging noe toelen.



# Quaker Oats

---

lilana, goegoesina sok barareuh djeung sok kalaloearan gětih, hoentoena djadi oenggēr, letahna djeung biwirna djadi karan-dēi djeung kajan-kalan sok sariawan, bidjil gětih tina iroengna.

Lamoen kakoeranganana lalab-roembah djeung boeboeahan tea tēroes teu kagiir-giir, noe garēring lantaran kitoe teh bisa oge narēpi kana patina.

Kasakit anoe saroepa kitoe disēboetna *scheurbuik* (sariawan peudjit). Ti djaman baheula pisan keneh oge oebarna ieu panjakit teh geus kanjahuan, nja eta koedoe dalahar lalab-roembah djeung boeboeahan anoe salēgēr keneh.

Koe lantaran geus kanjahuan kitoe, noe palintēr, ahli oebar-oebaran, pada narētēpkeun jen dina lalab-roembah djeung boeboeahan teh aja saroepa barang anoe bisa njageurkeun panjakit *sariawan peudjit* tea, ngan bae eta barang teh bisa leungit oepama lalab-roembah djeung boeboeahan tea digodog koe tjai ngagolak noe panasna lēuwih ti 100° C atawa lamoen disimpēn lita-tila dina blek atawa gotji djst. Eta barang koe ahli-ahli oebar-oebaran tea disarēboetna *vitamin C*.

Dēmi sajoeran atawa boeboeahan anoe loba ngandoengna *vitamine C* teh nja eta: toge (katjambah), ēngkol, wortēl, djēroek mipis, djēroek Bali, djēroek amis, tomat (kēmīr, bangsa terong).

Di Hindia beunang disēboetkeun teu aja panjakit sariawan peupudjit teh, lantaan poelo-poelona pagegeje hēnteu sakoemaha djaraoehna, djadi djalma-djalma anoe lalajaran di Hindia moal kakoerangan koe lalab roembah atawa koe boeboeahan anoe balagor. Djaba ti eta di tēngah laot, oerang bisa njeun katjambah katoeroeg-toeroeg katjambah anoe sēgēr keneh teh kapan ngandoeng *vitamine C* anoe bisa Noelak sariawan peudjit tea.

### Biri-biri.

Sadjabana ti sariawan peudjit teh aja deui panjakit sedjen anoe lantaranana katērap koe sabab kakoerangan *vitamine*, nja eta anoe sok disarēboet *biri-biri* tea.

Di oerang oge geus teu aja noe bireuk kana ieu panjakit. Biasana noe katērap koe eta panjakit ambēkanana sok pondok, soekoena lalēuleus djeung bareuh sarta oepama dipēntjet sok ngadēlēwo tara gantjang ngamboel deui.

Ari sababna noe matak eta djalma katērap koe *biri-biri*, lantaran dina badanna kakcerangan *vitamine B*. Ieu panjakit bisa

leungit koe maneh lamoen noe gëring tea ngabiasakeun ngadahar katjang hedjo, lantaran dina katjang heujo teh loba vitamine B-an.

Kadaharan sedjen noe loba vitamine B na, nja eta: katjang soeok, katjang kadéle, peuteuj, katjang beureum, koenjit, daging, dengdeng, hate, éndog hajam djeung éndog méri, nja kitoe deui beas, noe aja keneh koeloemoed-perakan (ziilvervies). Démi roepana koeloemoed-perak noe aja dina beas, teu beda djeung roepa beasna, tégésna dina beas bodas, koeloemoed-perakna oge bodas, nja kitoe deui dina beas beureum koeloemoed-perakna oge beureum deui.

Beas giling anoe katjida bodasna, geus teu aja koeloemoed perakan, narvina geus teu ngandoeng vitamine B deui. Djadi saenjana katjida matak hanjakana teh, oemeh kalolobaanana, djerema sok mikaresep kana beas giling anoe geus teu aja vitamine B-an, oemeh tjeuk pikiranana nja beas kitoe beas noe nomer hidji ten (noe panghadena); padanal saenjana beas noe geus teu aja vitamine B na teh, beunang diséboetkeun teu sakomanana goenana deui pikeun badan man.

*Pikeun kapërloean badan beas toetoe leuwih hade manan beas giling*, lantaran ari beas toetoe mah hén-teu népi ka beakna pisan vitamine B na teh.

Koeloemoed perak anoe aja dina beas bisa leungit koe sorangan lamoen eta beas teh disimpén lila, tapi lamoen anoe disimpenna teh parena, nadjan népi ka mangratoes-ratoes tahoen oge tjeuk wiwianganana, koeloemoed perakna tea tètép ajana, moal leungit teu karoehan.

Lamoen eta pare teh digiling atawa ditoetoe vitamine B na biasana ragrag tjampoer djeung bakatoel; koe lantaran kitoe bakatoel teh katjida gédena goenana pikeun noelak biri-biri.

Bisi tatjan aja noe térang, pérloe oge ditérangkeun di dieu, jen vitamine B noe aja dina beas teh bisa ngoerangan koe katjida teuing ngagesohna waktoe eukeur diisikan, ari palidna waktote tjibeasna dipitjeun. Nja kitoe deui waktote beas keur diseupankeun vitamina B na bisa ngoerangan, malah dina waktote ngarih pisan lamoen tjai panas noe dipake ninjoeh tea loba teuing, eta oge matak ngoerangan deui kana lobana vitamine B noe aja dina beas teh. Nja kitoe deui oepamana, eta beas teh diliwét vitaminena bisa ngoerangan, lamoen tjitadjenna loba noe dipi-

tjeunan, sabab sabagian gēde tina vitaminena tjampoer baoer galo djadi hidji djeung tjai tadjen.

Koe katērang-an katērang-an anoe geus ditērangkeun di loe-hoer, oerang bisa njaho naon sababna noe matak djalma sok keulat koe biri-biri.

Djalma-djalma anoe tjoekoep djeung lēngkēp barang daharna, oepamana dina waktōe dahar sangoe sok djeung daging, ēndog, lalab roembah djeung boeboeahan, hēnteu gampang katērapna koe biri-biri, teu tjara djalma anoe salilana ngan sok dahar sangoe djeung laeok asin atawa djeung lalab-roemah saeutik-eutikeun bae djeung tara ditjampoeran koe katjang soeok atawa katjang kadēle, katjida gampangna katērapna koe eta panjakit teh. Komo ari moenggoehing pikeun djalma anoe koerang pakeunna mah anoe biasana sok ngadahar djarangking (gaplek) atawa sangoe beas Siēm atawa Segon, katērapna koe biri-biri teh leuwih gampang batan noe sedjen, lantaran beas Siēm atawa beas Segon mah digilingna teh nēpi ka asakna pisan datang ka vitamine B na oge beak sama sakali. Noeroetkeun pamariksaan noe palintēr, ahli-ahli tina hal oebar-oebaran, sēpat asin djeung gaboēs asin teh teu aja vitamine B na, tapi biasana eta doea roepa laeok sok dipake deungeun sangoe sapopoē.

Pikeun ngadjaga sangkan oerang oelah katērap koe biri-biri, pangpangna pisan koedoe daek ngabiasakeun dahar beas woeloh (beas noe loba keneh koeloemoed perakna). Lamoen kapaksa oerang koedoe ngadahar sangoe beas Siēm atawa Segon, kade poho noe didjieun deungeunna teh koedoe: daging, ēndog, katjang hedjo djeung katjang-katjang noe sedjen satjoekoepna.

Lamoen teu kawērat ngajakeun deungeun sangoe noe marahal hargana, leuwih hade ngadahar sangoe woeloh tea bae deungeunna bangsa katjang masing loba, ontjom djeung tempe; saminggoe doea kali koedoe ngadahar boeboer atawa pais bakatoel. Beas diisikanana oelah katjida teuing dikesohna. Tjai panjeupanan anoe tinggal dina seeng saēnggeusna sangoe asak, koedoe dipake ngangeun, nja kitoe deui tjitadjen sabisa-bisa mah oelah dipitjeunan, anggoersi djieun naon bae sangkan kadahar.

Nja kitoe deui poma oelah rek ngadahar boeboeahan anoe aratah keneh, bisi njēri beuteung.

Ieu berendelanana pamēndak Prof. Dr. Jansen djeung Dr. Donath tina hal lobana barang-barang noe pērloe pikeun badan noe araja dina roepa-roepa kadaharan:

No	Hidji-hidjina kadabaran	Lobana itoeng pèresen				Lobana vitamine			Katèrangan
		bobodas èndog	gadjih	tipoeng (goela)	Tjai djst.	A	B	C	
	I								
1	Daging sapi b'gang	20	1	0	79	±	++	+	0 = teu aja
2	" " lintoeh	18	7	0	75	±	++	+	± = saeutik
3	Dendeng	36	4	0	60	±	+++		
4	Hate	20	4	0	76	±	+++	+	+ = sedèng
5	Laoek tjai noe sègér keneh	17	3	0	80	±	+	0	++ = loba
6	Gaboès asin	40	3	0	57	±	0	0	+++ = loba pisan
7	Sèpat Sièm	38	14	0	48	±	0	0	
8	Tarasi laoek	38	3	0	59	±	0	0	
9	Hoerang baseuh	18	1	0	81	0	0	0	noe dilowong-
10	Oedang kèring	78	3	0	19	0	0	0	koun hartina
11	Koeroepoek hoerang	3	0.5	75	21.5	+++	+++	0	tjan dipariksa
12	Èndog hajam	12	11		77	+++	+++	0	
13	Èndog mèri	12	12		76	+++	+++	0	
14	Tjisoesoè sapi	3.5	3.5	5	88	+++	+++	+	
15	Tjisoesoè moending	7	3	5	85	+++	+	0	
16	Mantega	0.5	85	0.5	24	+++	0	0	
17	Kidjoe baseuh	26	30	3	41	+++	±	0	
18	Kidjoe garing	36	13	4	47	+	±	0	
	II								
1	Beas woeloeh	8	2	70	20	0	+	0	
2	Beas giling	7	0.1	70	22.5	0	0	0	
3	Bakatoel	12	6	30	52	±	+++	0	
4	Djagong bodas	9	4	65	22	0	+	0	
5	Djagong beureum	9	4	65	22	+	+	0	
6	Koenjif						+++	0	
7	Tjantel	12	5	60	23	+	+	0	
8	Katjang hedjo	20	3	40	37	+	+	0	
9	Katjang kadèle	35	15	40	10	+	+	0	
10	Katjang soeok	30	50	10	10	±	+++	+	
11	Peuteuj	25	5	22	51	±	+++	+	
12	Katjang pandjang					+	+	+	
13	Kanari	12	60	1	27	±	+++	+	
14	Roaj	20	1	40	39	±	+++	+	

15	Katjang beureum	20	2	50	28	0	++	0	
16	Tipoeang tarigoe	10	1	70	19	+	++	0	
17	Roti	8	2	40	50		+	0	
III									
1	Sarnneu	1	0	30	63.5	0	0		
2	Gaplek	8	1	80	16	0	0		
3	Sagoe	0.5	0.3	85	14.2	0	0		
4	Hoei bodas	2.5	0.5	25	72	0	+		
5	Hoei Mènes	2.5	0.5	25	72	+	+		
6	Kan'ang	2	0.1	20	77.9	+	+		
7	Wortël	1	0.2	6	92.8	+	+		
IV									
1	Bajëm	2	0.5	2	95.5	+	+		
2	Saladah	2	0.3	1.5	96.2	+	+		
3	Boentjjs					+	+		
4	Eng'ol	2	0.5	2	95.5	+	+		
5	Kaugkoeng					+	+		
6	Bont'ing	0	0.2	1.5	97.8	+	+		
7	Waloeh gëde	0	0.2	2	97.3	+	+		
8	Katjambah (toge)	2	0.05	2	95.95	+	+		
V									
1	Tja'e	1	0.5	15	83.5	+	+		
2	Kalapa	5	4.5	1	49	+	+		
3	Tomat (b. terong)	0.8	0.4	0.7	98.1		+		
4	Kaloe	2	5	6	87	+	+		
5	Gédaug	0.5	0.1	6	93.4	+	+		
6	Sawo manila	0.5	1	10	88.5	+	+		
7	Alpoekët	1	8	1	90	+	+		
8	Diamboe aer	0.3	0.2	6	93.5	+	+		
9	Salak	0.5	0.1	8	91.4	+	+		
10	Djéroek Bali	1	0.2	4	94.8		+		
11	Djéroek amis	0.5	0.2	10	89.3		+		
VI									
1	Tempe kadële	20	5	1	74	+	+		
2	Txoetjo	16	1	20	63	0	0		
3	Tatloe	10	5	1.5	83.5				
4	Boengkil s eek	45	20	20	15	0	+		
5	Boengkil kalapa	20	10	10	70	0	+		
6	Ontjom	15	6	0	79	±	+		

## MANGLE

### GĒDE HAMPOERA.

Karangan M. A. Salmoen; Ass. P. T. T. Rangkasbitong.

---

*Djalma noe soetji hatena  
tara soengkan ngahampoera  
dieung tapak kasatiaanana  
tara gantjang-gantjang moesna.*

---

### D a n g d a n g o e l a.

Dajeuh Bogor lĕbah Tjiwaringin, gĕgĕk rame rĕsik matak bĕtah, rea semah anoe ngĕndon, ngadon bĕbĕtah matoeh, noe ti Bantĕn ti Soekaboemi, Karawang Poerwakarta, di dinja ngaroempoel, ngaloembara boeboera, malah rea noe asa djadi priboemi, tina geus kalilaan.

Raden Barna hidji Adjoen Komis, midamĕlna di kantor L. N. H. geus rada lila di Bogor, asalna oerang Garoet, boemen-boemen di Tjiwaringin, ngan kadoea garwana, Trĕsnasih noe loetjoe, hidji istri noe satia, koemawoela tjĕngĕng mantĕng ka salaki, goemati tara baha.

Patĕpangna Barna djeung Trĕsnasih, lain anjar ti alam sakola, pada di H. I. S. keneh, malah batoer salĕmboer, toerta masih kapĕrnah wargi, ngan geus laer meueusan, djeung pangna ngadahoep, lain pangremo pamaksa, tapi pada karĕp pangadjakna ati, toer sĕpoeuh pada doa.

Asalna mah batoer ti leuleutik, lila-lila geus pada balegna, ieu bogoh itoe bogoh, sanggeus kawinna loeloes, lajeut roekĕt doeriat moehit, pada bangĕt geugeutna, Trĕsnasih noe toehoe, bogoh dieung tjintana ĕnja, ka salaki goemoesti tĕroes djeung ati, niat sĕdja boemela.

Raden Barna bangĕt heman asih, ningal garwa noe bela satia, bisa ngangeunahkeun hate, sasat djadi panglipoeur, anoe djadi



*Apollinaris*

TJAP  MERAH

teh nja eta erw'landa anoe pangsae-saena dileueut koe noe teu damang, djalaran matak s'g'ër kana salira.

---



Dina ngareureuhkeun tjape oetamina k'edah bari ngarot Burke's Stout tjap „KOETJING”, sangkan ilang moesna saharita.

---



Boh di noe hadjat, boh di noe sala-m'etan, bir tjap „Koentji Satoe” mah tara tinggaleun.

---



Sar'eng oepami palaj ngaleueut teh anoe pangseungitna, k'edah moendoet „Goalpara thee”.

---

*Mentega*

  
DJANTOENG BIROE

Oepamiandjeun badengagaleuh mantega, k'edah moendoet mantega tjap „Djantoeng Biroe”.



Libby's Corned Beef teh nja eta daging  
blek anoe pangsa-e-saena.

---



Libby's evaporated milk teh nja eta tji-  
soesoe anoe geus dipitjeun tjaina, oepami  
koe oerang ditjamperan koe tjai biasa,  
andjeun bakal ngaleueut tji-soesoe sapi  
anjar toer pangaosna katintjak mirah deuih.

---



Boeoeahan kaloearan pabrik Libby's noe  
diwadahan koe kaleng teh pohara raosna,  
sarëng ditanggël moal aja noe mapakan  
tina kasaeana.

---



Tina koeatna mësın djait „Pfaff” bisa  
kapake saemoer hiroep; dianggona moen-  
doer-madjoe oge sami bae. Tiasa dianggo  
kekerod, nambal boh nisi, nja kitoe deui  
ngadangdosan atanapi ngadamël raksoekan.

---



Tjet Teolin teh kenging ngahadja dipi-  
damël anggoëun di tanah panas, kareta  
mësın parobot boemi atanapi boemina  
pisan soepantën herang ngagënjias kédah  
ditjet koe Teolin.

pamepes roengsing, noe poerah ngaběbėrah, dimana keur bingoeng, djadi koe lantaran eta, imah-imah salilana moeloes rapih, taja tjawadeunana.

Pěrtjajana Trěsnasih noe geulis, ka tjaroge lėpas teu kapalang, tina hěnteu goreng hate, tara ngandoeng timboeroe, tjarogena nia kitoe deui, pada silih pěrtjaja, anoe matak loeloes, sakarėp djeung sapikiran, di imah teh sawarganing laki-rabi, pinoeh koe kasėnangan.

Di Bogor mah oepama pėlėsir, biasana sok ka Kėbon-Radja, atawa „Gėdong Boelao”. Raden Barna nja kitoe, poė minggoe sakapeung oelin, tamba kėsěl di imah, nja osok ngalantoeng, moen parėng teu aja rentjang, sok njalira angkat koeloentang-koelin-ting, ngalantoeng sėnang-sėnang.

Hidji mangsa Den Barna pėlėsir, poė Ahad keur hade isoekna, angkatna njalira bae, Trěsnasih mah dikantoen, teu kėrsaean diadjak oelin, Raden ka Kėbon-Radja, sėnang loentang-lantoeng, di palėbah, kėbon pandan, rada djėmpling ngahoedangkeun ni-neung pikir, Barna alon angkatna.

Dasar djalma osok owah gingsir, tara loepoet ti gogoda doenja, Barna ge nia kitoe keneh, barang keur loentang-lantoeng, gok paamprok djeung doea istri, tarėgėp ginding midang, pasėmon laloetjoe, legeg lir menak Priangan, barang ningal Raden soemeredet pikir, pėrbawaning gogoda.

Teu poepoegoeh bėt ngalėnjan pikir, barang ningal anoe djangkoeng lėndjang, Raden teh bėt djoldjol bogoh, ka istri anoe djangkoeng, koe kėntjėngna pangadjak iblis, Raden lali ka garwa, kėbat noe ditiatoer, oerang gantjangkeun tjarita, Raden Barna geus wawoeh djeung Neng Soearni, istri noe djangkoeng tea.

Neng Soearni tilas garwa mantri, koe rakana tjan lawas dipirak, tina kabedjakeun awon, gadoeh lampah salingkoeh, djeung ěnjana ěneng Soearni, koerang hade lampahna, anoe matak kitoe, tina koerang pangadjaran, tambah<sup>2</sup> boga rasa roepa geulis, djeung rėsėp pėlėsiran.

## A s m a r a n d a n a.

Reden Barna djeung Soearni, beuki lila beuki loma, ieu bogoh itoe daek, Barna geus teu noliuh garwa, kagoda karantjana, ka garwa djadi salingkoeuh, sok ekol rea akalna.

Tara-tara ti sasari, bēt djadi rēsēp amēngan, sok pēlēsir saban sore, ngalantoeng ka Panaragan, ngahēlaran noe lēdjang, ka garwa mah sok dadakoe, diadjar ngeset biola.

Trēsnaasih noe soetji ati, hēnteu pisan goreng sangka, ka raka pērtjantēn bae, dioembar sabiasana, amēng tara ditjēgah, moen soemping tara mērēngoet, roman salawasna hegar.

Barna noe sēdēng kabelit, toer taja anoe ngahoelag, lampahna tambah ngadolos, ngambang di sagara tjinta, kakeueum laoet brangta, noeroetkeun pangadjak napsoe, lali ka tēmah-wadina.

Geus badami djeung Soearni, moal lila deui nikah, tapi Raden bangēt kagok, doemeh halangan koe garwa, teu wērat ngawajoeh mah, manahna koesoet baringoeng, dēkal-dēkoel njiar akal.

Pinasti dieung titis-toelis, koelak-tjanggeum bagdja awak, dodja Goesti Jang Manon, Tērēsnaasih karandapan, istri noe bērsih manah, tinakdir bobor rahajoe, sok aja bae djalanna.

Hidji poē Neng Trēsnaasih, oendjoekan ka tjarogena, ēngkang abdi ngoeping wartos, ti mang Hadji Amirhamdiah, tadi tēpang di pasar, saोजना mama di Garoet, dangēt ieu hēnteu damang.

Nanging asa aneh teuing, doegi ka taja sēraterna, barang keur njaoer kitoē teh, djēhoel aja pasoeratan, mawa soerat ti rama, koe Raden diaos toeloej, sanggeus tamat sasaoeran.

Tah Ēnden soeraterna geuning, bēnēr mama teh teu damang, sēraterna toeloei diaos niata sasaoer rakana, rama Ēnden teu damang, Trēsnaasih kēdah ka Garoet, pok njaoer ka tjarogena.

Na koemaha atoeuh abdi, oepami ēngkang widi mah, hojong indit endiing bae, Raden Barna ngawalonan, bari boengah manahna, eukeur mah hojong ngadjoeroeng, aja djalan komo meuntas.

Poegoeuh bae ěngkang idin, hade isoek bae miang, kareta noe soeboeh bae, ngarah datang poë eta, Ęnden heula sorangan, ěngkang mah pandeuri njoesoel, da koedoe pĕrmissi heula.

Sanggeusna asak badami, Trĕsnasih sasadiaan, djaba meuli „oleh-oleh”, ngintoen rama djeung mĕrtoea, teu lila geus sadia, isoek-isoek ngan kari djoeng, Ęnden teu poegoeuh raosna.

Manah palaoer sarĕdih, hate ratoeg sĕsĕblakan, kawas kila-kila goreng, ka raka tambah beuratna, kaberean kalĕlar, sasari ge lamoen ngantoen, tara kitoe kĕrĕtĕgna.

Soeboeh-soeboeh Ęnden indit, didjadjapkeun koe rakana, ngan nĕpi ka sĕtatsion, Ęnden geus toenggang kareta, moelih deui Barna mah, kareta madjoe ka kidoel ninggalkeun Bogor noe hegar.

Sadjoengna Trĕsnasih indit, Barna moelih ka boemina, maksad Raden moal ngantor, bade pĕrlop saminggoe mah, manah Raden harita, aja atoh aja bingoeng, atohna tĕbih ti garwa.

Maksud asa tĕreh hasil, ngawin oerang Panaragan, Soearni noe lĕndjang koneng, da sarat mah hĕnteu koerang, doeit ge di sĕparbang, hĕnteu koerang tiloe ratoes, tjoekoep keur pake kawin mah.

Bingoengna patjampoer sĕdih, doemeh kĕdah mirak garwa, toer garwa soekaeun keneh, ari ras kana belana, goemoesti soemoedjoedna, Barna doegi ka ngahĕroek, sabil mamanaanana.

Tapi pangadjakna iblis, ngaraksoek ngaroeksak djalma, garwa anoe satia teh, lĕs leungit tina manahna, Soearni noe katjipta, katingalna asa oenggoel, batan Trĕsnasih noe sabar.

Raden manahna geus gilig, iklas bade pipisahan, ngantos opat-lima poë, rek njoesoel koe soerat talak, teu ras kana njĕrina, bawaning manah keur koesoĕt karatjoen rantjana tjinta.

Meungpeung keur soewoeng di boemi, ěngke mah ari geus moelang, hese ngadjoeroeng indit teh, tina taja keur ekolna,

djadi moal koemaha, këntjängna pangadjak napsoe, mawa kana djalan salah.

## S i n o m

Lima poë kagënëpna, Trēsnaasih kērsana moelih, keur pamitan ka ramana, harita geus rada mēnding, geus madjēng sehat deui, Trēsnaasih katiloe iboe, tjatjarios di kamar, jen enjingna baue moelih, tina asa kalamian nilar raka.

Djeung raka taja sēratna, padahal djangdji keur tadi, bade pandeuri dongkapna, Ēnden hēnteu raos galih, manah ka Bogor meulit, sok sieun tjaroge oedoer, atawa katiwasan, sanggeusna Trēsnaasih pamit, tatan-tatan keur baris tjandakeun moeliang.

Njandak kasēdēp rakana, djeroek paseh noe aramis, kēsēmēk anoe arasak, alpoekēt nja kitoe deui, djeung rea-rea deui, sakoer boeboeahan Garoet, katjarita isoekna, sadjoengeun pisan rek indit, geus ka latar ari djēboel aja soerat.

Sidik soerat ti rakana, ngarandēg heula Trēsnaasih, njē'ang heula maos sērat, geus tamat Ēnden ngadjērit, mani meh hēnteu eling, dina taneuh ngaloempoeroek, diboro koe iboena. Ēnden dipajang ka boemi, noe araja goegoep djeung panaha-naha.

Piiboean piramaan, sakoer noe aja di boemi, pada goegoep pada reuwas, ngagoegoeloeng ka Trēsnaasih. sēratna anoe tadi di-aos koe hidji sēpoe, sihareng soerat talak, barang sadaja geus ngoeping, tingāradoeh tina teu aja noe njangka.

Ēnden pada ngaroepahan, koe sadaja para wargi, anoe ka-roempoel di dinja, ngalēlēmoe anoe nangis, Ēnden teu lirih-lirih, nangisna moenggah sēsēgroek, koe tina kanjērian, hate peurih lir digērih, koemalajang teu paroegoeh rarasaan.

Asa poēk boemi alam, asa toengkēb boemi langit, toer hēnteu roemasa dosa, noe matak raheut salaki, wēleh hēnteu kaharti, anoe matak Raden kitoe, Trēsnaasih samar rasa, kieu lain kitoe lain, nangis njoeoh dioesapan koe iboena.

Naha abdi naon dosa, bĕt kabina-bina teuing, teu aja pisan rasrasan, bade mirak mah ka abdi, matak naon badami, engkang ngalĕdjokeun woengkoel, miwarangan ti heula, madjar rek njoesoel pandeuri, mana horeng moeng woengkoel ngaran paanggang.

Na' koemaha ari bagdja, mana kieu-kieu teuing, awak nandangan toenggara, ja Allah doeh adoeh Goesti, teu kiat diri abdi, bĕt aipĕgat teu poepoegoeh, kawas noe gĕue dosa, naon kalĕpatan abdi, lamoen lĕpat na atoeh teu dibedjaan.

Moen abdi njata lĕpat mah, sageuj raos-raos tjitjing, sakirangna oge tobat, langtos njoenoeun aksami, dina pangraos abdi, asa teu kirang satoehoe, hĕnteu pĕgat satia, tansan moentang siang-wangi, ka pangĕrsa abdi tatjan nJORANG baha.

Tjarek wiwilanganana, mani tibeubeut tibanting, ka ĕngkang abdi boemela, moen kirang keneh katampi, naha hĕnteu ti taui, ĕngkang waleh noe saestoe, ieu mah jalan kasar, ingkar ti lakoe oetami, siga pisan ĕngkang teh kirang emoetan.

Oepami koe bosĕn tea, bĕt asa ngadadak teuing, da moen ningal pasĕmon mah, ĕngkang bangoen deueuh asin, teu atjan pisan abdi, ti ĕngkang kenging bĕbĕndoe, ari ieu bĕt nana, teu pasea teu pasini, teu dikinten bakal dongkap sĕrat talak.

## Midjil

Neng Trĕsnasih nangis bangoen njĕri, salira rampohpoj, karaosna salira laloengse, manah peurih kawas digĕrih, moeroeboet tjitangis, ka iboe njaloeoeh.

Sok paingan kĕrĕtĕgna ati, njeredet soemĕdot, pantĕs lamoen kila-kila goreng, anoe ningal ngariring sĕdih, iboena mah nangis, ramana ge mĕsoem.

Doemareuda iboena ngalahir, geus takdir Jang Manon, meugeus bae Eulis geura repeh, Eulis oelah rek leutik ati, da geus titistoelis, mapan saer sĕpoeh.

Djodo tea saroea djeung pati, oerang mah teu njaho, kana djodo noe pandjang-pondok teh, saepama nĕpi ka djangdji, aja bae geuning, pidjalaneun poetoes.

Kawas Njai teu koerang goemoesti, dasar pondok djodo, lantaran teh aja-aja bae, sidik kawas éngkangna geuning, keuna owah gingsir, nalak teu poepoegoh.

Njërina mah koe iboe kaharti, leuwih ti nanaon, nadjan kitoe oerang pasrah bae, da oerang teh pangawak istri, tjarek toekang sindir, dipitjeun dipoeloeng.

Ajeuna mah sing tawékal Njai, masih aja kolot, iboe-rama noe rek ngadjarang teh, Eulis koedoe sing léga pikir, meugeus oelah nagis, hate oelah bingoeng.

Rama Énden noe kakara mending, ti kamar norodjol, maksa nikreuh teu kiat-kiat ge, di gigireun poetrana tjalik, njombo noe keur nangis, ambékan roemahoeh.

Sabar Njai ieu sabar Njai, aja keneh kolot, moal soesah Njai dahar make, nadjan henteu boga salaki, oelah leutik ati, mama masih tjoekoep.

Roepa-roepa noe njombo Trésnasih, sangkan rada longsong, geus biasa lamoen bedja goreng, nérékabna gantjang teh teuing, oge hal Trésnasih, ti soengoet ka soengoet.

Mértoeana boemina teu tébih, di Paminggir koelon, moen ka Sindang-heula boemi Énden, ngan ngaliwat pengkolan hidji, geus ngadangoe warti, teu talangke moeroe.

Barang soemping njampak noe narangis, lir aja noe maot, hariweusweus ngaboedjeng ka Énden, djeung garwana oge pandeuri, njombo noe keur nangis, bari bangoen ewoeh.

Wantoe-wantoe ka besan teh wargi, henteu koengsi tjektjok, harita ge badami djeung sareh, malah djangdji bade naloengtik, tina ngiring watir, naringali mantoe.

Bangét lingsëm wirang liwat saking, koe margi noe nongton, ka poetrana gëgëléndéng bae, naha Barna sok teu kaharti, kawas noe teu eling, na' koe naon kitoe.





**CHICAGO  
EXPOSITION**



## IEU SOEROETOE DIDJIEUNA DI EROPA

Tanda soeroetoe ngeunah. Sarereu oge tangtue  
têrang, jen bako kawak teh leuwih ngeunah ti bako  
anjar. Djadi pikeun njieun soeroetoe noe hade teh  
sadjabana ti ngeunah djeung didjieuna koe noe  
paham, bakono koedoe kawak soepaja seungit djeung  
ngeunah tjara soeroetoe Eropa, lantaran bakono  
kawak, lila di dialan di laet.

Koe sabab eta soeroetoe boean di dieu moal  
bisa njaroeaan soeroetoe.

# CHICAGO EXPOSITION

REGALIA DE NON PLUS, MEDIA VICTORIA djeung VICTORIA CHICA

1

2

3



Beberapa orang Maloekoe berpakaian „permainan perisai”.



Tiga orang Djailolo (Halmahéra).

GEURA

NJIMPËN

DI

**D. E. N. I. S.**

Rentĕnna agĕng nganggo  
atoeran coöperatie  
**BATI LOEAR BIASA**

Sim koering majar djalma<sup>2</sup>  
anoë njarimpĕn ti taoen  
1918 sarta geus 120 boelan  
lilana pada salĕtor f 4 17  
saboelan atawa f 500.—  
djoemlahna, dipoelangkeu-  
nana rata-rata  
f 828,59

Oepami andjeun aja maksad  
bade ngiangkeun poetra  
sina djarah ka Mĕkah,  
enggal geura njengtjele-  
ngan di sim koering

Geura maroendoet prospectus ka  
**D.E.N.I.S. DI BANDOENG**

## Kinanti

Barang geus liwat saminggoe, ti waktoe Trēsnaasih indit, Raden Barna toeloej nikah, ka noe geulis Neng Soearni, boengah mama-nananana, laksana sakarép ati.

Ka Trēsnaasih lat teu emoet, manah meulit ka Soearni, pa-panganten soeka-soeka, meh saban sore pëlèsir, ka Kialto ningal gambar, sélang-sélang toenggang mobil.

Tara towong saban minggoe, sok soekan-soekan pëlèsir, saka-peung ngidéran kota, sakapeung améng ka sisi, tjoerak-tjoerak njanuak rentjang, noe anu rēsép pëlèsir.

Di boemi meh tara soewoeng, koe tatamoe noe saroe ping, saban poé bae aja, anoe bade njampeur oelin, dasar waték geureuhana, istri noe rēsép pëlèsir.

Koe Barna hēnteu diemoet, hesena neangan doeit, tina kagélo koe garwa, bisa ngalap-ngalap ati, ngabengbat kana amengan, ari ka garwa koe asih.

Sakahojongna ditoeroet, koe tina kabeuli ati, bisa ngalélémoe raka, Raden Barna noe kabeulit, lali ka témah wadina, tina ka-toengkoei koe asih.

Babasan sanadjan goenoeng, lamoen dihantēm dikali, lila-lila tangtoe rata, Den Barna nja kitoe deui, barang geus rada lila mah, ngarasa boetoe koe doeit.

Noe saeomor tara ngandjoek, harita mah rēsép „mindring”, nohonan kahojong garwa, djaba Soearni pribadi, sok salingkoe andjoek-hoetang, hoetang samping hoetang éntjit.

Hoetang waroeng patoetoempoek, da rojalna liwat saking, sok rēsép toeng blek-blekan, mangkaning tara saeutik, djaba keur njoegoehan semah, ari pangala ngan gadjih.

Toetoep boelan sok mëléngoek, tanggal hidji séring poesing, tanggal doea hoemandeuar, tanggal tiloe ngindjeum deui, tanggal opat majar Arab, isok mah ngahoetang deui.

Hoetang doeit ka Seh Makmoer, djoemblah doea ratoes leuwih, geus lila henteu kabajar, atoeb Seh Makmoer teh poesing, malah nepi ka ngabéslah, atoeb Barna teh boerindil.

Goelak-gilék kari toeoer, tapi ari Neng Soearni, teu ras ka kasesah raka, kahojongna sabuari, dasar loembrahna manoesa, oepama koerang pangarti.

Boedina ge koerang aloes, hatena nja komo deui, Soearni nja kitoe pisan, dasar bakatna ti kadim, goreng lampah teu satia, koerang pangarti djeung boedi.

Bareto bangoen soemoedjoed, ajeuna mah lain deui, sok baeud djeung teu kaopan, lamoen saotak-saeutik, basana teh menta talak, lila ge woengkoel ririwit.

Gadjih ge da henteu tjoekoe, pakean geus ngaligintjing, di imah geus goembloeng-gamblang, henteu medja henteu korsi, henteu randjang-randjang atjan, dibéslah mani boerindil.

### Poetjoeng

Raden Barna ningal garwana sakitoe, djeung ngoeping saोजना, manah panas mani njédet, ngan dikandoeng sarta bangét nalangsana.

Manah Raden bingoeng koe doea koe tiloe, koe garwa djeung hoetang, katambah-tambah di kantor, ajeuna mah Raden séring diseukseukan.

Koe lantaran didamélna djadi moendoer, djeung rea salahna, roepa-roepa noe teu beres, toeroeg-toeroeg ngantorna sok séring élat.

Pang sakitoe përbawaning manah bingoeng, sarta lila-lila, didamélna tambah kotor, anoe djadi doenoengan bangét keuheulna.

Beuki lila beuki tambah teu paroegoeh, malah toengtoengna mah, Barna teh dilépas erpol, djadi tambah Raden Barna toenggarana.

Ari dahar oenggal poë oge koedoe, doeitna ti mana, ari rek balik ka kolot, teu kadoega rea noe djadi kaera.

Kabingoengna Rahaden Barna sakitoe, kawas koerang poeas, sabab aja-aja bae, Neng Soearni bobogohan djeung Soedjaja.

Bangët sèdih nalangsa kaliwat langkoeng, ragragan tjisotja, hoelang-hoelëng nanggeuj gado, ramboet koesoet balas sèring didjènggoetan.

Ngemoet-ngemoet rek nekad moelih ka Garoet, era ge wajahna, arek njalindoeng ka kolot, di Bogor ge da woengkoel meunang sangsara.

Mamanahan Raden Barna moendoer-madjoe, aja bade moelang, aja bade tètëp bae, pangërana di Garoet koe popotongan.

Emoet kana taladjakna noe kapoengkoer, mirak loeloeasan, geus tangtoe njërieun hate, ari ieu kawas aja wawalësna.

Ka Soearni meunang kawin goeroenggoesoeh, ari baloekarna, kadjaba ti njëri hate, banda beak digawe oge dilëpas.

Nja ajeuna koe Raden Barna kaemoet, kabelaanana, Ènden Trësnaasih bareto, keur bela teh tjintana tèroes djeung manah.

### S i n o m

Geus teu kiat koe toenggara, Raden mani koeroe aking, bawaning koerang pangrawat, koe lantaran Neng Soearni, ka Raden ènggeus lali, madjar tjinta ge kapoengkoer, keur Raden masih gandang, djënëng pangkat rea doeit, ajeuna mah geus roedin teu mirosea.

Tambah lampahna midoea, Raden tambah njëri ati, toengtoengna nja pipisahan, Barna bangët nandang sèdih, kèrsana bade moelih, moro sèpoeahna di Garoet, era oge wajahna, tina taja djalan deui, da ngilari padamëlan ge teu aja.

Malikan noe ditjarita, kotjapkeun deui Trësnaasih, sanggeus nampa soerat talak, bangët ngarasa prihatin, sapopoë ngan sèdih.

teu ngareunah dioek-nangtoeng, ari ras koe doeriat, keur meudjuhna tjinta asih, ari ieu kapaksa koedoe papisah.

Komo barang meunang bedja, jen Raden Barna teh kawin, Trēsnaasih meh kapioehan, pikir njëri tambah peurih, hate asa disébit, ngan hadena rama-iboe, henteu pëtot ngoepahan, koe saoe noe leuleus manis, sangkan poetra lipoer pipikiranana.

Nja aja oge tapakna, lila-lila mah Trēsnaasih, pikirna teh rada lédjar, teu pati sarédih teuing, radjeun oge kaseuit, tapi geuwat dililipoer, malah lila-lila mah, meh leungit sama sakali, pasrah lilah soemërah sabar tawëkal.

Kotjap deui Raden Barna, ka Garoet parantos moelih, tobat ka iboe ka rama, soedjoed njoehoenkeun aksami, doemeh Raden keur tadi, sasat ngawiwirang sěpoeh, iboena djeung ramana, ningali poetrana nangis, hawatoseun ladjëng poetra dihampoera.

Katjaritakeun isoekna, Raden angkat ti Paminggir, amëngan ka Sindangheula, ka boemina Neng Trēsnaasih, isin mah liwat saking, tapi bangët hojong tēpoeng, arek menta hampoera, ka sampak Enden di boemi, keur ngarioeng tiloan djeung iboe-rama.

Barang gok pada rareuwas, soemawonna Neng Trēsnaasih, mani olohok kasima, barangna Raden geus tjalik, toengkoel sëmoe noe isin, sadjongdjongan mah mëlëngoek, bingoeng teu manggih këtjap, boeboehan sěpoeh noe soerti, pok tataros bangoen anoe sono pisan.

Ngawangkong malapah gëdang, sanggeus sawatara lami, Raden njaoer tjoemalimba, tjipanon njangkroeng baridjil, bangoen noe bangët sëdih, sila mando bari toengkoel, noe mawi abdi dongkap, soemëdja nëda aksami, tina abdi roemaos jen agëng dosa

Moegi oelah kirang-kirang, ngahapoentën ka sim abdi, reudjeung sadjaba ti eta, Raden rea-rea deui, saoe rama bari nangis, Trēsnaasih rama djeung iboe, anoe kapoengkoer panas, barang ningal Raden nangis, timboel wëlas dasar noe laer aisan.



Diemoet jen geus djamakna, manoesa teh sipat laip, hēnteu loepoet ti gogoda, Den Barna mah komo deui, wantoning rea istri, anoe koe Raden kadoejoeng, djadi rea panggoda, nadjan tadina teu noli, lila-lila Raden roeboeh koe rantjana.

Dasar noe gēde hampoera, Trēsnaasih noe soetji ati, babasan landoeng kandengan, tambah emoet jen djeung wargi, tjek kolot mah pamali, lamcen ka baraja njatro, sanadjan popotongan, tapi baraja teu leungit, tētēp hade teu njoengkēlit mamananan.

Meh saboelan ti harita, sanggeus tēpoeng djeung Trēsnaasih, Brana kasoeat doeriat, tjintana kahoedang deui, katingalna Trēsnaasih, tambah geulis tambah loetjoe, ari ras koe belana, soemoe-djoedna ka salaki, Raden Barna rek njoba-njoba malikan.

Oenggal poē lalamoenan, aringgis sieun ditampik kapokeun koe noe katoekang, djeung deui asa arisin, doemeh Raden keur tadi, mirak loeloeasan roesoeh, katambah ajeuna mah. Raden roemaos geus miskin, doemeh Raden teu kagoengan padamēlan.

#### A s m a r a n d a n a.

Barang dina hidji wantji, Raden Barna nampi sērat, walonan rēkes bareto, ti kontrak ēnteh di Negla, jen Raden teh katampa, digadjih dalapan poeloeh, itoeng-itoeng pērtjobaan.

Raden bangēt soeka ati, iboe-rama ngiring soeka, tjarita gantjangkeun bae, Barna geus angkat ka Negla, ngaboedjēng padamēlan, di kontrak kidoeleun Garoet, nilarkeun kaabot manah.

Raden midamēl di pabrik, kenging pangkat djoeroesērat, didamēlna apik gētol, toer kamanah koe doenoengan, Raden kenging poedjian, gadjih ditambah sapoeloeh, teu kira-kira boengahna.

Salira geus poelih deui, oeroet bēgang iga ragas, ajeuna mah djadi montok, Raden masih lalagasan, ajeuna aja niat, malikan anoe kapoengkoer, Trēsnaasih rek ditanjaan.

Tapi moen djonghok mah isin, toeloj ditjoba koe soerat, djaba njoeratan ka Ēnden, Raden njērat ka sēpoehna, njarioskeun mak-sadna, gantjangna anoe ditjatoer, sērat koe Ēnden katampa.

Trēsnaasih noe hade ati, istri noe djēmbar hampocra, hēnteu aja basa kapok, teu ngemoetkeun kanjĕrian, dina emoetanana. kapoengkoer mah nja kapoengkoer, teu pĕrloe digcegat-goegat.

Toer Raden geus balik pikir, djangdji rek ngalĕboer tapak, moal deui-deui serong, ari sĕpoeuh djeung sĕpoeuh mah. noemoetkeun kĕrsa poetra, kĕbat anoe dipitjatoer, Raden ka Ēnden geus nikah.

Nja nikah kadoea kali, toer pada saroea soeka. lain koe pangwoedjoek kolot, Barna ajeuna mah sĕnang, tambah-tambah njahna, leuwih-leuwih ti kapoengkoer, meuli-meulina ka garwa.

Ibarat noe dagang roegi, ari ieu poelang medal, djadi tambah sosen-sosen, ngoedag karoegianana, asoep kana babasan, roegi djadi djalan oentoeng, lantaran moekakeun akal.

Raden Barna djeung Trēsnaasih, djadi tambah saloeloetna, loelos-moelos boemen-boemen, hēnteu aja koetjiwana, kanjĕrian baheula, koe kasĕnangan kalimpĕd, moesna teu aja tapakna.

Noe aja sĕnang djeung soegih, asoep kana paribasa, „sambĕl mĕdok bodjo denok”, matak rĕsĕp noe nendjona loelos roentoet djeung garwa, sakitoe anoe dijatoer, istri noe gĕde hampoera.



*Lamoen awewe ngadjalankeun papantjen gĕlarna ka doenja, lalaki tangtoe ngalartieun, jen asih teh leuwih gĕde adjina manan kakawasaan.*

OELAH MOENDOET ANOE SANES IWAL TI  
**ROTTI CABIN**  
T JAP  
**MĒRAK**




Ieu teh nja eta gambar kaleng wadah **ROTTI CABIN T JAP MĒRAK** koalitetna pangsaena ti antawis biskoeit bangsana mah; wĕdalan **TOKO GEO. WEHRY & Co, Importeurs**  
== **Rotti Cabin** noe pangägĕngna. ==

# HATOER OENINGA

Biskoeit Joyce Biscuits Ltd. wĕdalan Toko  
GEO. WEHRY & Co., Importeur ROTTI  
CABIN noe pangĕgĕngna, parantos  
mashoer tina koealitetna sarĕng raosna.  
Koe margi eta oelah moendoet merĕk  
sanĕs iwal ti BISCUITS JOYCE.

KANGGO NGADJAGI SANGKAN OELAH KALIROE,  
KĒDAH TENĖT KANA GAMBARNA:



No. 1 gambar pongpok kaleng noe masih diboengkoes.  
No. 2 gambar girirna sarĕng toeroebna kaleng noe parantos  
teu nganggo pamoengkoes, ari No. 3 pongpok eta kaleng  
===== parantos teu nganggo boengkoes. =====

## 19. TATANEN — DAGANG — KARADJINAN

### a. BOEKOE TANI.

Patanen anoe geus ngarti tangtoe pisan daek njatêtkeun kaloe-ar-aseopna doeit anoe patali djeung pakasabanana, nja eta pikeun nganjahokeun oentoeng-roegina.

Di dieu di handap arek ditêrangkeun koemaha atoeran nja-têtkeunana kaloe-ar-aseopna doeit, make tjonto sababaraha roepa sêtat tjatêtan.

Goenana tjatêtan teh êngke oge karasa lamoen geus dimimitian.

### KATÈRANGAN PONDOK.

1. Toeliskeun oenggal poë dina sêtat kaloearna doeit sagala hal anoe patali djeung pakasaban oerang. Dina kolom 1: boelan djeung tanggal; kolom 2: sagala pagawean; kolom 3: lilana pagawean anoe dilakoekeun koe djalma sedjen djeung sasatoan; kolom 4: doeit noe dikaloearkeun; kolom 5: lobana békêl noe ditjokot ti leuit atawa goedang pikeun gadjih djeung dahar; kolom 6: lilana pagawean anoe dilakoekeun koe sorangan djeung anak pamadjikan atawa djeung sato.
2. Toeliskeun dina sêtat *aso-pna doeit* sakabeh doeit noe katarima djeung katêrangan pangnarimana eta doeit. Pêpêlakan, saroe-pa-roepana ngabogaan kolom sorangan.
3. Itoeng sabaraha lobana hasil tina saroe-pa-saroe-pana pêpêlakan, sabaraha lobana doeit noe kaloe-ar djeung sabaraha lobana noe aseop.
4. Djoemblah eta itoengan teh koedoe ditoeliskeun dina sêtat *ringkêsan kaloe-ar-aseopna doeit* dina satêmpat-têmpatna.
5. Têroes tjatêtkeun dina sêtat békêl lobana beubeunangan anoe aseop ka leuit atawa ka goedang lamoen aja, sarta anoe dikaloe-arkeun ti dinja.
6. Dina moesim panas ka tompernakeun koedoe diitoeng oentoneg-roegina, ari ngitoengna tina angka dina sêtat *ringkêsan kaloe-ar aseopna doeit*.
7. Toeliskeun di beulah kentjaeun itoengan *oentoeng-roegina* tea: sakabeh doeit anoe katarima djeung anoe bakal katarima. Djeung toeliskeun deui di dinja pangadjina sesa békêl anoe aja keneh di goedang atawa dina leuit.

8. Tjatëtkeun di beulah *katoehoeëun itoengan oentoeng-roegina* tea sakabeh doeit anoe dikaloearkeun dina taoen eta, oepa-  
mana bae dceit anoe dipake majar padjég boemi.
9. Bilangan anoe aja di sabeulah kentja djeung katoehoe teh  
toeloej djocmlahkeun. Beubeunanganana anoe di beulah ken-  
tja koedoe disëboet doeit noe asoep, sarta anoe di beulah  
katoehoe doeit anoe kaloear. Bedana antara beubeunangan  
ngadjoemblah di beulah kentja djeung di katoehoe teh nja  
eta *bërsihna hasil tatanen*.
10. Ieu bcekoe sëtat teh kapakena ngan oekoer sataoen. Dina  
saban mimiti moesim hoedjan koedoe ngabogaan deui boekoe  
anjar. Boekoe noe geus dipake tea toeloej bae teundeun, bisi  
ëngke aja gawena.

---

*Djalma anoe maling ëmas, pandjara bagianana; djalma noe maling  
nagara sok toeloej diangkat radja.*

*Soepata noe djadi bapa moal moesna koe dikoembah, moal euweuh  
koe dibculeum.*

# DOEIT NOE KALOEAR

1	2	3		
Tanggal	P A G A W E A N	Djam atawa poë digawe make bajaran		
		lalaki	awewe	sato

# PIKEUN

4		5		6	
Doeit noé kaloe ar		Běhėkėlan		Pagawean sorangan, djam — poė	
pikeun gadjih ata- wa sewaan	pikeun ha- kanna djst. kapěrlœ- an koeli	pikeun ga- djih atawa sewaan	pikeun ha- kanna djst. kapěrlœ- an koeli	djeung anak-pa- madjikan	djeung sato



## DOEIT NOE ASOEP

Tanggal	Pare				
	Lobana	Hargana	Lobana	Hargana	Lobana

Hargana	Lobana	Hargana	Lobana	Hargana

# RINGKĚSAN KALOEAR

	Asoep	
	<i>f</i> .....	
Pare .....	" .....	
Hoei .....	" .....	
Kopi .....	" .....	
.....	" .....	
.....	" .....	
.....	" .....	
.....	" .....	
.....	" .....	
.....	" .....	
Djoemblahna .....	<i>f</i> .....	

# ASOEPNA DOEIT

Kaloear	KATĚRANGAN
<i>f</i> .....	.....
" .....	.....
" .....	.....
" .....	.....
" .....	.....
" .....	.....
" .....	.....
" .....	.....
" .....	.....
" .....	.....
" .....	.....
" .....	.....
" .....	.....
" .....	.....
" .....	.....
" .....	.....
<i>f</i> .....	.....

## ITOENGAN OEN

Doeit noe katarima tina paesahaan . . . . .	<i>f</i> .....	
Hargana sesa beubeunangan . . . . .	" .....	
Sewa tanah noe katarima . . . . .	" .....	
Doeit noe baris katarima . . . . .	" .....	
Djoemblah doeit noe katarima . . . . .	<i>f</i> .....	

TOENG-ROEGINA

Doeit noe kaloear dina paoesahaan . . . . .	<i>f</i> .....	
Doeit noe rek dibajarkeun . . . . .	„ .....	
Padjĕg (boemi) . . . . .	„ .....	
Sewa tanah . . . . .	„ .....	
ka . . . . .	„ .....	
ka . . . . .	„ .....	
ka . . . . .	„ .....	
Djoemblah doeit noe kaloear . . . . .	<i>f</i> .....	

Djoemblah asoepna doeit..... *f*.....

id. kaloearna „ .....

Bĕrĕsihna beubeunangan ..... *f*.....

## 6. NGADOEROEK TOENGGOEL

Pikeun ngaleungitkeun toenggoel soepaja beak djeung akar-akarna, hadena mah koedoe didoeroek ari ngadoeroekna kieu:

Mimitina oerang koedoe nalingakeun ti beulah mana datangna angin. Lamoen angin datangna ti beulah wetan, oerang koedoe ngali taneuh sawetaneun eta toenggoel tea, djaoehna kira-kira 2 kaki djeung roebakna 20 á 25 cm. Beuki deukeut kana akar pantjër toenggoel tea ngalina koedoe beuki djëro nëpi ka eta logak teh monteng, kira-kira nëpi ka 20 cm. djërona. Lamoen geus nëpi kana akar pantjër tea toeloej njokot awi goeloeutangan anoe pandjangna 3 kaki djeung garis têngahna 7 á 8 cm., noe hidji digolerkeun dina djëro rorakan tea noe hidji deui disarandekkeun kana toenggoel. Geus kitoe eta rorakan teh dioeroeg sing padët. Dimana geus salse toeloej eta awi teh ditjaboet. Djadi liangna aja doea, liang noe hidji njangsaja anoe hidji deui nëték. Liang anoe njangsaja tea diasoeupan arëng roehaj, dibogorogan tatal djeung roehak toehoer. Dimana eta roehak teh rek beak sarta seuneuna rek pareum, koedoe boeroe-boeroe eusian deui, nëpi ka eta toenggoel beak kabeuleum. Haseup eta doeroekan kaloe-arna tina liang anoe noetoeg tea, ari nganggërkeunana seuneu koe angin bae, noe matak liang doeroekan teh koedoe dina lëbah djalan angin.

Aja deui djalan sedjen pikeun ngadoeroek toenggoel teh, kieu prak-prakanana:

Eta toenggel teh dibor njoengsang ti beulah kentja ka katoehoe atawa sabalikna. Liang anoe meunang ngëbor teh toengtoengna koedoe aja sadjëroëun taneuh saeutik. Dina lëbah toengtoeng eta liang tea koedoe njeun logak noe gëdena doea kaki pasagi djeung djërona doea kaki deuih, nja eta pikeun tëmpat miroenan. Dina lëbah mimiti eta liang noe njoengsang tea dibor, oerang koedoe nangtoengkeun roeas boengbas, dilampat koe taneuh lëmpeeng soepaja pageuh. Lamoen doeroekan dina logak geus dipiroenan sarta haseupna kaloe-arna tina eta roeas, tetela seuneu doeroekan teh geus nërëkab ka djëro, moal lila deui oge eta toenggoel teh beak kadoeroek, katoet akar-akarna.

### c. DAGANG TITIT DINA ĒNDOG.

Di Tiongkok-Kidoel geus ilahar pisan toekang mēri teh sok ngadjaroealan titit dina ěndogna keneh; babakoena ngadjaroealanana teh ka Singapoer.

Mimitina ěndog-ěndog anoe rek dipĕgarkeun teh. boh noe rek dikirimkeun ka nagara sedjen. boh noe rek dipĕgarkeun di dinja sok dipanasan heula koe listrik atawa koe naon bae asal nanasna saroea djeung lamoen disileungleuman koe indoengna; ari lilana ti 9 nĕpi ka 10 poĕ. Sanggeus kitoe eta ěndog kakara ditjokotan tina pamanasanana, diteundeun dina ěrak paranti mĕgarkeunana, didjadarkeun.

Ēndog-ěndog kirimkeuneun ka nagara sedjen, misilna keur ka Singapoer, ditjokotanana tina pamanasanana teh, pidalapan atawa salapan poĕeun deui kana mĕgar; ari makscedna nja eta sangkan eta ěndog-ěndog tea bisa mĕgar sanggeus tiloe poĕ lilana aja di tĕmpat noe dikiriman tea.

Ngirimkeun titit koe djalan kitoe teh tangtoe leuwih gampang. sabab ringkĕs, katoeroeg-toeroeg ongkosna ngan 1/5-na tina ongkos ngirimkeun titit noe geus dipĕgarkeun, djaba ti eta ka oerangna teu matak poesing deui. da teu koedoe ngoeroes parabna teu naon. Kaoentoenganana leuwih gĕde ti batan dagang ěndog biasa atawa titit.

Doeka ti iraha cerang Tiongkok bogaeun akal kitoena, teu bisa nĕrangkeun, ngan sigana bae geus lila oge. Tjeuk noe tatjan njoba-njoba mah meucun pamohalan ěndog bisa mĕgar lamcen teu disileungleuman, da ěndog hajam oge sok djadi katjingtjalang lamoen koerang njileungleumanana teh. Tapi moenggoehing pikeun anoe sok nalingakeun hiroepna sasatoan mah, moal heranun kana hal ieu teh.

Dina Indische Boerderij, nja eta poestaka mangsa anoe njaritakeun hal ieu, ditĕrangkeun jen ieu hal teh geus lila dita-loengtikna koe noe palintĕr, malah tjek sakaol mah aja bangsa manoeek anoe tara nĕleungleuman ěndogna, ari nĕndogna sok dina goendoekan keusik atawa dina lianĕ di d'ĕro taneuh. Mimitina mah disangka jen eta ěndog bisa mĕgar teh lantaran koe panasna panonpoĕ atawa koe panasna taneuh, tapi ncerotkeun katĕrangan Dr. Stresemann mah lain kitoe. Bĕnĕr aja manoeek bangsa hajam anoe tara njileungleuman ěndogna tea mah, malah di dieu oge aja, di Hindia, sapĕrti di: Lombok, Floris,



Soemba, Ceram, Boeroe, Nieuw Guinea djeung di sedjen-sedjen poelo deui. Ari ngëndogna eta manoeek teh sok dina taneuh di leuweung djeung sok diroengkoepan koe taneuh deuih, nēpi ka djiga goegoenoengan katembongna teh; dēmi loehoerna tempo-tempo aja noe leuwih ti doea metēr.

Aja deui sabangsa manoeek anoe sok ngëndog di djēro taneuh; ari njieun liangna koe dikorehan tjara hajam keur kokoreh (tjatjakar) neangan kahakanan bae. Gēdena eta liang teh aja noe sametēr, nja kitoe deui djērona. Dimana eta manoeek tas ngëndog, ēndogna tea sok toeloej disaeuran koe taneuh poeraj.

Di Viatom, hidji poelo leutik deukeut Nieuw Pommeren, aja anoe nērangkeun kieu: Di eta poelo manoeek bangsa hajam teh kaitoeng loba oge. Ēndoganana biasana sok dina tēmpat noe ioeh di leuweung, babakoena dina tjangkērēdong oeroet tatangkalan roentoeh atawa moen teu kitoe sok njarieun liang sorangan bae. Dimana ēntas ēndogan, ēndogna tea sok dioeroegan koe taneuh bear. Noeroetkeun tjaritana oerang dinja, lobana ēndog anoe sok kapanggih dina hidji-hidjina liang teh. ti 6 nēpi ka 8 siki; eta ēndog-ēndog tea tara ngoenggoel diadi sagoendoekan tjara ēndog tjangehgar, tapi hidji-hidjina ēndog pada ngabogaan liang sewang-sewang. Neanganana eta ēndog, manoeek, koe noe koerang paham mah rada hese oge, tapi ari noe geus biasa mah babarieun pisan sabab taneuh noe aja ēndogan keneh mah biasana sok haneut.

Eta katēranan teh beunang oge dipērtjaja, sabab sagala katērananana kabeh kaboektian. Toekang neangan ēndog anoe geus paham mah koe saliwat oge geus tjoekoep nikeun nganjahokeun aja keneh atawa geus euweuhna ēndog di eta liang teh. Omongna: Da beda ari noe aja keneh ēndogna mah taneuhna sok haneut.

Toean Stresemann nērangkeun kieu tina hal eta: Ēndog anoe geus kosong tiisna leuwih gantjang manan noe teu atian mēgar; ēndog anoe kakara turet diēndogkeun sok panas. barang ieu toeloej bae dirimboenan koe taneuh. atoech panasna teh teu leungit. Katoeroeg-toeroeg deui eusi ēndog teh bogaeun bakat panas. komo lamoen anakna geus mimiti mangroepa mah, panasna teh beunang disēboetkeun geus teu bisa ngoerangan deui nēpi ka mēgarra. Pondokna: *ēndog teh bisa mēgar sorangan, teu koedoe disileunaleuman deui.*

Mēri kaasoep kana bangsa manoeek anoe tara njileungeluman

ëndogna koe maneh. Toekang dagang ñndog mëri, sok ngangon mërina; loeloegoena nja eta baris nalingakeun ñndogna, doemeh mëri ñndoganana sok di mana bae, tara doemoek di hidji tẽmpat, lantaran tara njeungleum tea.

Lamoen oerang hajang mëgarkeun ñndog mëri, biasana sok sina dísileungleuma: koe hajam. Naha lamoen teu disileungleuman moal mëgar kitoe? Noeroetkeun katẽrangan noe geus ditẽrangkeun di loehoer, nja eta akalna toekang dagang anak mëri di Tiongkok-Kidoel tea, asa moal teu bisaeun mëgar koe maneh

Aja deui anoe boga pamanggih sedjen tina hal ieu, nja eta sobatna toean Stresemann, kieu: Dina hidji waktoe eta toean narima sawatara ñndog mëri, sarta kabeh geus aja noe njaropongan. Ana diboeka sahidji, di djẽrona teh geus mangroepa; tajohna mah pangna ditjopongan teh pikeun nangenkeun geus mangroepat-tajanna. Sanggeus katangen kitoe toeloej liang-liang dina ñndog noe sedjen tea dilampat koe kẽrẽtas sarta diteundeun dina parako lamoen di oerang mah. Sanggeusna meunang sawatara poẽ lilana, eta ñndog teh kakara diteang; andjeunna reuwaseun, doemeh eta ñndog pohara panasna, nẽpi ka bogaeun sangka jen eusina tea tangtoe paraehna. Koe lantaran kitoe, toeloej eta ñndog-ñndog teh dipindahkeun tẽmpatna, hẽnteu dina parako deui, tapi dina tẽmpat anoe meudjuehna hawana. Dina adjaman andjeunna isoekna baris diteang deui; tapi roepana bae kapoyohokeun doemeh diteangna deui tea sanggeus heuleut sawatara poẽ ti harita. Eta toean kageteun pisan doemeh eta ñndog masih haneut keneh sarta ti harita mah oenggal poẽ eta ñndog-ñndog teh sok dititenan. Barang lilana kira-kira geus saminggoe, kakara aja noe mëgar.

Eta katẽrangan netelakeun ka oerang jen ñndog mëri teh bisaeun mëgar koe maneh. Lamoen oerang leukeun sarta daek sapẽrti cerang Tiongkok-Kidoel, moal salah deui tangtoe oerang oge bisa neangan kaontoengan koe djalan kitoe, nja eta ngadjoel mëri ka nagara deungeun make eta akal.

---

*Pati-hoerip gẽlarna teh babarẽngan, taja noe heula-pandeuri; boektina ambẽkan anoe mimiti geus dipake njojeng oemoer.*

## MANGLE

### TJATOERANGGA TITIRAN DJEUNG TIKOEKOER \*)

Dina mangsa haneut mojan, waktoe Mas Loerah keur ngandjang ka Hadji Moekti noe beunghar di kampoeng Goenoeng, andjeunna sasaoeran kieu ka priboemi: „Mang, naha ari ěmang koe bogohan kana ngingoe titiran djeung tikoekoer, da alo mah ti baheula oge teu kaberean rěsěp, eta ongkoh babakoena mah teu tiasa miarana djeung teu těrang ka noe sae-awonna.”

Priboemi: „Tangtos alo mah moal rěsěp; malah aja babasan kieu: kana sagala oge, lamoen teu bisa djeung teu njaho, sok teu rěsěp. Alo teu iasa miarana sarěng teu oeninga ka noe sae-awonna tangtos moal rěsěp; da ěmang mah anoe tiasa miarana sarěng těrang kana tjatoeranggana noe sae noe awon, lih geuning teu boeroeng rěsěp kana ngingoe manoeck teh.”

Tatamoe: „Tah, tah, geus něpi kana bab tjatoerangga, tjobi tjarioskeun alo hojong těrang.”

Priboemi: „Mangga, soegan teu harilap deui; kieu sakatěrang ěmang mah, noemoetkeun kasaoeran kiai di Bantěn, waktos ěmang keur masantren dina taoen Masehi 1895.

### Bab sisit

Lamoen oerang rek miara titiran koedoe dipilih heula, karana oenggal manoeck oge, pada ngabogaan watěk hade djeung goreng. Ari atoeran milihna kieu: bilang sarta djoemlahkeun lobana sisitna tina koekoe djadjangkoengna kentja-katoehoe něpi kana toeoerna, beubeunangan ngadjoemlahkeun teh toeloelj dibagi toedjoe. Lamoen njesa hidji sisit eta manoeck dipěgarkeunana ninggang dina sa'at bintang Kamar, watěkna kana sagala pagawean aloes, asal noe miarana teh oelah wani-wani milampah pagawean noe dilarang koe sjara, moen salamět tina eta larangan, alamat rea noe asih.

2. Lamoen njesa doea sisit, eta manoeck dipěgarkeunana ninggang dina sa'at bintang Djoehro; watěkna noe miara eta manoeck diadi djalma berehan rěsěp toetoeloeng, sarta bagdjana darareukeut.

---

\*) Kintoenan djoeragan O. Partadirědja, Tjisaroen, Bogor.

3. Lamoen njesa tiloe sisit, eta manoeek dipëgarkeunana ninggang dina sa'at bintang Oetorid, watëkna aloes dipiara koe ahli dagang, djoeroe tani, kaoem boeroeh; njalamëtkeun kana sagala pagawean, sarta noengtoen ngalobakeun pangarti.

4. Lamoen njesa opat sisit, eta manoeek dipëgarkeunana ninggang dina sa'at bintang Sjamsoe, watëkna përtengahan, hadena aja, gorengna aja; tjindëkna bagdja-tjilaka oentoeng-roegina, soekadoekana noe miara eta manoeek, datangna bakal saroea reana atawa lilana.

5. Lamoen njesa lima sisit, eta manoeek dipëgarkeunana ninggang dina sa'at bintang Marich, watëkna goreng lamoen dipiara, matak ngalobakeun moesoeh, noengtoen paras, dipikageuleuh koe batoer salëmboer.

6. Lamoen njesa gënëp sisit, eta manoeek dipëgarkeunana ninggang dina sa'at bintang Zoehal, watëkna goreng ngadeukeutkeun pibalaieun, sarta noengtoen kana ngëdoel, ëmboeng kana sagala lampah.

7. Lamoen njesa toedjoeh sisit atawa tjiplës teu njesa, eta manoeek dipëgarkeunana ninggang dina sa'at bintang Moesjtari watëkna aloes kana sagala lampah tangtoe meunang bagdja gëde, asal noe miara eta manoeek oelah wani-wani ngalampahkeun kagorengan.

Tëgësna: manoeek noe hade dipiara teh, noe sisitna njesa, hiji, doea. tiloe opat djeung toedjoeh, ari noe sisitna njesa lima atawa gënëp, eta gorëng."

Tatamoe: „Ilih koetan kitoe, alo mah nëmbe tërang ajauna. kana sisit soekoe manoeek teh."

Priboemi: „Lërës kitoe, malah salian ti hal sisit oge aja deui tjiri-tjiri noe sanes, kanggo ngatawiskeun watëkna manoeek noe sae noe awon."

Tatamoe: „Tjopi mangga tëraskéun atoe!"

Priboemi: „Mangga, kieu geura:

### Bab tjiri-tjiri noe sedjen

1e. Lamoen manoeek sisit soekoena doeanana beulah, ti beh hareup, dingaranan Radjararasan, watëkna matak moedjoer kana dagang.

2e. Lamoen manoeek bodas djangdjangna doeanana, dingaranan Satriakangoëbëng, watëkna dipikaasih koe pangagoeng.

3e. Lamoen manoeek koneng boedjoerna, dingaranan Djiwamangpang, watėkna anak somah djadi pangkat, anoe miskin djadi soegih.

4e. Lamoen manoeek hideung mėlės, dingaranan Wisnoemėngoe, watėkna kaimpoengan koe pangagoeng.

5e. Lamoen manoeek sėmoe hideung, dingaranan Tjitrawana watėkna kaimpoengan koe boedjang.

6e. Lamoen manoeek boeloean soekoena; dingaranan Radjaboena, watėkna ngadjoengdjoeng loba sarat, bawana tiis, katoeroet koe banda.

7e. Lamoen manoeek sėlap dina hoeloena salambar, dingaranan Panditahadji watėkna bisa mindingan balai.

8e. Lamoen manoeek hoeloena koekoetjiran, dingaranan Panditahadji keneh, watėkna kocat ngadjoengdjoeng kana sagala maksoed.

9e. Lamoen manoeek beulah dadana tėroes kana boedjoerna, sarta boeloe boentoetna aja lima wėlas lambar, dingaranan Radjabrahmana, watėkna teu teurak koe seuneu.

10e. Lamoen manoeek bodas koekoena kabeh tėroes kana pamatoekna, dingaranan Bantardjagat, watėkna teu teurak koe bangsa sėndjata api.

11e. Lamoen manoeek bodas pamatoekna, dingaranan Pėpėndėman-ėmas, watėkna nėtėpkeun kana sagala maksoed.

12e. Lamoen manoeek bodas dadana, dingaranan Koesoemawisnoe-tjarita, watėkna dipikaasih koe menak.

13e. Lamoen manoeek djamboel, dingaranan Panditahadji keneh bae, watėkna ngadjoengdjoeng kana djėnėng.

14e. Lamoen manoeek bodas koekoena dalapan, dingaranan Gėdongkinoentji, watėkna ngadjaga banda.

15e. Lamoen manoeek boeloena hideung parat kana pamatoekna, dingaranan Mawatjitra, watėkna loba rėdjėki.

16e. Lamoen manoeek hideung boentoetna kabeh, dingaranan Wisnoemangėnoe, watėkna loba ngadatangkeun doenja.

17e. Lamoen manoeek bodas harigoena parat kana pamatoekna, dingaranan Sėmoetjitra, watėkna naon bae noe dimaksoed ngadjadi.

18e. Lamoen manoeek boentoetna gėnėp atawa salapan, dingaranan Loearmidjil, watėkna hade pikeun pipiaraan pandita.

19e. Lamoen manoeek matana tjara siki dalime, dingaranan Poernama, watėkna ngalobakeun sobat.

20e. Lamoen manoeek hideung matana doeanana parat kana pamatoekna djeung soekoena, dingaranan Wisnoemaer, watékna djadi toembal nagara.

21e. Lamcen manoeek bodas boeloena salambar njélap dina hoe-loena tēroes kana boentoetna, dingaranan Pantjoeran-ēmas, watékna moal manggih kasoelah.

22e. Lamoen manoeek dina beuheungna kaloeng koneng, dingaranan Koemplit, watékna gampang kana sagala oesaha.

23e. Lamoen manoeek boeloena saperti bidoeri, boentoetna saperti sikat, matana saperti katjang herang, dingaranan Poesपालidjati, watékna ngalobakeun pangarti, hade dipiara koe pandita.

24e. Lamoen manoeek bodas boeloe djangdjangna noe katoehoe salambar atawa tiloe lambar, dingaranan Taradjoe-ēmas watékna hade dipiara koe soedagar.

25e. Lamoen manoeek bodas boeloena salambar atawa leuwih dina hoeloena, dingaranan Palēgasan, watékna moal koerang ridjki.

26e. Lamoen manoeek bodas hoeloena tēroes kana djangdjangna, dingaranan Panditamarat, watékna tara koerang koe ridjki.

27e. Lamoen manoeek bodas koekoena hidji dina djadjangkoengna, watékna saperti Djiwamangpang.

28e. Lamoen manoeek bodas koekoena doea dina djadjangkoengna, watékna saperti Radjararasan.

29e. Lamoen manoeek bodas koekoena doea di hareup, doea di toekang, watékna saperti Radjaboeana.

30e. Lamoen manoeek bodas koekoena tiloe di hareup, doea di toekang watékna saperti Satriakangoebēng.

31e. Lamoen manoeek bodas koekoena gēnep, watékna saperti Panditahadji.

32e. Lamoen manoeek bodas koekoena toedjoeh, watékna saperti Radjabrahmana.

33e. Lamoen manoeek bodas koekoena 9, ngitoeng djeung senggēhna, watékna saperti Pēpēdēman-ēmas.

34e. Lamoen manoeek bodas koekoena 10 djeung senggēhna, watékna saperti Bantardiagat.

35e. Lamoen manoeek bodas boeloena salambar atawa leuwih, njélap dina djangdjangna, watékna matak njaring pikiran.

36e. Lamoen manoeek bodas boeloena salambar atawa leuwih, watékna noelak kana angin.

37e. Lamoen manoe**k** bodas boeloe djangdjangna doeanana salambar sarta tēroes kana boentoetna, watēkna kana seuneu, angin, tjai sarta loba noe asih.

38e. Lamoen manoe**k** boeloena doea bēlas roepa, watēkna kana naon bae sagala lampah matak djadi oentoeng.

39e. Lamoen manoe**k** bodas taktakna, watēkna hade keur pamikat.

40e. Lamoen manoe**k** ngēloek pamatoekna, watēkna ngadeukeutkeun daradjat.

41e. Lamoen manoe**k** hideung ēlak-ēlakanana djeung sisitna, sarta dampal soekoena beureum, watēkna sae dipiara koe pangkat.

42e. Lamoen manoe**k** bodas atawa borontok djangdjangna, watēkna sae dipiara koe doekoen.

43e. Lamoen manoe**k** boeloe napas, eta goreng, dingaranan Bērama Laboet, watēkna rea noe geuleuh.

44e. Lamoen manoe**k** bodas soengoe**t**na, eta goreng, dingaranan Bērama Naga, watēkna panas djeung djaoeh rēdjeki.

45e. Lamoen manoe**k** boeloena sēmo**e** beureum, eta goreng, dingaranan Bērama Soesoeri, watēkna ngalobakeun panjakit.

46e. Lamoen manoe**k** bodas kelekna doeanana, eta goreng, dingaranan Kalakapipitan, watēkna matak loba panjakit.

47e. Lamoen manoe**k** bodas koekoena doea di hareup, hidji ditokang, eta goreng, dingaranan Doergangērik, watēkna matak mindēng pasea.

48e. Lamoen manoe**k** bodas koekoena lima di hareup, goreng, dingaranan Doergangaroek, watēkna rēmēn gēringan.

49e. Lamoen manoe**k** beuheunna kaloeng sēmo**e** hideung, eta goreng, dingaranan Wisnoekoentjen, watēkna matak ngoelowoet hate noe boga.

50e. Lamoen manoe**k** boeloe monjet eta goreng, watēkna matak dareukeut kana lalara."

Saoer Priboemi hari nērandēg sakeudeung „Tah sakitoe katērang ēmang tina bab tiiri-tiiri manoe**k** mah."

Tatamoe: „Naon deui mang tanda-tandana noe sedjen pikeun nēnāhokeun hade-gorengna manoe**k**?"

Pariboemi: „Kadiabi ti noe ditataan bieu oerang kēdah nēngētkeun deui kana sorana. karana sorana o**e** sok nēadidikeun kana watēkna tea, sakatērang ēmang tina hal sorana kieu:

## Bab sorana.

1e. Manoek noe sorana: poerkoetoet, poerkoetoet, poerkoetoet, tiloe kali ngaroeontoej, eta goreng, watékna matak loba kasoelah.

2e. Manoek noe sorana: poerkoetoet eta goreng, watékna minděng balangsak anoe miara.

3e. Manoek noe sorana: sorgědong top, eta goreng, watékna ngaleungitkeun banda sarta deukeut gěgěring (kasakit).

4e. Manoek noe sorana: sorgědong papak, eta goreng, watékna matak ngabingbangkeun hate noe miara.

5e. Manoek noe sorana: warkataktak, sae watékna loba rědjeki.

6e. Manoek noe sorana: langkoepoek, sae watékna moen leumpang njar rědjeki babari meunang toer eta rědjeki teh hese oendoerna deui.

7e. Manoek noe sorana: langkětěkoeng, sae, watékna rea balad djeung rea rědjeki.

8e. Manoek noe sorana: keongkok, eta sae, watěna kana sagala lampah meunang oentoeng sarta kagěnahan.

9e. Manoek noe sorana: norgětěk, sae, watékna kinasihan koe sagaia djalma.

10e. Manoek noe sorana: warpoekět, sae, lamoen aja kasoelah sok gantjang leungit.

11e. Manoek noe sorana: wangkoeng, sae, watékna kaimpoengan koe pangagoeng.

12e. Manoek noe sorana: sorgědong, watékna njěnangkeun ka noe miara tapi sok ngědoel balangsiar.

13e. Manoek noe sorana: larkeupat, sae, watékna loba noe asih djeung loba rědjeki.

14e. Manoek noe sorana: boeroeloek, sae, watékna ngaloba-keun batoer.

15e. Manoek noe sorana: lar ka těpas, sae, watékna kaimpoengan koe baraja.

16e. Manoek noe sorana: poerkětoek, eta sae, watékna ngadjoengdjoeng kana dagang.

17e. Manoek noe sorana: langtoeng, eta sae watékna nganjaringkeun pikiran noe miara.

18. Manoek noe sorana: wangsakoekoek, sae, watékna ngaboengahkeun kana hate noe miara.

19c. Manoek noe sorana: haoekoeng, sac, watékna ngaleber-



keun kana wawanen noe miara, sagala lampah taja kasieun.  
20e. Manoeek noe sorana: langkoengkoeng, sae, watékna ngadjoengdjoengkeun ka noe miara sarta loba noe asih.

21e. Manoeek noe sorana: poerkoetoet, sarta disadana bari koekoerilingan, eta teu aja watékna naon-naon."

Priboemi bari ngarot: „Tah sakitoe katěrang teh."

Tatamoe: „Bo, edas, paingan atoeah ari noe rek meser manoeek sok hajangeun njaho sorana, koetan sorana oge djadi tjiri kana watékna. 'tjobi soegan aja keneh, naon deui tjiri-tjirina?'"

Priboemi: „Kantėnan aja keneh mah, kieu geura:

### Bab disadana

1e. Oepama manoeek disadana ngěloek, disěboetna Ratoema-noek, watékna, taina beunang dipake oebar njėri panon, tjėnah; doeka dikoemahakeun ngoebarkeunana ěmang oge teu ngartos.

2e. Oepama manoeek disadana ělak-ělik, disěboetna Djanggala, watékna hade keur djontrot.

3e. Oepama manoeek disadana sore-rore, disěboetna Gědong-noetoep, watékna matak sėnang anoe miara.

4e. Oepama manoeek disadana isoek-isoek, dingaranan Gědong-moeeka watékna loba rědjėki.

5e. Oepama manoeek disadana sore poekoel 8 atawa 9, watėkna sapėrti Gědongkinoentji.

6e. Oepama manoeek disadana ti peuting, goreng watėkna, sapėrti Doerga Ngaroek.

7e. Oepama manoeek disadana rěboen-rěboen, goreng, watėkna sapėrti Doerga Ngėrik.

8e. Oepama manoeek disada salantjar, goreng, watėkna matak koerang akal noe miara."

Priboemi: „Parantos teu aja deui, ngan sakitoe katěrang ěmang pikeun milih tjiri-tjiri manoeek noe sae djeung noe awon teh."

Tatamoe: „Ari eta mang geuning make sok dimandian djeung diloloh sagala, koemaha atoeranana djeung koedoe koe naon ngalolohna teh?"

Priboemi: „Euh, palaj oėninga bab ngamandian sarėng ngaloloh, atoeah eta mah gampang. Noeroetkeun noe sok dilampahkeun koe ěmang mah kieu:

## Bab ngamandian

Ngamandian manoeek teh biasana dina dintën Djoemaah wantji têngah dintën, lantaran nja harita sa'atna noe sae.

Ti isoek-isoek keneh anoe rek ngamandian teh kédah parantos sasadiaan pikeun sarat-saratna, soemawontën oepami ngamandianana bade seueur mah.

Děmi noe djadi sarat-saratna ieu: 1e. daoen kelor seueurna 7 taroek, 2 daoen paria seueurna 7 lambar, 3 daoen dadap pahang noe keur meumeudjehna 7 lambar. Eta dangdaoenan noe 3 roepi teh tēras digalēj dina tjai noe rek dianggo ngamandianana, sarta dimana eta tjai parantos djadi hedjo, kakara manoeekna tea dimandian; dikoetjoeran atanapi dikeueumkeun sing doegi ka lantis pisan.

Saparantos toetas dimandian, eta manoeek kédah diuitenan deui, oepami liang iroengna kapěpētan koe kokotor, koe oerang kédah dikodekan koe djoekoet djampang sing apik sing doegi ka bērēsihna, geus kitoe kakara dilolah; dėmi lolohna ieu:

## Bab ngalolah

Sarat-saratna noe kédah disadiakeun nja eta: 1e tjabe areuj, 2e tjabe tjengek noe bareureum 3 siki, 3e kěmbang kalapa 3 siki, 4e daoen djawer kotok 3 lambar, 5e djahe gēde saeutik, 6e bawang beureum 3 sihoeng noe aralit beunang mēsekan, 7e kētan hideung 7 panon, 8e tarasi atah saeutik, 9e poetjoek (boros) sereh sagēde tjabe tjengek, 10e minjak kalapa.

Děmi atoeranana kieu: daoen djawer kotok digelang sing doegi ka leumpeuh, tēras dipeureuhkeun kana matana, ngadjaga sangkan oelah njēri mata.

Tjabe tjengek pitjeunan toengtoengna, toeloej hoewapkeun ngadjaga sangkan eta manoeek oelah moentjroet kokotorna.

Tarasi dihoeapkeun keneh bae, ngadjaga sangkan sorana hēnteu pilar (peujeuh).

Boros sereh deangkeun heula djeung minjak kalapa tēras hoeapkeun ngarah sorana longsong.

Děmi tjabe areuj, kěmbang kalapa, djahe gēde, kētan hideung kédah dirieus sing lēmboet sarta kédah bērēsih, dimana parantos, eta oge sami bae kédah dihoeapkeun. Tah sakitoe katērang ēmang mah."

Tatamoe bari gogodĕg: „Bo edas bangga geuning mang.”

Priboemi: „Kantĕnan; sakitoe mah tjĕkap.”

Tatamoe: „Kacjabi ti manoeek titiran manoeek naon deui noe aja tjatoerangana mang?”

Priboemi: „Manoeek tikoekoer oge ari alo, aja tjatoeranggana, manawi teu lĕpat kieu:

Tina hal milih sisitna, sami sarĕng milih sisit titiran, karana eta manoeek bangsana titiran keneh, noe bentĕn teh moeng tjiri-tjirina bae sareng disadana. Ajeuna oerang njarioskeun bab tjiri-tjirina tea.

1e. Manoeek noe boeloena sĕmoe beureum, eta goreng, watĕkna ngalobakeun panjakit.

2e. Manoeek noe boeloena beureum mĕlĕs teu katjampoeran noe sedjen, eta goreng, teu beunang dipiara.

3e. Manoeek noe roepana boeloe napas, goreng, watĕkna loba noe geuleuh.

4e. Manoeek noe roepana sĕmoe koelawoe, goreng, watĕkna ngoeloewoet hate.

5e. Manoeek noe roepana koelawoe, goreng, watĕkna panas loba noe sirik.

6e. Manoeek noe boeloena sĕmoe hideung, goreng, watĕkna loba moesoeh.

7e. Manoeek noe roepana boeloe monjet, goreng, watĕkna loba panjakit.

8e. Manoeek noe bodas harigoena, goreng, watĕkna noengtoen panas.

9e. Manoeek noe koekoena bodas, 2 di hareup, 1 di toekang, goreng, watĕkna sĕring meunang panjakit.

10e. Manoeek noe koekoena bodas 4, watĕkna koeat ngadjoeng-djoengkeun sarat, tapi loba panjakit.


11e. Manoeek noe koekoena bodas 5 di hareup, goreng, watĕkna rĕmĕn gĕringan.

12e. Manoeek noe boeloena hideung mĕlĕs tjara boeloe manoeek saeran, sae, watĕkna gĕde hate taja kasieun.

13e. Manoeek noe roepana sĕmoe rĕngge, sae, watĕkna kana doedoekoen.

15e. Manoeek noe boeloena sĕmoe hideung sarta aja londongna hedjo, eta sae, watĕkna kana dagang.

16e. Manoeek noe boeloena rĕngge bĕnĕr, sae, watĕkna sok rea noe asih.



Pelaboehan di Tapa'tocan (Atjéh).

Tatamoe bari gogodög: „Bo edas bangga geuning mang.”

Priboemi: „Kantënan; sakitoe mah tjékap.”

Tatamoe: „Kaájabi ti manoeek titiran manoeek naon deui noe aja tjatoerangana mang?”

Priboemi: „Manoeek tikoekoer oge ari alo, aja tjatoeranggana, manawi teu lépat kieu:

Tina hal milih sisitna, sami sarëng milih sisit titiran, karana eta manoeek bangsana titiran keneh, noe bentën teh moeng tjiri-tjirina bae sareng disadana. Ajeuna oerang njarioskeun bab tjiri-tjirina tea.

1e. Manoeek noe boeloena sëmoe beureum, eta goreng, watëkna ngalobakeun panjakit.

2e. Manoeek noe boeloena beureum mëlës teu katjampoeran noe sedjen, eta goreng, teu beunang dipiara.

3e. Manoeek noe roepana boeloe napas, goreng, watëkna loba noe geuleuh.

4e. Manoeek noe roepana sëmoe koelawoe, goreng, watëkna ngoeloewoet hate.

5e. Manoeek noe roepana koelawoe, goreng, watëkna panas loba noe sirik.

6e. Manoeek noe boeloena sëmoe hideung, goreng, watëkna loba moesoeh.

7e. Manoeek noe roepana boeloe monjet, goreng, watëkna loba panjakit.

8e. Manoeek noe bodas harigoena, goreng, watëkna noengtoen panas.

9e. Manoeek noe koekoena bodas, 2 di hareup, 1 di toekang, goreng, watëkna sèring meunang panjakit.

10e. Manoeek noe koekoena bodas 4, watëkna koeat ngadjoeng-djoengkeun sarat, tapi loba panjakit.


11e. Manoeek noe koekoena bodas 5 di hareup, goreng, watëkna rëmën gèringan.

12e. Manoeek noe boeloena hideung mëlës tjara boeloe manoeek saeran, sae, watëkna gède hate taja kasieun.


13e. Manoeek noe roepana sëmoe rëngge, sae, watëkna kana doedoekoen.

15e. Manoeek noe boeloena sëmoe hideung sarta aja londongna hedjo, eta sae, watëkna kanq dagang.

16e. Manoeek noe boeloena rëngge bënëer, sae, watëkna sok rea noe asih.



Pelaboehan di Tapa'toean (Atjéh).



Gedong Sekolah Hakim Tinggi jang baroe (R. H. S.) di Weltevreden.

17e. Lamoen manoeek boeloena hedjo bënëer, eta sae, watëkna kana naon bae kalakoean noe boga djadi oentoeng.

18e. Manoeek noe bodas harigoena tëroes kana boentoetna, eta sae, watëkna salamët dina djero pagawean.

19e. Manoeek noe boeloena seiap dina djangdjangna salambar atawa leuwih, sae, watëkna kana angin.

20e. Manoeek noe boeloena sëláp dina boentoetna salambar atawa tiloe lambar, sae, watëkna kana seuneu.

21e. Manoeek noe seiap dina boeloena salambar, sae, watëkna ngadjaga balai.

22e. Manoeek noe sëláp dina boeloena salambar tëroes kana boentoetna, eta sae ibarat boga pepëndéman émas, watëkna moal manggih kasoelah.

23e. Manoeek noe sëláp dina djangdjangna kentja salambar atawa leuwih, sae, watëkna loba noe asih.

24. Manoeek noe boeloena koekoetjiran, sae, watëkna koekat kana ngadjoengdjoengkeun sarat djeung loba noe asih.

25e. Manoeek noe boeloena djainboel, sae, watëkna diraksa sakabeh banda djeung loba noe asih.

26e. Manoeek noe koneng londongna tëroes kana liang taina, eta sae, watëkna taja goenja kinasihan, kana sagala lampah djadi oentoeng.

27e. Manoeek noe bodas koekoe djadjangkoengna doea, sae, watëkna kana dagang.

28e. Manoeek noe bodas koekoe djadjangkoengna hidji, sae, watëkna anoe miskin djadi beunghar.

29. Manoeek noe bodas koekoena 3 di hareup, 2 di toekang, sae, watëkna loba noe asih.

30e. Manoeek noe bodas koekoena 6, sae, watëkna bisa mindi-ngan balai.

31e. Manoeek noe bodas koekoena 7, sae, watëkna teu teurak koe seuneu.

32e. Manoeek noe bodas koekoena 8, sae, watëkna ngadjaga sakabeh banda.

33e. Manoeek noe bodas koekoena 9 djeung senggehna, eta sae, watëkna nëtëpkéun sakabeh maksoed.

34e. Manoeek noe bodas koekoena 10 djeung senggehna, eta sae, watëkna teu teurak koe sëndjata api.

35e. Manoeek noe boeloena sëmoe paoei, sae, watëkna ngaloba-keun pangarti.



36e. Manoeek noe boeloena 7 roepa, sae, watékna loba rědjėki djeung loba noe asih.

37e. Manoeek noe boeloena borontok sae, watékna kana sagala lampah meunang kagėnahan.

38e. Manoeek noe bodas atawa tjarambang djangdjangna eta sae, watékna loba rědjėki.

39e. Manoeek noe djangdjangna bodas kabeh, sae, watékna ngalampahkeun naon bae djadi oentoeng.

40e. Manoeek noe boentoetna 11 atawa 15 lambar, sae, watékna kinasihan koe sakabeh djalma.

41e. Manoeek noe bodas hoeloena tėroes kana pamatoekna djeung soekoena kabeh, matana saperti widoeri, eta pangsaena, watékna moeng Goesti Allah noe oeninga."

Priboemi: „Tah sakitoe pamėndak ěmang tina hal tjiri-tjirina noe aja dina manoeek tikoekoer, ajeuna oerang tėraskeun kana bab disadana:

1e. Noe disadana njėboet maneh sarta kėrėp, eta goreng, watékna ngalobakeun kasoelah.

2e. Noe disadana koekoerilingan, goreng, watékna sagala lampah tara djadi.

3e. Noe disadana salantjar teu aja ěnggoekna, goreng, watékna noengtoen panas.

4e. Noe disadana koekoerilingan sarta make ěnggoek sakali, goreng, watékna ngoendoerkeun banda.

5e. Noe disadana ngėloek, sae, watékna loba ngadatangkeun banda.

6e. Noe disadana aja ěnggoekna sakali, sae, watékna djadian kana sagala pėpėlakan.

7e. Noe disadana ngėloek, sarta ěnggoekna doea kali, sae, watékna alamat meunang daradjat.

8e. Noe disadana koekoerilingan sarta ěnggoekna doea kali, sae, watékna kana ngadjaga banda.

9e. Noe disadana ngėloek sarta ěnggoekna tiloe kali, eta pangsaena, watékna moal kakoerangan rědjėki, kinasihan, disalamėtkeun tina sakoer pagawean sarėng didjaga sakabeh balai.

10e. Noe disada ti peuting sarta aja ěnggoekna, sae, watékna alamat meunang rědjėki.

11e. Noe disada ti peuting sarta teu aja ěnggoekna, goreng, watékna rek meunang kasoelah.

12e. Noe disada ti peuting sarta saėnggeusna toeloj gėgė-

rěpěkan, goreng, alamat rek aja bangsat noe rek maling banda noe miara."

Priboemi: „Parantos ngan sakitoe bab tjatoerangga manoeek titiran sarěng tikoekoer teh."

Tatamoe: „Noehoen mang, diwartosan; ari parantos těrang kieu mah alo oge bade miara titiran."

---

LAKOE LAMPAH DJALMA NOE OETAMA. \*)

*Dangdanggoela.*

*Lakoe lampah djalma noe oetami,  
ieu kaloeur ti oegėran dharma,  
tara soemingkir teu tjeeh,  
tara roeboen koe ripoen,  
pagėmpoengan ajalma oetami,  
tara gapong harapa,  
loejoe dina aloes,  
malah geus djadi babasan,  
djadi sindir noe kėdah asak dipikir,  
diboeka silokana.*

*Kieu oengėl sindir anoe tadi,  
noe oetama moen jakin manahna,  
jasa njered sarungenge,  
ana tutapa djoedjoer,  
doegi kiat ngadjoengdjoeng boemi,  
djelėma noe oetama,  
tempat soemalindoeng,  
djau toenggoel pamajoengan,  
ti bihari dongkap ka alam kiwari,  
djaradi pangoengsian.*

---

\*) Kenging mėtik tina Dewi Sawitri S. No. 819. Pangaosna f 0.25

## 20. PANGAWÉROEH AWEWE

### a. ROEPA-ROEPA PITOEDOEH

#### Ngabërësihan samak

Samemeh diseuseuh, koedoe disikat heula sing bërësih, toeloej digëboegan, sabab kokotor anoe aja dina samak, dimana katjaian, sok pageuh, hese dibërësihanana.

Alkëtip tapas dibërësihanana kieu: mimiti koedoe digëboegan toeloej digosok koe tjisaboen, kakara dikoembah koe tjai bërësih, geus kitoe geuwat poë, moëna koedoe digantoengkeun.

Samak boeatan Djëpang djeung boeatan nagara Tjina ngabërësihanana koedoe ati-ati pisan, sabab sok babari roeksak. Oenggal poë koedoe disapoean koe sapoe anoe iëmës pisan djeung koedoe mindëng disoesoetan koe lamak meunang ngabaseuhan koe tjisaboen; geus kitoe geuwat poë, moëna digantoengkeun beberkeun sing rata, oelah karëndoe.

#### Ngabërësihan sapatoe

Ngabërësihan sapatoe koelit anoe badag tapi herang.

Mimiti pëlëdoeg atawa leutak anoe narapël dina eta sapatoe koedoe disikat heula sing bërësih, kakara disëmir; njëmirna koe sikat leutik sing walatra, sisi-sisina, keuneungna, ti handapna oge anoe teu napak kana taneuh mah koedoe disëmir; geus kitoe geuwat sikat koe sikat sapatoe anoe badag, oelah ngadagoan toehoerna sëmir tea djeung oelah waka eureun njikatna, samemeh gilap sarta koelitna toehoer pisan.

Sapatoe koelit përlak, dibërësihanana koedoe dikosok koe lamak anoe leuleus. Oepama koelitna roemeuk, kosok koe sëmir hideung anoe kimpël (kitoe soteh lamoen sapatona tea hideung) atawa koe minjak saladah saeutik.

Sapatoe bodas ngabërësihanana kieu:

Mimiti disikat heula sina bërësih, kakara dipoelas koe kapoer sapatoe beunang ninjoeh koë tjai, toeloej dipoë. Dimana geus toehoer pisan toeloej disikat deui.

## Ngaběrēsihan tas koelit hideung.

Mimiti beulah djěrona heula disikat sing běrēsih: tas anoe ti sabeulah djěrona make lapis lenděn, njikatna make tjoeka beunang njampoeran tjai. Ari beulah loearna dikosok koe sěmir sapatoe (sěmir kimpěl) tjara ngaběrēsihan sapatoe anoe gilap tea.

Tarekah anoe pangbabarina kieu:

Saban doea atawa tiloe boelan sakali eta tas koedoe dikosok koe pasělin koněng. toeloej dikosok koe lamak anoe lēmēs.

## Mitjeun tarotol tina koelit

Lamoen tarotolna tea anjar keneh, bisa leungit koe dikosok koe soesoė anoe haneut koekoe, koe bensin atawa koe tjisaboen.

Tarotol anoe geus lila, tara leungit deui.

## Milih laoek

Oepama oerang rek meuli laoek, pěrloe oerang nitenan heula. naha eta laoek noe rek dibeuli teh sěgěr keneh atawa geus běntěk.

Tjitjiiren jen sěgěr keneh, kieu:

1. Tina baoena, beda anoe sěgěr keneh mah.
2. Dipěntjet koe tjoeroek, naha eta laoek teh ngěnjod atawa hěnteu.
3. Mata laoek noe sěgěr keneh mah herang toer boeleud.
4. Asangna beureum běrēsih.

## Ngaběrēsihan laoek

Oepama laoekna hiroep kenah, maehanana koedoe ditarok hoe loena. Toeloej disisitan masing běrēsih, geus kitoe dibělek beuneungna, dipeudjitan koedoe beunang katoet ka lamad hideungna. Tidinia dikoembah. Oepama laoekna gěde, hade dipěnggėlan.

Kade hampěroena oelah nēpi ka peupeus. karana lamoen peupeus sarta tihampěroena tea njěrėp kana daging laoek, laoekna oepama didahar sok pait.

## Ngasakana

Abroeskeun kana tjai anoe ngagolak anoe beunang ngoejahan;

dimana geus rada leuleus, koedoe ditjoekaan saeutik, ngarah la-  
oekna peungkeur.

Katjirina jen geus asak, oepama tjetjepetna ditarik molonjon  
(sanggeus meunang 10 mēnit).

### N g a g o r e n g l a o e k t j a i

Samemeh digoreng, digalēj djeung oejah make pēdēs saeutik,  
toeloej keueum kira-kira meunang samēnit dina tjai beunang  
njampoeran koe tjoeka, noe dipalay soepaja dimana digoreng  
oelah rapēt kana katel.

### b. ROEPA-ROEPA MASAKAN

#### A n g e u n l o d e h k ē l ē w i h .

Kēlēwih 2 hoeloe beunang mēsek dipitjeunan hatena, toeloej  
dikeureutan sagēde-gēde indoeng leungeun, digodog nēpi ka ěm-  
pōek; dimana geus ěmpoek tjipanggodoganana dipitjeun.

Boengboena:

Bawang beureum beunang njisik 1 sendok makan, bawang  
bodas 1/2 sendok makan, tjabe beureum beunang ngaharēb 1  
sendok makan, tjabe hedjo 1 sendok makan, ladja 1 sendok teh,  
peuteuj 4 papan diharēb, ebi 1 sendok makan, tarasi 1 sendok teh,  
salam 2 lambar, oejah sameudjehnnana, kaldoe 4 sendok; eta  
kaboh digalokeun djeung kēlēwih tea, digodog, diabroesan daoen  
tangkil sagēnggēm. Dimana geus ngagolak tioc tītjian tjipati  
(kalana 1/4 hoeloe, noe didjieun tjipati) seuneuan deui sing hade  
nēpi ka asakna, tapi oelah pētot ngotjek bisi peupeus tjipatina.

#### G o e d ē g i w o e n g .

Iwoeng bitoeng atawa iwoeng awi tali beunang ngabērēsihan  
dikeureutan sing galēde tapi sing arinis, kira meunang sapiring  
djēro, digodog nēpi ka asak (lilana kira-kira 4 diam); dimana  
geus asak, geus lungit paitna, tjaina koedoe dipitjeun.

Meuntjit hajam djadjangkār hidji. Sanggeus dikoembah toe-  
loej dirētjah; geus kitoe digodog ditjampoerkeun djeung iwoeng  
tea, tjaina sagajoeng.

Boengboena:

Katoentjar 1 sendok teh, djintën 1/2 sendok teh, ladja 1/2 sendok teh, bawang beureum beunang njiksik 1 sendok makan, bawang bodas 1/4 sendok makan, moentjang 5 siki, digalokeun direndos nëpi ka lëmboet, broes diabroeskeun kana godogan hajam tea; salamna 4 lambar, kalapa 1 hoeloe didjieun tjipati, oejahna sameudjehnana, tēroes digodogkeun deui sing nëpi ka asakna.

Angeun padamoro kangkoeng.

Kangkoeng 2 tēkēm, diharēb katoet gagangna, toeloej dikoembah sing bērēsih.

Kaldoe 1 kobokan pantji, kalapa 1/4 hoeloe didjieun tjipati, daging beunang ngeureutan 2 sendok makan, toeloej dipasak nëpi ka ngagolak.

Boengboena:

Bawang beureum 4 sihoeng, tjikoer kira 1/4 tjinggireun, ladja 1/4 tjinggir, katoentjar 1/2 sendok teh, tarasi 1/4 sendok teh, moentjang 4 siki dioelēg djadi hidji. Dimana gogodoganana geus ngagolak broes boengboena diabroeskeun, salamna 2 lambar. Kangkoengna diabroeskeunana barēng djeung boengboe tea, tēroes dioedēk nëpi ka asakna; oejahan sameudjehnana.

L ě l ě h o e.

Daging 1/2 pon digodog nëpi ka ěmpoek, disěwiran, diběběk nëpi ka lēmboet.

Boengboena:

Bawang beureum 4 sihoeng, bawang bodas 2 sihoeng, katoentjar 1 sendok teh, djintën 1/2 sendok teh, ladja 1/2 sendok teh, tarasi 1/4 sendok teh direndos, kalapa 1/2 hoeloe didjieun tjipati sing kěntěl, diabroekkeunana barēng djeung daging beunang ngaběběk tea goelana 1 sendok teh, salam 2 lambar, oejah sameudjehnana, digodog dina katel nëpi ka saat; dimana geus saat tēroes dikoerah-kareh sing nëpi ka garing pisan, tapi kade bisi toetoeng.

B a l o h a r.

Daging ěmbe 1 pon, digodog koe tjai 2 kobokan.

Boengboena:

Bawang beureum beunang njiksik 2 sendok makan, bawang

bodas beunang njiksik 1 sendok makan, tjabe beureum beunang njiksik 1 sendok makan, ladja 1 sendok teh, ketjap 1 sendok makan, tjoeka 1/2 sendok makan, oejah sameudjeuhnana, digalokeun djeung daging tea, sarta dipasak sing nēpi ka asakna. Oepama dagingna tea tatjan ěmpoek, tambahan deui tjaina koe tjai asak satjoekoepna nēpi ka dagingna tea ajoed.

---

KALAKOEAN NOE SOETJI WĒNING. \*)

*Dangdanggoela.*

*Kalakoean anoe soetji wĕning,  
ditampina koe djĕlĕma moelja,  
kalawan manah noe sareh,  
sarĕng kabingah kalboe,  
tina margi dina panggalih,  
geus aja kajakinan.  
jen lakoe noe moeloes,  
langgĕng 'mo aja roeksakna,  
kitoe deui moenggoehing lampah noe soetji,  
tara ngarah panggoepah.*

*Sinarĕngan moal nimboelkeun dir,  
oedjoeb. ria. anĕkoeh koemagoengan,  
soemawontĕn olo-olo,  
sarĕnσ moal nalaoenσ,  
wawalĕsna tanĕtos katampi,  
nja kitoe kabormatan,  
margina kawĕnσkoe.  
koe bakatna kamoelĕaan.  
anoe mawi dialma noe lampahna bĕrsih,  
sok agĕng bĕrĕkahna.*

---

\*) Kenging mĕtik tina *Dewi Sawitri S. No. 819. Pangaosna f 0.25.*

## MANGLE

### SALAH SANGKA \*)

#### Sinom.

Bandoeng djadi katjapangan, disarëbat Paris Indi, mashoer tēmpat pëlësiran, kadjoegdjoeg ti mana-mëndi. tjeuk saor pantoen boekti, Bandoeng mah heurin koe tangtoeng, teu beda ti boektina, oenggal dintën wara-wiri, noe atihngan njirnakeun kasëdih manah.

Taboeh lima di Baraga, nēmba hoeroeng listrik-listrik, baranang saboe ka siang, noe laliwat balawiri, babakoe noe pëlësir, wantoe noedjoe malēm Minggu, malahan Oedjang Barnas, damël djadi adjoen komis, angkat sēnang ngarendeng sarēng Moenigar.

Ari eta Nji Moenigar, poetrana djoeragan Hadji, noe beunghar di pasisian, Oedjang Barnas soeka ati, raosna geus katēpi, njangking moestika Goemoeroeh, noe djadi katjapangan, lain geulis beunang njangling, estoe lēbar moen teu ajorang panasaran.

Raos langkoeng toemaninah, noe bade nētēpkeun djangdji, ka kaler tēras angkatna, mapaj ngambah djalan rēsmi, rēg ngararan-dēg deui, sabab katoetoe koe pintoe, kareta api liwat, ploeit disada ngadjërit, wararaas kēlar djero manah Barnas.

Tidinja alon saorna, hēnteu tinggal boedi manis, wantoe ka djoengdjoenan manah, doeh Eulis sok tada teuing, oepami oerang hasil laksana kaoentoen tipoeng, oerang kael moendjoengan, ka ejang di Soekaboemi, oerang tēras ka Batawi pëlësiran.

Tjeuk abdi ge enggal-enggal, oelah kawas boedak leutik, kitoe Moenigar wangsoelna, djeung nembongkeun boedi manis, da abdi teh geus sidik, aja mama aja iboe, oepami sajaktosna, enggal bae geura soemping, abdi nanggël kana pihabileunana.

Amoeng ëngkang rada sēsah, ka mana ëngkang nja ngoengsi, geuning di boemi Eulis mah, aja ge pamēgët-istri, panērka ëngkang lain, lain mama lain iboe, Moenigar ngawalonan, atoe sahajaktosna teuing, da abdi teh di dieu ngadon ngoembara.

\*) Karangan djoeragan S Oeteuh, Haoerkoening, Bandoeng.



Ari noe sěring katingal, sajaktosna lantjeuk abdi, eta teh sa-rěng garwana, tjandakna ti Soekaboemi, ka dieu anjar ngalih, daměl kana goeroe bantoe, Barnas atöheun pisan, ti dinja těras ngoeriling, pělěsiran djadjah oenggal djalan běsar.

Ngareureuh di kěbon radja, ęnggeus lami indit deui, dongkap ka Soeniaradja, ladjěng pada neundeun djangdji, těras papisah deui, sami pada těgoeh koekoeh, kana niat rendengan, mo bisa dirobah deui, sami-sami ngait di djěro manahna.

Barnas datang ka imahna, njampak aja doea istri, djeung masihan hidji sěrat, datangna teu atjan lami, Djang Barnas soeka ati, sěratna dibatja těroes, oengělna jen raina, Nji Roekmini di Batawi, arek dongkap sarěng njoehoenkeun dipapag.

### Kinanti.

Sěneltren anoe ka Garoet, endjing-endjing ti Batawi, pandjangna loear biasa, toer sěsěk oenggal dareksi' rame noe toeroen noe oengguh, oerang Asing djeung Priboemi.

Hidji istri němbe toeroen, ngalirik djeung alak-ilik, tingkahna jatna djatnika, kajoengjoen anoe ningali, tandang gandang kabalanda, djeung teu eureun larak-lirik.

Teu lami gělěnjoe imoet, kaget sakoer noe ningali, soegan teh deuk ngawawoehan, boro deuk njerengeh seuri, ahir bět kawiwirangan, noe geulis koe matak isin.

Horeng sarěng Barnas imoet, sami pada bingah ati, sanggeus sami sasalaman, ka raka njaoer Roekmini, kang ęnas oerang arangkat, hajang těrang Bandoeng rai.

Panasaran koe panjěboet, disarěbat Paris Indi, ngan handjakal babawaan, kopěr masih di bahasi, ęngke bae walon Barnas, oerang těboes koe si Koerdi.

Ngaliwat ka Pasar Baroe, bęngong manahna Roekmini, lantaran anjaran nintjak, kota Bandoeng anoe rěsmi paingan atoe paingan, didjoegdjoeg ti mana-měndi.

Doeloer noe sono kalangkoeng, wantoe tiloe tahoen leuwih, sami pada teu kapëndak, ana prok teh tēpang deui, njaratjapkeun kasonoan, da sieun teu panggih deui.

Sahidji istri ti poengkoer, ngoentit ngintip ngintil-ngintil, tadina bade balandja, ka pasar rek barang beuli, ningali panata Barnas, siga anoe ngadoe rēsmi.

Ngadadak nambahan napsoe, ari eta istri tadi, sihareng Njai Moenigar, manahna asa disēbit, tjoea asa dipapanas, karaosna njēri peurih.

Manahna djadi takaboer, garēgēt ka Barnas kibir, los ka pasar ngadon sasar, njiar goela meuli sisir, tēroes bae nitih kahar, moelih da teu raos pikir.

### Pangkoer.

Moenigar geus di boemina, ka rakana pērmisi bade noempi, dadakoe saोजना oedoer, reuwas pisan rakana, Nji Moenigar di kamar geus noetoeup pintoe, njēblak manah sisiakan, ngagoeling kana goegoeling.

Manahna teu pisan hegar, kalalētir pikir lir ngoeping tjihtjir, ratoeg toetoenggoelan kalboe, manahna hēnteu sabar, teu karaos tjisotja njoeroetjoed ngoetjoer, geus emoet njabakan bantal, moenggal djibroeg koe tjitangis.

Sasambat di djēro manah, adoeh Goesti Alah noe maha soetji, moegi maparin pitoeloeng, maparin kasabaran, oelah sampe hate doemoegi mangpaoeng, lantaran koe dipapanas, koe Barnas noe djalir djangdji.

Hate abdi sakalintang, nandang bimbang anoe teu aja tanding, dibandingkeun sarēng goenoeng, gēde keneh kalēwang, dibandingkeun sarēng leuweung loewang-liwoeng, noe tara kasaba djalma, liwoeng keneh hate abdi.

Hadena teu kabeunangan, koe si Barnas noe joeni tjara angin, rarah-ririh siga ngoengoen, da hajang beubeunangan, noeroestoendjoeng estoe teu djaoeh ti bangoen, ajeuna bongan sorangan, kadjeun hēnteu djadi kawin.

Moenigar njoesoet tjisotja, geus bërësih ti kamar tēras bidjil, geus di loear deui toeloelj, angkat deui ka kamar, manah gilig geus loeas anoe saestoe, tret njērat sahidji sērat, ngagētēr barina noelis.

Ari oengēl eta sērat, pondok pisan jen geus teu aja milik, baris kana lambat-lamboet, sarēng taja harēpan, niat kawin koe ieu soerat geus poetoēs, mēgatkeun tali toenangan, disēbat lantaran bēntji.

Njēbatkeun bongan sorangan, sanggeus salse diprangkoan ditoe-  
lis sēpoed tapak djalak tiloe, ari biasana mah, sok ngadjoeroeng boedak leutik ngaran Idroēs, masih tatanggana Barnas, poelang-  
anting weureu doeit.

Katjarita Oedjang Barnas, keur tjaralik doeaan djeung Roekmini, ngararot di tēpas pajoen, sami pada goenēman, Barnas naros, koemaha rama pangestoe, sadajana koela-warga, noe aja di Soekaboemi.

Nji Roekmini ngawalonan, sadajana aja bērkah Jang Widi, tētēp bae sakapoengkoer, ngan poetra mamang Anwar, saer mama geus meunangkeun goeroe bantoe, samalah ka Bandoeng pindah, karah aa tjan tingali.

### Asmarandana.

Aa karek manggih sidik, jen Ombing di dieu aja, na di mana matoehna teh, naha mamang Hadji Anwar, koe hēnteu ngawar-  
tosan, tjeuk Roekmini doeka atoe, abdi ge kakara tērang.

Li ke oerang pēlēsir, mapaj-mapaj di Baraga, bari ngarah li wanoh, ka Njai Moenigar tea, tadi geus disoeratan, diadjak ka aloen-aloen, walon Roekmini soemangga.

Teu lila Idroēs poentjēngis, bari mawa-mawa soerat, Barnas nampi sēmoe atoh, barang soerat diilikan, geuning noe tadi tea, soemoehoen atch tjeuk Idroēs, abdi ge kalintang heran.

Sērat titah bawa deui, Erteng kalah ngadēlekan, atoe abdi tampi raos, Idroēs teu pandedjang tjarita, sartana ngadjaoehan, noe kantoen Barnas mērēngoet, teu harti naon sababna.

Roekmini oge teu ngarti, henteu lami antarana, datang sahidji oepas pos, mamawa sahidji soerat, koe Barnas geus katampa, diboeka dibatja teroes, kapoëkan Oedjang Barnas.

Roekmini bangët teu ngarti, teras ditjokot amplopna, kakara djadi ngahartos, reh Moenigar afzenderna, tibalik parangkona, sêratna dibatja teroes, paingan atoe paingan.

Saoerna djeung rarah-ririh, maksadna bade ngoepahan, kang Énas di C. B. Z. ge, seueur pigëntoseunana, asal kersa amëngan. saopami dintën Minggoe, geura ieu abdi boga.

Roekmini loempat ka boemi, koesiwël tina kopërna, ka Barnas ningalkeun potret, tah ieu geura kang Énas, anoe keur dipapanas, asal oerang Karangsoewoeng, toenanganana geus nikah.

Barnas sanggeusna ningali ka Roekmini ngawalonan. aa keukeuh njëri hate, lantaran teu boga salah, Moenigar kitoe pëta, dina soerat noedoe palseo, padjah aa goreng tekad.

Tidinja Njai Roekmini, ngahajoe-hajoe ka Barnas, maksad ngalëldjar hate, hajang angkat mapaj-mapaj, kota anoe rësmina, tidinja Djang Barnas teroes, ngagoegoe saer raina.

### Dangdanggoeia.

Hidji delman ngambah djalan rësmi, leumpang sùdëng teu këndor teu gantjang, eureun di hareupeun toko, doea istri taroeroen, teras lëbët ka toko mandjing, teu lami kalaloeur, bangoen teu panoe-djoe, tjeuk noe hidji ah eta mah, ai Ikar tjeutjeu teu sapoek djeung ati, roepana kasar pisan.

Teras deui eta doea istri, madjoe ngidoel ajeuna mah angkat, bade mapaj toko-toko, barangna eukeur kitoe, Barnas sarëng Njai Roekmini, parëngan papaliwat. Moenigar ngarandjoeg, kawas noe digëbah matjan, kareuwasna henteu aja anoe nanding, ningali Oedjang Barnas.

Barnas oge barangna ningali, ka Moenigar asa popotongan, rada tampi raos oge, kékëtëgan noeroegtoeg, ngan Roekmini barang ningali, goepjak soeka manahna, bari teras njaoer, doeh ai Ombing teu njana, koe tjeutjeu teh ai eukeur dilari, sarëng koe aa Énas.

Saoer Ombing adoeh tjeutjieu Ini, rai noehoen diparëng patëpang, na di mana ajeuna teh, Njai Roekmini imoet, di Batawi kapan keur koeli, nëmbe kana kanidat, përlöp doea minggoe, noehoen tjek Ombing saoerna, mangga atoe ka ditoe ka rai tjalik, walon Ini ngiringan.

Saoer Barnas naha ai Ombing, mana pindah hënteu ngawartosan, sinarëng saha raka teh, di mana ai matoeh, ari ieu saha noe ngiring, toengkoel Njai Moenigar, ladjëng Ombing njaoer, ieu teh Njai Moenigar, ajeuna mah rai teh përenah adi, margi waris noe mawa.

Barnas seuri dina djëro ati, tapi soesah era koe Moenigar, toengtoengna teu bisa ngomong, Njai Roekmini ma'loem, teras njaoer ka Njai Ombing, mangga atoe ka mana, ai noe dimaksoed, tjeutjieu mah sëdja ngiringan, maksad oge ka Bandoeng niat pëlësir, hajang ngadjadjah kota.

Sarëng deui neang oea istri, sarëng doeloer ieu aa Ënas, katiloe hajang pasondong, sarëng aji saestoe, walon Ombing teu aja deui, ajeuna mah marangga, ka aji ka ditoe, ëngke deui pëlësir mah, sarëng abdi soemëdja diiring-iring, etangan sosoan.

Oerang boeroe gantjangna ngagoerit, sadongkapna ka Ombing boemina, soeka anoe katatamon, Nji Moenigar katjatoer, keur di poengkoer naros ka Ombing, tjeutjieu eta teh saha, wangsoel Ombing doeloer, poetra C. S. pangsioenan, tjek Moenigar garwana eta noe istri, ngawalon ih doeloerna.

Nji Moenigar manahna kalëtir, hënteu sabar ngalantoeng ka latar, tjahja panon djadi awor, sarëng Barnas noe mawoer, pek lahlahan Barnas ngalahir, doeh Eulis Nji Moenigar, ëngkang sangët paer, doemoegi ka ilang sabar, nampi sërät pikir djadi kalalëtir, ampir deuk njorang sasar.

Manah sëdih Moenigar ngalahir, ngawaktjakeun anoe djadi mar-ga, balaka teu akon-akon, toengtoengna Barnas imoet, saajeuna koemaha Eulis, bade kalaladjëngan, Nji Moenigar toengkoel, abdi nëda dihampoera, geus roemaos kabodoan diri abdi, doemoegi salah sangka.

## 21. ROEPA-ROEPA KANJAHO

### a. NGADJIWAKEUN

Tangtoe rea noe masih keneh ingët waktōe ngadjiwakeun di oerang, ka tompernakeun tahoen 1920. Harita geuning katjida pakëpoekna prijaji B. B. djeung ponggawa desa teh, tjeuk wiwilanganana maranehanana teu sèmpët dahar atawa sare-sare atjan, lantaran tjabakeunana sakitōe ngaleujana.

Kapala desa, mantri poelisi, tjamat, wadana, kontrolir nja kitōe deui bopati di ditōe di dieu pada ngajakeun koempoelan pikeun mere njaho ka djëlëma rea, babakoena ka noe kapapan-tjenan njatjahkeun, koemaha prak-prakanana ngadjalankeun eta pagawean. Balangko djeung kartjis dikirimkeun mangpëti-pëti ka sakoeliah wëwëngkon Indonesia.

Moal boa rea noe nanja sorangan di djëro hatena: Djung naon eta balangko teh? Keur naon pagawe Nagara ngajakeun koempoelan sakitōe mindëngna? Naon goenana ka oerang? Atawa balangko noe sakitōe noempoekna teh woengkoel kapalajna gëgëden-gëgëden ti Batawi bae? Rek dikoemahakeun ëngkena angka-angka beubeunangan ngadjiwakeun noe sakitōe reana teh? Djung saha atōeh eta angka-angka teh djeung keur naon deuih?

Hënteu helok, tangtoe rea noe tjan ngarti kana maksoed njatjahkeun teh. Didjalankeunana koe mangpoeloeh reboe djëlëma, sarta lain oerang Priboemi bae, ieu mah sakabeh golongan rajat pada didjiwakeun: Tiong Hoa, Walanda, Arab djst. kolot-boedak noe kaja, noe miskin, teu dibedakeun.

Dina tahoen 1930 Nagara rek ngadjiwakeun deui. Nili! kana sare'atna, moal gagal noe bakal kapapantjenan koe eta pagawean teh tangtoe leuwih rea batan noe ënggeus, nja eta waktōe ngadjiwakeun dina tahoen 1920 tea. Koe lantaran eta, kawasna përéloe oge ditërangkeun — tapi rek dipondokkeun bae — asal-moeasalna pangna rajat sok didjiwakeun teh, kitōe deui maksoedna katoet gawena.

Saënjana njatjahkeun teh geus aja ti babaheula ti samemeh taram-taram kana aja itoengan tahoen Masehi, nja eta di nagara Babylon, Persi, Mësir, Èroem, Djëpang djeung di Tiongkok.

Dina ka tompernakeun abad ka 18 djeung di awal abad ka 19 tambah loba bae nagara-nagra noe njatjahkeun djiwana teh, komo sanggeus tahoen 1850 mah beuki nërëkab bae djeung atōe-

ranana mindëng dirobah nëpi ka lila-lila mah djadi sampoerna pisan.

Ajeuna ui oenggal nagara, di Eropa djeung di karerean nagara-nagara di banoea sedjen geus ilahar sok njatjahkeun djiwana, sarta waktoena, biasana sok ditëtëpkeun.

Hindia Inggris pohara kawëntarkeunana tina hal kaberesan njatjahkeun djiwana. Eta nagara mimiti njatjahkeunana dina taon 1871, téroes nëpi ka ajeuna oenggal 10 taon sakali Sanadjan djiwana mangratoes-ratoes joeta djeung lëgana saba-baraha joeta km; kitoe geui basa-basa Priboemina beda-beda oge — dina waktue njatjahkeun përloe make 20 basa — tapi hasilna mah beunang disëboet hade. Koe kitoe tea mah koemaha teu rek hade, da abdi-abdi noe geus kasinoengan elmoe sosison ngabantoean ka Nagara.

Ngadjiwakeun teh ongkosna teu saeutik djeung lain pagawean loeloemajanan deuih.


Naha aja goenana kitoeh, nce matak njatjahkeun sakitoe digoeloeloekeunana teh? Koe oerang oge kapikir, moal ënja Nagara gana-gana ngahalkeun ngadjalankeun eta pagawean, make waragad anoe sakitoe gëdena, lamoen euweuh goenana mah, sarta teu sak deui paedahna teh tangtue gëdena, boektina oenggal nagara pada njatjahkeun djiwana.

Ënja, bënë! hal njatjahkeun teh hënteu soelaja tina pangira, gëde pisan mangpa'atna ka Nagara teh, nja kitoe deui ka oerang rea.

Djëlëma noe ati-ati, rikrik, gëmi kana parëdjëkianana tangtue moal sëpi-sëpi nitenan paesahanana. Misilna: soedagar, përloe njaho reana doeit noe kaloeur djeung noe katarima atawa hidji-hidjina barang noe tjan pajoe, sabab lain ngan bakal kanjahoan sabaraha pibatieuunana bae, tapi djeung bakal bisa ngatoer paesahanana pikahareupeun deui, soepaja kaoentoengnana nambahan. Barang noe katjida „tarikna” koe manehna tangtue disadiakeun leuwih loba batan sasari, sabalikna noe „këndor” tangtue dikoerangan atawa bisa djadi moal ditambahan deui koe manehna.


Djoeroe tani koedoe njaho sabaraha hasil sawahna atawa këbonna, soepaja bisa kanjahoan oentoengna. Djaba ti eta manehna përloe njaho reana binih pikeun mcesim noe kasanghareupan deuih.

Awewe noe goemati imah-imah moal kakoerangan dahareun,



Kantor Pos jang baroe di Bandoeng.





Pekerjaan Irrigatie di Brebes.

nja kitoe deui baris njahoëun papakean noe koedoe dihadean djeung noe koedoe diganti.

Lamoen ki soedagar koerang pangriksana, tégésna hënteu sa-përti noe ditjaritakeun di loehoer tadi, bisa djadi dina hidji waktöe manehna kakoerangan barang noe katjida rarisna atawa loba njañiakeunana barang noe hese pajoena; koe djalan kitoe lila-lila manehna bisa djadi-bangkroet lantaran barangna euweuh noe mareulian.

Patani noe oesahana ngan roegi djeung roegi bae, lila-lila mah radjakajana tangtöe beak didjoealan, nja kitoe deui lamoen teu boga binih atawa lamoen teu bisa njajagikeun binih satjoe-koepna, tangtöe moal bisa noeloejkeun paesahaanana atawa di bisana oge sabagian noe kapëlakan teh.

Awewe noe teu toelaten, bisa djadi dina hidji waktöe moal bogaeun dahareun atawa teu bisa ngahadean papakean anoe roeksak lantaran geus lain omeaneun deui.

Pamarentah oge beunang diibaratkeun hidji toegoe oempi noe loba tanggoenganana, atawa lir pangoeroes paesahan gëde noe patali djeung sakabeh djëlëma noe aja di wëwëngkonna. Poe-göeh bae toegoe oempi teh wadjib sakali-kalieun ngaroris kaa-jaan roemah-tanggana, kitoe deui pangoeroes paesahaan wadjib nitenan paesahaanana, pikeun nganjahokeun madjoe-moen-doerna.

Eta kabeh bakal kapanggih dina waktöe ngadjiwakeun. Geu-ra ieu di handap oerang djentrekeun malar atra katendjona.

Djiwa nagara lain ngan bakal kanjahoan reana bae, tapi tjajahna di hidji-hidji imah pisan bisa kanjahoan, kitoe deui lalaki-awewena, boedak-kolotna, malah geus laki-rabi-tatjanna boh randa-doedana, kabeh bakal kanjahoan katoet ka djoemblah-djoem-blahna. Djaba ti eta oerang bisa njaho rear... noe tanpa daksa, nja kitoe deui sagala roepa pagawean noe djadi pangoeпа djiwa abdi-abdi oge baris katoengtik.

Dina waktöe Nagara ngadjalankeun ihtiarna noe patjantel djeung pangadjaran, boekaan djalan, ngatoer tanah, Pamarentah teh përlöe njaho reana djiwa. Dina waktöe ngajakeun sakola, Pamarentah koedoe njaho tëmpat mana noe koedoe diheulakeun. Saratna taja lian ngan koedoe njaho heula djoemblah djiwa di satëmpat-tëmpatna. Misilna: aja 2<sup>e</sup> tëmpat anoe përlöe diajaan sakola, nja eta A djeung B, kaajaanana saroea, tapi di A djiwana

leuwih loba batan di B, tangtoe pisan noe koedoe diheulakeun teh A, lantaran djiwana leuwih loba tea.

Kitoe deui waktoe ngaboeka djalan. Samemeh njeun djalan gède — komo lamoen rek njeun djalan kareta api atawa trem mah — geus teu koedoe ditjaritakeun deui, koe Pamarentah tangtoe koedoe ditimbang- timbang heula népi ka asakna, naha kirakirana eta pagawean teh moal moebadir? Lamoen teu njaho reana djiwa, oerang hamo bisa ngira-ngira ngira sabaraha reana djëléma noe baris lalar-liwat di eta djalan.

Waktoe ngabagi-bagikeun tanah, oerang katjida pērēloena nganjahoekun sabaraha reana djiwa. Eta doea pēr kara katjida patjantelna di oerang mah. Tanah noe deukeut ka desa noe gēgēk eusina, tangtoe disajagikeun pikeun kapērlocanana oerang dinja bae, tapi lamoen teu sabaraha mah tjatjah-djiwana, eta tanah bisa djadi didjadikeun tanah erpah, sok moen oelah ngadjadikeun kabsuratan ka oerang desa bae. Dikaboel-hēnteuna koe Pamarentah ngadēgkeun atawa ngagēdean pabrik goela di hidji-hidji tēmpat, eta oge goemantoeng keneh kana tjarang-gēgēkna tjatjah-djiwa di eta tēmpat.

Pikeun nganjahoekun kasehatan di hidji-hidji tēmpat, nja kitoe keneh bae; misilna: di hidji kota reana djëléma noe maot dina saminggoe aja 100. Eta bisana dianggap meudjehna atawa loear biasa teh, goemantoeng kana reana tjatjah-djiwa di eta kota keneh bae. Lamoen djiwana tea loba, tangtoe teu matak kaget, tapi lamoen teu sabaraha, beunang disēboetkeun loear biasa; Pamarentah koedoe ihtiar soepaja oelah népi ka kadjadian kitoe deui.

Ngadjiwakeun teh lain ngan rek sakali bae, tapi sababaraha kali, biasana sakali-kalina teh heuleut 10 tahoen. Eta teh katjida pērēloena pikeun nganjahoekun ngoerangan atawa nambahanana tjatjah djiwa di hidji-hidjina tēmpat atawa pikeun nalingakeun poendah-pindahna djalma. Sanggeusna ditjatjahkeun, kakara kanjahoan tēmpat-tēmpat mana noe ngoerangan atawa noe nambahan tjatjah djiwana, sarta Pamarentah tangtoe ihtiar pikeun kamadjoean eta tēmpat-tēmpat soepaja pangeusina oelah népi ka ngoerangan deui.

Nagara pērēloe oge nganjahoekun djoemlahna lalaki djeung awewe nja kitoe deui oemoerna, djeung salian ti eta malah pikeun oerang rea oge eta teh, katjida pērēloena. Reana djiwa lalaki djeung awewe teh koedoena mah saroea, tapi lamoen kanja-

hoan reana tea, teu saroea, boh awewe noe leuwih batan lalaki, atawa sabalikna, koedoe boeroe-boeroe diiktaran soepaja matang deui, lantaran bisa djadi aja matakna kana karahardjaan nagara.

Waktoe nimbang-nimbang kapërloean rajat pèrëloe oge dikanjahokeun reana kolot djeung boedak. Nagara noe rea baroedak r.gorana, beunang dimisilkeun hidji tangkal noe keur meudjehna këmbangna, leuwih rea këmbangna beuki loba boeahna. Lamoen boeahna tea leubeut, tangtoe koedoe disadiakeun tempat noe lëga pikeun neundeunna. Lamoen djiwa noe geus kolot oemoerna tea saeutik, eta hidji tanda jen di eta tempat moendoer kasehatanana.

Kahardjaan nagara goemantoeng oge kana reana noe geus laki-rabi. Lamoen rea djëlëma noe tjan kawin toer lamoen noeroetkeun oemoerna geus kaliwat tina waktoena, eta hidji tanda jen maranehanana soesah neangan kahiroepanana.

Di dieu teu koedoe ditërangkeun deui jen Nagara pèrëloe nganjahokeun kapintëran abdi-abdina, sabaraha reana noe bisa matja-noelis, boh dina basana sorangan atawa basa Walanda. Koe djalan noe saroeapa kieu Pamarentah bisa ngoedji beubeunungan oesahana noe patjantel djeung pangadjaran.

Baheula meh sakabeh abdi-abdi kahiroepanana ngan tina tata nen, tapi ajeuna rea paesahaan sedjen. Pikeun nganjahokeun roepa-roepana djeung kamadjoean eta paesahaan, pèrëloe abdi-abdi didjiwakeun.

Djëlëma noe tanpa daksa oge wadjib kanjahaan reana, misilna: noe lolong, soepaja Pamarentah bisa mere pitoeloeng, boh ngirimkeun doktor ahli eta panajkit, boh ngadëgkeun roemah sakit boeta.

Pendekna ngadjiwakeun teh gëde pahalana: Pamarentah bisa njaho naha oesaha Nagara noe ënggeus-ënggeus teh aja mangpa'atna ka oerang atawa hënteu? Kitoe deui pèrkara-pèrkara noe koedoe diingëtkeun, kasalahan-kasalahan djeung pèrkara-pèrkara noe bisa djadi koerang adil atawa sakoer noe pèrëloe pikeun abdi-abdi bisa kanjahoan koe Pamarentah.

Djadi ngadjiwakeun teh pikeun ngamadjoekun abdi-abdi; ana kitoe tetela pèrëloe djang oerang oge.

Koe sabab eta oerang wadjib ngabantoe ka Nagara dina waktoe ngadjiwakeun noe bakal diajakeun dina tahoen 1930 tea, soepaja eta pagawean oelah gaylah. Noe diarëp-arëp koe Nagara

teh babakoena pangbantoe kaoem tērpēladjar kalawan kabēřēsihan hatena, oelah poeraga tamba kadēngda. Di dinja oerang bisa nembongkeūn jen oerang oge hajang hiroep lajeut djeung baba-toeran sarta ngimankeun pērkara-pērkara noe pērløe pikcun sarerea, tjontona dina waktøe: Ngadjiwakeun.

---

## b. DOEIT

Naon saēnja-ēnjana ari doeit teh?

Ari noe disēboet doeit teh taja lian ngan hidji barang anoe geus ilahar sok diparake noekeuran barang sedjen. Baheula mah teu aja doeit, malah teu aja-aja atjan barang anoe tangtoe pikeun toekar-toekeur. Lamoen oerang aja pangaboetøeh, misilna boetøeh pare, eta pare koedoe ditoekeuran koe pangaboga oerang anoe dipikaboetøeh koe noe boga pare tea, misilna: koe laøek atawa koe naon bae, disēboetna oeroep-oeroepan. Lila-lila sanggeus djēlēma ngarēkahan, djiwa ngawoewoehan, kapērløeanana oge beuki tambah ngalobaan.

Beuki loba kapērløean, tambah rēmēn oeroep-roeroepan, beuki hese migawena, lantaran barabe tea da tatjan aja barangna noe dipikaboetøeh koe sarerea, anoe bisa ditoekeurkeun dimana aja pērløena. Koe sabab eta toeløej dipalikiran, naon pibarangeunana anoe sakira dipikarēsēp koe oenggal djalma, nēpi ka beunang dioeroepkeun kana sagala roepa barang.

Lila-lila mah eta barang teh kapanggih, ari woedjoedna ēmas djeung perak. Ari lantaranana eta barang pohara dipikarēsēpna koe djēlēma teh, sabab nadjan sakoemaha saeutikna oge, pangadjina aja bae, toer beunang disēboet eta barang teh tara roeksak deui. Mimitina mah anoe sok diparake oeroep-oeroepan teh ēmas atawa perak poepoeton bae, hēnteu tjara ajeuna dibangoen di-djieun doeit. Oenggal rek barang beuli eta ēmas atawa perak teh sok ditimbang heula. Djaman harita rēmēn pisan kadjadian djēlēma noe ngadjaroel barangna teu njarahøeun naon noe bakal katarima koe manehna, ēmas atawa perakna. Sanggeusna ēmas djeung perak galib diparake naløekeuran barang, toeløej diatoer djeung dioeroes koe Nagara, ari kadjadianana nja sapērti anoe diparake koe oerang ajeuna, make tjap Nagara.

*Tjap doeit.* Doeit teh aja mangroepa-roepa; aja sawatara doeit kajaning: ringgit, perak djeung têngahan, anoe doea beulahana digambaran, noe sabeulah koe gambar Radja, ari noe sabeulah deui tjap singa.

Naoh pērloena noe matak doeit sok make tjap Nagara?

Ari pērloena nja eta scepaja sakabeh djéléma pērtjaja jen eta doeit didjieunna koe ěmas atawa perak toelen djeung pikeun netelakeun jen harga eta doeit teh moal geseh djeung noe ditoelis di dinja.

*Pangadjina doeit.* Saeutik-eutikeun di dieu rek ditjaritakeun tina hal pangadjina doeit. Saēnjana doeit ěmas djeung doeit perak teh aja oge bedana, nja eta ari doeit ěmas mah, lamoen disēboet pangadjina sapoeloeh roepiaeun teh, ěmasna tea moal geseh ti lobana ěmas harga sapoeloeh roepiaeun, tēgēsna taja bedana djeung pangadjina ěmas poepoeton kawantoe saroea bobotanana. Sakabeh djalma kawidian njieun doeit ěmas, ari oelah koe sorangan bae, tapi koedoe koe kantor tjtak doeit (Rijksmunt) di Utrecht djeung koedoe moeroehan deui.

Naha ari doeit perak koemaha noe matak disēbcet bala?

Ari doeit perak salawasna osok koerang tina pangadjina perak poepoeton, tēgēsna meuli perak saroeapiaeun teh bakal meunang perak poepoeton anoe bobotna leuwih tina timbangan perak anoe didjieun roepia tea.

Naon sababna noe matak kitoe?

Pikeun nērangkeun sabab-sababna katjida pisan hesena, ongkoh hēnteu pati pērloe dikanjahokeun deui; koe sabab eta keun bae hal ieu mah ěntong ditērangkeun di dieu. Ajeunna oerang ngadjoedjoet naon sababna noe matak oerang rea hēnteu diwidian njieun doeit perak. Koe lantaran pangadjina doeit perak leuwih tina pangadjina perakna (poepoetonna), salian ti Nagara dilarang njarieun doeit perak. Ari lantaranana lamoen sagala djalma diwidian, tangtōe diparake njiar oentoeng njarieunan doeit teh. sabab lamoen oerang boga poepoeton perak harga saroeapiaeun bae oge sarta lamoen didjieun roepia teh tangtōe aja sesana, koe oerang meureun bakal kanjahoan pikaentoengeunana lamoen oerang boga poepoeton perak noe harga lipēt ratoes lipēt rewoe batan noa geus ditērangkeun di behoer.

Nja kitoe deui antara doeit perak atawa ěmas djeung doeit kērtas anoe dikaloearkeun koe Javasche Bank aja deui bae be-

teh babakoena pangbantoe kaoem tērpēladjar kalawan kabērēsihan hatena, oelah poeraga tamba kadēngda. Di dinja oerang bisa nembongkeun jen oerang oge hajang hiroep lajeut djeung baba-toeran sarta ngimankeun pēr-kara-pēr-kara noe pērloe pikeun sarerea, tjontona dina waktōe: Ngadjiwakeun.

---

## b. DOEIT

Naon saēnja-ēnjana ari doeit teh?

Ari noe disēboet doeit teh taja lian ngan hidji barang anoe geus ilahar sok diparake noekeuran barang sedjen. Baheula mah teu aja doeit, malah teu aja-aja atjan barang anoe tangtōe pikeun toekar-toekeur. Lamoen oerang aja pangaboetōeh, misilna boetōeh pare, eta pare koedoe ditoekeuran koe pangaboga oerang anoe dipikaboetōeh koe noe boga pare tea, misilna: koe laeok atawa koe naon bae, disēboetna oeroep-oercean. Lila-lila sanggeus djēlēma ngarēkahan, djiwa ngawoewoehan, kapērloeana oge beuki tambah ngalobaan.

Beuki loba kapērloeana, tambah rēmēn oeroep-roeroepan, beuki hese migawena, lantaran barabe tea da tatjan aja barangna noe dipikaboetōeh koe sarerea, anoe bisa ditoekeurkeun dimana aja pērloena. Koe sabab eta toeloj dipalikiran, naon pibarangeunana anoe sakira dipikarēsēp koe oenggal djalma, nēpi ka beunang dioeroepkeun kana sagala roepa barang.

Lila-lila mah eta barang teh kapanggih, ari woedjoedna ēmas djeung perak. Ari lantaranana eta barang pohara dipikarēsēpna koe djēlēma teh, sabab nadjan sakoemaha saeutikna oge, pangadjina aja bae, toer beunang disēboet eta barang teh tara roeksak deui. Mimitina mah anoe sok diparake oeroep-oercean teh ēmas atawa perak poepoeton bae, hēnteu tjara ajeuna dibangoen didjieun doeit. Oenggal rek barang beuli eta ēmas atawa perak teh sok ditimbang heula. Djaman harita rēmēn pisan kadjadian djēlēma noe ngadjaroedal barangna teu njarahōeun naon noe bakal katarima koe manehna, ēmas atawa perakna. Sanggeusna ēmas djeung perak galib diparake naloekeuran barang, toeloj diatoer djeung dioeroes koe Nagara, ari kadjadianana nja saperti anoe diparake koe oerang ajeuna, make tjap Nagara.

*Tjap doeit.* Doeit teh aja mangroepa-roepa; aja sawatara doeit kajaning: ringgit, perak djeung têngahan, anoe doea beulahana digambaran, noe sabeulah koe gambar Radja, ari noe sabeulah deui tjap singa.

Naon pērloena noe matak doeit sok make tjap Nagara?

Ari pērloena nja eta scepaja sakabeh djëléma pērtjaja jen eta doeit didjieunna koe emas atawa perak toelen djeung pikeun netelakeun jen harga eta doeit teh moal geseh djeung noe ditoelis di dinya.

*Pangadjina doeit.* Saetik-eutikeun di dieu rek ditjaritakeun tina hal pangadjina doeit. Saénjana doeit emas djeung doeit perak teh aja oge bedana, nja eta ari doeit emas mah, lamoen disēboet pangadjina sapoeloeh roepiaeuun teh, emasna tea moal geseh ti lobana emas harga sapoeloeh roepiaeuun, tégēsna taja bedana djeung pangadjina emas poepoeton kawantoe saroea bobotanana. Sakabeh djalma kawidian njieun doeit emas, asal oelah koe sorangan bae, tapi koedoe koe kantor tjtak doeit (Rijksmunt) di Utrecht djeung koedoe moeroehan deui.

Naha ari doeit perak koemaha noe matak disēboet beda?

Ari doeit perak salawasna osok koerang tina pangadji perak poepoeton, tégēsna meuli perak saroeapiaeuun teh bakal meunang perak poepoeton anoe bobotna leuwih tina timbangan perak anoe didjieun roepia tea.

Naon sababna noe matak kitoe?

Pikeun nērangkeun sabab-sababna katjida pisan hesena, ongkoh hēnteu pati pērloe dikanjahokeun deui; koe sabab eta keun bae hal ieu mah ēntong ditērangkeun di dieu. Ajeuna oerang ngadjoedjoet naon sababna noe matak oerang rea hēnteu diwidian njieun doeit perak. Koe lantaran pangadjina doeit perak leuwih tina pangadji perakna (poepoetonna), salian ti Nagara dilarang njarieun doeit perak. Ari lantaranana lamoen sagala djalma diwidian, tangtue diparake njiar oentoeng njarieunan doeit teh, sabab lamoen oerang boga poepoeton perak harga saroeapiaeuun bae oge sarta lamoen didjieun roepia teh tangtue aja sssana, koe oerang meureun bakal kanjahoan pikaoentoengeunana lamoen oerang boga poepoeton perak noe harga lipēt ratoas lipēt rewoe batan noe geus ditērangkeun di lbehoer.

Nja kitoe deui antara doeit perak atawa emas djeung doeit kērtas anoe dikaloearkeun koe Javasche Bank aja deui bae be-



dana teh. Sañjana anoe disēboet doeit kērtas, lain kērtasna anoe aja hargana teh, tapi kapērtjajaan oerang ka eta bank, sabab taja lian eta teh ngan soerat hoetang ti Bank.

Anoe sok njeun doeit taja lian kadjaba ti Nagara, djadi ngan Nagara woengkoel anoe kawasa pikeun njeun doeit teh. Lamoen sagala djalma diwidian njeun doeit, tangtōe koesoetna, lantaran ringgit ieu moal saroea djeung ringgit itoe, perak ieu moal saroea djeung perak itoe, toengtoengna kapērtjajaan oerang kana doeit teh tangtōe leungit.

Koe sabab eta koe wet geus ditangtōekeun, jen doeit noe beunang dipake teh, ngan doeit dadamēlan Nagara bae. Saha-saha anoe majar lain koe doeit dadamēlan Nagara atawa anoe narima doeit noe saroea kitoe, tjek wet teh koedoe dihoekoem. Atoeran kitoe teh katjida hadena djeung pērloe deuih. Doeit anoe dipake di Indonesia kabeh oge saroea, ngan di sawatara tēmpat misilna di Timoer, Bali djeung Lombok anoe sok marake keneh doeit balado (baheula) teh.

Anoe matak pangeusi tēmpat-tēmpat anoe kasēboet bieu diwidian keneh marake doeit heubeul, lantaran roepa-roepa hal anoe ngadjadikeun halangan pikeun ngaganti doeit heubeul koe doeit anjar, doeit Goepērēmen; tapi ari Kas Nagara mah noe aja di eta tēmpat, nadjan djalma-djalma di dinja marake keneh balado oge, tara narima. Geus teu koedoe ditjaritakeun deui di dieu, jen di oerang, di Indonesia, baheula mah doeit kitoe teh dipake di mana-mana, tapi ajeuna mah geus dileungitkeun koe Goepērēmen, misilna doeit Inggris djeung doeit noe pangadjina sa-doeit ti Soematra-Koelon, Borneo dj.st.

Doeit anoe ajeuna dipake koe oerang, didjieunanana di pabrik doeit kagoengan Nagara, ajana di Utrecht. Eta pabrik disarēboetna koe Walanda „Rijksmunt”. Njarieunanana doeit teh katjida diati-atina, roepana ditangtōekeun koe wet, nja kitoe deui lobana ēmas djeung perak pikeun saroea-roepana doeit.

Doeit teh roepa-roepa pisan, aja noe didjieun koe ēmas, koe perak, koe nekēl dieung aja anoe koe tamaga. Noe didjieunna koe ēmas, nja eta tēngahan (f 10.—) djeung oerang ēmas talenan (f 5.—); ari noe koe perak: ringgit, perak, tēngahan, talen dieung; kētip; anoe koe nekēl nja eta sētipēr; ari noe didjieunna koe tamaga nja eta: benggol, sen djeung peser.

Doeit ringgit, perak djeung tēngahan disēboetna *teekenmunt*,

hartnia doeit tanda. Doeit noe saroepea kitoe, koe oerang koedoe ditarima, nadjan sakoemaha lobana oge, lantaran eta doeit barang pameuli anoe sah, ari lobana hēnteu diwatēs-wangēnan. Ari doeit noe sahandapeun tēngahan, disēboetna *pasmunt*, sarta doeit leutik noe saroepea kitoe mah sahna teh *aja oekoeranana*; tēgēsna oerang teu beunang dipaksa pikeun narima doeit talenan djeung pitjisan leuwih ti sapoeloeh roepiaeun; nja kitoe deui doeit sētipēr leuwih ti pangadji lima roepaieun atawa benggol, sen djeung peser leuwih ti doea roepiaeun. Lamoen ngabogaan doeit leutik loba teuing, beunang ditoekeurkeun ka Kas Nagara.

Doeit leutik anoe didjieunna koe perak pinoeh koe tjap doea beulahanana djeung sisina direge-rege, ari maksoedna nja eta soepaja katara lamoen dikikir atawa dikoemaha bae anoe matak ngoerangan kana pangadjina eta doeit, nja kitoe deui eta doeit teh dibangoenna oge katjida diati-atina sangkan teu bisa ditiroe. Lamoen teu kitoe tangtoe gampang ditiroena, itoe-ieu bisa djadi mararalsole, nēpi ka oerang sorangan mangmang kana doeit noe katarima, palseo atawa hēnteuana oerang teu bisa nangtoekeun, toengtoengna nja matak leungit kapertjajaan. Doeit palseo moal beunang dibeulikeun, lantaran moal pajoe.

*Doeit palseo.* Nagara ngadjaga soepaja teu aja noe malsoe doeit. Pangraksa Pangagoeng anoe saroepea kitoe, koe saha-saha oge tangtoe ditarima kalawan hade. Koe wet diantjam, saha-saha anoe njieun doeit palseo baris dihoekoem beurat, nja eta bisa ditoetoep nēpi ka 15 taen lilana.

Anoe digantoengan koe hoekoeman teh lain ngan noe njieun doeit palseo bae, tapi lamoen oerang meunang doeit palseo oge teu meunang *dikaloearkeun* deui, sabab ngaloearkeun doeit palseo teh kaasoeup kana palanggaran keneh bae, nadjan didjieunna lain koe oerang sorangan oge.

Pikeun nangtajoengan pangeusi nagara, wet geus ngajakeun roepa-roepa atoeran tina pērkarā doeit palseo. Di imah, oerang teu meunang ngampihan pakakas anoe beunang dipake njieun doeit palseo. Saha-saha anoe ngalanggar kana eta atoeran baris dihoekoem, nja kitoe deui anoe ngabogaan perak ipis anoe sakaroepa djeung doeit anoe dipake di oerang — sabab perak anoe saroepea kitoe gampang dipake malsoe noe saējana.

*Ngaroeksak doeit.* Oenggal-oenggal doeit oge, boh ringgitan, boh perakan atawa noe sedjen, beuratna teh geus ditangtoekeun.

Lamoen beuratna doeit ngoerangan, hargana oge tangtoe ngoerangan deui.

Naha koemaha noe matak bisa ngoerangan beuratna?

Koe goegoes nēpi ka lenangna atawa koe roeksak, beuratna doeit bisa ngoerangan. Doeit lenang baris ditampi koe Nagara pikeun didjieun deui doeit, tapi doeit anoe geus diroeksak mah hēnteu, malah oerang oge hēnteu diwadjabkeun pikeun nampa doeit noe geus diroeksak. Doeit noe geus diroeksak hēnteu pajoe, saroea bae djeung doeit palseo. Geus kadjadian oge aja toekang ēmas anoe ngikir sisi doeit ēmas atawa perak pikeun nickot ēmasna atawa perakna. Sanggeusna toeloj eta doeit teh ditce-keurkeun atawa dibeulikeun. Kalakoean anoe saroea kitoe, koe wet dianggap hidji kalakoean anoe djahat pisan aina oeroesan doeit sarta hoekoemanana oge pandjara 12 tacen.

Baheula di Eropa nja tjara di dieu bae rēmēn kadjadian aja doeit anoe ditjokot ēmasna atawa perakna, lain koe dikikir, tapi koe djalan sedjen, djeung lain djalma kitoe-kitoe bae. tapi ieu mah radja-radja deui anoe karagoengan kalakoean kitoe teh. Soepaja nambahan, doeit teh dilēboer. toeloj didjieun deui, tapi beuratna koerang ti noe ēnggeus. Kalakoean anoe saroea kitoe, tangtoe matak nimboelkeun roepa-roepa kasoesian. Pangadjina doeit djadi ngoerangan; djalma tagiwoer sabab ajeuna mah lamoen ngabalandyakeun doeit saroea teh beubeunangan barang beuli koerang ti harga saroeaieun. Harga barang kapērloean hiroep pohara mahalna, nēpi ka kadjadian aja djalma riboet. tampolana mah nēpi ka barontakna pisan.

Di dieu, di oerang, wet katjida kērasna ngalarang ngaroeksak doeit, tapi nadjan kitoe, doeit tambalan mah loba keneh pisan. Pangna loba doeit roeksak kitoe, sigana mah teu dihadja, tapi ieu mah woengkoel tina oerang Priboemi djeung oerang Tieng Hoa rarēsēpeun pisan make panitih atawa toesok konde doeit bae. Tah pangna loba doeit tambal teh nja eta doeit oeroet panitih atawa toesok konde tea. Oepama doeit tambal teu dibalandjakeun onam, nja teu naon-naon. Tapi koemaha biasana? Ana geus kapepēd koe doeit — hidji hal anoe rēmēn pisan kadjadian — doeit tina panitih atawa tiotjoek konde teh sok toeloj dit'opot-tjopotkeun bae sarta dipake balandja. Nagara njērah kana hal saroea kitoe, nja eta pikeun ngaraksa soepaja oelah loba doeit anoe diroeksak. Sabab sakoemaha anoe geus ditērangkeun di

loehoer, doeit anoe roeksak teh teu pajoe, saroea bae djeung doeit palseo.

Djaba ti eta sok aja deui doeit roeksak koe lantaran sedjen, sanadjan teu sabaraha lobana oge. Geuning rêmén pisan oerang manggihan djalma, ana rek narima doeit perak teh sok taliti pisan, diboelak-balik, dikëntjrang-këntjring. Eta hade pisan, sabab loba pisan djalma noe ngalakoekeun doeit palseo atawa doeit anoe ngahadja beunang ngaroeksak, asal ngëntjringkeunana oelah tarik teuing bae, sabab eta oge matak ngaroeksak kana doeit. Ana loba doeit roeksak saha anoe soesah? Djalma leutik-leutik keneh bae. Tampolana oerang desa anoe djaoeh-djaoeh oge mak-sakeun maneh indit ka pasar sêdja barang beuli ari djol ka pasar doeitna teu pajoe, sabab roeksak; tangtoe bae manehna teh loeak-lieuk da poegoeh doeitna teh ngan sakitoe-kitoena, atawa di ajana oge moal sabaraha. Tah oepama kadjadian saroeapa kitoe lain matak njoesahkeun ka djalma leutik?

Tempo-tempo aja oge noe sok kapatjikeuh koe noe dagang deuih, anoe sok meuli doeit roeksak koe harga moerah. Pangarah-na eta toekang dagang anoe „pintêr” teh, éngke dimana manehna ngaloeuarkeun doeit loba, eta doeit noe roeksak rek ditjampoerkeun soepaja oelah katjiri. Kalakoean anoe saroeapa kitoe bisa meunang hoekceman beurat! Lamoen loba doeit roeksak dipajekeun, tangtoe cerang djadi tjangtjaja, toeloj ngakal-ngakal sangkan ngabogaan doeit noe harade woengkoel. Doeit anoe harade tea diampihan, diboeni-boeni. Geura lamoen seug kadjadian kitoe doeit noe hade moal loba noe kaloeuar sarta cerang bakal hese ngabogaan. Eta sababna noe matak doeit roeksak, koe Nagara dilarang dipajekeun teh. Doeit anoe aja tjatiadna atawa noe lenang koedoe boeroe-boeroe ditoekeurkeun ka kas Nagara. Énja ari lakoe tea mah, tapi leuwih hade lamoen diboelangkeun ka Nagara. Anoe moelangkeun eta doeit moal karoeroegian, sabab dibajar noeroetkeun pangadjina, henteu dikoerangan sapeser.

Pakeun doeit anoe ngahadja diroeksak, sedjen deui atoeoranana, saroea bae djeung atoeoran pikeun doeit palseo. Ari noe nangenkeun doeit palseo atawa diroeksak, nja Departement Finansiën. Doeit anoe disangka palseo atawa sangadja diroeksak dititimitkeun ka eta Dèpartémén. Lamoen koe Directeur Finansiën geus ditêtépkeun jen eta doeit teh énja palseo atawa diroeksak, wet ngidinan ka eta pangagoeng pikeun nteulah eta doeit. Noe matak dibeulah teh lain soepaja eta doeit henteu sah, da poegoeh tadi

oge samemeh dibeulah geus teu sah, ngan soepaja teu pajoe deui bae. Anoe ngirimkeun eta doeit ngan oekoer meunang ganti karogian sapangadji perakna bae, hartina lamoen noe dikirimkeun teh doeit ringgit, panggantianana teh moal saringgit, tapi ngan sapangadjina perak noe aja dina eta doeit tea. Tangtoe pisan eta panggantian teh koerang ti saringgiteun. Tapi anoe ngirimkeun doeit palseo mah henteu meunang ganti karogian.

Doeit anoe pěrloe dipake boekti pěrvara kiriminil, samemeh eta pěrvara dipariksa koe pangadilan atjan meunang dibeulah. Lamoen oerang narima doeit palseo atawa doeit anoe diroeksak, tangtoe bae oerang tēroes boga ingētan jen aja djalma anoe boga kalakoean djahat sarta beunang dihoekoem. Sabab moal aja doeit palseo moen teu aja noe njeun atawa moal aja doeit roeksak moen teu aja noe ngaroeksakna. Koe sabab eta Algemeen Ontvanger wadjib ngirimkeun doeit palseo atawa doeit anoe diroeksak, anoe katarima koe andjeunna ka Officier van Justitie atawa ka Kapala Plaatselijk Bestuur. Officier van Justitie atawa Kapala Plaatselijk Bestuur koedoe naloengtik naha eta doeit pangna palseo atawa roeksak teh koe lantaran djahatna djělēma? Lamoen geus tetela lantaran djahatna djělēma, sarta djalmana geus kapanggih, lamoen noe boga salah teh bangsa Priboemi atawa Tiong Hoa, eta pěrvara koedoe dioeroes (didakwa) koe Kapala Plaatselijk Bestuur sarta lamoen noe boga salah tea oerang Eropa, koedoe didakwa koe Officier van Justitie.

Nagara teu bisa njėgah oerang Priboemi djeung Tiong Hoa marake panitih atawa tjoetjoek konde doeit. Tapi sanggeusna oerang njaho kana gawena doeit, meureun ngarasa jen loba pisan barebedanana oepama oerang make atawa njeun pěrhiasan koe doeit teh. Oenama hajang-hajang teuing make pěrhiasan tina doeit, loba ieuh doeit Nagara sedjen noe araloes sarta teu pajoe di oerang, noe sok didjoeal di toko-toko, eta bae djieun pěrhiasan mah. Ēnja make pěrhiasan tina doeit henteu dihoekoem tea mah, tapi da eta sok ditjaropotkeun deui sarta diparake barang beuli atawa ditoekeurkeun. Koe lantaran doeit anoe geus dipake pěrhiasan teh sok roeksak, ana geus roeksak tjek wet teu meunang dipajoekeun deui. Bėnėr tadina mah waktōe njeun pěrhiasan tea teu boga niat arek majoekeun deui eta doeit, tapi geuraheun ana geus kapeped-peped teuing sok kadjoeroeng koe kaboetōeh toeloelj bae ditjopotan. Māmālana ana kanjahoan oerang majoekeun doeit geus roeksak, apan bisa dihoekoem.

Leuwih hade lamoen oerang hēnteu make pērhiasan tina doeit anoe pajoe di tanah oerang, soemawonna ngahadja njeun atawa meuli mah. Oerang koedoe moelasara soepaja doeit anoe dipake di Nagara oerang oelah tereh roeksak, sabab oerang-oerang ke-neh bae anoe pisesaheun mah moen datang ka hese doeit teh. Djadi koedoe tjangreud dina hate oerang. Patjoean oelah njeun pērhiasan tina doeit noe pajoe di dieu atawa meuli pērhiasan tina doeit oerang.

### c. LENTAH DARAT.

(koemaha ngalawanna)

Sarerea oge tangtoe mo aja noe bireuk deui kana hartina kē-tjap „lentang darat” teh, nja eta noe sok ngarentēnkeun. Pangna disēboet lentah darat lantaranana beurat teuing rentēna, liwat ti oekoeran noe kawidian koe Nagara. Kalakoeanana lir lentah bae: Njeuseup gētih si bodo, noe toena koe loeang, sēpi koe pangarti, lēmbek euweuh boeboedenna. Ana kitoe teu matak helok lamoen rea noe mitjoea kalakoeanana lentah darat teh, da pohara teuing njeuseupna, euweuh pisan kamanoesaanana; tajohna katarik koe napsoe ki pantja, ngawoela ka doenja. Di oerang teh arang langka anoe bisa ngeureut mitjeun, rikrik gēmi kana rēdjēki, kalolobaanana mah ngan koerang djeung koerang bae, biasana sok moen sēnang ajeuna, isoek mah koemaha behna. Tah noe kitoe noe sok djadi parab lentah darat teh.

Lain di dieu bae, di nagara batoer ge aja, malah leuwih loba lentah<sup>2</sup> darat teh sarta geus lila deuih. Saksina tong djaoeh-dja-  
apan dina Koerān oge kaoeni, jen haram ngarentēnkeun teh. Djadi hidji tanda jen alam Kangdjēng Nabi Moehammad oge geus aja.

Pamarentah Hindia teu sēpi-sēpi neangan akal sangkan eta lentah darat teu bisaeun sakama-kama deui ngadjalankeun pantjarianana. Noeroetkeun oendang-oendang noe kaoeni dina Staatsblad 1916 No. 643 hakim dikawasakeun koe Nagara pikeun ngontengkeun ka noe boga hoetang, boh koe dikoerangar hoetangna. boh koe dibatalkeun pērdjangdjianana, nja eta lamoen katimbang noe ngahoetangkeun teh gēde teuing njokot kaoentoenganana sarta noe boga hoetang tea nērangkeun kabeuratanana. Djaba

ti eta hakim kawasa mariksa saksi-saksi dina eta pėrkara. Dina eta Stb. kaoeni kieu:

„Lamoen dina hidji pėrdjangdjian kanjahoaan salah sahidji pehak neangan kaoentoengan, boh keur manehna pribadi, boh djang noe lian, kalawan make kalėmbekan pehak sedjen, kajaning eta pehak sedjen teh koerang timbanganana atawa kanjahona atawa keur kasoesian sarta lamoen ditimbang djeung kawadajibanana noe kaoeni dina eta pėrdjangdjian, kaoentoenganana liwat ti oekoeran, hakim, kitoe soteh lamoen dipenta koe pehak noe boga hoetang, bisa ngentengkeun tanggoenganana pehak noe boga hoetang tea atawa ngabatalkeun eta pėrdjangdjian sama sakali. Waktoe moetoes hakim koedoe ihtiar soepaja pehak noe boga hoetang djeung noe ngahoetangkeun kaajaanana balik deui ka asalna, sapėrti waktoe maranehanana memeh njieun pėrdjangdjian.

Dina sagala pėrkara kaidinan mawa saksi pikeun mere katėrangan.”

Tah ti harita rea noe geus katoeloengan tina pangdjirėtna lentah darat. Barang tangtue lentah darat oge teu tjitjingeun, modal salah deui maranehanana oge neangan akal soepaja bisa leupas tina kakawasaan eta oendang-oendang. Koe lantaran dina oendang-oendang kaoeni, jen dina sagala pėrkara hakim narima katėrangan saksi, lentah darat ihtiar koemaha akalna soepaja soerat pėrdjangdjianana tėtėp kakoetanana sanadjian teu make saksi oge. Di ajana oge saksi maranehanana hamham keneh bae, lantaran bisa djadi eta saksi nėrangkeun ka hakim jen doeit noe ditarima koe noe boga hoetang teh reana teu saroea djeung noe ditėrangkeun dina soerat pėrdjangdjian; misilna noeroetkeun soerat pėrdjangdjian noe boga hoetang koedoe narima f 200, tapi saėnjana ngan f 100. Ajeuna lentah darat geus meunang akal anjar. Babakoena lentah darat di kota-kota noe galėde, geus teu make deui soerat tanda tangan biasa, tapi ieu mah soerat aksep, nja eta soerat hoetang noe biasa dipake koe oerang Eropa dina pėrkara dagang. Dina oendang-oendang pėrkara sipil pikeun oerang Eropa, pasal 1897, kaoeni kieu: Katėrangan saksi jen lobana hoetang teu saroea djeung noe ditėrangkeun dina soerat (aksep oge akte keneh) teu bisa ditarima deui koe hakim: djeung noeroetkeun pasal 131, al. 4.<sup>o</sup> I. S. (Indische Staats regeling) oerang Priboemi noe nandá soerat aksep, dina pėrkara eta dianggap kakoeroeng kana hoekoem oerang Eropa, djadi katangtoean

dina pasal 1897 B. W. oge (Burgerlijke Wetboek) kapake pikeun maranehanana. Eta sababna noe matak lentah darat make soerat aksep dina waktœ ngadjalankeun doeitna; nja kitoe deui noe djadi sababna noe matak ajeuna oendang-oendang noe njêgah lentah darat (Woekerwet) geus teu sabaraha deui goenana.

Koe sabab eta ieu përkara katjida pëntingna lantaran patjantel djeung kasalametan djëlëma rea. Ana kitoe oerang sareera përlœ malah wadjib ngabantoean ka Pamarentah soepaja oesahana teu moebadir, nja eta oesaha pikeun kasalametan abdi-abdi sangkan oelah djadi parab lentah darat deui.

Ajeuna di Bandoeng aja hidji pakoempoelan noe maksoedna rek ngadjaga soepaja oerang leupas tina gënggëman lentah darat, dëmi ihtiarna koe ngajakeun biantara (lezing) di sababaraha tempat. Dina eta biantara koedoe ditërangkeun jen djëlëma teh koedoe bisa ngeureut mitjeun soepaja oelah sangsara hiroepna. Kitoe deui koedoe ditërangkeun kalawan make tjonto, jen katjida bahlana lamoen oerang menta toeloeng ka lentah darat teh.

Eta pakoempoelan geus ngaloearkeun hidji boekoe djalan pikeun pakoempoelan-pakoempoelan noe mërangan lentah darat tea sangkan hasil maksoedna. Ieu di handap arek diringkëskeun sakoer noe ditërangkeun dina eta boekoe, soegan djeung soegan djadi obor pikeun djëlëma rea.

Biasana djalma<sup>2</sup> anoe ditarik ka pangadilan lantaran hoetang sok areraeun. Eta teh hidji kabiasaan noe teu hade; da oerang teu koedoe era-era. Hakim teh lain logodjo atawa tangan-tanganna lentah darat, tapi hidji amtënar noe koedoe ngadjalankeun hoekoem noe kaoeni dina oendang-oendang, misilna di dieu oendang-oendang panjêgah lentah darat tea.

Noe didawa koedoe diingëtan, oelah sok sabongbrong teuing. Lamoen tjeuk lentah darat përkarana rek ditjaboet atawa rek menta ka pangadilan soepaja përkarana dipoendoerkeun, eta teh oelah pisan dipërtjaja, sabab geus rëmën kadjadian omonganana teh gapong, ngan akon-akon woengkoel ngarah noe didawa daekeun majar hoetangna, padahal ari përkarana mah tëroes bae dipariksa koe hakim dina waktœ noe geus ditëtëpkeun tea, nëpi ka noe didawa teh dihoekoem verstek (ditibanan hoekoeman waktœ manehna keur euweuh), hartina dihoekoem teu kalawan ngadëp deui. Koe matjikeuh kitoe lentah darat teh hasil maksoedna, sabab koe lantaran eta përkara dipariksa tëroes, toer noe didawa tea teu njaho-njaho, noe ngadawa aja harëpan soegan bae noe



didawa teh teu njahoëun jen manehna masih keneh bisa ngalawan poatoesan pangadilan.

Noe didawa bisa menta katërangan ka kantor griffier, naha bënëer përkarana ditjaboet atawa noe ngadawa teh menta soepaja eta përkara dipoendoerkeun.

Lamoen noe didawa ngadëp ka pangadilan manehna përlöe dibere njaho jen koedoe njarita tëroes tërang, koemaha asal-moeasalna pangna ngindjeum doeit, djeung naon sababna noe matak hoetangna tea nambahan. Lamoen menta ka hakim soepaja oendang-oendang panjégah lentah darat tea didjalankeun, aja harépan hoetangna dikoerangan malahan bisa oge dipoetes koe hakim jen hoetangna tea geus loenas atawa majarna kalobaan teuing, nëpi ka doeit paleuleuwihanana tea bisa dipenta deui koe manehna ti noe ngadawa.

Oerang oelah përtjaja bae kana omongan noe ngahoetangkeun teh. Oepama manehna menta ongkos administratie, paroeroegi djeung salianna, oelah diwaro koe oerang. Ka hakim oerang tjoekoep koe nërangkeun kieu bae: saanoe nampa doeit ti manehna, geus majar saanoe sarta njoehoenkeun soepaja oendang-oendang panjégah lentah darat tea didjalankeun. Hakim koe andjeun bakal nëtëpkeun sabaraha rentënna hoetang oerang tea djeung sabaraha noe kaasoe kana panjitjilan poko.

Rea noe ngira, noe sah pikeun katërangan ka hakim teh ngan woengkoel koeitansi, rësi wesël djeung katërangan saksi bae. Saënjana eta oge kadangkala tatjan tjoekoep. Radjeun oge noe ngadawa ngakoe jen manehna ënja geus narima doeit noe lobana sakoemaha noe ditërangkeun dina koeitansi djeung salianna tea, tapi lain panjitjilan hoetang noe ajeuna dipërkarakeun tea; eta mah panjitjilan hoetang noe geus loenas. Dina lëbah dieu noe didawa koedoe menta ka hakim soepaja noe ngadawa disoempah. Djaba ti eta manehna meunang menta ka hakim soepaja noe ngadawa disoempah lamoen panjitjilan hoetangna tea dianglës, sëdëng manehna teu boga saksi atawa katërangan noe sedjen.

Sabalikna noe ngadawa oge meunang menta ka hakim soepaja noe didawa sorangan noe disoempah teh. Hal ieu oelah sieun-sieun lamoen saënjana mah. Sabab lamoen wani disoempah, tetela katërangan noe tadi teh bënëer sarta teu beunang dibantah deui.

Lamoen geus dipoetes koe hakim sarta noe didawa tea dilehkeun përkarana, noe ngadawa tea meunang menta soepaja

barang noe didawa teh disita. Tangtoe pisan manehna teh teu ngeunaheun hatena, tapi lamoen ngingëtkeun atoeran sedjen noe bisa didjalankeun koe noe ngadawa, disita teh teu sakoemaha. Noe ngadawa tea bisa menta soepaja noe didawa digijzel (ditoetoe). Beuki angot beuratna teh lamoen manehna digawe di noe sedjen, sabab koe lantaran ditoetoe tea manehna bisa djadi dilëpas tina pagawenana.

Ingëtkeun: *Oerang Eropa djeung oerang Timoer asing — kitoe deui oerang Priboemi noe kakoeroeng koe hoekoem Eropa, bisa soteh digijzel lantaran hoetang, lamoen hoetangna tea patjantel djeung përkara dagang.*

Tadi di loehoer geus ditërangkeun noe didjieun soerat hoetang-pihoetang koe bangsa Eropa dina përkara dagang teh nja eta soerat aksep. Soepaja aja kakoeatanana pikeun si lentah darat dina eta soerat ditërangkeun lain bae manehna tapi djalma noe „ditoeloengna” oge soedagar, sanadjan eta djalma boga gadjih sarta doeit beunang ngindjeun teh lain keur dagang tapi misilna dipake majar sewa imah djst.

Baheula mah lamoen aja përkara hoetang aksep, katërangjan jen eta hoetang teu patjantel djeung oeroesan dagang teu dianggap koe hakim, tapi ajeuna lain deui. Pamenta lentah darat soepaja djëlëma noe boga hoetang tea digijzel mindëng ditolak koe hakim, asal eta djalma bisa nërangkeun jen hoetang tea teu patali djeung oeroesan dagang.

Djaba ti eta noe didawa tea bisa menta soepaja përkara dipoendoerkeun, ngarah aja waktue keur koekoempoel pikeun majar hoetangna tea. Oepamana hoetangna teh f 150; manehna teu sanggoepeun ari koedoe disakalikeun mah, iwal ti koedoe aja tempo, misilna 3 boelan. Koe sabab eta, manehna koedoe sateka-teka ihtiar soepaja meunang ombër 3 boelan.

Lamoen geus nëpi kana waktoena dipariksa, manehna meunang menta ka hakim soepaja përkarana dipoendoerkeun doea atawa tiloe minggoe, sarta lamoen geus nëpi deui kana waktoena dipariksa manehna meunang menta soepaja saksi-saksi noe ngadawa — kitoe soteh lamoen aja — disoempah, misilna di masdjid.

Lamoen noe didawa tea ngawasakun noe sedjen pikeun ngoeroes atawa moendoerkeun përkarana, kawasana tea meunang menta ka hakim, rek moepakat heula djeung noe diwakilan koe manehna tea.

Kitoe deui sanggeus hakim ngaragragkeun hoekoeman, oerang boga keneh djaian pikeun ngelatkeun pamajaran, misilna apel.

Aja deui djalan sedjen ngarah meunang ombor. Noe didawa tea bisa ngadjeunkeun pèrkara soepaja dipariksa verstek. Sanggeus dibere njaho poetoesanana koe deurwaarder, manehna aja tempo pikeun menta soepaja pèrkara dipariksa sakali deui (verzet), nja eta di djero 30 poë lamoen pèrkara tea dipariksa di Residentiegerecht.

Tapi ngadjeunkeun pèrkara soepaja dipariksa verstek teh aja oge bahlana sarta gède deui. Lamoen di djero tempo noe geus ditètèpkeun, oerang teu njeun verzet, oerang teu bisa apel deui, sarta hakim koedoe narima sagala katèrangan noe ngadawa.

Lamoen eta pèrkara dipariksa verstek, bisa djadi hoetang noe didawa teu dikoerangan koe panjitjilanana, népi ka manehna koedoe majar leuwih loba batan mistina. Bisa djadi oge noe ngadawa menta ka hakim soepaja noe didawa digijzel. Kitoe deui manehna euweuh tempo pikeun menta ka hakim soepaja oendang-oendang panjégah lentah darat tea didjalankeun.

Sanadjan oerang njeun verzet oge, masih keneh bae oerang mah roegi. Kahidji oerang koedoe majar segël f 1,50, sabab pioendjoek oerang soepaja eta pèrkara dipariksa deui teh koedoe dina segël; djaba ti eta oerang koedoe majar ongkos pèrkara.

*Koe sabab eta poma pisan oerang ngadjeunkeun pèrkara oerang dipariksa verstek.*

Loba noe ngira poetoesan verzet teh teu beunang dirobah deui. Saénjana teu kitoe. Oerang masih bisa apel.

Lamoen noe didawa tea rek ngawasakeun noe sedjen pikeun ngadép, manehna bisa datang sorangan ka pangadilan, nérangkeun djéléma noe dikawasakeun koe manehna tea. Tapi manehna bisa oge ngawasakeun koe soerat, dina segël noe f 1,50. Aja oge hakim di Residentiegerecht noe nérangkeun jen soerat kawasa teh teu koedoe dina segël, lamoen hoetang noe dipèrkara-keun tea f 100 ka handap.

Lamcen dina hidji pèrkara aja sababaraha oerang noe didawa, maranehanana bisa ngawasakeun babarèngan dina hidji soerat bae. Djeung lamoen rek ngawasakeun hidji djéléma pikeun ngoeroes sababaraha roepa pèrkara, leuwih hade eta djéléma dibere soerat kawasa pikeun sagala pèrkara bae.

Biasana lamoen eta pèrkara geus dipoetoes, oerang dibere waktoe pikeun mikir-mikir naha rek apel atawa moal. Pikeun apel

atawa verzet — nja eta lamoen eta përkara dipoetoes verstek — di Residentiegerecht oerang dibere tempo 30 poë, di Landraad 14 poë. Kadangkala apel teh përløe pisan soepaja oerang njaho koemaha poetoesanana Raad van Justitie djeung oerang aja tempo pikeun ngoempøelkeun doeit bakal majar hoetang noe dipërkara keun tea.

Lamoen eta përkara dipoetoes verstek, noe didawa koedoe verzet. Dina soerat rëkesna koedoe disoehoenkeun:

- 1e. soepaja hakim nërangkeun koe pones, jen noe didawa ngalawan poetoesan pangadilan noe geus diragragkeun ka manehna;
- 2e. soepaja hakim njangkolong hoetang noe didawa:
  - a. koe djoemblah panjitjilan noe geus dibajar ka noe ngadawa,
  - b. koe ngoerangan rentëna, kitoe soteh lamoen ngingëtkeun atoeran noe kaoeni dina oendang-oendang panjégah lentah darat, noe ngahoetangkeun teh géde teuing njokotna rentën;
- 3e. soepaja hakim nolak pamenta noe ngadawa pikeun ngagijzel noe didawa (përkara aksep, lamoen eta hoetang teu patali djeung oeroesan dagang);
- 4e. soepaja hakim moetoeskeun jen ongkos-ongkos përkara dibajar koe noe ngadawa.

Lamoen noe didawa tea geus teu bisa apel deui, tarekahna taja deui lian ti koedoe badami bae djeung noe ngadawa soepaja hoetangna bisa ditjitjil. Tapi sanadjan geus moepakat oge, ari poetoesan hakim mah tëtëp bae teu beunang ditjaboet deui. Dimana noe didawa tea tjidra tina djangdjina, eta poetoesan bisa toeloj didjalankeun, boh noe didawa teh disita radja-kajana, boh manehna sorangan ditoetøep.

Tah kitoe geuning ringkësna noe kaoeni dina boekoe toedøeh djalan pikeun njégah lentah darat teh. Ajeuna oerang njaho saeutik-eutikeun koemaha tarekahna lamoen oerang dipërkara keun koe lentah darat. Tapi ari noe panghade-hadena mah taja lian oerang koedoe ati-ati oelah nëpi ka djadi parab lentah darat, sabisa-bisa oelah bae wawøeh djeung noe kitoe teh.

Lamoen oerang misilna teu bisa majar sewa imah, lantaran kapapatenan tea atawa naon bae, nëpi ka oerang ngaløearkeun doeit liwat ti misti, oerang oelah boeroe-boeroe menta toeloeng

ka lentah darat; aloesna mah badami heula bae djeung noe boga imah soepaja bisa ditjitjil. Lamoen teu beunang diadjak badami, neangan bae doeit koe djalan sedjen, misilna ngagadekeun. Sing ingët banda teh tatalang raga. Lamoen aja borohna bisa oge oerang ngindjeun ka afdeelingsbank. Poma oelah njobanjoba ka lentah darat, sabab lamoen geus kadjirët hese kaloearna deui. Anggoersi lamoen aja noe ngarenténkeun teh, boeroe-boeroe bedjakeun ka Inspekteur pèrkara padjég; tangtoe pisan koe-doe make tanda boekti, misilna soerat aksep. Koe djalan eta manéhna bisa djadi ditaekkeun padjégna.

#### d. KONINKELIJKE MARINE

Anoe ngaraksa kamèrdikaanana karadjaan Walanda djeung djadjahanana di laoet, nja eta Koninkelijke Marine kalawan kapal pèrangna sarta kapal oedarana. Tapi saénjana lain ngan tina hal pèrang bae anoe koedoe dioeroes teh, loba deui; sapèrti: dina waktoe keur aman koedoe nalingakeun anoe ngarala laoek di Noordzee, nalingakeun kaajaan tjai laoet, nalingakeun oeroesan kapoelisian di tjai, djeung nembongkeun kaloenggoehan nagara Walanda koe ngirimkeun kapal pèrang ka nagara sedjen.

Ari ngatoerna armada mah sarta sasadiaanana samemeh aja kadjadian pèrang, eta mah goemantoeng kana pangira-ngira bae, koemaha tédakna moesoeh. Pakarang anoe diparake ajeuna di laoet, roepa-roepa pisan, nja kitoe deui pakakas pilawaneunana, paaloes-aloes, pahade-hade, pakoeat-koeat. Mariëmna beuki pagède-gède, pelorna palépas-lépas djeung kapalna beuki tarohaga bae, népi ka sok dilapisan koe wadja saboedeurna, ari roebakna 3 m.; noe kakéueum koe tjai 1 ½ m. djeung 1 ½ m. deui saloehoereun koelit tjai. Ari sababna noe matak eta lapisan wadja teh kitoe dipasangna, kieu: lamoen oerang njerepetkeun batoe kana tjai, geuning sok apèng-apèngan, tara oedjoeg-oedjoeg ngalélép. Tah pelor oge kaajaanana teh nja kitoe. Eta sababna noe matak kapal noe dilapisan koe wadja ngan bagian noe deukeut kana koelit tjai bae teh. Djaba ti eta deui anoe dilapisan wadja teh, nja eta: mèsin, ketel, pakakas kamoedi, tèmpat obat djeung pelor, djeung moenara tèmpat ngadjalankeun paparentahan.

Tapi nadjan geus sakitoe tohagana, dasar akal, elehna koedoe koe akal deui; noe palintèr geus manggih deui akal pikeun njeun

pelor anoe pibisaeun ngaroeksak lapisan wadja nadjan anoe sa-koemaha koeatna oge. Pendekna ajeuna mah geus teu aja beusi teu aja wadja, tangtoe toblong moen kasorang koe eta pelor teh. Djaba ti eta geus aja deui pakakas anjar pikeun ngaroeksak kapal di djero tjai, nja eta koe torpedo djeung koe boerang (mijn). Ari dipasangna eta mijn teh di djero tjai, kira-kira doea metër djérona. Lamoen eta mijn kadoepak koe kapal tangtoe bitoena djeung matak botjor deuih.

Ari anoe diséboet torpedo bangsa pelor keneh. sarta beunang dibédilkeun ti djero atawa ti loehoer tjai.

Koemaha akalna soepaja kapal oelah kaléboeh lamoen keuna koe mijn atawa koe torpedo? Nja dasarna didjieun sababaraha tahap djeung dikamar-kamar, djadi oepama botjor, anoe baris ka-eusian tjai teh ngan kamar noer botjor noe aja dina tahapan noe roeksak tea bae.

Pikeun ngadjaga soepaja oelah ngadoepak mijn, kapal model ajeuna mah pada ngabogaan pakakas panoelakna, anoe bisa mé-gatkeun rante mijn sarta ngadjaoehkeun tina témpat anoe rek diliwatan.

Pakakas-pakakas anoe sok dipake di laeet, tadi di loehoer geus diséboetkeun jen roepa-rcepa pisan, warna-warna, malah kapalna pisan oge hénteu samodel bae. Ieu di handap arek diséboetan saroeпа-roepana kapal pérang, nja eta:

1. kapal mariëm; gagamanna loeloegoena mariëm;
2. kapal torpedo; loeloegoena gagamanna téh torpedo;
3. kapal mijn, nja eta kapal anoe diwoengkoelkeun gawena pikeun masang djeung ngangkat mijn;
4. kapal pangantara (tusschenship), nja eta kapal anoe sok dimoeatan bébékélan atawa kapal titaheun; pikeun ieu kapér-loean kapal K. P. M. oge beunang dipake.

Kapal mariëm anoe djadi pamanggoelna di oerang, nja eta kapal pérang Java djeung Sumatra; djaba ti dinja aja deui kapal poelisi anoe laeutik, saperti: kapal Flores djeung kapal Soemba.

Ari gédena mariëm anoe djadi gagaman loeloegoe dina kapal mariëm nja mokaha oge, goerat téngah liang koetjoeboengna teh 15 cm. Njeungeutna djeung ngintjerna bisa koe doea djalan: ka-hidji nja eta noeroetkeun anoe geus biasa, hidji mariëm koe doea matros djeung kadoea koe saorang bae. Ari ngabéhnerna mariëm noeroetkeun panoedoehan djaroem noe aja dina hidji pélat, ari didjalankeunana make kakoeatan listrik. Matros anoe ngabé-

po-tempo sok dianteur koe salah saoeorang opsir noe djadi djoe-roe basa.

\* \*  
\*

Kapal përang model kadoea nja eta kapal torpedo. Ari sababna noe matak aja eta kapal, lantaran aja pakakas anjar, nja eta torpedo tea.

Koe sabab kapal mariëm teu bisa padeukeut pisan djeung moesoeh, doemeh lamoen deukeut teuing tangtoe roeksakna, djeung koe lantaran torpedo teu beunang dipëtakeun ka noe djaoeh-djaoeh, noe palintër hënteu eureun-eureun nareangan akal sangkan bisa njieun kapal anoe pibisaeun ngadeukeutan kapal moesoeh pikeun mëtakeun torpedona. Ajeuna kapal anoe kitoe teh geus aja, ari ngadeukeutanana moesoeh sok ti peuting sangkan oelah kanjahoan lamoen tatjan deukeut pisan mah. Prak-prakanana kieu: eta kapal tch teu masang lampoe, djadi mopoëk bae sakoe-maha biasana dina waktöe përang. Kapal torpedo biasana sok nareangan kapal mariëm, ari pakakas anoe dipake soepaja bisa nendjo moesoeh di noe poëk nja eta hidji roepa kekër paranti ti peuting anoe katjida tjaangna. Eta kekër bisa dipake nendjo kapal atawa haseup kapal noe djaoehna sawatara reboe metër di noe poëk. Tapi sanadjan kitoe tatjan beunang ditangtoekeun jen eta kapal baris saban waktöe bisaeun nendjo kapal ka noe djaoeh-djaoeh, lantaran goemantoeng deui kana poëk-tjaangan peuting.

Lamoen eta kapal geus nendjo kapal moesoeh, biasana sok disampeurkeun lalaoenan sarta sabisa-bisa tara ngaloeuarkeun haseup loba. Sanadjan kitoe, biasana mah doea reboe metër deui oge sok kanjahoan. Di kapal mariëm anoe rek dideukeutan tea sok riboet masang zoeklicht dipake nJOROTAN kapal torpedo tea. Di djëro sapoeloeh sëkon bae oge sora mariëm geus rame pating bëlëdoeg, kapal torpedo ditërëgtëg koe pelor. Dina waktöe kitoe kapal torpedo teu bisa malës, tina djaoeh teuing tea. Koe sabab eta sabisa-bisa eta kapal sok gagantjangan njampeurkeun kapal moesoehna, nadjan eta kapal dihoedjangan koe pelor oge; dina waktöe doea-tiloe sëkon tangtoe aja noe babar karahajoeana. Doea pelor mariëm anoe galëde geus tjoekoep pikeun ngaroeksakkeun kapal torpedo lamoen keuna kana mamatihna mah. Dimana kapal torpedo deukeutna ka kapal moesoeh ngan 600 matër deui, kakara bisa malës koe ngabëdil koe torpedona. Kapal moesoeh moen di dideukeutan koe kapal torpedo lawanna, biasa-

na sok tjoengtjattjingtjët soepaja oelah keuna koe torpedo tea. Moesoeh djeung lawan ana geus deukeut kitoe sok rame silih sorotan koe zoeklicht sangkan moesoeh siloëun atawa ngabédilan zoeklicht moesoeh sangkan oelah bisa nJOROTAN ka manehanana.

Sanggeus ngabeukas-beukaskeun torpedona kapal toperdo teh sok loempat ka noe poëk, sarta biasana sok kalawan karoeksakan anoe pohara.

Ana kitoe tetela pisan jen pagawe-pagawe kapal torpedo teh koedoe warani narohkeun pati djeung sabar sarta toehoe kana parentah noe djadi kapalana. Dina waktoe ngintip moesoeh di noe poëk, waktoe tjampoeh silih bédil djeung dina waktoe ditë-rëgtëg koe pelor teh lamoen koerang-koerang wawanen mah atawa tatjan biasa, estoening matak këtir matak goegoep. Eta sababna noe matak dina waktoe aman rëmën diadjar pëpëरणan teh, lantaran nadjan oepamana taja përang oge, ari goenana pangadjaran mah hënteu kapitjeun. Boektina kapal torpedo teh ajeuna gëde pisan gawena dina oeroesan kapoelisian di laot.

Marine saajeuna ngan ngabogaan 3 kapal torpedo, tapi ëngke mah baris ditambah deui nëpi ka 8 djoemblahna.

Sadjabana kapal torpedo anoe geus ditjaritakeun bieu, aja deui kapal torpedo sedjen, nja eta anoe sok disarëboet kapal silëm tea. Eta kapal lamoen kanjahoan koe moesoeh bisa teuleum ka djëro tjai. Tapi koe lantaran dina keur teuleum djalanna eta kapal hënteu gantjang, ngabeukaskeun torpedona oge teu bisa sakarëp-karëp, katoeroeg-toeroeg bahlana leuwih deukeut batan kapal përang noe sedjen, lantaran oepama kanjahoan koe moesoeh teh bisa kaedag sarta tëroes didoepak. Koe sabab eta, anoe djadi koemandan kapal silëm mah koedoe djalma anoe iatna pisan: lamoen kanjahoan koe moesoeh, koedoe boeroe-boeroe marentah soepaja kapalna tea sina teuleum. Oepama eta kapal teu boeroe-boeroe teuleum lantaran pagawena koerang tabah, tangtoe pisan kapalna kalëboeh ditcumbrag moesoeh. Ari teuleumna eta kapal nja teu beunang sakama-kama deui bae, lantaran lamoen leuwih djëro ti 60 metër matak bahla ka manehna, sabab paneueul tjai dina sametër pasagi noe djërona 60 metër teh teu koerang ti 60.000 kg. Nja kitoe deui lamoen salah ngadjalankeunana kamoe-di, eta oge matak bahla deui bae. Oepama aja kadjadian kitoe, koemandanna sok gantjang marentah, sarta koedoe diloeoe: djeung didjalankeun kalawan ati-atina.

Ari anoe katiloe nja eta kapal pamasang boerang (mijn) tea;



děmi goenana mijn teh nja eta paranti noetoe djalan kapal. Dina waktoe neundeunna atawa dina waktoe ngangkatna koe-doe ati-ati pisan, sabab koe ngagětroek atawa paketrok saeutik bae oge mijn teh bisa nga bēlēdoeg. Koe sabab eta, dina waktoe ngangkat mijn, biasana anoe dipake teh nja eta parahoe la leutik anoe teu sakoemaha beuratna, tēgēsna anoe teu sakoemaha kalēmna; ari dipigawena koedoe dina keur hade poēna djeung dina waktoe ombak keur lēlēr.

Kapal pamasang boerang, biasana sok ngabarogaan mariēm laleutik-leutik bae mah, ari goenana nja eta keur pērdjagaan.

Sadjabana ti ngabogaan kapal-kapal pērang, Marine teh ngabogaan kapal oedara deuih, tapi ieu mah misah deui golonganana. Děmi gawena eta kapal-kapal oedara teh aja doea roepa: kahidji, pikeun nalingakeun kaajaanana moesoeh djeung ngabedjakeun pamanggihna ka kapal pērang boh koe pitoeloeng radio boh koe soerat dialoengkeun ti loehoer. Kadoea nja eta pikeun ngaroeksakkeun kapal-kapal moesoeh noe galēde koe ditinggangan koe torpero atawa bom. Sarerea oge moal aja noe bireuk kana kagantjanganana kapal oedara teh, djadi pantēs pisan oepama dipake keur njoesoel moesoeh. Koe lantaran dimana oerang arek ninggangkeun bom teh koedoe aja di saloehoereun moesoeh, diadi gēde oge bahlana kapal oedara teh, lantaran moesoeh oge moal tjitjingeun oepama dioengkoelan koe kapal oedara lawanna, tangtōe ngabedilanana koe mariēm paranti ngabēdilkan kapal oedara. Bēnēr ngabēdil kapal oedara teh hese, tēgēsna arang keunana, tapi ana keuna nadjan saeutik toer teu sakoemaha karok-sakanana, eta kapal oedara teh tangtōe ragragna. Koe sabab eta anoe ngadjalankeun kapal oedara koedoe dialma anoe gēde wawanenna anoe tara goegoep atawa kasima dina waktōe adoe hareupan djeung moesoeh, da koedoe saperti dina waktōe keur diadjar bae.

Děmi bengkel tēmpat ngomean djeung noeroes kapal-kapal ajana di Soerabaja. Dina eta bengkel aja tēmpat toekang kai, toekang beusi, toekang pakakas, goedang dinamit djeung tēmpat niieunna, tēmpat torpedo djeung sadjaba ti eta. Děmi bengkel djeung tēmpat kapal oedara Marine, ajana di Moeara Krambangan, nia eta di hidji tēmpat noe ajana di antara Gērēsik djeung Soerabaja.

Djadi pagawe Marine teh lain ngan di kapal bae digarawena

teh, tapi noe di darat oge teu koerang. Di antara eta pagawe-pagawe tea loba oge oerang Priboemina.


Barbedak Priboemi anoe ngarora keneh, noe oerboerna ti antara 15 djeung 21 taoen, sarta geus kalaloear ti sakola-sakola H. I. S., schakekschool, ambachtsschool djeung kaloearan sakola kelas doea, bisa katarima pikeun digawe gënëp taoeneun kalawan meunang primi gēdena f 200.— Mimitina maranahanana teh disakolakeun di Makasar lilana sataoen, sanggeus kitoe toeloej digawekeun di kapal. Oepama geus aja paněmoena, maranehanana meunang milih-milih pikeun diadjar saroepa patjabakan; kitoe oge lamoen bisa bēnēr ngomong basa Walanda. Sanggeus maranehanana digawe 20 taoen lilana, pada barogaeun hak pikeun pangsoen, ari gēdena 50% tina gadiih anoe panoetoep. Doea taoen saka'i maranehanana dibere pěrlop pikeun baralik ka lēmboerna. saboelan lilana, sarta ongkos-ongkosna tea ditangoeng koe Goepērrēmen.

Gadiih matros mimitina f 24.— saboelan, sětokēr f 37.50 naek naek nēpi ka f 70.— nadjan maranehananana hēnteu naek kana pangkat noe leuwih loehoer atawa teu njaraho kana hidji patjabakan anoe tangtoe oge. Dēmi pikeun anoe njaraho kana hidji patjabakan mah toer pintēr deuih, gadjihna teh bisa nēpi ka f 300.— saboelan.

Oepama oerang hajang digawe di Marine gampang pisan, geura datang bae ka prijaji B. B. anoe deukeut ka lēmboer oerang. Sanggeusna badan oerang dipariksa koe doktor pikeun saheulanan, toeloej dikirimkeur ka commies anoe kapapartiman nrima pagawe Marine di Weltevreden, Soerabaja atawa Makasar.

Oepama katarima, anoe rek asoep djadi pagawe Marine teh koedoe mawa soerat idin ti kolotna djeung soerat katērangar ti poelisi anoe maksoedna nērangkeun jen eta boedak hade kalakocanana. Dimana geus asoep (geus nekēn sarta geus diasoepkeun kana stamboek), toeloej dikirimkeun ka sakola matros di Makasar. Sanggeus meunang sataoen di eta sakola, manehna dibere pěrlop 14 poē lilana bisi hajang nēpoengan kolot-kolotna. Dēmi primi anoe f 200.— tea, dibaiarna sanggeus datang ka Makasar f 125.—, ari sesana noe f 75.— deui, dibikeunna ēngke dimana arek pěrlop anoe mimiti.

e. ELMOE PALAK



Pandjang mana goerat *a. b.* djeung goerat *cd*?

Pandjang goerat *cd*, lain?

Tjoba oekoer! Ih, bêt saroea geuning! Koemaha noe matak kitoe? Tangtoe aja sababna mah, tapi lain rek nérangkeun eta, noe dimaksoed koe sim koering mah, ngan sakadar rek noedoehkeun, jen panon oerang teh, radjeun oge ngabobodo. Dina alménak Soenda taoen 1923 aja gambar noe kitoe teh, dikoempoelkeun djeung bangsana.

Djaba ti eta, rea deui titingalan noe teu tjtjog djeung boektina teh. Geuning ari oerang aja di djéro kareta api noe leumpang, lamoen di gigireunana aja kareta api sedjen, noe tjtjing, bêt asa kareta api noe ditoempakan koe oerang, anoe tjtjing teh. Kitoe deui tatangkalan, noe kaliwatan, katingalna laloempatan. Kapal oedara noe keur ngalajang di mega malang, katingalna leuwih leutik manan papatong noe pasoliwér di boeroean, siraheun oerang. Eta kabeh djadi tanda, jen panon teh sakapeung mah oelah dipértjaja teuing.

Lamoen ngoelik elmoe palak, oerang koedoe tëlík pisan nêlêk-nêlêkna, masing bisa ngabedakeun, mana paningal sadjati, djeung mana paningal palsu.

Elmoe palak (*elmoe bentang* atawa *astronomie* atawa *cosmographie*) teh nja eta sahidji elmoe, noe teu aja watës-wangëna, pirang-pirang oenak-anikna anoe masih keneh samar. Kawasna mah, samemeh djëlëma beak kapanasaran tina saniskara noe koe-mëlip, samemeh përkara-përkara noe teu kaharti djadi kaharti, kiamah manten.

Naon përloena oerang nganjahokeun elmoe palak?

Beu, rea katjida përloena teh. Da oepama teu përløe mah, moal ënja deungeun-deungeun daraek karøegian, boh koe harta boh koe tanaga. Geura tanjakeun ka oerang Lembang, sabaraha hargana kekër bentang toean Bosscha? Eta teh mahal kabina-bina. Komo di nagara deungeun-deungeun mah (Greenwich, Cairo, Tokio, New-York djst.) leuwih ti kitoe.

Ari noe pangtetelana, goenana elmoe palak teh nja eta:

Kahidji, oerang djadi tambah tërang kana kaagoengan Pangeran. Dina njëboet Allahoe Akbar, tégësing tëroes djeung lëlëmboetan. Ana njaho kana kaagoengan Pangeran, tangtoe njaho kana ka'aeban diri pribadi, tëmahna leungit takaboer.

Kadoea, keur ngaleungitkeun tahajoel, lantaran jakin kana roepa-roepa përkara, kajaning: katoembiri lain taradje keur widadari, gëláp lain bédil malaikat noe ngoedag setan, kala atawa ridjal tara neureujan djëlëma djeung lian-lianna deui.

Katiloë, djadi pitoeloeng kana kapërloean hiroep, kajaning: hal lalajaran di laøet, hal nangtoekeun datangna moesiri (hoedjan, angin djst.), kitoe deui përkara-përkara sedjen, noe ngentengkeun noe njënangkeun ka djëlëma. Tjoba oerang moen djadi oerang Tjaringin, ngadengekeun gëlëgërna bëlëdoegna Goenoeng Rakata, boerinjajna, boerialna, moelëkna haseup, moentiratra tjai, sageuj moen teu kaboer pangatjian teh. Tjatjakan lamoen ajeuna (taoen 1929) teu aja Dr. Stehn mah, nja eta noe paham kana hal goenoeng bitoe (vulcanoloog), doeka teuing ka marana oerang Tjaringin moeboesna.


Tjindëkna, mangpa'atna elmoe palak teh gëde katjida, anoe matak Mang Haen ge koedoe njaho, ari hajang sama rata mah djeung deungeun-deungeun.

Moega-moega bae ieu toelisan sim kcering aja goenana ka noe malangmang-moeloengmoeng kana hal-hal anoe njasabkeun pikiran.

## I. BOEMI DJEUNG LANGIT

Lamoen oerang ngingëtkeun kana babasan *djaoeh tanah ka langit*, tangtoe koe oerang katjipta, jen langit teh kabina-bina djaoehna. Tapi lamoen oerang njaho, naon sadjatina langit, tangtoe boga tjiptaan sedjen, sabalikna tina tjiptaan noe tadi, sarta bisa oge njëboet, jen teu aja noe leuwih deukeut ti batan langit.

Oerang geus mindëng ngadenge babasan *satoenglëbing langit satangkaraking lëmah*. Koemaha noe matak aja babasan kitoe? Teu aja lian lantaranana, ngan koe sabab karasana koe djëlëma, *lëmah* atawa *boemi* teh rata sarta boendër kawas opak, ari langit bangoenna këwoeng (*halfbolvormig*) kawas ajakan, tapi teu aja wëngkoena, sarta koerilingna eta ajakan saroea pisan gëdena djeung koeriling opak tea; ana roep teh eta opak ditoeroeban koe ajakan, rekep pisan tjamplëng pisan, sisi-sisina ngahidji pisan, nja sisina teh disarëboet sisi langit (aja oge anoe njëboet *tjakrawala* atawa *horison*). Tjindëkna rasa djëlëma, boemi djeung langit teh saibarat opak noe gëdena tanpa wilangan, ditoeroeban koe ajakan noe gëdena saroea djeung opak tea, tapi



Gambar ka 1

katjida kēwoengna. Ti baheula nēpi ka ajeuna pisan, oenggal-oenggal djēlēma ge nja kitoe bae, ari rarasaanana mah, taja bedana, toer pada baroga rasa, jen manehna aja dina tēngah-tēngahna, nja eta lēbah titik a dina gambar ka I. Kitoe deui oepama nangtoeng, boga rasa jen sirahna aja dina pabēnēran tēngah-tēngah langit (titik *b*).

Moen nēngētan ieu gambar, hadena mah koedoe njipta diri sorangan aja diloeareun boemi, djadi boemi katingal lonjod, tjara opak lamoen ditingal ti gigir. Tapi lamoen rek njipta langit, hajang ningal kēwoeng-kēwoengna, oerang koedoe ngoepamakeun diri oerang keur nangtoeng dina titik *a*. Koə oerang Babylon djaman koena, eta rarasaan kitoe teh ditambahan, nja eta — tjēnah — boemi teh ngambang di laeet noe taja toengtoengna (sagara tanpa tēpi); djadi horison teh nja eta watēsna boemi djeung laeet gaib, sangkaan oerang Babylon djaman koena mah.

Lamoen oerang rek ngoekoehan, jen rarasaan teh sok bēnēr, nja geus teu koedoe pandjang tjarita, kitoe bae meureun boemi djeung langit teh boektina oge, ngan aja leuwihna, reh ieu-ieu ge njaho, jen boemi atawa taneuh teh kandēl, hēnteu ipis tjara opak, tapi teu katjipta pisan, kandēlna teh sakoemaha.

Tapi lamoen dilēnjēpan, dihantēm dirarasakeun, tangtoe koe oerang karasa, jen rarasaan atawa sangkaan oerang, sok radjeun soelaja tea tina boektina.

Ajeuna oerang mikiran bab boemi heula. Tadi tjek rasa, boemi teh rata. Koemaha ari boektina, ēnja kitoe?

Saoepama boemi rata, teu meunang hēnteu, geus tangtoe:

- a.* Moal dina oenggal tēmpat, oerang ngarasa aja di tēngah boemi, da oepama oerang njaba ngadjadjah doenja (boemi), beuki lila meureun djadi beuki deukeut kana sisina.
- b.* Lamoen oerang nendjo panonpoē bidjil, deungeun-deungeun oge, djalma sakoeliah doenja, pada nendjo, barēng djeung oerang.
- c.* Noe lalajaran, ngambah laeet sapirang-pirang lilana, antekna nēpi ka sisi doenja, malah bisa djadi tigoeling.
- d.* Lamoen oerang keur aja di palaboean, nendjo kapal anoe datang ti djaoehna, noe katendjo, badanna heula, da gēde.

Tah kitoe eta, saoepama boemi rata mah. Tapi koe sabab boemi teu rata, hēnteu dēmpak tjara opak, djadi eta pērkarana tina *a* nēpi ka *d* teh soelaja, da geuning kieu:

- a.* Noeroetkeun tjarita noe geus ngadjadjah doenja, di mamana

asa aja di tĕngah bae. Handjakal koering pribadi kakara ngarasa aja di tĕmpat anoe teu pati djaoeh (di Tjaringin djeung di Soerabaja). Tapi pĕrtjaja katjida kana tjarita noe geus ngadjadjah doenja teh.

- b. Dina waktōe oerang nendjo panonpoĕ bidjil, hĕnteu oenggal djĕlĕma barĕng pada nendjo jĕn kitōe, da tjek djĕlĕma sedjĕn mah, panonpoĕ tatjan bidjil, aja oge noe njĕboetkeun geus mantjĕran, malah aja noe njĕboet soeroep, noeroetkeun katen-djona ti tĕmpatna masing-masing.
- c. Djĕlĕma lalajaran teh geus pirang-pirang lilana, tapi tatjan aja saerang-oerang atjan noe manggihan sisi doenja atawa sisi langit, da poegoeh teu aja tea.
- d. Lamoen oerang keur aja di palaboean, nendjo kapal anoe datang ti djaoehna, noe pangheulana katendjo, bagian noe pangloehoerna, nja eta poentjak tihangna, toeloej haseupna, songsongna, kakara awakna tembong. Kitōe deui oerang kapal, nendjona daratan teh, noe loehoer heula, poentjak goenoeng, poentjak moenara, lila-lila djol basisir katendjo. Malah lamoen toempak kapal ti peuting, ngadjoegdjoeg noenara di palaboean, anoe di poentjakna diseungeutan lantera, katendjona lantera teh djiga naek, beuki loehoer-beuki loehoer. Aneh lain?

Eta kaajaan noe disĕboet tina *a* nĕpi ka *d* teh, moen dilĕnjĕpan, djadi katĕrangan, jĕn hĕnteu dĕmpak boemi teh. Koemaha atōeh?

Lamoen oerang ngagantoengkeun bal, pek neangan sireum noe bisa ngomong, sina koekoerilingan dina eta bal, pek di tanja, ĕnja hĕntĕuna boga rasa aja di tĕngah, tangtoe djawabna teh: „ĕnja.” Kitōe deui saopama aja noe nanja ka djĕlĕma di sakoeliah doenja, ĕnja hĕntĕuna ngarasa aja di tĕngah, tangtoe pidjawa-beunna: „ĕnja.”

Ari bal teh bangoenna boeleud, djadi boemi oge bangoenna boeleud, teu meunang hĕntĕu.

Eta oge bab nendjo kapal, noe matak teu oedjoeg-oedjoeg tembong awakna, sabab laoet teh ti loehoerna (koelit tjai, *waterspiegel* atawa *zeeniveau*) mĕlĕngkoeng, hĕntĕu rata tjara balong. Mangkaning laoet teh kabina-bina lĕgana, djadi lamoen sabagianana mĕlĕngkoeng, tangtoe salĕgana nja boeleud, tetela bae, jĕn boemi boeleud.

Djĕlĕma noe bodo baliloe kĕneh, djaman ajeuna ge rea kĕneh, nja eta noe teu wani njĕboet-njĕboet boemi boeleud, malah ĕm-


boeng ngedenge noe njëboet kitoe, madjarkeun teh sieun doraka, padahal taja bedana djeung njëboetkeun seuneu panas, geuning teu sieun doraka, da ënja panas.

Ajeuna oerang geus njaho, jen boemi boeleud. Koemaha noe matak disëboet boeleud? ongkoh rea goenoeng pating linggirik. Eta teu djadi halangan kana boeleudna boemi teh, da tatandingan gëdena goenoeng kana gëdena boemi, saroea djeung tatandingan bëntjoet (baroetjoet) djëroek kana djëroekna, geuning tjek ieu-ieu ge, djëroek teh boeleud, sanajan baroetjoet oge.

Sanggeus tetela bangoenna boemi, kakara oerang mikiran langit. Naon langit teh?

Lamoen oerang nanja ka oenggal djëlëma di sakoeliah doenja, naha saroea djeung oerang, asa dikoeoengan koe langit? tangtöe

2.



*Gambar ka 2.*



djawabna nja kitoe, djëlëma teh di mana-mana asa aja di kolong langit. Djadi oepama oerang noeroetkeun kana rarasaan oenggal djërëma di boemi, ngangkeuhkeun langit aja woedjoedna, atoech langit teh meureun lain djiga ajakan bangoenna, tapi djiga bal; ari boemi di djërëna, di têngah-tengah, sabarat bcubeureun ëndog aja dina têngah-têngah tjangkangna, ngan di lëbah bobodasna hënteu aja naon-naon, disëboetna awang-awang. Tah kitoe tjek rarasaan, djadi oepama digambar, pigambareunana teh saperti gambar ka 2.

Noe boeleud di têngah-têngah ibarat boemi, ari sirkël noe ngoerilingan, minangka koeriling langit.

Moen djëlëma teu panasaran, moal hajang tëtëroesan, geus bae kitoe, da nja kitoe tjek rasa sarërea ge.

Tapi anoe panasaran, teu wëleh-wëleh<sup>6</sup> mikiran, hajang kaharti koe akal, naon langit teh?

Samemeh ngadjawab eta pananja, oerang ngarasakeun heula, rarasaan sarërea anoe asa katjida bënërna tea. Ieu-ieu pada njëboet, jen panonpoë, boelan djeung bentang, kabeh narapë' kana langit, djadi kabeh saroea bae djaoehna. Moen ënja kitoe, meureun panonpoë atawa boelan, radjeun ngarandëg, da kahalangan koe bentang. Padahal oepama oerang ngawaskeun boelan, madjoena ngoelon (saënjana, boelan mah madjoena ngetan) ngambah langit teh taja pisan ngarandëgna, da taja noe ngahalangan. Kitoe deui panonpoë, oenggal poë ngagëlëjër madjoe ngoelon, teu ngadoepak naon-naon. Eta kabeh djadi tanda, jen soegri woedjoed di langit (hemellichamen) hënteu saroea djaoehna. Bangsa anoe panghulana pikiranana nëpi ka dinja, nja eta Tjina (Tionghoa), geus kitoe oerang Hindoe, oerang Mësir, oerang Arab, toeloj bangsa-bangsa sedjen. Oerang Hindoe njahoëunana kana hal eta, lain di-bedjaan koe Tjina, tapi beunang malikiran sorangan, koe tina leukeun-leukeunna nitenan anoe koemëlip di langit. Sawatara reboe taoen ka toekang, koe oerang Hindoe geus ditëtëpkeun, jen anoe pangdeukeutna ka boemi, nja panonpoë (Dite), toeloj boelan (Soma), geus kitoe Mars (Anggara), Mercurius (Boeda), Jupiter (Rëspati), Venus (Soekra) djeung Saturnus (Toempëk). (Anoe lima, anoe disëboet pandeuri, nja eta ngaran bentang-bentang anoe baris ditjaritakeun deui di handap).

Eta ngaran anoe toedjoeh, koe oerang Hindoe diparake ngaran poë, da baheulana pisan mah poë teh taja ngaranna. Waktoe oerang Poelo Djawa ngaragëm agama Hindoe, aja oge noe ni-

tenan bintang-bintang. Di dajauh Madjapait ge, kira-kira aja panggoeng paranti nitenan bintang. Di Pasoendan nēpi ka djaman ajeuna, aja keneh noe njaraho kana ngaran poë di djaman Hindoe, sok dipake ngitoeng rēpok atawa dipake norah. Bangsa doekoen katjida apaleunana, ana njēboetan ngaran poë teh mani norolong, kieu tjēnah:

Dite	=	Ahad
Soma	=	Sēnen
Anggara	=	Salasa
Boeda	=	Rēbo
Rēspati	=	Kēm̄is
Soekra	=	Djoema'ah
Toempĕk	=	Saptoe.

Eta parelean, ajeuna (malah geus lila) geus kanjahoan, jen hēnteu bēnēr, tapi baheula mah koe oerang Eropa oge diandĕl bae, malah ditoeroetan, diparake ngaran poë, ngan teu make ngaran Hindoe, da noeroetan oerang Roem (Romeinen lain Toerki) djeung oerang Grik (Griekenland atawa Joenani), nja oenina djadi kieu:

Zondag	asalna	tina	Zon (Panonpoë).
Maandag	"	"	Maan (Boelan).
Dinsdag	"	"	Mars (Tin atawa Tyr).
Woensdag	"	"	Mercurius (Wodan).
Donderdag	"	"	Jupiter (God v/d donder).
Vrijdag	"	"	Venus (Freia).
Zaterdag	"	"	Saturnus.

Ari ngaran-ngaran poë, noe ajeuna diparake koe bangsa Islam, noeroetan Arab, hēnteu ngindjeum tina ngaran bintang-bintang. Tapi tadi geus disēboetkeun, jen oerang Arab ge katjida nja-hoēunana kana kaajaan bintang-bintang teh, malah dingaranan koe basa Arab, aja oge noe saroea djeung ngaran Hindoe. Ieu di handap parelean ngaran Arabna noe toedjoeh tea:

Samsoe	=	Panonpoë.
Kamar	=	Boelan.
Marich	=	Mars.
Oetarid	=	Mercurius.
Moestari	=	Jupiter.
Djoehara	=	Bintang Timoer.
Djoehal	=	Saturnus.

Tina eta ngaran-ngaran, aja oge noe koe oerang dipake ngaran djëlëma, sarta aja anoe oenina robah, saperti tina Djoehara djadi: Djoehro, Djoehri, Djoehriah; tina Samsoe djadi Samsa, Samsi, Samsiah djeung salianna.

Kolot-kolot aja oge noe masih keneh përtjaja djeung ngamal-keun kana elmoe palintangan (*astrologie*), nja eta noe sok dipake nganjahokeun bagdja-tjlaka. Geuning aja basa: njanjabaan ning-gang moestari. Anoe didjieun patokan dina elmoe palintangan, (\*) nja eta ngaran bentang noe toedjoeh tea, da anggapanana aja oge patalina djeung titis-toelis djëlëma.

Saënjana rada djaoeh oge, ieu tjarita teh njimpangna, tina një-boet ngaran bentang, make brasbras kana njëboet ngaran. poë djeung ngaran djëlëma sagala roepa. Tapi teu djadi nanaon. soe-gan bae aja goenana. Anoe dimaksoed koe koering, babakoena soepaja tërang, jen woedjoed-woedjoed noe aja di awang-awang teh, djaoehna hënteu saroea. Ajeuna tangtoe katjipta, jen lamoen langit aja woedjoedna, toer ajana di lëbah boelan (saënjana, noe pangdeukeutna teh boelan), meureun bentang Timoer, moal ka-tendjo; lamoen lëbah bentang Timoer, tangtoe panonpoë teu tem-bong. Ari ieu, bët sagala oge tembong, malah bentang noe kabina-bina djaoehna oge, geuning katembong. Koe sabab eta, tetela pisan, jen langit teh taja woedjoedna; djadi boemi, boelan, pa-nonpoë djeung bentang-bentang teh, kabeh aja di awang-awang, ari antarana hidji-hidjina, kabina-bina djaoehna.

Djadi ajeuna teu samar deui, jen boemi teh bangoenna boeleud, teu digantoeng, teu ditihangan, teu ditalian, ngalajang di awang-awang, taja noe ngahalang-halang. Ari langit taja woedjoedna. Anoe dingaranan langit, beunang oge disëboetkeun *toengtoeng deuleu*. Tatapi sanadjan kitoe, doea gambar noe di loehoer teu moebadir, sakapeung kapake oge, keur nërangkeun përkara noe koerang tërang, keur ngartikeun përkara noe teu kaharti.

## II. PANONPOË, BOELAN DJEUNG BENTANG

Di loehoer koe koering geus disëboetkeun jen noe pangheulana nitenan woedjoed-woedjoed di langit teh, nja eta bangsa Tiong-hoa, tégësna bangsa Tionghoa teh geus ti djaman koena moela

(\*) lintang (basa Djawa) = bintang.

seukeut tingalna, seukeut pikirna. Koemaha ari karoehoen oerang? mintoel panonna? Djigana mah, mimitina karoehoen oerang nitenan langit, sanggeus datang oerang Hindoe ka Poelo Djawa, padahal aja katêranganana, jen karoehoen oerang henteu koe-oeleun, samemeh dibeuntakeun koe deungeun oge; éngke di handap kapanggih katêranganana.

Tjek tjarita, oerang Hindoe noe mimiti nganjahokeun, jen woe-djoed-woedjoed di langit henteu saroea djaoehna, lain kaom *ningrat*, tapi boedak-angon domba, noe sok njararing ti peuting, ngadjaga angonanana di tégal-tégal. Eta teh djaman baheula kabina-bina, geus mangreboe-reboe taen. Ajeuna geus nepi kana waktoena, boedak angon bangsa oerang sina kitoe. Kilangbara ngarti onaman, atoe njahonjahon heulaan.

Noe matja ieu tjarita, koe koering lain diadjak mikir, tapi itoeng-itoeng diadjak laladjo bae, nja eta oerang laladjo langit.

Lêbah dieu, oerang make rarasaan noe ditoedoehkeun koe gambar ka I tea, nja eta boemi dêmpak djeung ditoeroeban koe langit. Tah eta rasa kitoe teh, nadjan soelaja tina boektina oge, ajeuna oerang toeloetjeun, tégésna oerang njaritakeun heula noeroetkeun rasa, ari tjetjog-henteuna mah djeung boektina sadjatina, éngke kaboea pandeuri. Kieu geura, tjek rasa teh:

Panopoë oenggal isok sok mélétek (bidjil) di beulah wetan, toeloelj leumpang ngambah langit, djalanna lémpèng teu poengkal-pengkol, beuki loehoer-beuki loehoer, nepi ka mantjêranana, tégésna teu bisa leuwih loehoer tina sakitoe. Lila-lila beuki handap-beuki handap toengtoengna soeroep di beulah koelon. Ari gantjangna salawasna anggér bae, taja bedana nandjak djeung moedoen, teu aja roendag-randegna nadjan keur mantjêran oge, tas nandjak antêp-antêpan, teu caekeun eureun heula, téroes bae ngalampahkeun kawadjiban.


Boelan oge lampahna nja kitoe keneh, sok djalan-djalan di langit, toer gantjangna saroea djeung panopoë, madjoewa nja kitoe deui, pada ti wetan ka koelon, ngan waktoe bidjil sarta soeroepna, oenggal peuting boelan mah sok robah-robah.

Koemaha bentang?

Moen koerang nitenanana, tina sakitoe reana, bentang-bentang mah djiga tjaritjing bae, parageuh lir noe dipakoe, padahal lamoen ditêngétan mah diawas-awas, taja bedana djeung panopoë atawa boelan, nja eta maradjoe ngotèng, boh noe gède boh noe leutik, boh noe tjekas boh noe soerem, boh noe beureum boh

noe koneng boh noe bodas, kabeh laleumpang, tapi teu pagang-tjang-gantang, da rapih tea, kawasna mah sarieuneun diséboet-keun pagirang-girang tampian. Eta pèrkara, koe oerang Poelo Djawa geus kanjahoan, ti samemeh didatangan oerang Hindoe, kitoe deui maranehna geus njahoëun, jen bentang-bentang teh djaoehna ti pada batoerna teu robah-robah. Pek rèresëpan langit ditjipta kërëtas, bentang-bentang minangka titik, toeloej eta titik-titik noe dareukeut ditëpoengkeun koe goerat-goerat (dina tjiptaan), nja djadi gambar. Sanggeus kitoe, eta goendoekan bentang teh dingaranan, noeroetkeun bangoenna gambar. Kieu tjontona:

Moen ti peuting noedjoe lenglang, pek oerang teh loentang-lantoeng di baroeroean, ngawas-ngawas ka tèbeh kaler, sakapeung mah teu koedoe tanggah, djol beh bae aja 7 bentang tjekas, tjahjanatingboeroenjoej, tingkaritjeup, lir ngitjeupan noe keur neuteup. Pek njipta njiunan goerat noe nëpoeng-nëpoengkeun eta bentanganoe 7, ana djlëg teh bët djadi gambar padati (dina tjiptaan), kawas gambar ka 3.




Gambar ka 3.

Goendoekan bentang anoe dingaranan „Bentang Padati.”

Tah kitoe asal-asalna, noe matak eta goendoekan, koe noe baheula dingaranan „Bentang Padati”.

Bangsa oerang kaajeunakeun, noe diadjar elmoe bentang di sakola, njarëboetna kana eta goendoekan teh „de Groote Beer” noeroetan Walanda. Ari oerang Roem njarëboetna „Ursus Major” (basa Latijn). Oerang Arab, kitoe deui bangsa oerang noe ngoelikna elmoe palak tina kitab-kitab Arab njarëboetna „Adaboeläk-bar”. Hartina tilocanana saroea pisan, nja eta „Biroeang gëde”, tapi saënja-ënjana mah, lain ngan goendoekan noe toedjoeh woengkoel, noe diséboet, „de Groote Beer” teh, da aja deui bentang-bentang anoe dareukeut ka dinja, anoe ditëpoeng-tëpoengkeun, nëpi ka djiga gambar biroeang, tjara gambar ka 4.

Dina eta gambar, tetela pisan, jen noe toedjoeh mah djadi sabagianana. Koe sabab eta, hade „Bentang Padati” bae diséboetna koe oerang mah, malah Walanda ge aja noe sok njarëboet „Wagen” (hartina padati keneh).




Gambar ka 4.

Goendoekan bintang anoe dingaranan „Grootc Beer”

Eta bintang anoe toedjoeh, papatjoean dingaranan „Bentang Toedjoeh”, da ari saénjana mah kadalapan bintang leutik, djeung aja deui goendoekan sedjen, 7 bintang noe laleutik, ngagonjok kawas liontin markis, katjida pisan loetjoena. Tah nja eta noe diséboet „Bentang Toedjoeh” mah. Noe pangleutikna di antara eta noe toedjoeh, sakapeung sok teu katembong, népi ka — saer Mas Boedihardjo mah — koe oerang Malajoe didjieun sa’ir. Kieu oenina:

Bintang toedjoeh tinggal enam,  
 Djatoeh jang satoe di Madjapait,  
 Aoes toeboeh serasa demam,  
 Lagi tambah dengan penjakit.

Di lébah mana ajana Bentang Toedjoeh teh? Ke di handap diséboetkeun. Ajeuna oerang nitenan heula djalanna Bentang Padati. Djalanna koemaha tea? Ongkon di loehoer geus diséboetkeun, jen bintang-bintang teh taja eureu’na leumpang ti wetan ka




*Gambar ka 5.*

Bentang Padati katingal di wetan

koelon, aja bidjil djeung soeroepna, tjara panonpoë baé, tapi katingalna aja oge matak helokna, kawantoe bentang mah rea batoerna, hënteu tjara panonpoë, mëntjil. Kieu geura anehna teh:

Ieu gambar ka 5, ngoepamakeun Bentang Padati, kitoé katingalna koe oerang, barang oerang bidjil ti imah. Moen téroes di-awas-awas, tetela pisan madjoena ngoelon nëpi ka a d ě g n a (*houding*) teu tjara tadi, tapi tjara di handap ieu, gambar ka 6.

Teu meunang hënteu, eta teh geus tangtoe kitoé, adĕgna teu



*Gambar ka 6.*

Bentang Padati keur mantjéran

bisa tètép, robah deui-robah deui, lila-lila nja tjara gambar ka 7.

Ajeuna disélang heula, oerang njaritakeun panonpoé deui sa-keudeung. Lamoen langit sipatna tjara kéréta, sarta panonpoé mamawa mangsi keur njirian djalanna noe dilampahan, tangtoe katingal ngagaloer, ngabangoen pëlengkoeng satengah sirkél (180°), ngoedjoer ti wetan ka koeloc.


Afi bentang nja kitoe deui? Atoeh poegoeh nja kitoe pisan,




malah lamoen oenggal bentang, djalanna aja tjirina, geus tangtoe langit teh saloer.

Oenggal bentang, katjiptana koe oerang mah, djalanna teh meh kabeh satengah sirkël. (Këtjap „mah” dina omongan ieu. përløe pisan diajakeun).

Di beulah kidoel aja sagoendoekan bentang, *Bentang-Lang-lajangan* ngaranna, mindëng pisan katembongna, sakapeung — nadjan bentang noe sedjen teu tembong oge — eta mah sok



*Gambar ka 7.*  
Bentang Padati rek soeroep



Gambar ka 8.

Bentang-Langlajangan di opat tómpat


tembong bae, reana 4, ari ditépoengkeun koe goerat, djadi gambar langlajangan. Koe sawareh dngaranan *Saeng gendjot* (Tjiek Djawa: *Goehog-pentjeng*), teu koedoe ditérangkeun sababna, noe matak aja noe njeboet kitoe. Koe Walanda ditépoeng-tépoengkeunana, lain sisina, tapi têngahna, goerat-djoengdjangna, nja djadi gambar tjakra (= *kruis*), toeloej diséboet *Zuidrr Kruis* (= tjakra di kidoel).

Toekang ngala laeok di basisir Priangan (Palabocanratoe djst.) katjida njarahoeunana kana Bentang-Langlajangan teh, sarta — tjénah — gède goenana.

Eta Bentang-Langlajangan, lalampahanana tjara Bentang-Padati bae, madjoe ti wetan ka koelon, djalanna marëlëngkoeng, djadi oepama Bentang-Langlajangan digambar di opat tēmpat, kira-kira antara 60° (sapērti loe tina satēngah pëlëngkoeng sirkël), tangtoe pigambareunana sapērti gambar ka 8.

Kade kaliroe: Oelah dikira, jen oerang teh bisa ningal opat Bentang-Langlajangan sama sakali. Eta hēnteu bisa djadi, da ngan hidji (sagoendoek), kapan Bentang-Langlajangan teh. Eta gambar saēnjana pikeun noe loeng kana tjiptaan bae, malar koe hate oerang katingal, kitoe tjitjingna oepama kakara bidjil, kitoe lamoen rek mantjēran, kitoe lamoen tas mantjēran, kitoe oepama rek soeroep.

*ndoewoer.*



Bentang-bentang noe di kidoel atawa anoe di kaler, gampang bae dititinanana koe oerang, teu matak malik njanghareup, tapi bentang noe bidjil di wetan pisan, moen diteuteup ti barang bidjil, beuki lila, tangtoe oerang beuki tanggah, komo ari geus mantjēran, lamoen oerang hajang neuteup rada lila teh, kapaksa koedoe nangkarak bēngkang di taneuh. Kitoe deui oepama geus lingsir ngoelon kapaksa oerang koedoe njanghareup ngoelon, kitoe oge lamoen koerang awasna mah matak leungiteun, kawas nganteur boedak bangor ka Pasar-Gambir. Koemaha noe matak kitoe? Atoeh da bangoenna matak kalinglap, anoe di wetan nangtoeng teh, di koelon mah narotoeg, djaloengkir, matak seuri, minang-

*Wetan*

*Gambar ka 9.*

Bentang Woeloe koe kakara bidjil

ka „Charley Chaplin” na, lamoen dina bioskop mah.

Bentang-bentang anoe kitoe, tjontona *Bentang-Woeloekoe*. Ilikan gambar ka 9 anoe ngagambarkeun eta bentang di wetan keneh :

Tina bidjil nepi ka soeroep, koerang leuwih lilana 12 djam. djadi saopama bidjil dina poekoel 6 sore di lèbah horison wetan, tangtoe soeroep dina poekoel 6 isoek. Moen panasaran, awaskeun bae di beulah koelon, tangtoe pisan katingalna tjara gambar ka 10.

Ari pangna eta bentang dingaranan *Bentang-Woeloekoe*, kieu tjénah :

d, e djeung f = boeboentoet singkal katoet landjamna  
 h, i „ j = tjatjadan  
 b „ g = moending sarakit,  
 c „ a = noe ngawoeloekoe  
 (c sirahna, a soekoena). \*)

Sim koering geus ngoeping oge anoe njéboet *Bima Sakti* kana *Bentang-Woeloekoe* teh. Eta ngaran rek sawanda djeung *Orion*, nja eta panjéboet oerang Eropa, asal noeroetan oerang Grik, noe mapantès nepi ka djilég dina tjiptaanana djadi gambar djéléma gagah, nja dingaranan *Orion* (ngaran hidji oerang Grik noe mashcer gagah di djaman koena).

*noewoepu*

6 \*

7 \*

1 \*  
2 \*  
3 \*  
4 \*  
5 \*  
6 \*

8 \*

9 \*

*Koelon*


*Gambar ka 10.*

*Bentang-Woeloekoe rek soeroep*

\*) Eta bentang a roepana beureum, sadab — tjenah — anoe ngawoeloekoe tea, soekoena bebéiakeun.

Eta Bentang-Langlajangan, lalampahanana tjara Bentang-Padati bae, madjoe ti wetan ka koelon, djalanna marēlēngkoeng, djadi oepama Bentang-Langlajangan digambar di opat tēmpat, kira-kira antara 60° (sapērtiŕiloe tina satēngah pēlēngkoeng sirkēl), tangtoe pigambareunana sapērti gambar ka 8.

Kade kaliroe: Oelah dikira, jen oerang teh bisa ningal opat Bentang-Langlajangan sama saka-  
*ndoewoer.*  
 li. Eta hēnteu bisa djadi, da ngan hidji (sagoendoek), kapan Bentang-Langlajangan teh. Eta gambar saēnjana pikeun noe-  
 loeng kana tjiptaan bae, malar koe hate oerang katingal, kitoe tjitjingna oepama kakara bidjil, kitoe lamoen rek mantjēran, kitoe lamoen tas mantjēran, kitoe oepama rek soeroep.



Bentang-bentang noe di kidoel atawa anoe di kaler, gampang bae dititēnanana koe oerang, teu matak malik njanghareup, tapi bentang noe bidjil di wetan pisan, moen diteuteup ti barang bidjil, beuki lila, tangtoe oerang beuki tanggah, komo ari geus mantjēran, lamoen oerang hajang neutepurada lila teh, kapaksa koedoe nangkarak bēngkang di taneuh.

Kitoe deui oepama geus lingsir ngoelon kapaksa oerang koedoe njanghareup ngoelon, kitoe oge lamoen koerang awasna mah matak leungiteun, kawas nganteur boedak bangor ka Pasar-Gambir. Koemaha noe matak kitoe?

*Wetan*

Gambar ka 9.

Bentang Woeloekoe kakara bidjil

Atoeh da hangoenna matak kalinglap, anoe di wetan nangtoeng teh, di koelon mah narotoeg, djaloengkir, matak seuri, minang-

ka „Charley Chaplin” na, lamoen dina bioskop mah.

Bentang-bentang anoe kitoe, tjontona *Bentang-Woeloekoe*. Ilikan gambar ka 9 anoe ngagambarkeun eta bentang di wetan keneh:

Tina bidjil nēpi ka soeroep, koerang leuwih lilana 12 djam. djadi saopama bidjil dina poekoel 6 sore di lēbah *horison* wetan, tangtoe soeroep dina poekoel 6 isoek. Moen panasaran, awaskeun bae di beulah koelon, tangtoe pisan katingalna tjara gambar ka 10.

Ari pangna eta bentang dingaranan *Bentang-Woeloekoe*, kieu tjēnah:

d, e djeung f = boeboentoet singkal katoet landjamna  
 h, i „ j = tjatjadan  
 b „ g = moending sarakit,  
 c „ a = noe ngawoeloekoe  
 (c sirahna, a soekoena). \*)

Sim koering geus ngoeping oge anoe njēboet *Bima Sakti* kana *Bentang-Woeloekoe* teh. Eta ngaran rek sawanda djeung *Orion*, nja eta panjēboet oerang Eropa, asal noeroetan oerang Grik, noe napantēs nēpi ka djilēg dina tjiptaanana djadi gambar djēlēma gagah, nja dingaranan *Orion* (ngaran hidji oerang Grik noe mashoeer gagah di djamman koena).

*αομααορυ*

6 \*

υ \*



ο \*

9 \*

*Καελον*

*Gambar ka 10.*

*Bentang-Woeloekoe rek soeroep*

\*) Eta bentang a roepana beureum, sādab — tjēnah — anoe ngawoeloekoe tea, soekoena bebēiakeun.

Kaanehan bentang-bentang, sakoemaha noe geus disēboet di loehoer, gampang diboektikeunana koe oenggal djēlēma oge. Tapi kadjaba ti eta, aja deui kaanehan bentang-bentang teh, ngan rada leukleuk njojogkeunana, da koedoe aja wēlasna poē nitenanana, djeung koedoe anggēr poekoelna, saopama peuting tadi poekoel 7 nitenan bentang, peuting ēngke koedoe poekoel 7 deui, peuting isoek pon kitoe keneh, djeung satēroesna. Tah saopama kitoe, teu kalawan dibedjaan koe batoer oge, oedjoeg-oedjoeg njaho bae, jen bentang-bentang teh oenggal heuleut 24 djam, sok ngeser sagrat ( $1^{\circ}$ ) ka koelon. Djadi lamoen, hidji bentang — hadena mah nitenan sahidji bae — dina hidji peuting mantjēranana poekoei 8, dina peuting isoekna mah, moen ditingal poekoel 8 deui, geus liwat sagrat ka koelon, isoekna deui liwat doea grat, kitoe bae beuki djaoeh-beuki djaoeh tina tēmpat mantjēran teh, antekna mah dina poekoel 8 sore teh teu tembong, da geus soeroep. Iraha eta bentang mantjēran deui poekoel 8 sore? Éngke ari geus sataoen. Djadi lamoen hidji bentang mantjēranana dina poekoel 8 teh, ninggang dina tanggal 1 Januari 1929, tangtoe ēngke dina tanggal 1 Januari 1930, poekoel 8 sore teh mantjēran deui. Oenggal bentang, eta kitoe teh (Aja oge sawareh anoe teu kitoe, ēngke di handap ditjaritakeun).

Noeroetkeun tjarita anoe di loehoer, djadi ajeuna tetela, jen bentang-bentang teh aja doea roepa lampahna, nja eta: kahidji tjara panonpoē, laleumpang ngoelon gantjangna  $15^{\circ}$  sadjam; kadoea oenggal heuleut 24 djam, tēmpatna sok ngeser  $1^{\circ}$  ka koelon.

Di loehoer geus disēboetkeun, jen oerang Poelo Djawa teh, samemeh datang oerang Hindoe ge (kira-kira geus 2000 taoen ka toekang), geus njarahoēun kana lampahna (djalanna) bentang-bentang teh, djadi dina pasal ieu, tēgēsing lain pērkarā model, hēnteu bangga ngartikeunana, da karoehoen oerang oge geuning ngartieun.

Oerang sarerea geus pada tērang kana kētjap „katiga”. Tah eta teh, asal-asalna pisan mah noeroetkeun djalanna bentang. Kātērangān noe leuwih pandjang, nja eta dina pasal di handap ieu.

### III. PRANATAMANGSA.

Lampah bentang noe kadoea, nja eta sok ngeser  $1^{\circ}$  ka koelon, saban heuleut 24 djam tea, kōe karoehoen oerang sok dipake nang-

toekeun datangna moesim (mangsa), babakoena soepaja njaho, iraha mimiti ngidjih, djadi bisa taki-taki lamoen rek ngagarap tanah.

Eta bentang-bentang tea, kawasna mah dianggapna koe karoe-hoen teh ngoerilingan boemi, tēpoeng gēlang dina sataoen. Ari noe djadi babakoe, noe dititenan, nja Bentang-Woeloekoe tea, malah-malah eta bentang sok disēboet *Goeroe Desa*, da minangka goeroe keur oerang desa. Ari pērdjalanan eta Bentang-Woeloekoe teh, ieu di handap ditjaritakeun.

Kira-kira pananggalan boelan November, Bentang-Woeloekoe soeboeh-soeboeh tembong di wetan, nja dianggap koe djoeroe tani baheula, minangka anoe ngingētan ka naranehna, jén koedoe singkil, sadia tjangtjoet, ngaloearkeun woeloekoena, mimiti ngagarap tanah. Lila-lila (kira-kira boelan April kapareunna) eta Bentang-Woeloekoe teh, katembong sore di koelon, sarja woeloekoena djoengkir, eta dipake tētēngēr, pikeun ngampihkeun woeloekoe, tēgēsna waktōe pauen, waktōe ngaso, reureuh tina leuleutakan, ngarasakeun laang kesang, soekan-soekan, bērsih badan, bērsih imah djeung pakarangan, malah aja anoe kawin atawa anoe ngawinkeun. Kitōe deui oepama noedjoe salamēt, taja halangan haroengan, batoer djēnoek bala rea, sok goeloeng sabiloeloengan, raramean narembongkeun kamonesan. Eta adat, ajeuna ge aja keneh antjal-antjalan, disēboetra sidēkah boemi.

Oepama Bentang-Woeloekoe, pasosore katingalna handap pisan di beulah koelon, katjiptana koe noe baheula, eta Bentang-Woeloekoe teh aja di antara boemi djeung langit, kahapit; nja ti waktōe harita, nēpi ka  $\pm$  50 poē lilana, satoengtoeng Bentang-Woeloekoe hēnteu katembong ti peuting, disarēboet mangsa *Kapit* atawa *Hapit*.

Djēlēma sedjen, kajangning oerang Grik di djaman koena, aja oge noe marake Bentang Toedjoeh, pikeun nangtoekeun mangsa teh, kawantōe eta bentang pērnahna teu pati djaoeh ti Bentang-Woeloekoe tea, nja eta di kaler-koeloneunana.

Oerang Atjeh, njobatna djeung *Bentang Kala*, tēgēsna nja bentang eta anoe diaranggap tētēngēr mangsa koe maranehna. Ari bangoen Bentang Kala, nja tjara gambar ka 11.

Noe geus disēboet di loehoer, moesim atawa mangsa teh ka-



Kaanehan bentang-bentang, sakoemaha noe geus disëboet di loehoer, gampang diboektikeunana koe oenggal djëlëma oge. Tapi kadjaba ti eta, aja deui kaanehan bentang-bentang teh, ngan rada leukleuk njojogkeunana, da koedoe aja wëlasna poë nitenanana, djeung koedoe anggër poekoelna, saopama peuting tadi poekoel 7 nitenan bentang, peuting ëngke koedoe poekoel 7 deui, peuting isoek pon kitoe keneh, djeung satëroesna. Tah saopama kitoe, teu kalawan dibedjaan koe batoer oge, oedjoeg-oedjoeg njaho bae, jen bentang-bentang teh oenggal heuleut 24 djam, sok ngeser sagrat (1°) ka koelon. Djadi lamoen, hidji bentang — hadena mah nitenan sahidji bae — dina hidji peuting mantjërana poekoel 8, dina peuting isoekna mah, moen ditingal poekoel 8 deui, geus liwat sagrat ka koelon, isoekna deui liwat doea grat, kitoe bae beuki djaoeh-beuki djaoeh tina tẽmpat mantjërana teh, antekna mah dina poekoel 8 sore teh teu tembong, da geus soeroep. Iraha eta bentang mantjërana deui poekoel 8 sore? Èngke ari geus sataoen. Djadi lamoen hidji bentang mantjërana dina poekoel 8 teh, ninggang dina tanggal 1 Januari 1929, tangtoe ëngke dina tanggal 1 Januari 1930, poekoel 8 sore teh mantjërana deui. Oenggal bentang, eta kitoe teh (Aja oge sawareh anoe teu kitoe, ëngke di handap ditjaritakeun).

Noeroetkeun tjarita anoe di loehoer, djadi ajeuna tetela, jen bentang-bentang teh aja doea roepa lampahna, nja eta: kahidji tjara panonpoë, laleumpang ngoelon gantjangna 15° sadjam; ka-doea oenggal heuleut 24 djam, tẽmpatna sok ngeser 1° ka koelon.

Di loehoer geus disëboetkeun, jen oerang Poelo Djawa teh, samemeh datang oerang Hindoe ge (kira-kira geus 2000 taoen ka toekang), geus njarahoeun kana lampahna (djalanna) bentang-bentang teh, djadi dina pasal ieu, tẽgësing lain përkara model, hẽnteu bangga ngartikeunana, da karoehoen oerang oge geuning ngartieun.

Oerang sarerea geus pada tẽrang kana këtjap „katiga”. Tah eta teh, asal-asalna pisan mah noeroetkeun djalanna bentang. Katerangan noe leuwih pandjang, nja eta dina pasal di handap ieu.

### III. PRANATAMANGSA.

Lampah bentang noe kadoea, nja eta sok ngeser 1° ka koelon, saban heuleut 24 djam tea, koe karoehoen oerang sok dipake nang-

toekeun datangna moesim (mangsa), babakoena soepaja njaho, iraha mimiti ngidjih, djadi bisa taki-taki lamoen rek ngagarap tanah.

Eta bentang-bentang tea, kawasna mah dianggapna koe karoe-hoen teh ngoerilingan boemi, tēpoeng gēlang dina sataoen. Ari noe djadi babakoe, noe dititenan, nja Bentang-Woeloekoe tea, malah-malah eta bentang sok disēboet *Goeroe Desa*, da minangka goeroe keur oerang desa. Ari pērdjalanan eta Bentang-Woeloekoe teh, ieu di handap ditjaritakeun.

Kira-kira pananggalan boelan November, Bentang-Woeloekoe soeboeh-soeboeh tembong di wetan, nja dianggap koe djoeroe tani baheula, minangka anoe ngingētan ka maranehna, jen koedoe singkil, sadia tjangtjoet, ngaloearkeun woeloekoena, mimiti ngagarap tanah. Lila-lila (kira-kira boelan April kapareumnakeun) eta Bentang-Woeloekoe teh, katembong sore di koelon, sarja woeloekoena djoengkir, eta dipake tētēngēr, pikeun ngampihkeun woeloekoe, tēgēsna waktōe panen, waktōe ngaso, reureuh tina leuleutakan, ngarasakeun laang kesang, soekan-soekan, bērēsih badan, bērēsih imah djeung pakarangan, malah aja anoe kawin atawa anoe ngawinkeun. Kitoe deui oepama noedjoe salamēt, taja halangan haroengan, batoer djēnoek bala rea, sok goeloeng sabiloeloengan, raramean narembongkeun kamonesan. Eta adat, ajeuna ge aja keneh antjal-antjalan, disēboetna *si dēka h boemi*.


Oepama Bentang-Woeloekoe, pasosore katingalna handap pisan di beulah koelon, katjiptana koe noe baheula, eta Bentang-Woeloekoe teh aja di antara boemi djeung langit, kahapit; nja li waktōe harita, nēpi ka  $\pm$  50 poē lilana, satoengtoeng Bentang-Woeloekoe hēnteu katembong ti peuting, disarēboet mangsa *Kapit* atawa *Hapit*.

Djēlēma sedjen, kajangning oerang Grik di djaman koena, aja oge noe marake Bentang Toedjoeh, pikeun nangtoekeun mangsa teh, kawantōe eta bentang pērnahna teu pati djaoeh ti Bentang-Woeloekoe tea, nja eta di kaler-koeloneunana.

Oerang Atjeh, njobatna djeung *Bentang Kala*, tēgēsna nja bentang eta anoe diaranggap tētēngēr mangsa koe maranehna. Ari bangoen Bentang Kala, nja tjara gambar ka 11.

Noe geus disēboet di loehoer, moesim atawa mangsa teh ka-

kara doea roepa, nja eta moesim ngagarap tanah djeung moesim ngaso. Kitoe deui moen ditëngëtan, tetela pisan, noe didjieun patokan teh lain lampah bentang bae, tapi dibandingkeun djeung panonpoë, djadi beunang ditjotjogkeun djeung itoengan taoen



*Gambar ka 11*  
Bentang Kala

Masehi, sarta ti baheula moela, sataoen teh koe karoehoen oerang geus dibagi djadi 12 bagian (12 mangsa). Ieu di handap pareleanana, beunang njonto tina boekoe „Pranata-mangsa” karangan Mas Boedihardjo.

(Dina eta parelean teu disëboetkeun di mana ajana Bentang-Woeloekoe dina oenggal tanggal mangsa, da hënteu pati përlöe, ijeung oepama oerang radjin nitenan mah, tangtoe bisa bae nangoekeun ajana Bentang-Woeloekoe atawa bentang noe sedjen, lina saban-saban waktöe).

Mangsa anoe ka 11 djeung 12 disëboet *Dësta* djeung *Sada*, loeanana basa Sangsrit (Sangsakërta). Eta beunang oge dipake anda jen memeh datang oerang Hindoe mah, sataoen teh ngan idjieun 10 mangsa.

Kaajaan mangsa anoe 12 tea, noeroetkeun tjtjandran kolof, su di handap diparelekeun, tapi ngan tjtjandran bae, boektina mah rea anoe ngagetjolna. Kieu tjënah:

Ngaranna mangsa		Oemoerna	Mimitina (tanggalna)	Oesoem
1	Kasa . . . .	41 poë	21 atawa 23 Juni . . . .	Halodo atawa katiga
2	Karo . . . .	28 "	1 " 2 Agustus . . . .	
3	Katiga . . . .	24 "	24 " 25 " . . . .	
4	Kapat . . . .	25 "	17 " 18 " . . . .	Mimiti hoedjan (Mamareng)
5	Kalima . . . .	27 "	12 " 13 October . . . .	
6	Kanëm . . . .	43 "	8 " 9 November . . . .	Oesoem sèbar atawa tèbar
7	Kapitoe . . . .	43 "	21 " 22 December . . . .	
8	Kawoloe . . . .	26-27 "	2 " 3 Februari . . . .	Oesoem bandjur
9	Kasanga . . . .	25 "	29 Februari 2 Maart . . . .	Bandjur panganggeusan
10	Kasadasa . . . .	24 "	25 atawa 26 Maart . . . .	} Oesoem panen
11	Dèsta . . . .	23 "	18 " 19 April . . . .	
12	Sada . . . .	41 "	11 " 12 Mèi . . . .	Oesoem dangdangrat
		365-366 poë		

1. Mangsa Kasa, oesoem kakaiian poeroetoel teu daraenan.
2. Mangsa Karo, taneuh bareulah, bawaning panas.
3. Mangsa Katiga, beubeutian mimiti kaloe ar siring (gadoeng, hoei, koer neli djst.).
4. Mangsa Kapat, Liang tijnjoesoe saraat.
5. Mangsa Kalima, mimiti aja hoedjan.
6. Mangsa Kanëm, oesoem boeah-boeah.
7. Mangsa Kapitoe, oesoem kasakit.
8. Mangsa Kawoloe, oesoem oetjing lakian.
9. Mangsa Kasanga, oesoem gaang djeung toeraes.
10. Mangsa Kasadasa, oesoem sasatoan reuneuh.
11. Mangsa Dèsta, oesoem retjet anak manoeck, dipakanan koe indoeingna.
12. Mangsa Sada, oesoem tiris.

Ajeunna oerang tjetjongkeun djeung tjarita djoeroe tani, Kieu tjeck djoeroe tani mah:

1-2-3 nja eta oesoem halodo atawa katiga tea, rea tatangkalan hoe teu daenan, bawaning teu aja hoedjan.


4. Mimiti aja hoedjan; tatangkalan paroetjoekan; randoe boeahna gararing sarta barèkeh; pèpèlakan palawidja geus karolat; galatik nèba di tègal.

5. Oesoem siraroe djeung oesoem soecong; isoek-isoek, meh srangenge mèlètek, saeran goenting sok disarada di poentjak

latangkalan: „*detjiprèt, detjiprèt*” tjenah, ten eureun-eureun; ari geus ngidjijh énjaan, disadana sok djadi „*detjiprèt kengkeng*.” Kitoe deui narita teh oesoem nédèng bonoborosan (lampoejang, koentji djst.).

6. Oesoem hoedjan ngétjrék, oesoem tébar. Bèlékek djeung sabangsana mimiti abroet-abroelan, ngalanglangan sawah batoer. Lantjah dingding ramatna djadi ngadingding, da sieuneun roek-sak koe hoedjan, ari tadina mah, keur waktoe halodo keneh, sok namprak ramatna teh.

7—8. Oesoem mégar éndog peupeundeujan, djeung oesoem



Gambar ka 12

Noedoeheun bentang noe par gloukoutna

kembangan kaso, ari dina mangsa Kasanga, oesoem ligar kembangan kaso.

9—10. Mangsa Kasada, nja eta oesoem panen.

11. Oesoem kembang randoe.

12. Oesoem mëlak katjang kadële, taroem, kapas, djarak, djeung mimiti ngagarap tégäl, baris dipëlakan djagong djeung salianna.

Oerang geus përtjaja pisan, jen djaoehna bentang-bentang teh joeta-joeta km. ti pada batoerna, djadi eta gambar-gambar di langit teh noe didjadkeun koe bentang-bentang, estoe papalingpang pisan djeung bœktina. Tapi sanadjan kitoe, aja bae goenana mah gambar-gambar atawa ngaran bentang teh, nja eta pikeun têtêngër mangsa, djeung minangka keur padoman, da oepama di hareupeun oerang aja Bentang-Langlajangan, djadi tetela oerang teh njanghareup ngidoel, noekang ka kaler; wetan ti kentja, ari koelon di katoehoe, djadi moal bisa kasaroeng atawa kapaidër.

Oerang njaho, jen poelo-poelo di laoet, ngaranna teh aja ngaran sagoendoekan, aja ngaran hidji-hidji. Bentang ge nja kitoe deuih; dina kar-langit, sok aja noe ditjirian koe aksara Grik ( $\alpha =$  Alpha,  $\beta =$  Beta,  $\gamma =$  Gamma dj.st.) Bentang anoe pangdeukeutna ka oerang tea, nja eta bentang  $\alpha$  Centauri (=  $\alpha$  di goendoekan Centaurus), pernahna heuleut hidji di wetaneun Bentang-Langlajangan. Ilikan gambar ka 12 (\*).

Kadjaba ti tamba kapaidër, gawena Bentang-Langlajangan teh aja deui, nja eta keur neangan *koetoeb-kidoel*. Kitoe deui Bentang Padati, eta beunang dipake nangtoekeun ajana *Bentang Koetoeb* (= Poolster). Éngke dina almënak taoen pajoen baris ditjaritakeun, koemaha nangtoekeunana.

---

(\*) Dina ieu gambar, aksarana teu tjara dina kar-langit, djadi bentang noe pangdeukeutna teh, nja eta noe diaksaraan *b*.

S. di B.

(*Toeioejkeuneun*)

# MANGLE

## KA POELO DJAWA

anggitan

Rabindranath Tagore

Disoendakeun koe Tb. Djajadilaga

### I

#### Kinanti

Poeloeh windoe noe kapengkoer,  
djaman baheula bihari,  
geus hilap mangsa-mangsana,  
andjeun tēpang djeung sim koering,  
tēpoeng tjatoer gēndoe-rasa,  
galo sahiroep-sahoerip.

Angin ti wetan ngahioek,  
mawa sabda ngahiliwir,  
panjambat andjeun ngalajang,  
dibawa koe angin tarik,  
ngambah djalan tan katingal,  
djalan saloehoereun boemi.

Ngadjoegdjoeg basisir djaoeh,  
kasorot tjahja doemēling,  
tjahja soerja ngahibaran,  
daoen kalapa aroesik,  
siga tangan ngagoepajan,  
awor djeung sora sondari.

Sora sondari ngahioeng,  
ajoen-ambing ngēmban poedji,  
moedja ka Kali Logangga,  
lēmah poetih banjoe soetji,  
Batara Wisnoe ngandika,  
meupeudjeuh ka djisim koering.

Dewi Oema on nja kitoe,  
Dewi noe kolgas lineuwih,  
sapoeloh pananganana,  
ngadawoehan ka sim koering:  
„Kapal beberkeun lajarna,  
djeung bawa roekoen noe soetji.

Ka sagara alak paoel”  
kotjap Tjilogangga mili,  
tjoertjor ngotjor soemarambah,  
kadya tangan noe rek ngeumbing,  
njawel ka sagara wetan,  
hénteu lila ngeng ka oeping.

Doea sowara toemoeroen,  
atra pilahir ti langit,  
mimiti ngawinkeun Rama,  
médar lalakon lineuwih,  
kapoendjoelan lampah Rama,  
djeung pētana nandang sēdih.

Haleuang deui koemēloeng,  
ngawih tjarita sinakti,  
ngagēlar Mahabharata,  
njatoer satria lineuwih,  
lalakonna Sang Ardjoena,  
basa oenggoel meunang djoerit.

Sarta ka koering ngadawoeh,  
jen eta kawih pamoedji,  
lalakon kasampoernaan,  
koedoe dibawa koe koering,  
ngaloen malapaj sagara,  
ka pelo wetan noe tēbih.

Djeung deui koering ngabantoen,  
talatahna lēmah tjai,  
wiat noe diomat-omat,  
koe bali geusan ngadjadi,  
ka koering meupeudjeuh pisan,  
jen dimana koering nēpi.



Ka ditoe ka noe didjoegdjoeg,  
koedoe mēlak bibit asih,  
njeun geusan katrēsnaan,  
di eta nagara tēbih,  
noe geus lawas goemawangna,  
djadi panjileukan ati.

## II

### S i n o m

Braj tjaang mimiti beurang,  
oleng motah kapal koering,  
nēroes aloen neumbag ombak,  
mapaj laoet biroe bērsih,  
njatjas moen ditingali,  
lajar kapal bodas mēndoeng,  
ngagēntjlang di sagara,  
mēlēnong katēbak angin,  
sok kagagas moen emoet alam harita.

Kapal datang oeloek salam,  
hoeloena njioem basisir,  
ari ningal ka daratan,  
soegri anoe katingali,  
asri ngahoedang pikir,  
goenoeng noe 'djaoeh ngalamoek,  
sisi sagara rata,  
karimboenan daoen kai,  
hioer angin tinggaroepaj tingäroelang.

Lir köekoedoeng noe koemēlab,  
dina dada ipri geulis,  
noe ngageugeuh pagoenoengan,  
leuweung ganggong sirna djati,  
kitoe tjiptaning ati,  
tjoendoekna ka noe didjoegdjoeg,  
harita ocrang tēpang,  
dina kalangkangna peuting,  
kalamangsa peuting rek ngaroengkoep djagat.

Sore poëk taja boelan,  
rapang bentang tingkarëtip,  
poëk rëjëm-rëjëm tjaang,  
kahibaran tjahja langit,  
njëbar rasaning gaib,  
përbawaning lintang toedjoeh,  
noe noeroenkeun bërkahna,  
eundeur sakoeriling boengking,  
koe heabna kasoetjian noe soemëbar.

Balebat tembong ngolebat,  
njaangan oeroet pasini,  
oeroet oerang tëpang atma,  
oeroet saniat sapikir,  
basa masih ngahidji,  
alam babarëngan hiroep,  
naratas padjamanan,  
djeung njorang tjiptaning ati,  
noe goemawang dina paningal wangwangan.

### III

#### Asmarandana.

Robah mangsa ngalih moesim.  
ganti djaman paalaman,  
soemping peuting poëk mongkleng.  
Ki Silah lali di mitra,  
anak poho di bapa,  
moerid teu ingët ka goeroe,  
kalampat Kala Maloepa.

Korsi gading tjampërënik,  
oeroet tjalik rerendengan,  
oerang keur basa bareto,  
leungit moesna teu katingal,  
katoetoeop karimboenan,  
kakoeboer këkëboel waktoe,  
noe moëntir taja këndatna.

Ka ditoe ka noe didjoegdjoeg,  
koedoe mēlak bibit asih,  
njeun geusan katrēsnaan,  
di eta nagara tēbih,  
noe geus lawas goemawangna,  
djadi panjileukan ati.

## II

### S i n o m

Braj tjaang mimiti beurang,  
oleng motah kapal koering,  
néroes aloen neumbag ombak,  
mapaj laoet biroe bērsih,  
njatjas moen ditingali,  
lajar kapal bodas mēndoeng,  
ngagēntjlang di sagara,  
mēlénong katēbak angin,  
sok kagagas moen emoet alam harita.

Kapal datang oeloek salam,  
hoeloena njioem basisir,  
ari ningal ka daratan,  
soegri anoe katingali,  
asri ngahodang pikir,  
goenoeng noe 'djaoch ngalamoek,  
sisi sagara rata,  
karimboenan daoen kai,  
hioer angin tinggaroepaj tingäroelang.

Lir koekoedoeng noe koemēlab,  
dina dada ipri geulis,  
noe ngageugeuh pagoenoengan,  
leuweung ganggong sirna djati,  
kitoe tjiptaning ati,  
tjoendoekna ka noe didjoegdjoeg,  
harita ocrang tēpang,  
dina kalangkangna peuting,  
kalamangsa peuting rek ngaroengkoep djagat.

Sore poëk taja boelan,  
rapang bentang tingkarëtip,  
poëk rëjëm-rëjëm tjaang,  
kahibaran tjahja langit,  
njëbar rasaning gaib,  
përbawaning lintang toedjoeih,  
noe noeroenkeun bërkahna,  
eundeur sakoeriling boengking,  
koe heabna kasoetjian noe soemëbar.

Balebat tembong ngolebat,  
njaangan oeroet pasini,  
oeroet oerang tëpang atma,  
oeroet saniat sapikir,  
basa masih ngahidji,  
alam babarëngan hiroep,  
naratas padjamanan,  
djeung njorang tjiptaning ati,  
noe goemawang dina paningal wangwangan.

### III

#### Asmarandana.

Robah mangsa ngalih moesim.  
ganti djaman paalaman,  
soemping peuting poëk mongkleng.  
Ki Silah lali di mitra,  
anak poloh di bapa,  
moerid teu ingët ka goeroe,  
kalampat Kala Maloepa.

Korsi gading tjampërenik,  
oeroet tjalik rerendengan,  
oerang keur basa bareto,  
leungit moesna teu katingal,  
katoetoep karimboenan,  
kakoëboer këkéboel waktoe,  
noe moëntir taja këndatna.

Koering ditoendoeng koe Lali,  
beber lajar djait djangkar,  
balajar ngelehan maneh,  
ënggeus oenggah ka daratan,  
lësoe satoelang-toelang,  
njampak di basisir soewoeng,  
tjape taja beubeunangan.

Di hareupeun imah koering,  
sagara ngampar ngajapak,  
njaksian keur oerang amprok,  
tapi teu boeka rasiah,  
kitoe deui Logangga,  
noe sok tjerewed teu gëroeh,  
hënteu mëdar lalakonna.

#### IV

##### Dangdanggoela

Gëntra andjeun ngeng kakoeping deui,  
sanggeus meunang pirang-pirang djaman,  
repeh teu lemek teu njarek,  
ajeuna kërsa njaoer,  
aja milik bët amprok deui,  
ningal soroting netra,  
anoë ngëmpoer hoeroeng,  
raos koering hënteu hilap,  
sorot gaib basa patëpang mimiti,  
di leuweung banawasa.

Leuweung ganggong si soemënëm djati,  
tëmpat oerang ngédalkeun soebaja,  
pasini rek misaderek,  
nadjan geus ratoes tahoen,  
dina pikir koering teu leungit,  
katingal koemalangkang,  
loeloeroeng kapoengkoer,  
oeroet oerang reureu'tjeungan,  
masih aja noe njaresa wëling koering,  
patilasan baheula.

Eta kabeh djadi tjiri wantji,  
toedoh djalan ka koering noe njaba,  
nimoekeun gëdong noe helok,  
hiroep andjeun satoehoe,  
anoe mantjoer hoeroeng doemëling,  
aja tjahja goemëbjar,  
sidik noe kapoengkoer,  
beunang ngahoeroengkeun oerang,  
basa tēpang sontën keur amprok mimiti,  
djaman anoe katoekang.

Emoet-emoet moegi oelah lali,  
kapan oerang baheula geus tēpang,  
koering estoe emoet keneh,  
apal kana pamoeloe,  
kana raraj andjeun teu pangling,  
sok asa pamohalan,  
ka koering teu emoet,  
ieu koering noe baheula,  
noe geus leungit ajeuna ka dieu deui,  
lir gëlar deui anjar.

---

*Digawe teh saénjana doenga noe ngawoedjoed djadi oesikna anggahota.*

## 22. FEUILLETON.

### BABAD TJIRĒBON \*)

(Samboengan Volksalmanak Soenda 1929).

#### D a n g d a n g g o e l a.

Ēnggon anoe paeh pĕrang sabil, taja deui pagaweanana, ngan oelin dahar djeung sare, katingal dina sĕmoe, bangoen anoe soe-gĕma ati, pinoeh koe soeka boengah, estoe sĕnang woengkoel, hoedang sare pĕlĕsiran, oedar-idĕr toempak koeda sambarani, balik pĕlĕsir dahar.

Kabeh tatoe oeroet pĕrang sabil, nadjan djĕro euweuh noe karasa, djeung seungit mĕlĕbĕr bae, waktoe dahar ngarioeng, soekan-soekan saroeuka seuri, SANG SJARIF diadjakan, andjeunna teu poeroen, ngeng soara tan katingal: „Eh, noe anom oelah rĕk nampik rĕdjĕki, eta ni'mat aherat.”

SANG HIDAJAT pek toeang sapantji, djeung noe mati sahid bĕrdjama'ah, sanggeus toeang pamit bae, arek noeloejkeun lakoe, saor anoe marati sahid: „Moegi andjeun sing sabar, oelah goeroeng goesoeh, moal lami oge tĕpang, maksad andjeun geus tinangtos tereh hasil, bagdja kantoen saoesap.”

Hĕnteu lami bĕt djol manoe k wilis, pamatoekna ratna majamaja, panonna komala ngentjlong, NABI HIDHIR djol rawoeh, nitih koeda aloes raspati, andjeunna oeloek salam, SANG HIDAJAT njaoer: „Djoeragan noe nitih koeda, moegi widi djisim koering hajang ngiring, ngadoea toempak koeda.”

NABI HIDHIR ngalahir ka SJARIF, bari njaoer maparinkeun boeah, boeah aneh ngentjlong hedjo: „Masing waspada Agoes, ieu boeah boeah lineuwih, aloes tanpa papada, geus rewoean tahoen, ti alam NABI NOCH moela, hĕnteu roeksak aloes nĕpi ka kiwari, keur andjeun ti Pangeran.

---

\*) Disoendakeun koe Bale Poestaka.

Koedoe dahar masing titih rintih," koe SANG SJARIF boeah ditampunan, kop ditoeang teu talangke, estoe raos kalangkoeng, soemërësëp ka koelit daging, raos „sewoe soerasa". djadi tjahja ënoer, ngëlëwoeng di awang-awang, NABI HIDHIR geus dangdan rek angkat deui, SANG HIDAJAT teu tinggal.

Tjlak ngadoea sarëng NABI HIDHIR, koeda mësät ngapceng ngawang-ngawang, lëng lës teu emoet Sang Anom, barang SANG SJARIF emoet, aja dina boemi widoeri, endah kabina-bina, SANG SJARIF djoeng nangtoeng, loeak-lieuk beh katingal, aja masdjid mirah woeloeng langkoeng „asri", rame koe malaikat.

Para nabi reudjeung para wali, para moe'min djeung noe sabiloe'llah, arwahna karoempoel kabeh, di masdjid ngarárioeng, hemëng manah HIDAJAT SJARIF, ngeng sora tan katingal: „Eh anoe satoehoe, moegi sing awas waspada, ënja ieu NABI MOEHAMMAD sadjati," rek soedjoed SANG HIDAJAT.

Tjöpët pisan ngiblat ka Djëng Nabi, ngan teu toeloes reh aja noe njaram, njëkël dada bari ngomong: „Eh Anom noe satoehoe, oelah bakti ka noe pandeuri, ka Noe Qadim nja njëmbah, soedjoed ka Jang Agoeng, njëmbah ka Allah noe baqa, djeungna deui Agoes ajeuna dilandih, SAJID KAMIL nja ngaran.

SAJID KAMIL sing awas patitis, nadjan aja cmongan babasan, pati-hoerip madjarkeun teh, saënjana teu kitoe, anoe aja ngan hoerip djati, pati taja njatana, noe aja ngan hiroep, hiroep-paeh tjarek djalma, eta kabeh ngan pëtaning gëlar Goesti, langgëng tanpa wangënan.

Harkat maneh sapangkat djeung nabi, sabab maneh Wali noe oetama, djeung kahajang hate maneh, eta kërsa Jang Agoeng." SANG HIDAJAT SJARIF ngalahir: „Koelanoen Rasoeloe'llah, abdi yakin kalboe, sarëng njoehoenkeun safat moegi-moegi ninajoengan lahir-batin." ngandika Rasoeloe'llah:

„Eh HIDAJAT kërsaning Jang Widi, maneh koedoe daek ngalalana, djeung moen andjog ka pagoeron, tëmplat oelama loehoeng, koedoe ngadji oelah rek kibir, sing mantëp manakawan, soehoed



nja goegoeroe, djaga lamoen aja bagdja, djadi radja chalifat rasool sing adil, oelah beurat sabeulah."

### Magatroe.

Sanygeus niaoer toeloej moesna Kangdjäng Rasoel, ti dinja HIDAJAT SJARIF, dipajang koe mega toeroen, barang djoet loengsoer ka boemi, gok djeung hidji radja amprok.

SANG DJOEMENAH keur moesawarah bab elmoe, oelama djeung ahli faeih, di madjlis noedjoe karoempoel, kaget kabeh para 'alim, djoldjol poëk teu kahartos.

Leungit poëk bët aja tatamoe rawoeh, ënja eta SAJID KAMIL, sorotna estoeming mantjoer, barang breh ge katingali, hënteu sak manah Sang Katong.

Moal boa geus tinangtoe wali loehoeng, Kangdjäng Radja hormat ta'dim, toeloej naros: „Kaoelanoen, koemaha margina soemping, asal noe djadi lalakon?"

SAJID KAMIL ladjäng njarios ka Ratoe, lalakon noe geus kapanggih, sadajana dipitjatoer. hënteu dipandang-dipinding, SANG DJOEMENAH sangët helok.

SANG HIDAJAT ngaladjängkeun deui lakoe, rek moelih ka Banisrail, ëngeus tēpoeng sarëng iboe, iboe langkoeng boengah galih, kabeh koelawarga tamplok.

Malah-malah Radja OENQAH oge rawoeh, kabeh pada soeka galih, iboe ka poetra pok niaoer: „Koemaha Oedjang papanggih, reudjeung Kangdjäng Rasoeloellah.

Mana Oedjang olih-olihna keur iboe?" oendjoekan HIDAJAT SJARIF, ngoendjoekkeun saliring lakoe, DALÈM SATANG hemëng galih, ngadangoe poetra njarios.

Lami-lami rek didjoengdjoeng kana Ratoe, kēdah ngagëntos Rama Dji, tapi SANG KAMIL teu poeroen, niat rek talaboe'ilmu, rek goegoeroe ka noe kahot.

Rek ngambangkeun kana kersana Jang Agoeng, tjoea manah koelawargi, wadya bala mah geus poegoeh, Radja OENQAH komo deui, reh SANG KAMIL keukeuh mogok.

Toeloej pamit SAJID KAMIL ka Djëng Iboe, bade angkat moenggah hadji, djeung arek djarah ka Rasoel, ka Madinah makam Nabi, djeung rek neangan pagoeron.

Arek ngadji djeung manakawan ka goeroe, DALËM SATANG ënggeus idin, bëkëlna dinar sareboe, djaba doeit tasbe hidji, geus kitoe noe anom mios.

Tëngah djalan amprok djeung begal sapoeloeh, kabeh agama Jahoedi, SAJID KAMIL pek dirioeng, dipenta barang djeung doeit, teu talangke Raden Anom.

Dinar bëkël dipasihkeun lima ratoes, heraneun kaum Jahoedi, aja djalma moerah kitoe, taja kanjaah ka doeit, lain boenguh begal bëngong.

Begal kabeh toeloej pada njëmbah soedjoed, isin koe SANG SAJID KAMIL, marandjing Islam taraloe, diwoeroek kalimah kalih, tanda iman ka Jang Manon.

Sarta ngiring SAJID KAMIL ëmboeng kantoen, ka Mëkah rek miloe hadji, ka Madinah oge kitoe, rek miloe djarah ka Nabi. MOEHAMAD al-Rasoeloellah.

### K i n a n t i

SAJID KAMIL toeloej goeroe, di Mëkah ka SIECH TADJ-MOEDDIN, AL KOEBRA MOLANA AKRAR, goeroe noe kamashoer alim, idjadjah dzikir djeung be'at, soeghoel moesafachah talqin.

Sanggeusna be'atna toetoe, toeloej pindah goeroe deui, ka goeroe agoeng noe kongas, ATA'OELLAHI SJAZILI, ngalan tafakoer djeung harkat, idjadjah chiarah dzikir.

Njantri di dinja geus toetoe, djoeng neangan goeroe deui, noe moersid noe ahli 'amal, toeloej njëbrang ka Soerandi, njantri di goeroe noe kongas, di MOLANA DATOEK SIDIK.

Di dinja Raden tawadjoeh, goegoeroe sjoeghoelchalwati, wi-  
rid djeung amal-amalan, geus tamat pek njëbrang deui, rgadjoe-  
gjoeg ka Tanah Djawa, andjog ka Bantën bihari.

Waktoe SAJID KAMIL tjoendoek, koe andjeunna katingali,  
di Bantën geus aja Islam, moerid SOENAN AMPEL GADING,  
SAJID ngaladjoekun lampah, rek neangan goeroe moersid.

Ngetan ngadjoe-gjoeg SJECH MADZKOER, goeroe noe ka-  
mashoer moersid, di Goenoeng Koendoel linggihna, tapi goe-  
goeroe teu djadi, reh Kiai teu kërësa, moeroek ka SANG SAJID  
KAMIL.

Tapi maparin pitoedoeh, aja noe langkoeng pënjogi, oetama  
dikawoelaan, djalanna ti Koedoes nagri, DATOEK BAHROEL  
katëlahna, toeloj angkat SAJID KAMIL.

Geus tëpoeng djeung DATOEK BAHROEL, dëk goegoeroe si-  
ang-wëngi, elmoe sjare'at tarekat, hakekat ma'rifat tapis, DA-  
TOEK BAHROEL sasaoeran: „Eh agoes KI SAJID KAMIL.

Maneh goegoeroe geus toetog, elmoe-elmoe geus kaadji, aja  
kadar ti Pangeran, sapanëdja maneh hasil, kabeh anoe dilakonan,  
geus kataekan kamilik.

Ajeuna geus sëdëng moeroek. njëbarkeun Agama Soetji, agoes  
rek moekim di mana.” ngawalonan SAJID KAMIL: „Koering  
niat bade tapa, dina djëro banjoe poëti.

Tëmpat noe kamashoer loehoeng, patapan MOLANA DHAFI.”  
DATOEK BAHROEL geus ngidinan, ti dinja SANG SAJID KA-  
MIL, toeloj angkat arek tapa, soep asoep ka djëro tjai.

Gaibing Noe Maha Agoeng, moal katëpi koe pikir, di tjai ka-  
was di darat, sapa'atna NABI HIDHIR, kasiatna boeah tea,  
anoe ngentilong hedjo wëning.

Kana tjai bisa asoep, ari djimat hidji deui, pasihan ti NABI  
ILJAS, nja eta raksoekan apti, kasiatna eta djimat, bisa nga-  
poeng ka wiati.

Pantès boga djimat kitoe, sababna HIDAJAT SJARIF, salianna ahli tapa, tērah Nabi noe sinēlir, kapan SANG HIDAJA-TOE'LLAH, poetra Ratoe Banisrail.

Ari eta Kangdjēng Ratoe, poetrana DJOEMADI'LKABIR, poetoena DJOEMADI'LKOE'BRA, djadi boejoet ZENA'LKABIR. ZENA'LKABIR poetra DJA'FAR, noe katēlah DJA'FAR SIDIK.

DJA'FAR SIDIK anoe mashoer, poetrana ZENA'LABIDIN, djadi boejoet Rasoeloellah, poetra SAJID HOESEN SAJID. SAJIDINA HOESEN AKBAR, poetra SAJIDINA 'ALI.

Ti FATIMAH poetra Rasoel, mana pantès rek lineuwih, nōmbe salapan toeroenan, ti Goesti Rasoel sinēlir, toeroeg-toeroeg ahli tapa, tapakoer djeung meuseuh diri.

Oerang ganti noe ditjatoer, sigeug noe di djēro tjai, kotjap para Wali Djawa, oerang pēdar hidji-hidji, noe mimiti SOENAN BONANG, Wali asal tēdak Mēsir.

Ieu Wali poetoe Rasoel, satērah djeung SAJID KAMIL, toeroenan DJOEMADI'LKOE'BRA, toeroen-toeroen ti laiki, DJOEMADI'LKOE'BRA poepoetra, SJECH SAMSOE TAMBES wawangi.

Di Tjēmpa djoemēnēng wikoe, mashoer pamita moestakim, garwaan ka poetri Tjēmpa, djēnēngan SOEDJINAH poetri, poepoetra pamēgēt doea, karasep manis rēspati.

### S i n o m.

Tjikalna TOEBAGOES RACHMAT, nja SOENAN AMPEL, noe moersid, boengsoe TOEBAGOES 'ALIMAN, doeaan ka Madjapait, niat ngislamkeun Goesti, tapi Sang Ratoe teu aseep, kana Agama Islam, tētēp kana Boeda moehit, ngan masihan poetri ka TOEBAGOES RACHMAT.

Poetrana ARIA TOEBAN, RADEN RACHMAT toeloej ngantjik, doedoekoeh di Ampel Dēnta, geus aja paldin Goesti, moelang Agama Nabi, taja noe ngaharoe-haroe, geus kongas sa-rat Djawa, goeroe noe loehoeng lineuwih, geus kamashoer SOESOE-HOENAN AMPEL DĒNTA.

SANG AMPEL DENTA poepoetra, tjikalna MACHDOEM IBRAHIM, nja eta SOESOENAN BONANG, IBRAHIM kagoengan tai, MASEH MOEMAT wawangi, djënenganana noe mashoer, SANG PANGERAN DARADJAT, tiloe deui poetra istri, noe sahidji nëlah NJI GĒDENG PANTJOERAN.

GĒDENG MALAKA raina, ari anoe hidji deui, GĒDENG TĒ-JOEKA nëlahna, ti rama tĕrahing Nabi, ti iboe tĕrah Djawi, noe matak Toeban kawĕngkoe, koe SANG SOESOENAN BONANG, sabab ti iboe mah waris, poetri Toeban poetrana ARIA MEDJA.

Djaba SOENAN AMPEL DĒNTA, aja deui tĕrah Nabi, SOEOENAN GIRI GADJAH, sadarah djeung SAJID KAMIL, pĕntjaran ti Mĕsir, MOLANA MASHOEDA Ratoe, MASHOEDA poepoetra, Pandita Paseh SJECH SIDIK, toeloj njĕbrang nga-joegdjoeg ka Noesa Djawa.

Meunang poetri Balangbangan, tapi Pandita SJECH SIDIK, anahna hĕnteu soegĕma, doemeh pamanggoeling nagri, masih rama kafir, toeloj ka Ratoe pioendjoek, soepaja kĕrsa Islam, Ratoe bĕndoe liwat saking, Sang Pandita ditoendoeng ti Balangbangan.

Ngantoenkeun istri kĕur njiram, ana mĕdalna lalaki, loeng pitjeun ka sagara, ngangkleung ngambang moerangkalih, kahir angin leutik, diajoen-ajoen koe aloen, geus kitoe takdir Allah, doemadak aja noe manggih, koe boedjangna NJAI GĒ-NG PINATIAN.

Strina Sahbandar beurghar, baji dirorok diatik, diheman dia- anak, BAGOES SAMOEDRA lalandi, mashoer ka manandi, taja noe bireuk teu wawoeh, poetra poeloeng Sahbandar, jap ageung moerangkalih, dihatoerkeun ka pasantren Ampel ata.

Wisina ngadji di SOENAN, manahna SOENAN kabeulit, loe ningali SAMOEDRA, boedak tĕmĕn hade boedi, PANGEN BONANG asih, roentoet roekoen lir djeung doeloer, meh taja pisahna, moenggah hadji barĕng hadji, moeih hadji a djaradi pandita.

Ari matoehna SAMOEDRA, di Sidajoe moeroek ngadji, pasantrenna Giri Gadjah, ngèreh Balangbangan nagri, minangka ngalap waris, sarehing asalna iboe, poetri ti Balangbangan, djadi djalma noe ngaradji, taja anoe njisikoedi mapalangan.

Boh wirid ka SOENAN BONANG, boh ngadji ka SOENAN GIRI, taja noe ngahalang-halang, ngan aja papantjen nagri, tali ka Madjapait, pangwèngkoe noe masih koekoeh, nja eta koedoe seba, ka Sang Ratoe Madjapait, tah ngan eta tandana masih kapoerba.

Wali anoe katiloena, noe toenggal tĕrahing Nabi, SOENAN KOEDOES kakasihna, poetoe SOENAN AMPEL GADING, poetoe ti poetra istri, istrina SOESOENAN 'OENDOENG, NJAI GĒDENG PANTJOERAN, ana poetraan lalaki, nja SOESOENAN KOEDOES Sang Ratoe Pandita.

Opat SOENAN KALI DJAGA, ieu ge toeroenan Nabi, roendajan ti KI SJECH ASWA, pantjĕr ti DJOEMADILKABIR, ASWA poepoetra SADIK, di Toeban djadi Toemĕnggoeng, djoe-djoeloek ARJA TOEBAN, SADIK poepoetra lalaki, RADEN ARJA WILATIKTA kakasihna.

Sang Toemĕnggoeng WILATIKTA, nja poepoetra SOENAN KALI, RADEN SAHID keur boerĕjna, kotjapkeun SOESOENAN KALI, keur masih moerangkaiih, nonoman toekang ngabĕroeng, ngarampog djeung ngabegal, sasab lampah sangli pikir, djalma djahat tĕlĕngĕs taja rasrasan.

Kabĕnĕran hidji mangsa, RADEN SAHID manggih ridjki, aja djĕlĕma ngaliwat, gantjang ditewak koe SAHID, toeloj dipenta doeit, moen teu doeit koedoe oemoer, laboeh anoe ditewak, toeloj tjeurik ngĕrik ati, RADEN SAHID ambĕk nanja bari njĕntak.

„Naha maneh ieu saha, aja lalaki bĕt tjeurik. tong hajane dipikaroenja, sabab kami moal watir, tangtoe maneh dipuntjit, gĕtih maneh rek dioejoep.” djawab anoe ditanja: „BONANG ngaran djsim koering, koering tjeurik lain malar dipĕneman.

Tjeurik koe roemasa dosa, noker eta djoekoet leutik, nēpi ka akarna pēgat, djoekoet moal hiroep deui, koemaha pēta koering, ngagantian njawa djoekoet, kana oemoer teu lēbar, kana doeit hēnteu pambrih, kana doenja koering teu njaah teu hajang.

Toeh tingali beulah kentja, kapan ngampar ēmas manik. njaoer kitoe bari angkat, katingal koe RADEN SAHID, tjadas djoekoet djeung kai, leuweung djadi ēmas hoeroeng, RADEN SAHID kemēngan, ngahoelēng teu eureun mikir, toeloej njaoer dina sadjēroning manah.

„Aing gēde tēmēn dosa, ari djalma anoe tadi, asa teu sapira pisan, pilakadar djoekoet leutik, manehna moenggah tjeurik, aing mah dosa sagoenoeng, koe aing teu karasa, bēnēr aing djalma laip, noe dipambrih teu aja lian ngan doenja.

Ari djělēma tadi mah, bēt sok garampangeun teuing, naou sakahajang aja, teu soesah ngabegal maling, ieu hidji pepeling aing koedoe ganti lakoe, koedoe goeroe ka dinja, koe aing arek dioengsi, diteangan di mana ēnggon tjitjingna.

Koe aing rek digoeroean, sabab njata djalma leuwih.” RADEN SAHID toeloej mangkat, neangan noe liwat tadi, kotjapkeun geus kapanggih, ka Bonang DEN SAHID tjoendoek, toeloej RADEN pērtobat, koe SOENAN BONANG katampi, dipiwarang tapa satahoen lilana.

Dipēndēm teu obah-obah, geus toetoege dikēdoek deui, toeloej ditibanan sjahdet, wawaton kalimah kalih, reudjeung be'atna deui, RADEN SAHID estoe toehoe, noeroetkeun sapiwoelang, pasrah pērtjaja ka moersid, taja karēp ngan noeroetkeun piwarrangan.

Dipiwarang deui tapa, njetra raga misit diri, koedoe ngidang leuleuweungan, satahoen teu meunang balik, geus toetoege RADEN SAHID, dipiwarang meuntas laet, ngoembara ka Malaka, djoemlah meunang tiloe sasih, sanggeus toetoege toeloej ngadeuheus ka Bonang.

Tidinja toeloej tatapa, ebog dina sisi tjai, noeroet oedjaring tjarita, nēlah nēpi ka kiwari, oeroet tapa DEN SAHID, lēmboer

Kalidjaga mashoer, kitoe deui noe tapa, toeloelj kagéntos wawangi, leungit SARID nélan SOENAN KALIDJAGA.

Eta Wali anoe opat, SOENAN KOEDOES SOENAN KALI, SOENAN GIRI SOENAN BONANG, saajana oge sami, deunang dianggap asi, wai Djawa noe linoeng, sabab lahir di Djawa, toeloenan Djawa ti istri, saajana kaasoe wai sasanga.

Salian eta noe opat, nja eta noe lima deui, sakabeh oge ti sabrang, nja eta MOLANA MAGRIB, SJECH BETONG kitoe deui, katloe SJECH MADJAAGOENG, kaopat LEMALI ABANG, kaima SANG SOENAN DJATI, SOENAN DJATI ieu man lahir di Mékah.

### A s m a r a n d a n a.

Kotjap deui SAJID KAMIL, geus kaloeur ti sagara, ladjéng ngadjoegdjoeg ka Ampel, njonueng para waijoelah, noedjoe pisan koempoelan, ari noe djawi loeloegoe, njeta SOENAN AMPEL DENTA.

RADEN PATAH oge hadlir, noe teu aja ngan saoeorang, ngan Dipati Teroeng bae, lantaran énggeus ngawoela, ka Radja BRĀWIDJAJA, diajoengdjoeng Dipati Teroeng, sakti taja noe mada.

Koe SOESOENAN AMPEL GADING, sakabeh dihagi témpat, djeung pada meunang papantjen, misilna SOESOENAN BONANG, dipiwarang di Toeban, koedoe miwoeroek mitoetoer, iman tohid ka Pangeran.

Sanggeus sakabeh kabagi, meunang témpat hidji sewang, para wali boedal kabeh, noe kantoen ngan RADEN PATAH, oendjoekan ka SANG SOENAN: „Noen goeroe anoe linochoeng, koemaha kintén-kinténna.

Saoepami Madjapait, koe oerang teh dipéरणan, pambrih lèbét Islam kabeh, babakoona Maharadja?” saer SANG AMPEL DENTA: „Hih, Raden oelah sok goégoep, goegoep teh sok mawa salahi:



Tjeurik koe roemasa dosa, noker eta djoekoet leutik, nēpi ka akarna pēgat, djoekoet moal hiroep deui, koemaha pēta koering, ngagantian njawa djoekoet, kana oemoer teu lēbar, kana doeit hēnteu pambrih, kana doenja koering teu njaah teu hajang.

Toeh tingali beulah kentja, kapan ngampar ēmas manik." njaoer kitoe bari angkat, katingal koe RADEN SAHID, tjadas djoekoet djeung kai, leuweung djadi ēmas hoeroeng, RADEN SAHID kemēngan, ngahoelēng teu eureun mikir, toeloej njaoer dina sadjéroning manah.

„Aing gēde tēmēn dosa, ari djalma anoe tadi, asa teu sapira pisan, pilakadar djoekoet leutik, manehna moenggah tjeurik, aing mah dosa sagoenoeng, koe aing teu karasa, bēnēr aing djalma laip, noe dipambrih teu aja lian ngan doenja.

Ari djělēma tadi mah, bēt sok garampangeun teuing, naou sakahajang aja, teu soesah ngabegal maling, ieu hidji pepeling aing koedoe ganti lakoe, koedoe goeroe ka dinja, koe aing arek dioengsi, diteangan di mana ēnggon tjitjingna.

Koe aing rek digoeroean, sabab njata djalma leuwih." RADEN SAHID toeloej mangkat, neangan noe liwat tadi, kotjapkeun geus kapanggih, ka Bonang DEN SAHID tjoendoek, toeloej RADEN pērtobat, koe SOENAN BONANG katampi, dipiwarang tapa satahoen lilana.

Dipēndēm teu obah-obah, geus toetoegek dikēdoek deui, toeloej ditibanan sjahdat, wawaton kalimah kalih, reudjeung be'atna deui, RADEN SAHID estoe toehoe, noeroetkeun sapiwoelang, pasrah pērtjaja ka moersid, taja karēp ngan noeroetkeun piwarangan.

Dipiwarang deuj tapa, njetra raga misit diri, koedoe ngidang leuleuweungan, satahoen teu meunang balik, geus toetoegek RADEN SAHID, dipiwarang meuntas laeet, ngoembara ka Malaka, djoemlah meunang tiloe sasih, sanggeus toetoegek toeloej ngadeuheus ka Bonang.

Tidinja toeloej tatapa, ebog dina sisi tjai, noeroet oedjaring tjarita, nēlah nēpi ka kiwari, oeroet tapa DEN SAHID, lēmboer

Kalidjaga mashoer, kitoe deui noe tapa, toeloelj kagëntos wawangi, ieungit SAJID nélan SOENAN KALIDJAGA.

Eta Wali anoe opat, SOENAN KOEDOES SOENAN KALI, SOENAN GIRI SOENAN BONANG, sadajana oge sami, beunang dianggap asi, Wali Djawa noe linoeong, sabab lahir di Djawa, toeloenan Djawa ti istri, sadajana kaasoeop wali sasanga.

Salian eta noe opat, nja eta noe lima deui, sakabeh oge ti sabrang, nja eta MOLANA MAGRIB, SJECH BETONG KLOE deui, katloe SJECH MADJAGOENG, kaopat LEMALI ADANG, kalima SANG SOENAN DJATI, SOENAN DJATI ieu man lahir di Mékah.

### A s m a r a n d a n a.

Kotjap deui SAJID KAMIL, geus kaloeur ti sagara, ladjéng ngadjoegdjoeg ka Ampel, njoeng para wali, oelah, noeujoe pisan koempoelan, ari noe djadi loeoegeoe, njeta SOENAN AMPEL DENTA.

RADEN PATAH oge hadlir, noe teu aja ngan saerang, ngan Dipati Téroeng bae, lantaran énggeus ngawoela, ka Radja BRAWIDJAJA, diujoengdjoeng Dipati Téroeng, sakti taja noe mapada.

Koe SOESOENAN AMPEL GADING, sakabeh dibagi témpat, djeung pada meunang papantjen, misilna SOESOENAN BONANG, dipiwarang di Toeban, koedoe miwoeroek mitoetoer, iman tohid ka Pangeran.

Sanggeus sakabeh kabagi, meunang témpat hidji sewang, para wali boedal kabeh, noe kantoen ngan RADEN PATAH, oendjoekan ka SANG SOENAN: „Noen goeroe anoe linoeong, koemaha kintén-kinténna.

Saoepami Madjapait, koe oerang teh dipérangan, pambrih lèbët Islam kabeh, babakoena Maharadja?” saer SANG AMPEL DENTA: „Hih, Raden oelah sok goegoep, goegoep teh sok mawa salah.

Oelah arek ngagagampil, kana saniskara lampah, nadjan siga loemajan ge, djalma teu kenging dihina, sok komo Maharadja, kapan mashoer Ratoe Agceng, boa agëng istidjradna."

RADEN PATAH njaer deui: „Noe mawi abdi hatoeran, nja eta maksad toemaros," ngalahir SANG AMPEL DĒNTA: „Soekoer kitoe nja manah, sarëng Raden koedoe maphoem, ari Sang Radja teh rama.

Raden poetra Kangdjëng Goesti, sanes poetra ti Palembang, keur iboe dipasihkeun teh, ka Sang Dipati Palembang, harita kakandoengan, doea sasih kirang-langkoeng, nja babar andjeun poetrana.

Beda sarëng toeang rai, Adipati Tëroeng tea, tah eta mah poetra toelen, poetra SANG ARIA DAMAR, ari hal awak Oedjang, ejang hënteu bisa noedjoem, koema piëngkeëunana.

Ngan ejang mere wëwëling, moenggoeh bagdja djeung tjilaka, atawa pati djeung djodo, djalma taja noe oeninga, ngan oekoer kalangkangna, balebat samemeh isoek, sakolepat sagëbrajan.

Koemaha Oedjang di ahir, dimana ejang geus hilang, sing iman ka Allah bae, ejang përtjaja ka Oedjang, neuleu karëp djeung adat, Oedjang soeroep djadi ratoe, Radja Islam Poelo Djawa.

Radja Islam noe mimiti, noe ngalindih Radja Boeda, sarat koedoe sabar bae, ari lampah noe oetama, santri mah ngan miwoelang, los teangan boemi ajoe, tégal galagah maganda.

Tëmpat noe kasona seungit, aloes pikeun pamatoehan, hade keur tëmpat pasantren, geura ka koelon nja leumpang, dimana ënggeus mëndak, tanah mandala mahajoe, di dinja Oedjang bëbëtah."

Sanggeusna tampi wëwëling, RADEN PATAH toeloej angkat, noeroet pitoedoeh ka koelon, kotjap andjeunna geus mëndak, tëmpat seungit kasona, teu pati djaoeh ti lëmboer, deukeut ka **dewa Bintara.**

Di dinja ngadégkeun boemi, boeboeara ngababakan, geus kitoe njieun pasantren, djeung ngadégkeun djoema'ahan, sagala kadjadian, pasantrenna geus kamashoer, kawentar pasantren Dëmak.

Tambah loba anoe ngoengsi, daratang miloe bëbëtah, babakan teh tambah géde, beuki rame beuki djëmbar, lëmboer ma'moer rahardja, kaemper-emper ka Ratoe, jen aja babakan anjar.

Sarta Radja geus tingali, jen babakan RADEN PATAH, beuki tambah géde bae, manah Sang Radja tjoeriga, bok bilih RADEN PATAH, kagoenganeun manah giroek, niat rek ngalindih radja.

Sang Radja ënggeus tingali, jen eta titisanana, nja toeloej bae diraneh, maparin lante djeung bawat, minangka panjambatna, sartana didjoengdjoeng loenggoeh, nëlahna RANGGA BINTARA.

Kotjap deui SAJID KAMIL, harita meunang piwëdjang, timbalan SANG SOENAN AMPEL: „He poeta HIDAJATOE'LLAH, meudjuehna geura loenta, djoegdjoeg Goenoeng Djati Sëmboeng, geura takadjar di dinja.”

Toeloej angkat SAJID KAMIL, djalanna ngambah laetan, teu lami andjeunna amprok, djeung anoe keur lalajaran, ngëmitan lajon radja, sakabehna bangsa Hindoe, loeloegoena Arja Patya.

Pilahirna SAJID KAMIL: „Arandika koedoe Islam, koedoe njëmbah ka Jang Manon, maraneh teu koedoe rempan, lamoen di ahir aja, oetoesan ti Këling njoesoel, kaoela anoe ngajonan.”

Pada soedjoed oerang Këling, sadaja geus ascep Islam, kabeh ngiring ka Tjirëbon, bandoengarana diboerak, dibarawa ka darat, geus nëpi ka Goenoeng Sëmboeng, ditjipta diganti roepa.

Nja djadi langgar patani, di Goenoeng Sëmboeng ajana, kakotjapkeun di Tjirëbon, SAJID „tëpang djeung oena, HADJI ABDOELLAH IMAN, noe njandak iboe kapoengkoer, toeloej pantjakaki heula.

**NJAI DALEM PAKOENGWATI**, soemping djeung para poetrana, kitoe deui noe sanes ge, **PANGERAN TJIRĒBON GIRANG, KOEWOE TJIRĒBON** aja, pada gempoengan nganoeng, moesawarah njēbar Islam.

Boeahna beunang badami, anoe gantjang karaosna, koe Sang Padjadjaran Katong, tarasi oepēti saat, Radja toeloj nimbalan, oetoesan noe koedoe njoektjroek, mapaj noe djadi lantaran.

Sarta koedoe ati-ati, sakalian sing sadia, pakarang reudjeung parabot, bisi aja kapērloeon, ngagoenakeun pakarang, boh aja bantjang pakwoeh, aja galagah kantjana.

Kotjapkeun oetoesan tadi, ka Tjirēbon geus meh datang, aja di Goenoeng Koromong, hatena kaget katjida, lantaran ningal tedja, mantjoer tina Goenoeng Sēmboeng, goemawang di awang-awang.

### Midjil.

Praoetoesan ēnggeus toeroen deui, ti Goenoeng Koromong, la-djoe lampah ka Tjirēbon kabeh, rek njidikkeun noe katingali, tjahja anoe tadi, noe ngagēboer hoeroeng.

Tina Goenoeng Patoehoenan sidik, kabeh pada bēngong, doe-meh tjahja anoe katingal teh, lain tedja boh katoembiri, tjahja **SOENAN DJATI**, anoe hoeroeng ngēmpoer.

Bala rea geus ditata baris, sēdja rek ngorojok, Goenoeng Sēm-boeng noe rek didjorag teh, patēmpatan **HIDAJAT SJARIF**, ba-rang geus narēpi, kabeh pada loempoe.

Praoetoesan kabeh tobat bakti, ka Sang Wali kahot, sarta soem-pah taroh pati kabeh, asal bisa djaragdjang deui, sapēti sasari, sēdja oeloen soedjoed.

Saēnggeusna matja klimah kalih, kabeh pada atoh, tina oed-joeg-oedjoeg waras bae, hēnteu beda nadjan saeutik, sakoemaha tadi, basa memeh loempoe.

Kabeh pada saralin agami, tina Boedha kahot, iman Islam noe diparoehit teh, tina enggeus pada jarakin, geus ngarasa boekti, basa eukeur loempoeh.

Lami-lami SJECH MOLANA DJATI, njaoer para dongkol, ditimbalan maroelang sakabeh, ngatoeranan Sang Sri Narpati, djeung sakoela-wargi, ngagëm elmoe Rasoel.

Praetoesan kabeh geus baralik, moelang ti Tjirëbon, geus datang ka Padjadjaran kabeh, pada marëk ka Sri Narpati. oendjoekan ka Adji, jen agama Rasoel.

Moen dibanding djeung Boedha teh tēbih. boekti noe karaos, noe geus poegoeuh karasa koe maneh, barang datang ka Goenoeng Djati, meh meh njeorang pati, samemeh tawadjoeh.

Saparantos ngoetjap klimah kalih, djadi salin raos, djagdjug deui sabihari bae, taja pisan oeroetna tadi, ngadak-ngadak leungit, moesna lësoe-loempoeh.

Saënjana Sri Maha Narpati, geus aja djorodjoj, rek disalin agamanana teh, geus barëmpeog sakoela wargi, malah para mantri, kabeh sējja toemoet.

Ngan kasaroe koe a'ja noe soemping, loeloshoe Sang Katong, toemorodjog sararoempingna teh, doeanana toeroen ti langit, sémoe roentik galih, mariksa ka Ratoe:

„Nanaonan he ieu teh Adji, kawas noe dibojong, djiga noe rek tilar nagri bae, ngarah naon anoet ka wali, saroea sok gëring, djeung keuna koe poepoes.

Kawas anoe kakoerangan boedi, naha eukeur naon, boga djimat poesaka noe aheng, nja ajeuna waktoena mērih, djimat tjoe-poe manik, tirta kamandanoe.”

Toeloej ngala njere laki hidji, song ka Sang Narpatos, ladjëng moeka tjoe-poe manik bae, dioelasan koe Sri Narpati, saënggeus-na lantis, ditjandak koe Ratoe.

Ditantjébkeun di tĕngah nagari, njere koe Sang Katong, barang tjĕb teh toeloej moesna bae, Maharadja saeusi poeri, leungit tanpa lĕbih, ngahiàng Sang Ratoe.

Ari moenggoeh para koela wargi, hĕnteu sapagodós, aja noe saparan-paran bae, malah rea noe tĕroes bakti, ka HIDAJAT SJARIF ngagĕm elmoe Rasoel.

Djeung sawareh aja anoe ngcengsi, ka wetan ka koelon, kitoe deui ka kidoel ka kaler, pabarĕntjaj wargi Sang Adji, djeung sawareh deui, noe njoesoep ka goenoeng.

### D a n g d a n g g o e l a .

Kakotjapkeun Sang HIDAJAT SJARIF, masamoan djeung HADJI DZOE'LIMAN, anoe dibarĕmpagkeun teh, pasal rek ngadĕg ratoe, rek ngadjoengdjoeng HIDAJAT SJARIF, saor HADJI DZOE'LIMAN: „Poetra mangga dangoe, djalaran Sang Padjadjaran, waktoe ieu parantos ngahiàng leungit, poetra djadi gĕntosna.

Mangga poetra geura madĕg adji, geura tjĕpĕng nagri toetoe-roenan agamana oerang gĕntos, sing djadi kaom Rasoel, sina ngagĕm agama soetji, sakabeh sina Islam, sangkan teu kalangsoe, ari watĕsna nagara, Uedjoeng Koelon doemoegi ka Tjipamali, bawahan Padjadjaran.”

SJECH MOLANA SJARIF njaoer aris: „Noehoen pisan satimbangan oea, moeng aja keneh kahojong, djalaranana iboe, masih keneh aja di Mĕsir, koe poetra rek dipapag. margi bilih bĕndoe, sarĕng sadjahi ti eta, poetra bade djarah ka para nabi, mi-os ka Betalmoegdas.”

Kotjap deui Sang MOLANA DJATI, kĕrsa angkat djadjah pilĕmboeran, ngadjoegdjoeg oenggal pasantren, kĕrsana rek goe-goeroe, njiar elmoe anoe oetami, nambahan kaoeninga, bab elmoe kawĕroeh, nja soemping ka hidji tĕmpat, pasantrenna PANGERAN MAQDOEM ARIFIN, SJARIF HIDAJAT waktja.

Anoe matak andjeunna teh soemping, rek goe-goeroe elmoe ka Pangeran, moeng PANGERAN MAQDOEM mogok, saorna:

„Oelah bĕndoe, hĕnteu lajak mĕnggah di abdi, miwĕdjang ka gamparan, anggoer rek mioendjoek, manawi bahan katampa, kĕrsa angkat ngoelon ti dieu Sang Wali, manawi aja bagdja.

Mĕndak adjar noe goenawisakti, pandita noe satjidoehna njata, manawina kenging djodo,” saer SANG SJARIF: „Noehoen,” hĕnteu lila nja toeloelj pamit. SJARIF HIDAJAT angkat, koelon noe didjoegdjoeg, kotjap KI AGĕNG BABADAN, noe keur bingoen roentik galih reudjeung poesing, djaroehal mamanaan.

Ari pangna djadi roentik galih, tina sabab pĕlĕlakanana. noe tadina ngemploh hedjo, ngadak-ngadak araloem, djadi kĕri djeung koeroenjinji, daoenna djadi perang, tah koe sabab kitoe, KI AGĕNG kaloeur lisan, saha<sup>2</sup> noe bisa moelihkeun deui, moelangkeun ka asalna.

Rek dipoeloeng mantoe moen lalaki, moen awewe arek dipianak, kitoe kaol KI AGĕNG teh, ari poetrana estoe, tĕgĕs geulis kawanti-wanti, endah kabina-bina, matak gioeng landjoeng, sa-koer nonoman noe ningal, taja hidji noe teu kairoet katarik, koe roepa NJI BABADAN.

Hĕnteu lami SANG HIDAJAT soemping, djeung ningali kana pĕpĕlakan, kabeh geus arek paraeh, MOLANA DJATI njaoer, tjek manahna: „Karoenja teuing, na ieu pĕpĕlakan, mana aloem ngoejoeng, tjik arek disare'atan, soegan bisa poelih deui sabihari, karoenja ka noe boga.”

Katjarita hĕnteu lami deui, pĕpĕlakan ngadak-ngadak tjenghar, hedjo lemok djadina teh, roepana woewoeh moeloes, ngaleuwihan tina sasari, kotjapkeun SANG BABADAN, parantos ngadangoe, tina eta kadjadian, ladjĕng bae moeroe SANG HIDAJAT SJARIF, ngahatoerkeun pĕrsĕtya.

Pilahirna: „Doeh adoeh Sang Wali, djisim abdi poen AGĕNG BABADAN, hatoer noehoen laksa kĕten, adjĕngan loentoer kalboe, tawis asih ka para abdi anoe kenging tjoetjoba, ti Goesti Jang Agoeng, nja djisim abdi sipatna. noe keur roengsing djaran seueur kapoesing, ajeuna ditoeloengan.



Sakoemaha kabingahan ati, kaoeninga meureun koe adjëngan, malësna këdah koe naon, djisim abdi saestoz, djabi diri teu aja deui, kagadoeh teh ngan anak, soemëdja kahatoer, etang-etang panadaren, kanggo tawis geus nampi piasih Wali, mangga geura pigarwa."

Koe MOLANA DJATI geus ditampi, pangbaktina KI AGÈNG BABADAN, sarta toeloëj nikah bae. sanggeusna ciniboekeem, Nji Babadan ditiandak moelih, koe SANG SJARIF HIDA'AT, ngoengsi Goenoeng Sëmboeng, nja harita mimitina. SJECH HIDA'AT SJARIF kagoenganeun istri, awit NJIMAS BABADAN.

Sanggeus lami diol aja noe soemping, ngadeuheusan ka Goenoeng Amparan, hatoeran ka WaliJoelloh, pandita noe geus mas-hoer, dipiwëdi-asih koe dialmi, PANGERAN KARANG KENDAL, teu lamj mioendjoek. sacerna: „Doeh Sang Molana, na' koe naon hënteu geura madëg adji, naon noe diantosan.

Padjadjaran kapan prantos leungit, mangga rai geura madëg radja, hawatos karaton kosong, sarëng pisawar sënneh, hënteu sae mënggah nagari, taia noe ngamoedina, bilih matak koesoet, matak baroentak nagara, eta kitoe margina noe mawi rai, këdah madëg nalendra.

Saoepami rai ngadëg adji, djadi gampil moen rek noemës Boedha, sangkan sadaiana gëntos, ngagëm agama Rosoel, elmoë soetii anoe sadiati, n'ëbar agama Islam, sawöngekon kadatoen, Mesëm lälëb SANG MOLANA, niaoe aris: „Teu wërat mënggahing rai, këdah kang raka heula.

Gampil rai ënëke anoe noring, koe emoetan da kitoe pant'sna, teu sée kokolot hëgog, miheulaan ka sënneh, kakang oë tanatos tingali." PANGERAN KARANG KENDAL, niaoe sëmoe hëndoe: „Moen kakang tiëkan sarat mah, moal kantos ngadjoedjoeroeng ka kang rai, 'mo sësah ngadeuheusan.

Ngan ieu mah tawis sisip diri, badan to'na kirang pasara'tan, anoe mawi ngadjoerneng ge." Pangeran amit moendoer, hënteu lila dioeng bae moelih, moelang ka Karang Këndal ganti noe ditiatoer, aia istri anoe donékan, tädak radja ti Mësir bade bakti, ka SJECH SARIF HIDA'AT.

Ari pangna eta istri soemping, koe lantaran ningali tjahaja, noe kafembong matak helok. ngagêboer hoeroeng mantioer, katingali ti dajauh Mësir, toeloej bae dipapaj, nêpi ka katimoe, koe tan tjahaja Walijoellah, anoe matak eta istri toeloej bakti, djariah dipigarwa.

Saoer SOENAN GOENOENG DJATI aris: „Ditarima pangbakti andika, asal masing sabar bae, lantaran koedoe noenggoe, nêpi kana djaman di ahir, waktoena di aherat, karek bisa tjampoer, ari ajeuna wajahna, ngan szoekoer rek didjieun baboe kami, kitoe ge moen narima.”

Djawab eta istri: „Adoeh Gcesti, noehoen pisan pangbakti katoean, abdi sangêt bingrah hate, maksoed hênteu nalapoen, pangabakti prantos ditampi, kahajang geus kasorang, rewoe laksa noehoen, sêsah narimakeunana, sadjabina toemoet ka kërsa Sang Wali, kana ngababoe tea.”

Eta istri sanggeusna katampi, toeloej matoeh saboemi di dinja, teu beda lir djeung saderek, gêtol moeroek mitoetoer, ka awe-we djeung ka lalaki, mashoer diênêngnanana, nêlah BABOE DËMPOEL, ganti kotjap SANG MOLANA këršana rek mapagkeun iboe ka Mësir, toeloej angkat njalira.

Barang soemping ka Baniisrail, dibaroeroe koe koelawargina, bangêt pada mikasono, dawoehan wakil Ratoe: „He kang poetra soemangga tampi, geura njêpêng nagara, loenggoeh djênêng ratoe, margi paman geus teu kiat, mapan tangtos koe kang poetra katingali, sakieu kakolotan.”

SANG MOLANA toeloej njaoer aris: „Moegi rama oelah alit manah, rehing poetra tatjan hojong, kana manakoe kadatoen, mapan eta aja poen adi, mangga NOEROE'LLAH angkat, sina djênêng ratoe, da hênteu aja bentenna, NOEROE'LLAH ge sami pada gadoeh waris, gadoeh hak djadi radja.”

Radia OENQAH hênteu raos galih, kitoe deui manahna SJARIFAH, kalangkoeng gêgêtoenna teh, tatapi hênteu loepoet, ngangkat RADJA NOEROE'LLAH SJARIF, énggeus djadi nalandra, dieung manakoe kadatoen, hênteu aja koetiiwana, anoe ngaping iboe SJARIFAH MOEDA'IM, têtép-têngtrêm ngaradja.

## S i n o m.

Kakotjapkeun SANG MOLANA, angkat ka Betalmoeqaddis, lira teu njandak rentjang, kĕrsana bade sĕmedi, di tĕmpat de sĕpi, noe kasĕbat goeha wahjoe, tilas Djĕng NABI MOESA, npi wahjoe Maha Soetji, oengguh harkat kana pangkat karian.

Barang SANG SJARIF HIDAJAT, geus toetoeup moedja sĕdi, gĕro aja noe njoara, pokna: „He MOLANA DJATI, poma g ati-ati, njĕbarkeun agama Rasoei, sa-Djawa sing walatra, ah tjoeltjil hidji-hidji, ĕntong sieun salianna koe Pangeran.”

Sarggeus tamat noe miwĕdjang, SOENAN DJATI toeloej bil, gok tĕpang djeung noe pĕrsĕtya, poetrana Ratoe Qabĕti, djĕnggan ABDOE'LKAFI, niatna bade goegoeroe, baktina ditarima, ĩnĕnganana diganti, di Tjirĕbon katĕlah GĒDENG GĒDOGAN.

Sanggeus nampi noe pĕrsĕtya, SOENAN DJATI angkat deui, edjoe ka nagri Madinah, rek amitan ka Djĕng Nabi, malah t koengsi lami, geus aja soara njĕloek, soara noe miwĕdjang, ra gaĭb noe ngawangsit, noe miwoeroek ka SJARIF HIDAJATOE'LLAH.

Pokna: „He HIDAJATOE'LLAH, moen awak djadi narpati, tjoean arek sarakah, ngamilik noe lain waris, oelah rek hajang twih, rĕrĕboet bagian batoer, heroj koe anoe lian, katadji milik e leutik, bisi matak njasabkeun kana pikiran.”

Satoetasna toeloej angkat, ka Djohor HIDAJAT SJARIF, pandak djeung hidji djalma, noe rek bakti ka Sang Wali, nganna ABDOE'LRAHIM, malah toeloej ngangĕn goeroe, ngiring mana-mana, ngagoendal ka SOENAN DJATI, malah nĕpi bawahan nagri Tjina.

Desa Moendjoel katĕlahna, pasisian tĕpis wiring, toeloej ngalar agama, di dinjana rada lami, malah kantos Sang Wali, djĕngganana kamashoer, sohor ka mana-mana, paradjji goena wiktĭ, doekoen lĕpoes adjar noe goena wisesa.

Doemoegi ka Radja Tjina, geus ngadangoeëun pawarti, aja djo-rodjoj rek njoba, ngaboektikeun anoe watjis, disina nêgoeh poetri, MOLANA toeloj disaoer, barang geus ngadeuheusan, Radja Tjina njaoer aris: „He Oia pangnêgoehkeun anak koela.

Naha reuheuhna ênjaan, eta Nji Poetri ANJONTIN (?), moen katorah koe sampean, njata andika lineuwih, tapi sing ati-ati, lamoen Poetri teu katêgoeh, andika koedoe loenta, kaloe ar ti ieu nagri, sabab koela teu soeka ka panipoean.”

Dawoehan SJARIF HIDAJAT: „Moegi oelah rêngat galih, sajaktosna toelang poetra, Sang Radjapoetri ANJONTIN, kersaning Mahasoetji, keur aja anoe dikandoeng.” Radja Tjina ngandika, ngagoemoedjêngkeun SANG SJARIF, pisaoerna: „He maneh pandita dora.

Adjar noe ngarah roeroeba, paradji noe malar sadji, hajoh maneh geura njingkah, bisi tjilaka nja diri. lamoen maneh teu ngarti, eta Poetri lain boesoeng, soemawon moen reuneuh mah, tapi ditangsêl koe samping, anoe matak djiga anoe kakandoengan.”

Walonna SJARIF HIDAJAT: „Pilahir Goesti katampi, moen abdi Goesti geus njingkah, koe Goesti bakal kagalih, ngandoengna bakal boekti. Goesti baris kenging ewoeh.” SANG SJARIF toeloj angkat, geus kaloe ar ti nagari, katjatoerkeun NJI POETRI ANJONTIN tea.

Barang arek ditjoetjoelan, reuwas manahna Nji Poetri, samping tangsêl geus teu aja, lamboet kêmpleng djadi ngeusi, ANJONTIN dêngek nangis, ngarawoe têkoe Sang Ratoe, malah moenggah léslês, lali meh tega ka pati, ari Radja manahna bêngong noe aja.

Tina bawaning teu njana, baris pikitoeëun Poetri, tapi dalah dikoemaha, tina bakating koe isin, manah Sang Radja sabil, toekoeh ngoekoehan panêmoe, kana adat di Tjina, moen awewe tatan kawin, kakandoengan dina djero lalagasan.

Sok tara pajoe lakian, komo ieu mah Nji Poetri, keur parawan poetra Radja, woewoeh lingsëmna Sang Adji, andjeunna njaoer mantri, anoe kadeuheus koe Ratoe, malah masih wargina, sipat rama Njai Poetri, rek ditjandak moepakat pasal poetrana.

Saengeusna Mantri datang, Sang Radja pok njaoer aris, ngadarkeun kérésana, ngalajarkeun Njai Poetri, disarèngan prawargi, istri-pamègèt noe sèpoeh, Sang Radja pok ngandika ka Njai Poetri ANJONTIN: „Didoengakeun Eulis moegta waloeja,

Oelah meunang pantja baja, masing walagri nja diri, poma rek oral soebaha djeung ama mere mangarti, pèrkara djalan Eulis, toeroetkeun aloen parahoe, lèbah mana njangsangna, tah di dirja diri Njai, bakal aja anoe mihoekoem ka awak.

Djig ajeuna geura iang, meudicuhna indit geus penting.” Njai Poetri sapangiringna, geus narèpi ka basisir, tarocanggih parahoe akit, geus ngantjlang di téngah laeet teu poegoeh noe disèdja, noeroetkeun panèbak angin, ganti tjatoer kotjap SANG HIDAJATTOE'LLAH,

Moelihna ti nagri Tjina, ngadjoegdjoeg ka Banisrail, goenëm tjatoer djeung iboena, pedah rek ditjandak moelih, ka bali geusan djadi, Poelo Djawa noe didjoegdjoeg, djeung moendoet bédil émas, katoet tètèkèn noer'adim, djimat slawat Nabi oge rek ditjandak.

Moenggoehing RADJA NOEROE'LLAH, kalangkoeng loemoengsoer galih, taja kaheseanana, pisaoerna: „Mangga teuing, sanaosna nagari, abdi teu ngagadoeh-gadoeh, soemawon noe kitoe mah, dalah diri pèribadi, sadajana kapan kagoengan djéng raka.”

Kotjapkeun bae enggalna, SOENAN DJATI énggeus moelih, doean sarèng iboena, teu njandak rentjang sahidji, kotjapkeun énggeus tèpi, ka tèmpat goeroe linoehoeng, pandita noe waspada, patapan Goenoeng Soerandil, Radja LAOET oge di dinja geus njampak.

Rek ngiring ka Noesa Djawa, njarèngan MOLANA DJATI, malah geus diangkèn warga, lir saderek pèt koe hini, enggalna noe digoerit, geus pada ngantjlang di laeet, sami taroenggang kapal, kotjap tèpi ka basisir, ka Moeara Djati di basisir Djawa.

Barang soemping ka Moeara, SJARIF HIDAJAT ningali, aja parahoe noe datang, njampeurkeun ka SOENAN DJATI, sanggeus parahoe tèpi, anoe toempakna taroeroen. Njai Poetri hënteu samar, ningali ka SOENAN DJATI, anoe nègoeh jen ANJONTIN kakandoengan.

Poetri ANJONTIN pĕrsatya, ka MOLANA GOENOENG DJATI, ngarawoe kana tĕkoena ,djeung mihatoer lĕngas-lĕngis, nĕda piwĕlas Wali, rahajoe anoe dipendoet, marga djalan waloeja, malar salamĕt nja airi, bebeakan Nji Poetri moendoet ditoembal.

SOENAN DJATI wĕlas manah, Nji Poetri toeloej diwisik, ditibanan kaislaman, diwĕdjang kalimah kalih, dadak sakata Poetri, damang lamboetna teu boesoeng, sindjang panangsĕl tea, aloedaran hidji-hidji, lamboet kĕmpleng damang teu sakara-kara.

Enggalna HIDAJATOE'LLAH, katoet sadaja noe ngiring. nja-tjat ka Goenoeng Amparan, diobeng pamĕgĕt-istri, anoe sami moemoedji, kana kawasa Jang Agoeng, moenggoehing prastrina, samu goeroe ka MOEDA'LM, ngalap hibar bĕrĕkatna DALEM SATANG.

Diparapag koe sadaja, BABOE DĒMPOEL, GĒDENG DJATI, RAKAPANAS, PANGOERAGAN, nja kitoe MAS PAKOENG-WATI, ganti anoe digoerit, kotjap sahidji toemĕnggoeng, ADIPATI TJANGKOEANG, diiring koe hidji patih, ngalalakon lalajaran di sagara.

Geus mangpirang-pirang boelan, Sang Dipati di djaladri, keur aja noe diteangan, doemeh aja noe wawangsit, dina sadjĕro ngimpi, jen koedoe lajar di laeet, diitah njiar hoerang. saajodo ewesalaki, sabab tjarek pitoetoer impenanana.

Lamoen andjeun hajang moelja, ti dohir nĕpi ka batĭn, seug ajeuna geura loenta, toeroetkeun papatah kami, geura lajar di tjai, andjeun tangtoe pandjang oemoer, moal keuna koe wapat, lamoen tatjan aki-aki, tapi koedoe neangan hoerang sapaasang.

Bikangna reudjeung dja'oenana, poma sing tĕpi ka manggih, tah kitoe eta sababna, noe matak Sang Adipati, loenta tilar nagari, angkleung-angleungan di laeet, kadoea djeung patihna, KI ARIA PATIH GERING, hidji mangsa kabĕnĕran Walijoellah.

Diparĕng loentoer manahna, angkat ka sisi basisir, mĕndak DIPATI TJANGKOEANG, SOENAN DJATI pok ngalahir: „He Sang Adipati, andjeun oelah rek kaliroe, moenggoehing wangsit tea, hoerang sapaasang sajakti, ĕnjana mah hoerang djaloe teh nja kocla.

Ari harti hoerang bikang, nja baboe kami pribadi, BABOE DĒMPOEL noe sanjata, poma andjeun masing ngarti, oelah rek salah harti, ajeuna koe sabab kitoe, koemaha nja pikiran, koe sabab ěnggeus papanggih, naha andjeun rek asoep agama Islam?

Andjeun oelah salah paham, sabab sabĕnĕrna wangsit, nitah ngoetjapkeun sahadat, tandana Islam sadjati, enggalna Sang Dipati, geus ngagĕm agama Rasoel, kitoe deui Patihna, katoet saeusi nagari, sa-Tjangkoeang sami anoet sadajana.

Toeloej ngiring Walijoellah, ka Goenoeng Amparan Djati, tĕmpat miwoeroek agama, babaran elmoe sadjati, lami-lami Sang Wali, ngĕrsakeun rek angkat djaoeh, angkat ka Padjadjaran, kĕrsana bade ngaloris, kaajaan nagara titilar ejang.

Angkatna Wali njalira, teu njandak rentjang sahidji, soem-pingna ka Padjadjaran, kota soewoeng ěnggeus sĕpi, karaton tiis djĕmpling, teu aja anoe loemantoeng, eusina moeng saorerang, poetri poetrana Djĕng Goesti, KAWOENG ANTĒN Nji Poetri djĕnĕnganana.

Koe SOENAN DJATI ditjandak, ka Goenoeng Amparan moe-lih, KAWOENG ANTĒN geus papĕndak, djeung rakana Sang Dipati, Tjangkoeang panagari, rai-raka bingah kalboe, sami mĕdal tjisotja, awahing sonona leuwih, SOENAN DJATI ngalahir ka Sang Dipatya.

„Kakang Dipati Tjangkoeang, naha kakang sapoek galih, oe-pami roedjoek djinisna, bade njoehoenkeun Nji Poetri, KAWOENG ANTĒN kang rai, koe koering rek dipihoekoem.” Sang Dipati Tjangkoeang, sangĕt rĕnaning panggalih, pilahirna: „Doeh Goesti atoe soemangga.”

Kotjapkeun bae enggalna, geus prak nikah Soenan Djati. djeung KAWOENG ANTĒN rendengan, katjatoer lami ti lami, geus ngawĕdalkeun baji, doea poetrana maroeloes, pamĕgĕt anoe tjikal, katĕlahna SEBAKINGKIN, noe kadoea RATOE WINAHON nĕlahna.

Anoe njĕbarkeun toeroenan, paĕra Soeltan Bantĕn nagri, ko-tjap dina hidji mangsa, aja moesoeh koelit poethi, ngadon nga-

randjah nagri, ngagoejoerkeun oerang lëmboer, ngadadak hoe-roe-hara, djalma ënggeus balawiri, **PATIH KĒLING** katjida reuwaseunana.

Maroëkan moesoeh noe datang, ti KĒling rek nangkĕp Patih, doemeh Patya teu satia, teu nohonan kĕrsa Goesti, ngarĕmpak tjĕgah nagri, teu toemoet ka saer Ratoe, Patih ënggeus sadia, tatan-tatan gĕlar baris, njadiakeun bĕdil katoet djeung obatna.

Malah katoet Sang **PANGERAN, TJIRĒBON** geus tata baris, djol Sang Dipati Tjangkoeang, ngemoetan jen oelah lali, nganggo djimat nagari, poesaka panoelak moesoeh, enggalna geus dipasang, sakidoeleun Goenoeng Djati, moelĕk moebĕk kaloear haseup ratjoenna.

Moesoeh-moesoeh hĕnteu tahan, sakabeh pating bĕlĕtjir, teu koateun ngambeu obat, loba noe nĕmahan pati, sawareh mah garĕring, tina teu tahan koe ratjoen, loba pisan noe pajah, toetoej balik ka basisir, boeroe-boeroe aroenggah kana kapalna.

### A s m a r a n a

Ganti kotjap noe kawarti, aja sahidji pandita, nĕmbe soemping ka Tjirĕbon, asalna ti nagri Bagdad, poetrana Sri Nalendra, **AMIR HOED** anoe kamashoer, pĕrnah misan **SANG HIDAJAT**.

Noe 'mawi tilar nagari, ngadjoegdjoeg ka Poelo Djawa, di-hĕndoean koe Sang Katong, sok nganteur karĕp sorangan, teu tĕgoeh ka panjĕgah, anak andjing diingoe, ngalanggar panjĕgah sjara.

Djĕnĕnganana noe sidik, **SJECH ABDOERAHMAN BAGĒDAD**, noe katĕlah di Tjirĕbon, **PANGERAN PANDJOENAN** tea, noe kongas gagah rongkah, wĕdoek teu ngagehan batoer, sakti poendjoel ti sasama.

Ari angkatna ti Mĕsĭr, kadoea djeung saderekna, anoe nĕmbe mangkat baleg, djĕnĕngan **SITI BAGĒDAD**, djeung wargina saerang, pangeran noe di Wilangoen, djeung Palalangon tĕmpatna.



Djënengan SJECH DATOE KAHFI, njandak balad pirang-irang, noe pada sami ngaderek, djoemlah aja tiloe kapal, saktakta parabotna, baratoes-ratoes soldadoe, ari moenggöeh tjatjingna.

Anoe di Sëmboeng di Djati, di Djoenti djeung di Djapoera, tjtapkeun Pandita kahot, soemping ka Djati dipapag, koe SJECH IDAJATOE'LLAH, disarëngan RADJA LAOET, loengsoer ti Goenoeng Amparan.

Gehger santri Goenoeng Djati, maroekan aja barandal, tina wahing koe rame, sora pangiring Pandita, tina loba-lobana, koekeuingna ge goemoeroeh, saroerak ambal-ambalan.

SOENAN DJATI geus tjarahik, magëlaran di pamëngkang, mi pada goenëm raos, PANGERAN PANDJOENAN njabda, rai HIDAJATOE'LLAH, naon kërsa noe loeloegce, noe mawi ngkat ka Djawa.

Ngantoen nagri Banisrail, teu kërësa djadi radja, kalah ngalos ngaleos?" wangsoelan SJARIF HIDAJAT: „Maksöed djadi kaola, noe mawi djaoeh didjoegdjoeg, scegan diparëngkeun at.

Rek njabar agama soetji, soesoeun oerang Djawa, tiasa lalos lalakon, daraekeun anoet Islam, maradëp ka Jang Soekma, bakoena moeng sakitoe, noe mawi rai ka Djawa."

„Koetan kitoe maksad rai, rek mëroehkeun oerang Djawa, naon tjtatjandakan teh, anoe didamël tanggëlan, bëkël rai ti rab?" SOENAN DJATI pok ngawangsoel: „Taja sanes moeng hadat."

(Aja samboengunana).

# BOEKOE<sup>2</sup> BASA SOENDA

KALOEARAN BALE POESTAKA WELTEVREDEN

---

Serie No. 796

Serie No. 796

## KIDOENG SOENDA

Boekoe poesaka oerang Soenda, eusina mēdar lalakon kaloehoenganana sataria Soenda dina alam Madjapait. Soegri anoe panasaran, palaj oeninga eusina Kidoeng Soenda kēdah enggal ngintoenkeun postwissel ka kantor

## BALE POESTAKA

atanapi mēsēn ka SUB-DEPOT-HOUDER bilih kaboedjäng seep. Anoe hēnteu enggal mērloekeun mēsēn bakal TEU KABAGIAN

- PANGAOSNA -

Djilid I f 0.32

Djilid II f 0.36

**GEURA**

Serie No. 827—827a

—

Serie No. 827—827a

# TJARITA MANTRI DJĚRO

(2 DJILID) — KARANGAN

R. MEMED SASTRAHADIPRAWIRA

---

Ieu boekoe nĕmbe pisan mĕdal. Eusina njarioskeun lalampahan *R. Jogaswara*, ti moerangkalihna dongkap ka djĕnĕngna *Mantri Djĕro* di Nagara Tĕngah; pĕrnahna di palĕbah onderdistrik Tjineam ajeuna. Ieu lalakon djaman 300 taoen ka toekang, waktos para boepati Priangan masih ngaradja dewek. Seueur tjariosanana anoe matak kĕtir sarĕng watir, nja kitoe deui anoe pikaboengaheun oge hĕnteu koerang. Mĕnggahing kanggo oerang Tjiamis sarĕng Tasikmalaja, oepami maos ieu boekoe teh bakal ngaraos asa dina pangimpian. margi di eta tĕmpat seueur keneh talapakanana sarĕng ngaran<sup>2</sup> tĕmpat anoe kasoebat-sabit; nja kitoe deui kanggo noe sanes oerang Tjiamis atanapi Tasikmalaja oge kantĕnan pĕrloe, bilih palaj oeninga sadjarahna

— Tanah Soenda. —

---

Pangaosna djilid I . . . . .	f	0.40
” ” II . . . . .	”	0.40

HSINTOENKEUN POSTWISSEL

SERIE No. 852 BOEKOE ANJAR! SERIE No. 852

# SĚRAT = SINĚRAT

KARANGAN

R. DANOERĚDJA

---

---

Eusina 17 soerat-soerat koena, ċjaman djoemĚnĚngna keneh djoeragan Hoofd-panghoeloe Garoet, R. Hadji Moehamad Moesa, kintĚn-kintĚn dina taoen 1884. Nja eusina, nja basana seueur pisan poeloenganeunana, soemawontĚn moenggoehing kanggo noe rarĚġġ kana koeroeng-karang mah.

|| Pangaosna f 0.45 ||

**KANGGO**

Serie No. 819

Serie No. 819

# DEWI SAWITRI

DISOENDAKEUN KOE

R. MEMED SASTRAHADIPRAWIRA

---

Saoer anoe laloehoeng:  
„**Mahabharata** teh kaasoe-  
kana djadjaran boekoe alam  
doenja.” Tjarios DEWI SA-  
WITRI pëtikan tina eta boe-  
koe kahot, boekoe loehoeng-  
ing boedi. Hal kasaeana  
eta tjarios soemëdja njangga-  
keun ka sadaja anoe maraos

---

Pangaosna sahidjina. . . . . f 0.25

NGAGALEUH

Serie No. 854 NĚMBE MĚDAL! Serie No. 854

# SALAH ATIKAN

KARANGAN



ABDOEL MOEIS



---

Eusina njarioskeun hidji djadjaka Indonesia noe katjida kasērĕpanana koe **kakoelonan**; kapintjoet koe hidji ěnon paranakan, madjarkeun teh widadari toeroen ti langit.

**Sae diaos koe para nonoman istri-pamĕgĕt!**

Para sĕpoeh oge pĕrloe maos ieu boe-koe, soepados oeninga kana gĕrakna djaman, malar waspaos kana atikan!

---

**SADAJANA AJA 3 DJILID**

Djilid	I pangaosna . . . . .	f 0.45
„	II „ . . . . .	„ 0.45
„	III keur ditjatak . . . . .	

**BOEKOE<sup>2</sup>**

Serie No. 787

Serie No. 787

**Wawatjan**

**Nimoe loeang tina boerang**

**KARANGAN O. DJOENA**

Soegri anoe ngaraos kirang loeang, pěrloe maos ieu boekoe pikeun eunteung kala-koean. Oentoeng kabina-bina nonoman anoe parantos oeninga eusina ieu boekoe samemeh kagoengan garyva, margi lěbět kana paripaos „ditioeng samemeh hoedjan”

**Pangaosna 1 boekoe . . . . . f 0.28**

---

Serie No. 790 – 790a

**Wawatjan**

**Pareumeun Obor I – II**

karangan M. K. HARDJAKOESOEMA

Djoeragan Hardjakoesoema teh hidji-pangarang noe katjida iasana ugaratjik tjarita. Katingal padamělanana anoe pohara saena teh dina tjarios „Pareumeun Obor”. Tjarios anoe ngahoedangkeun kapanasaran manab.

Rame, pikarěšěpeun. Soemangga boektikeun koe andjeun!

**Sadjilidna pangaosna. . . . . f 0.40**

**W Ē D A L A N**

Serie D.V.G. No. 10b. Pangaosna moeng f 0.20

**DJIMAT**

( **PANOELAK**  
**BAHLA** )

Oenggal djëlëma pada sarieuneun koe kolera. Pantës da sakitoe djahatna. Nanging koe doktor-doktor parantos dibandingkeun seueurna noe maraot dina saban<sup>2</sup> tahoen lantaran katëräp koe panjakit kolera sarëng koe **malaria**. Sihoreng **djaoeH mëla-mëloe**, seueur keneh noe maraot koe **malaria**, **Bale Poestaka** mërloekeun njitak boekoe panoelakna pikeun aoseun oerang Pasoendan. Katëranaganana etjes, sarëng dipapaesan koe 11 gambar anoe sarae, netelakeun roepi<sup>2</sup> përkawis **malaria**, noe dipalar ngarah gampil kahartosna koe noe maraos. Ieu boekoe teh estoening përlöe aja di oenggal boemi, sarta përlöe diaos saban dintën.

**BOEKOE KASEHATAN (malaria)**

Serie No. 717

Serie No. 717

**Tjitakan kadoea**

Pangaosna . . . f 0.24

Geus ngagaleuh boekoe:

**POETRI LEUWEUNG LARANGAN?**

Parantos?

Noehoen!

Tjobi di mana aja boekoe anoe sakitoe saena ari pangaosna sakitoe mirahna, salian ti di **BALE POESTAKA?**

**Gambarna - Formaatna - Kërtasna - Mangga tingalian!!!**

**BALE POESTAKA,**



Serie No. 732

Serie No. 732

# DONGENG TOEKANG MIKAT

KARANGAN

M.H.A. PATAH

Oerang sok kabita koe Anglingdarma, hajang boga Adji Dipa, ambrih ngarti kana basa sato. Tah oepami parantos maos ieu boekoe, teu bentĕn sarĕng kagoengan Adji Dipa tea, oeninga di pakarĕpanana sasatoan teh.

Mangga bae araos boekoena. Pirakoe oepami teu kapin-tjoet teh. Komo da nganggo gambar sarae.

Pangaosna . . . . . f 0.25

---

## BOEKOE NAON NOE PANGSAENA?

Sadajana boekoe-boekoe anoe parantos diaos,  
tjobi bandingkeun sarĕng ieu:

**SERIE**  
**No. 729**

## POETRI TOENDJOENG BALEBAT

---

Awitna basa Sangsakĕrta, karangan boedjanga Hindoe; koe **Bale Poestaka** dihadja disalin kana basa Soenda, soepados oerang Soenda sami ngaraosan boeah ti goenoeng Himalaja. D'pasioup koe poeloeh' gambar anoe sarae. Pangaosna f 0.60

Wĕdalan BALE POESTAKA

**PANGAOSNA MIRAH;**

## TJARITA ABOENAWAS II

Serie No.

689a

Kenging njoendakeun

M. Ach. Sjan. Tanoewirédja

Pangaosna

f 0.32

Soergi anoe parantos ngagaleuh djilid kahidji, oelah lali kédah ngagaleuh djilid anoe kadoea, soepados oeninga tamatna dongeng anoe sakitoe kamashoerkeunana

## TJARITA NJI HALIMAH

Serie No.

799

KARANGAN SAMSOEDI

Pangaosna

f 0.48

Eusina njarioskeun lalampahna hidji boedak awewe pahatoe, hiroep di lémboer kadoea ninina katjida balangsakna. Eta boedak awewe sanggeus ditinggalkeun maot koe indoengna henteu tjtjingeun, oesaha sabisa-bisa, boeboeroeh njeuseuh djeung ngasoeh di hidji njonja. Sanggeus papisah djeung linina boeboediang di hidji toean di onderneming, katjida gétolna; aja batoerna anoe sadoenoengan djeung manehna anoe ngewaeu doemeh dipikaasih. Roepa-roepa bahaya anoe kasorang koe eta boedak lantaran di piténah batoer. Tapi koe lantaran manehna teh boedak bageur, lémpong, bènér djeung hade hate, sakitoe rémèn dipiténahkeun oge henteu népi ka bahjana, malah di ahir meunang noegraha ti Mahasoetji.

Soemangga araos térasna ieu lalakon, pikeun panambah loeng ka noe djadi doengangan saréng anoe koemawoeia.

**EUSINA SARAE.**

SERIE No. 739

SERIE No. 739

# PAIT-PEUHEURNA NJANDOENG

KARANGAN

**NJI RADEN PÉRMA'SIH, D. SASMITADIMADJA**  
**SARÉNG BALE POESTAKA**

Awis pisan neangan djalma anoe tiasaeun nahan napsoena saréng anoe tiasaeun miwoelangan maneh. Ari akalna mah koe noe palintër parantos kapëndak, nja eta kédah séring maos boekoe anoe ageung mangpaatna. Boekoe „PAIT-PEUHEURNA NJANDOENG” oge kalébet kana boekoe anoe ageung mangpaatna.

Saha-saha noe parantos maos doegi ka tamatna saréng dihartoskeun énja-énja eusina, koe emoetan langkoeng ti lima poeloh pèresén réréged hate oerang anoe moesna, diganti koe kawéningan.

Soemangga tjobi-tjobi ngagaleuh boekoena, pangaosna mirah pisan, moeng . . . . . f 0.36

SERIE No. 752

SERIE No. 752

# NGALALANA MÉKĒL SAKĒTIP

**DISOENDAKEUN KOE KDERDI**

Nona Inggris nja geulis nja pintër, kawoewoeh leber wawanan, dongkap ka wantoen ngadjadjah doenja mékĒl sakĒtip.

Aja menak nonoman teu kintĕn asih trĕsnana ka eta nona, namoeng keukeuh manehna teu daekeun. Koe margi ieu tjarios teu kintĕn rĕsmina, koe Bale Poestaka hĕnteu diĕngkekeun deui, ditjita didamĕl boekoe Taman Poestaka keur aosan oerang Soenda.

Djilid kahidji pangaosna . . . . . f 0 60

„ kadoea . . . . . „ 0.68

**AGĒNG MANGPA'ATNA**

No. 640 **BAB MĚLAK GANAS** No. 640  
karangan J. J. OCHSE.

Ahli tani di oerang lain kakara ajeuna-ajeuna marĚlak ganas, beunang disĚboet biasa; tapi ari kana rasiahna anoe djĚro-djĚro mah sangkan gĚde oentoengna ka noe mĚlak, kawasna tatjan tarĚrangeun. Geura pĚsĚn boekoena ka Bale Poestaka, ěngke tangtoe kapĚndak rasiahna anoe teu kintĚn mangpaatna ka ahli tani. KatĚranganana etjes sarĚng dipapaesan koe pirang-pirang gambar soepados langkoeng tetela kahartosna ka noe maraos. Pangaosna. . . f 0.30

No. 621 **BAB MĚLAK DJEUNG NGOERESNA RANDOE** No. 621  
karangan S. WIRASASMITA.

Eusina roepi-roepi tarekah, pitoedoh ka ahli tani soepados tarĚrangeun kana pĚtana mĚlak sarĚng ngoeroesna randoe. KatĚranganana etjes pisan, gampil dihartoskeunana, malah nganggo gambar. Pangaosna . . . . . f 0.25

**BAB MĚLAK DJĚROEK** No. 568  
karangan J. J. OCHSE.

Bale Poestaka ajeuna parantos ngaloearkeun hidji boekoe bab mĚlak djĚroek, eusina lěngkĚp pisan, ditjaritakeun ti mimiti tjĚb mĚlak nĚpi ka boeahanana, hama-hamana, kaoentoenganana. Sae pisan keur toedoh djalan ka noe bade marĚlak djĚroek, komo ka noe bade ngahadja ngĚbon mah. **Dipapaesan koe 65 gambar anoe sarae!!!** Pangaosna . . . . . f 0.50

**KA SĚPOEH**

# HIROEPNA SASATOAN LALEUTIK

KARANGAN

◆  
Serie No. 593  
◆

**R. SOEWANDAKOESOEMA**

---

Eusina njarioskeun hiroepna sasatoan laleutik 41 roepa kajaning: tjatjing, koetoekeoja, simeut, lantjah, londok, haphap dj.s.t. Naon margina noe mawi oerang saeutik pisan nja katérang? Doemeh teu sarakola loehoer? Hal teu sakola loehoer kanténan djadi sabab oge, oerang teu pintér sapertos deungeun, namoeng, babakoena pisan lantaran oerang teu toelaten kana roepa<sup>2</sup> noe koemélip, noe kapéndak oenggal dintén koe oerang, padahal\* sagala oge kenging ditapakoeran.

**R. Soewandakoesoema** oerang Soenda pitoein, anoe mimiti ngoelik koe andjeun hal hiroepna sasatoan laleutik, dioelik ditaloengtik diteangan dimanahan rasiahna dongkap ka djadi boekoe anoe sakitoe kandélna. Pantès pisan ieu boekoe diampihan koe sadaja oerang Soenda anoe ariasa maos.

Gambarna seueur saréng sarae. Pangaosna . . . f 1.50

---

# KABEUNGHARAN ALAM

KARANGAN **R. ARDIWINATA**

---

◆  
Serie No. 597  
◆

Soegri anoe palaj oeninga kana kaajaanana hawa, hoedjan, lini saréng roepa<sup>2</sup> kaajaan alam lian ti eta; enggal ngagaraleuh boekoe Kabeungharan alam, ka Bale Poestaka.

Katéranganana etjes saréng dipapaesan koe pirang-pirang gambar anoe sarae. Pangaosna . . . . . f 0.40

KA MOERANGKALIH

SERIE No. 447 **ELMOE KAWARASAN**

Saoer anoe palinter<sup>2</sup>. Kawarasan leuwih gëde mangpa'atna batan kakajaan. Tah koe sabab eta, lamoen oerang hajang waras djagdjang waringkas koedoe ngabogaan ieu boekoe, sangkan bisa hiroep hoerip. Ieu boekoe kenging njoendakeun tina boekoe basa Walanda „Hoe wij gezond moeten worden”. Eusina njarioskeun elmoe pikeun panoelak roepi' kasakit sarëng tarekah pikeun njingkahkeunana. Pangaosna . . . . . f 0.40

D. V. G. 12 b **HAL NGOEROES OROK**

Soegri anoe parantos karagoengan poetra tangtos parantos ngaraosan kasësahanana ngoeroes poetra. Nanging hese-tjape oge dibelaan, da anak — teh noe noeloejkeun toeroenan oerang. — Soepados toeroenan oerang sarehat djagdjang waringkas, përløe anak oerang ti orok keneh dioeroes noemoetkeun elmoe. Samemeh karagoengan poetra përløe ngagaraleuh heula boekoena bab *ngoeroes orok*. Pangaosna . . . . . f 0.12

**OELAH LALI!**

**SERIE No. 635 WAWATJAN SERIE No. 635**

# **DJOEAG TATI**

**- karangan BAPA MAMI -**

Njarioskeun hidji istri toeroenan menak kadjodokeun ka noe beunghar oerang pasar; salamina ngagoeligah bae manahna, palaj ngagoengkeun kamenakanana, nanging henteu kasartaan koe kaajaanana, doegi ka mangtaoen-taoen ngandoeng manah iren panastren, panganggona oepat-sinoeat. Pohara matak hawatosna dina keur meunang wiwirang. Pangosna . . . . . f 0.25

## **KALAKOEAN DJOENOE TANI DJEUNG MONJET**

**■ | karangan M. WIRADINATA | ■**

Sarerea moal aja noe bireuk kana roepina sarëng lakoe-lampahna monjet anoe parantos djadi tjotjoöan di lëmboer; namoeng ari kana lakoe-lampah monjet leuweung mah sapertos noe ditjarioskeun dina ieu boekoe tatjan kantënan seueur anoe aroeninga. Pirakoe noe maraos henteu raos goemoedjeng koe kapëlitana monjet leuweung di pasis'an, papintër-pintër ngadoe akal sarëng ahli-tani!

**PANGAOSNA f 0.40**

**SERIE No. 631**

**SERIE No. 631**

**NGAGALEUH**

# BOEKOE ANJAR!!!

Serie No. 848 WAWATJAN Serie No. 848

## PIPILIH NJIAR NOE LEUWIH

KARANGAN

**R. TJANDRAPRADJA**

◆ ◆

Eusina njarioskeun hidji istri noe tampikan. Manehna geus nganjėnjėri hidji lalaki noe lėmpėng bėnėr koe djalan noe nista pisan. Di ahir eta istri kawin ka djoeroetoelis wadana anoe salah tintjakna goreng lampahna. Ladjėngna tjarios langkoeng sae diaos boekoena bae, ėngke baris kaoeninga koemaha baloekarna eta istri noe nganjėnjėri teh, sawangsoelna pamėgėt anoe dinjėnjėri tea baris kaoeninga kadjadianana

◆ ◆

Pangaosna sahidjina moeng . . . f 0.35

**BOEKOE ANJARI**



# N.V. BANDOENGSCH E APOTHEEK

Groote Postweg 9 **J. A. ROBORGH** Bandoeng

## DOKTOR K. HOLM'S STAAL-ELIXER

Ieu landong disébanta Dr. K. Holm's Staal-Elixer, matih pisan keur ngalandongan pias atanapi gétih kirang sae; kitoe deui sae ditoeang koe nonoman<sup>2</sup>. Istri<sup>2</sup> Oge sêpoe-anom, sae pisan toeang ieu landong. Nja kitoe deui anoe<sup>2</sup> ngaraos mopo koe padamelan, perloe dilandongan koe ieu Staal-Elixer.

Démi mêtakeunana: boedak 3 kali sadintén  $\frac{1}{2}$  sendok makan oenggal méntas dahar. Kolot 3 kali sadintén 1 sendok makan oenggal méntas dahar. 1 botol Pangaosna. . . . . f 1.75

Parantas nampi sérat poedjian pirang<sup>2</sup> ti anoe parantos nganggo ieu landong. Sadajana damang saréng djadi kiat. Kitoe deui para Doktor Walanda sami maroedji.



## OBAT KOEKOEL. (Landong ewateun = Sproetenzalf)

Saban wéngi kédah digosok koe ieu salép, salépna saeutik bae. 1 gotji kaanggo sasasiheun, pangaosna. . . . . f 2,50

## SACHET.

pangaosna sahidji . . . f 1.—  
Ieu sachet oepami diteundeun dina lamari panganggo, sadaja panganggo, noe aja di dinja mélébër seungit.

